




# Kuburitsa pachena Masimba eVechidiki vasati vabva-zera

Ruhi Institute



Bhuku 5



Kuburitsa pachena  
Masimba  
eVechidiki vasati vabva-zera

Ruhi Institute

Mabhuku ari Mumutevedzanwa:

Pazasi pane misoro iripo pari zvino mumudungwe wemabhuku akagadzirwa ne Ruhi Institute. Mabhuku aya akagadzirwa kuti ashandswe sehwaro hwemudungwe wezvidzidzo muhurongwa hwakarongeka pakusimudzirwa kwekwaniro yevechidiki uye vechikuru kuti vape shandiro munharaunda dzavanogara. Ruhi Institute iri kugadzira zvekare amwe magwaro onobukira kubva pagwaro rechitatu mumutevedzanwa wekudzidziswa kwavarairidzi vevana, uyezve pane chikwata chemamwe ari kubukira kubva paBhuku 5 iro rimonangana nekuumba vabatsiri vezvikwata zvevechidiki vasati vabve zera. Zvekare, chitsama chemabhuku aya chakadomwa pazasi. Zvinofanira kuzivikwanwa kuti chitsama chemabhuku aya chinogona kushanduka kuburikidza nekuwedzera kunoita ruzivo rwunobva mukuita, uye imwe misoro mitsva yemabhuku aya inopamhidzwawo apo madonzvo emagwaro paanenge achiumbika kusvika pamatanho apo paanenge avakukwanisa kupakurwa kuruzhinji.

Bhuku 1	<i>Fungisiso pamusoro peHupenyu hweHweya</i>
Bhuku 2	<i>Kusimuka kupa Shandiro</i>
Bhuku 3	<i>Kudzidzisa Zvidzidzo zveVana, Gwaro 1</i> <i>Kudzidzisa Zvidzidzo zveVana, Gwaro 2 (branch course)</i> <i>Kudzidzisa Zvidzidzo zveVana, Gwaro 3 (branch course)</i> <i>Kudzidzisa Zvidzidzo zveVana, Gwaro 4 (branch course)</i>
Bhuku 4	<i>Vatumwa Vaviri Mapatya</i>
Bhuku 5	<i>Kuburitsa Pachena Masimba eVechidiki vasati vabva zera</i> <i>Chido Chekutanga-tanga: Bazi rekutanga kubva pa Bhuku 5</i> <i>Kutambanuka kwedenderedzwa: Bazi rechipiri kubva pa Bhuku 5</i>
Bhuku 6	<i>Kudzidzisa Rudaviro</i>
Bhuku 7	<i>Kufamba Pamwechete mu Nzira ye Shandiro</i>
Bhuku 8	<i>Chibwumirano cha Bahá'u'lláh</i>
Bhuku 9	<i>Kuwana Nzwisiso kubva muNhoroondo</i>
Bhuku 10	<i>Kuumba Misha ine Mutsindo</i>
Bhuku 11	<i>Zvikwanisiro zvapaNyama</i>
Bhuku 12	<i>Magariro eMhuri neNharaunda</i>
Bhuku 13	<i>Kushanda Mumabasa eShanduko yeBudiriro yeMagariro eVanhu</i>
Bhuku 14	<i>Kutora Chinzimbo muHurukuro dzaTekeshera muNharaunda</i>

Copyright © 2024 by the Ruhi Foundation, Colombia  
All rights reserved. Edition 2.1.1.PE published in January 2024

Originally published in Spanish as *Liberando los poderes de los prejóvenes*  
Copyright © 2006, 2014, 2022 by the Ruhi Foundation, Colombia  
ISBN 978-628-95102-2-5

Permission for a limited printing of this book in Shona has been granted by the Ruhi Institute.

Ruhi Institute  
Cali, Colombia  
Email: instituto@ruhi.org  
Website: www.ruhi.org

# Zviri Mukati

Ruzivo Rwushoma kuMubatsiri.....	v
Nguva yekuYaruka Muupenyu .....	1
Zera re Vimbiso .....	45
Kupa Shandiro saSahwira .....	83



## Ruzivo Rwushoma KuMubatsiri

Kubva pamavambo ayo kumakore ekutanga ekuma 1970, Ruhi Institute yakaedza kushanda kuburikidza nemabasa ayo edzidzo vechidiki vari pakati pemakore gumi nemaviri negumi nemashanu, vatinowanzoshevedza nezita rekuti ma “junior youth”, avo vanomiririra chikamu chakakosha chevanhu mumagariro. Sezvo yakaona mafungiro uye simba revazhinji muzera iri, Institute yakava nekugutsikana maringe nekukosha kwekuvapa mukana wekuongorora akati wandei madingindira uye pfungwa dzinozovagonesa kukunda kuoma kwehupenyu, kurwisa masimba ekuparara kwetsika kwatekeshera kwese, uye kuve vamiririri vanoshingaira pakuunza chanduko kuvanhu. Makumi emakore akati wandei akazotevera akaumba nguva yekuita uye kufungisisa iyo yakabatsirwa zvakanyanya kubva muzviitiko zvepasi rose mukushanda nevechidiki vasati vabva zera vanobva kwakasiyana siyana, kusanganisira kuedza mumabasa ebudiriro, kunyanya zviitiko zvinovandudza kwanisiro yekuverenga uye kunyora. Pakazosvika gore ra2000, pfungwa yekusimudzirwa pamweya kwevechidiki vasati vabve zera yakanga yabuda uye, nayo, zvikamu zvakasiyana-siyana zvechirongwa chemakore matatu icho chakanangana nekuburitsa pachena masimba avo emafungiro uye epamweya mukupa shandiro kurudzi rwemunhu.

Kufanana nezvimwe zvinoedza kuitwa neRuhi Institute, chirongwa chekusimudzira vechidiki vasati vabva zera chinopihwa mumisha inogara vanhu kuburikidza nehurstongwa hwedidzo inosanganisira, zvinhu zvitatu zvakakosha: “chikwata chema ‘junior youth’”, iyo “animator”, nechitsama chemagwaro efundo. Kuburitsa Pachena Masimba eVechichiki Vasati Vabva Zera, ranova rechishanu mama Bhuku emutevedzanwa weInstitute’s, rikanangana nekubatsira avo vanoda kubatanidza boka revechidiki vanobva kumisha yavo kana nharaunda muchirongwa. Ndiro rekutanga munhevedzano yezvidzidzo zveRuhi Institute, richabatsira vanhu kuvandudza hunyanzvi hunodiwa kushanda sema “animators”—zita iro, pacharo, rnobata chimiro chechiito cheshandiro chinoda kuitwa. Sezvo vasiri vese vanodzidza Bhuku iri vachapinda mundima iyi yeshandiro, zvinotarisirwa kuti vese vachawana kurudziro kubva kumadingindira anotariswa uye nekuziva kukosha kwekupa chivimbo chakafanira kune zvishuwo zvinokudzwa zvema junior youth—izvi, zvinova sechinhu chakakosha pakugadzira tsika inosimudzira maitiro kune vechidiki akasiyana zvakanyanya neaya ari kuenderera mberi munharaunda yanhasi. Munzvimbio yakadai, saka, kunyangwe vanhu vasiri kutora jana muchirongwa vanozova vanomira vakagadzirira kupa rutsigiro rwavo kumabasa ayo ari kukura.

Chinofanira kucherechedza nevabatsiri veBhuku 5 ndecekuti, pakati pevadzidzi, pachave nevechidiki vazhinji vari kumagumo ekuyaruka kana kutanga kwemakore makumi maviri vakapinda munhevedzano yemagwaro eInstitute nechishuwo chekuda kupa shandiro saAnimator uye nekugona kwese kwakavanzika kunodiwa kuita saizvozvo. Vamwe vachange vasangana neRudaviro kuburikidza nehurstukuro nevezera ravo dzaisimbisa basa ravanogona kuita mukudzidzisa zvizvarwa zvidiki kwavari. Vamwe

vachange vakambopinda muchirongwa chekusimudzira masimba pamweya ivo pachavo sema junior youth uye vakananga kudzidza Bhuku 1 nguva pfupi yadarika. Chero ipi nzira yakavaunza kuhurongwa hweInstitute, ivo zvino vachave chikamu chiri kukura chevanhu mumusha wavo kana nharaunda yakazvipira kusimudzira uye, mune ano mamiriro, vachange vachiwana ruzivo mukushanyira dzimba kuitira kuti vaongorore nemhuri madingindira ari pamusoro peRudaviro—chiitiko cheshandiro chakataurwa muBhuku 2. Senhengo dzechikwata ichi, vazhinji vavo vanozobatanidzwavo zvakanyanya neboka rimwechete rema junior youth munharaunda uye vachange vachibatsira sema animator mukuita zviitiko zvakasiyana uye kubatana navo kana kuti kugara vachishanyira vabereki kuti vakurukure pfungwa uye nzira dzine chekuita nechirongwa. Panguva ino, vese vachange vainve ruzivo rwakakura rwedzidziso dzeBahá’í, idzo dzinenge dzadzika kuburikidza nekudzidza kwavo maBhuku 3 ne4, uye vacharatidza hunyanzvi, kugona, mafungiro nehunhu hwepamweya hwunodiwa kutanga nokutsigira nhaurirano dzine udzamu neshamwari uye vavakidzani vavo. Kunyanya pano, zvichabuda pachena, pavanosvika muBhuku 5, kukosha kwemaitiro ekuvandudza-kwanisiro ari mumutevedzanwa wemagwaro eRuhi Institute’s—kuti gwara iri rakaumbwa rakanangana nekufamba nzira yekupa shandira. Kuita boka rechikwata chema junior youth muchirongwa chemakore matatu chekuimudzirwa kwavo pamweya chiito chinodiwa cheshandiro, uye kuedza kwema animator achangotanga kuita kudaro kuchazembera, pasina chiyero chidiki, pane kugona kwavo kuumbika zvishoma-nezvishoma kwavari kuita munzira yeshandiro kusvika pari zvino.

Chitsauko chekutanga cheBhuku, “Nguva Yekuyaruka”, chinotarisa pane hunhu hunoratidzwa nezvinyorwa zveRudaviro kusiyanisa kwenguva yevechidiki. Kubva pakuongorora kwakaitwa, chiono chinobuda zvishoma nezvishoma chemupiro wakaitwa nechizvarwa chimwe nechimwe chepwere mukupa shandiro kuRudaviro rwaMwari uye kuvanhu. Mubatsiri achada kuona kuti vadzidzi vechikamu vachakurudzirwa nemuono wekumberi unenge uchitambanuka, nokuti muono uyu unoumba chirongwa chekusimudzira pamweya ma junior youth uye chinofanira kupa gwara mukuedza kwavo kukoka vadiki kwavari muzviitiko zvechirongwa.

Chokwadi, chitsauko chinotanga nekukumbira vadzidzi kuti vafunge nezve hunhu hwavanotarisira kuti ma junior youth vange vaumba panguva yavanopedza chirongwa chemakore matatu pazera re15—iro zera rinotorwa sechikumbaridzo chekukura mudzidziso dzeBahá’í— uye kupinda mu“mavambo” yehudiki hwavo. Mubatsiri anofanira kunzwisia kuti chinangwa chechitiko chacho hachisi chekuongorora zvakadzama zvechirongwa kana kufungisia zvingangoitika maring nema junior youth, ongororo dzichatorwa muchikamu chechitatu nechechipiri cheBhuku, zvichiteverana. Asi, chinangwa ndechekuunza mukutarisa nekukurumidza muenzaniso wemufanidzo wewechedidiki akagadzirira kutora nzvimbo pakati pechizvarwa chinotevera cheavo vanozotsigira Rudavoro rwaMwari vozvipira pakufambira mberi kwebudiriro. Kuvaldzidzi, chiitiko ichi chichawedzera kunzwisia kwavo chimiro cheshandiro yavachaita munguva pfupi sema animators uye kuita nhaurirano dzavo dzinotevera zvine udzamu.

Zvichienderana nemamiriro ezvinhu aya, saka, chitsauko chinopa ndima dzakati-kuti kubva muzvinyorwa zvinojekesa dzimwe pfungwa dzine chekuita nenguva yehudiki. Pakati pepfungwa dzakaunzwa pakutanga kwechikamu pane kudyidzana pakati pekupa shandiro, dzidzo, uye kugadzirira remangwana, izvi zvino dzimwe nguva kzvinobata

pfungwa dzevechidiki. Chinojekeswa ndechokuti, apo upenyu hunotarisa sechinhu chimwechete chizere, mativi ahwo akasiyana-siyana, haapikisani, anogona kutsigirana. Chiitiko chiri muChikamu 10 chichabatsira vadzidzi kuti vafunge kuti izvi zvinorevei mukurarama kwezuva-nezuva. Hungwaru hunodiwa, kuti varege kupinda muchiito nje uye vatadze kunzwisia kuti dzimwe sarudzo dzehepenyu uye nzira dzekufunga dzinogona sei kuunza kupatsanuka kwekufungidzira uye kusadyidzana kwavanogadzira pahupenyu.

Imwe pfungwa inotariswa muchikwata ichi, imwe pakati pechinangwa chayo, ndeyechinangwa chetsika chinobata paviri. Vadzidzi, hongu, vacharangarira pfungwa iyi kubva mukudzidza kwavo amwe maBhuku. Inobatwa zvakadzama zvikuru pano, uye vanofanira kunyaoteerera kune Zvikamu zvakanangana nekuongororwa kwayo, izvo zvinotanga nekutsanangura shanduko inoitika paviri—padanho redungamunhu uye muchimiro chemagariro chakatsanangurwa muzvinyorwa zveBáhá’í. Nokudaro, chitsauko chacho chinodzidzisa, kuti vechidiku vanofanira kuzadzwa nepfungwa yakasimba yedonzo rokutarisira kukura kwavo vomene kwemafungiro uye nepamweya uye kuzvipira kuunza shanduko yemagariro evanhу. Inoti, zvakare, zvinhu zviviri izvi zvechinangwa chetsika zvinopindirana uye hazviparadzanisiki, kune zviyero uye maitiro evanhу anoumba nharaunda yavo uye zvakare, hunhu uhwu hunoumbwawo nechimiro chemagariro. Vamwe vadzidzi vanogona kuona zvichinetsa kukoshesa zvinorehwa nechikumbiro ichi, izvo zvinoongororwa muchidzidzo chemuChikamu 16. Miono yatekeshera pasirose— iyo, kune rumwe rutivi, inowanzoisa simbiso yakawandisa pamunhu uye rusununguko rwemunhu kana, kune rumwe rutivi, inowedzera kukoshesa masimba ekutungamirira vanhu zvine chisima mumagariro uye maitiro ezvematongerwo enyika—zvizvi zvinogona kuvharidzira chokwadi uye chimiro chekutenda uye gwara remafungiro akanaka, kazhinji zvisingaoneke. Pamunenge muchiita chiito sechikwata, mubatsiri anofanira kuziva dambudziko rinogona kuwanikwa uye kubatsira nhengo dzaro, kana zvichidikanwa, mukuziva zvirevo zvisingaenderane nemashoko eMutariri akatshandiswa muChikamu. Kuongororwa kwepfungwa yechinangwa chinobata paviri kunosvika pakupera, saka, nekutura kuti zvingori munzira yeshandiro chete kuti chinangwa chakadaro chinogona kuitika. Shandiro, chitsauko chinoti, inobatanidza kuzadzikiswa kwekugona kwemunhu nekusimudzira nubudiriro yemagariro.

Chikamu chechipiri chine musoro unoti “Zera re Vimbiro”, uye chakanangana nema junior youth uye kwanisiro huru yavanayo. Chinotsvaga kubatanidza pfungwa dzeavo vari kudzidza bhuku kuti vanzwisise kuti ma junior youth inhengo dzeboka rezera rakakosha rine hunhu hwaro—hunhu hunosiya pasina kupokana kuti, zvisinei nekukanganisa kwaizogona kuitika kwekuvabata sepwere, zvinova zvisizvo kuvakurudzira kutevedzera shanduko yekukura iyo inotsanangurwa zvisina kujeka, iyo iri kuonekwa ichidzika midzi munzvimbo zhini. Chitsauko ichi chinotarisira kujekesa kuti nzira yakatorwa nenharaundera yeBáhá’í kuboka rezera iri, yakaumbwa nezvinyorwa zveRudaviro uye inokurudzirwa nemienzaniso sewa Rúhu’lláh achiri mudiki, uwo wakasiyana zvakanyanya nemaitiro uye fungidziro nedzidziso dzakapararira, ayo mazhinji acho anoratidza ma junior youth sevanopandukira uye vanowanzokonzera dambudziko.

Nezvinangwa zviri pamusoro apa mupfungwa, chitsauko chinotarisira muchidimbu chimiro chekuyaruka kwekutanga uye chinokumbira vadzidzi vechikamu kuti vafunge nezvedambudziko rekutungamira kukura kwekuziva kwevadiki muzera rino zvakakodzera. Mune izvi, chitsauko chinomutsa yambiro: kuedza kwakadaro kunofanira

kudzivisa kukanganisa kwezvimwe zvирongwa, izvo, panzvimbо pekutungamira kusimudzirwa kwekuzviziva kweavo vari muchikamu chino chekugadzira chehupenyu kupinda mukupa shandiro ine kuzvipira kune vamwe, zvinoshandurwa pa “humbimbindoga” uye, zvinosuruvarisa, kuti vanopedzisira vavaita nhapwa dze “humbimbindoga hwakakurisia”. Zvikamu 5 kusvika ku9 zvinoedza kuzivisa vadzidzi vechikamu kune dzimwe njodzi dzisinganzwisisiki dzegomba iri nekuvatora kuburikidza nenhevedzano nendima dzakakodzera kubva muzvinyorwa zveBahá’í. Chitsauko chinoenderera mberi chakananga nezve mhedzisiro yemagariro enharaunda pahupenyu hwevachiri kuyaruka, chinosuma pfungwa ye“junior youth group” senzvimbо yekutsigirana, uye chinotsanangura chimiro chinofanira kutorwa neavo vese vanomuka kuti vashande sema animators emapoka akadaro.

Chitsauko chechitatu, “Kupa Shandiro saAnimator”, chinotora, neimwe nzira, apo yechipiri inopera uye inoedza kufundisa vadzidzi maringe nemhando iyi yebasa yeshandiro. Mushure mekuongorora zvimwe zvezvimiyo zveboka rema junior youth, chikwata chinotanga nhaurirano yezvinyorwa, chidzidzo chacho chinomiririra musimboti wechirongwa. Mugove mukuru wechikwata unopiwa kuhurukuro iyi, uye mudzidzisi anofanira kunzwisia zvakanaka chinangwa chayo, izvo hazvisi zvekungotsanangura zvinhu kuvadzidzi vechitsauko ichi asi kuvapa nzwisiso yekuti nzira yekusimudzirwa pamweya inosanganisira sei uye kuti ndezvipi zviitiko zvinotsvaga kusimudzira simba rayo. Ndima dzinobva muZvinyorwa zvinosanganisirwa mukati mese, asi magwaro maviri anoongororwa zvizere—*Kufefetera kema Komborero uye Mweya we Rutendo*—uye vatori nhengo dzechikwata dzichada kuve dzakabata mabhuku aya mumaoko.

Nyaya yekusimudzirwa kwepamweya inoda, kazhinji, kufunga kukuru uye kufungisia nevabatsiri. Chokwadi, gwara redzidzo rakaiswa mumakosi einstitute, mukuongorora kwekupedzisira, anogona kuonekwa senzira yekutsigira tsika dzepamweya, imwe kuburikidza naro vanhu vemarudzi ese ehupenyu uye vese vanobva kwakasiyana-siyan vanogoneswa kukurudzirwa uye kutora chikamu mukuvaka nyika iri nani. Pfungwa yesimba rinoshandiswa pano inosiyana zvikuru netsanangudzo dzakapararira dzinoibatanidza nechinangwa nekutonga kana kukurudzira vamwe kuti vabvume zvishuwo nezvido zveumwe munhu. Vavariro, panzvimbо pezvo, ndeyokuva mikoto yokuyerera kwamasimba epamweya wemunhu: simba rokubatana, rerudo, rebasa rokuzvininipa, ramabasa akachena. Maitiro anodiwa pakubatsira kusimudzirwa kwakadai ekufambisira mberi—naizvozvo—ari pakati pechiito chekushanda se animator, uye neruzivo rwekuitisa boka neboka mukudzidza kwemagwaro animator wega wega anokwanisa kuona zvinhu zvakawanda zvinodyidzana zvinosanganisirwa, hapana chimwe chazvo chine simba kupfuura ch imwe pakusimudzira kunzwisia kwechokwadi.

MuBhuku iri, hongu, janha riri pamberi pemubatsiri rinowedzera, kuchizvarwa chinotevera uye kune chimiro chedzidzo inozogonesa ma junior youth kushandisa masimba avo ari kubuda zvine zvibereko. Pamwoyo weichi chiitiko pane masimba anosimbisana emafungiro uye ematauriro. Simba remafungiro akadzama, iro rinowedzera zvakanyanya panguva yekuyaruka, rinosimbiswa muhupwere sezvavanodzidza kushandisa zvakakosha zvescince, tsika, uye pfungwa dzemweya pakuongorora kwavo nyika yakavapoteredza uye nekuedza kwavo kwekutanga kupa shandiro munharaunda. Asi, pasinei nokuti zvakakosha sei, simba rekuongorora zvine musoro rinoda maonero emweya. Kuburikidza nazvo, nzira dzekunzwisia, dzisingawanikwe kuburikidza nekushandisa kwemasimba epfungwa chete, dzinovhurwa. Pwere, ipapoka, dzinofanira kubetserwa kuziva masimba

epamweya anobata mumagariro avanosangana nawo kana vachizoita sarudzo dzakanaka dzetsika. Kuti chimiro chetsika chinodzora pfungwa nemaitiro emunhu chakabatana zvakanyanya nechimiro chemutauro umo iye anoratidza kufunga ndicho chikonzero chikuru chemaitiro edzidzo anoonekwa. Chero ruzivo rwezvitauko zviviri zvekutanga zveBhuku 5 rwunogona kunge rwakabatsira mukuita uku, Zvikamu 5 kusvika 19 zvechitsauko chechitatu zvinoedza kuita kuti zviyero zvakasiyana zvive pachena, kutora pamienzaniso kubva muzvinyorwa zvinoshandisa muchirongwa, sezinodiwa. Mubatsiri wese zvakanaka kuti aongorore Zvikamu izvi nemazvo mukugadzirira kutungamira boka kuburikidza nazvo. Zvinotarisirwa kuti vadzidzi vachawana kunzwisisa simba rezvinyorwa kusimudzira ma junior youth anobva mutsika nemagariro zvakasiyana-siyana.

Maringe mehurukuro iyi, saka, kuti vadzidzi vanopihwa mukana wekuongorora magwaro ari muzvikwata zviviri zvizere, chimwe chinonangana ne “Anokuridzirwa nezvinyorwa-zvechiBaha’i” uye chimwe inomiririra zvakajeka magwaro echibahá’í. Aya mapoka maviri anounzwa kune vadzidzi vebhuku pakutanga kwechitsauko, uye ongororo yavo yeKufefetera kweMakomborero uye Mweya weRutendo inoitirwa kuvabatsira kuona, mumadingindira uye pfungwa dzakatariswa uye mumutauro unoshandisa, magwaro aya ese ari maviri anobatsira kuzvinangwa zvechirongwa chatsanangurwa pamusoro. Pfungwa yemakomborero inobatwa mune rekutanga, semuenzaniso—kuti kana munhu akaedza kune zvinangwa zvakakodzera, munhu anokwezva zvisimbiso zvehumwari—inowana hukama mumoyo nepfungwa dzevechediki kwese-kwese. Kunzwisisa kwavanowana kuburikidza nekudzidza kwemagwaro kunoratidzika kuvabatsira, kana vachitora mabasa matsva uye akaoma, kukunda kutya uye kushaya chivimbo kunowanzovepo, pasina kugadzira hunhu hwehasha humoratidza kunyanya kusimbisa pa “humbimbindoga”. Nenzira iyi, nyaya yakapfava asi yakadzama inoitika muBhuku, kazhinji pakati pekutanga kudzidzwa nema junior youth, inoisa vazhinji munzira inovadzivirira, pamwe muchikamu, kubva pamasimba okuparara aibvarura magariro, masimba aizovabira kuzivikanwa kwavo kwechokwadi sevanhu vanokudzwa.

Saizvozwovo, kujekeswa kwepfungwa dzakapihwu muMweya weRutendo kunobatsira ma junior youth vanobva kwakasiyana-siyana mukufungisisa zvakadzama nezvenyaya dzeruzivo dzinotanga kutora mukana mupfungwa dzavo panguva ino yehupenyu uye mukunzwisisa hukama huripo pakati pezvemweya nezvepanyama. Pakati pepfungwa idzi, semuenzaniso, kushanduka kwemuviri uye kutaridzika kwemweya wemunhu. Chinofanira kukosheswa nemubatsiri ndecekuti, kune vazhinji vechediki vanodzidza Bhuku 5 uye vanoshuvira kuve ma animators, kunze kwekunge vapedza chirongwa chekusimudzirwa pamweya ivo pachavo sema junior youth, ongororo yeMweya weRutendo will inoumba mukana wekutanga wekuti vaongorore zvakarongeka pfungwa dzakaratidzwa, uye vanofanirwa kupihwa nguva inodiwa yekufunga kuburikidza nevazvinoreva.

Pakupera kweongororo iyi, vadzidzi vanokurudzirwa kufungisisa nezvemusimboti wekuwirirana pakati pezve scince nechitendero, kwete sepfungwa inobatwa zvakajeka murugwaro asi sechinhu chinotsigira nhaurirano yacho yose. Chinokurudzirwa ndechokuti science nechitendero zvinogona kucherechedzwa sezviitiko zviviri zvezivo zvinotsigirana umo budiriro inofambira mberi. Kukosha kweongororo uku hakufanirwe kurasika kune vadzidzi, kunyanya avo vari kugadzirira kupinda mundima iyi yeshandiro. Mushure mezvoze, kana kuwana kunzwisisa kwakakwana kwechokwadi kwakakosha kune nzira

yezugonesa pamweya, saka magwaro ama junior youth anofanirwa kunokora pazviri mativi maviri aya eruzivo.

Sezvo kunzverwa kwemagwaro aya kuchizoumba chinangwa chekutanga cheboka ripi neripi revechidiki vari kutora chikamu muchirongwa ichi, vachaita zvimwe zviitiko pamwechete. Izvi zvinosanganisira mabasa ekubatsira kushanduka kwenharaunda, mitambo, hunyanzvi hwezvigadzirwa zvemaoko uye zviitiko zvehumhizha uye zviitiko zvakakosha zvekupemberera apo neapo. Zvikamu 25 ne26 zvinopa misimboti mishoma nemazano ane chekuita nezviitiko izvi asi rambai kunyaanya kupinda mazviri zvakadzama, muchitarisa kuti zviitiko izvi zvinofanira kuitwa kuburikidza nemamiriro enzvimbo. Zvakadaro, zvinotarisirwa kuti marongerwo uye kuitwa kwemabasa ekubatsira kushanduka kwenharaunda kuchapihwa kusimbisia muchirongwa, nekuti kupa shandiro kunova mukana wakakosha umo chinangwa chetsika yechinangwa inobata paviri yambotaurwa chinogona kuzviratidza. Mune izvi, vadzidzi vanofanirwa kunzwisia kuti mabasa ekubatsira kushanduka kwenharaunda akadai achave nyaya yekugarobvunzana mumisangano nevamwe vanopawo shandiro sema animator.

Chitasuku ichi chinopera nekukurukura nyaya dzakati wandei dzine chekuita nebasis ra animator, vachigovana ruzivo rwekuumba kutanga misangano yeboka rema junior youth, maitiro ekuita misangano mishoma yekutanga, uye nzira yekukurukura nevabereki nezvemhando yechirongwa uye kufambira mberi kwevanakomana nevanasikana vavo. Kubva pakutanga, vadzidzi vanofanirwa kuziva kuti kugona kunodiwa kushanda nemazvo sa animator kunokura nekufamba kwenguva kuburikidza nekuenderera mberi neruzivo uye kudzidzo magwaro anobukira kubva kuBhuku 5. Izvi zvinoda danho rekuzvipira kudzidzo yema junior youth zvekuti vazhinji vari mukupera kwekuyaruka uye kutanga kwemakore makumi maviri— mumavambo ehupenyu hwavo—inoratidza kukwanisika. Zvinobva mavari, zvino, izvo zvichaita kuti pave nekuwedzera kwechikwata cheavo vanozotevera iyi nzira yakakosha uye yehunyanzvi yeshandiro, kuita boka pamusoro peboka muchirongwa chekusimudzira pamweya, uye pachavo ndivo, nenzira iyi, vachava nechokwadi chokuti vimbiso yechizvarwa chinotevera inozadzikiswa.



# Nguva yekuyaruka Muupenyu

Chinangwa

Kuwana nzwisiso yedzimwe dzetsika dzinosiyanisa  
vechichiki, sechinhu chekutanga chakakosha chinodikanwa  
pakushanda nezera revechidiki vasati vabva zera muchirongwa  
chinobatsira kusimudzira masimba avo epamweya



## **CHIKAMU 1**

Nguva iri pakati pemakore gumi nemaviri negumi nemashanu inova nguva yakakosha muhupenyu hwemunhu, nekuti iyi ndiyo nguva apo anosiya hupwere uye osangana neshanduko ine udzamu. Vasati vasmika pazera revechediki vayaruka (youth), vanhu mumakore iwaya vanowanzodaizwa sevechediki vasati vayaruka (junior youth). Kupinza vechidiki muzviitiko zvakanangana nekuvandudza kwanisiro dzavo dzepamweya nemafungiro uye kuvgadzirira kuti vatore janha ravo nemazvo munharaunda chiito cheshandiro chakakoshesesa. Zvitsauko zvitatu zvebhuku rino zvakanangana nedzimwe pfungwa, unyanzvi, hunhu nemaitiro izvo ruzivo rwunobva mukuita rwaratidza zvinodiwa neavo vane shuviro yekuita mabasa ekusimudzira masimba epamweya evedidiki sezvakarongwa neRuhi Institute.

Zviitiko zvinoumba chirongwa ichi zvinowanzoitwa muzvikwata zvidiki padanho remusha. Seuyo arikubatsiridza mabasa echikwata chakadai, unenge wakabatikana maringe neburidiro yepamweya nepapfungwa yevechediki vakati wandei avo, munguva pfupipfupi, vanenge vachisvika zera remakore gumi nemashanu, chikumbaridzo chekuyaruka, apo vano takura majana matsva. Muchitsauko chekutanga, hatisi kuongorora zvakanyanya hunhu hwechediki asi tiri kuongorora chimiro chechediki, icho zvinyorwa zveRudaviro zvinokurudzira kuti vakure kuva. Chinofanirwa kuzobuda pachena kubva mundima dzamuchanzvera ndecekuti kune chitsama chehunhu hunosiyana vechidiki vemazera mamwe chete enguva dzakasiyana uye masimba anofanira kuumbiridza hupenyu hwavo. Zvinokwanisika zvakanyanya naizvozvo kuti iwe pachako uri munhu wechediki ari mumakore aripasi pemakumi maviri kana kuti achangodarika makumi maviri, zvichireva izvo kuti zvakanyorwa muchitsauko zvichakupa mukana wekuongorora tarisiro yebudiriro pamwechete nezvakakukoshera.

## **CHIKAMU 2**

Kutanga, tarisisa chikwata chechediki avo vauchashanda navo. Pamakore matatu anotevera uchasangana navo nguva zhinji uye seshamwari yechokwadi, uchavabatsira pakunzvera nekuongorora pfungwa pamwe chete, muchironga nekuita zviitiko zveshandiro zvakareruka, nekudzeya zvananodzidza sechikwata kubva muzivo yekuita zviitiko izvi. Zvinokubatsira kuti utore nguva uchifungisia pamusoro pechinguva chepamberi pekupera kwemakore matatu aunenge uchishanda navo, apo pavapedza zvidzidzo zvavo. Kukubatsira kuburitsa pachena mupfungwa dzako mamiriro aunotarisira achazosiyana shamwari dzako dzechidiki, ita zvidzidzo zvinotevera nechikwata chauri kudzidza nacho bhuku rino.

1. Vechidiki vachangobva zera vauri kutarisira vachange vase muono wechinangwa wepamusoro-soro here? Vanotarisira kuti chinangwa ichi chinge chiridzidzii?  
\_\_\_\_\_

2. Unotarisira kuti vachange vachipedzera masimba avo pane zvipi? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

3. Chii chichavakurudzira kushandira zvakanaka zvinotarisirwa izvi? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

4. Unovatarisira zvakadii kuti vachange vachiziva zvimhingamupini zviri kusangana nerudzi rwemunhu panguva ino? Vanenge vaine kuvimba here kuti vanokwanisa kubatsira pakuumba nyika yakanaka?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

5. Ungangodawo kuti shamwari dzako dzechidiki dzinge dzawana, maitiro akanangana nekudzidza panguva yamunenge muri mose. Maitiro aya arikutaridzirwa mumitsara inotevera. Unokwanisa kuwedzera imwe mitsara miviri kana mitatu?

- Vachange vachida zvakanyanya kudzidza nekuedza kuisa zvavanodzidza muzviito.
- Vachange vaine tsika yekuongorora zvibereko zvezviito zvavo.
- Vachange vaine pfungwa dzakasununguka kutambira nzwisiso itsva uye vachidzidza vakazvininipisa.
- Vachange vaine chishuwo chakasimba chekuumbiridza kwanisiro yavo yekushandira rudzi rwemunhu.
- Vachaita shuviro yekuzadzisa nemazvo mune zvese zvavanoita.
- Vachange vaine manyukunyuku mukudzidza nezvescience nehumhizha(arts).
- Vachawana mufaro wakaenzana kubva mukudzidzira kushandira budiro yerudzi rwemunhu sezvavanoita mukukura kwavo pamafungiro nepamweya.

– \_\_\_\_\_  
– \_\_\_\_\_  
– \_\_\_\_\_

6. Ndezvipi zvirevo pane zvinotevera zvinotsanangura tariro yako kune vechidiki vari mupfungwa mako kuti vachange vachizvibata sei?

\_\_\_\_\_ Hunhu hwavanoyemura hunenge hwakada kufanana nehunotarisirwa kuruzhinji rwevechidiki maringe nezviri kutsviriridza pasi rose.

\_\_\_\_\_ Vachange vachitarisa kushambadziro dzine mukurumbira kuti dztungamire upenyu hwavo.

- \_\_\_\_\_ Vachange vachitevera matsimba eavo vanoshingaira, kunyangwe vachisangana nezvibingamupini zvinotyisa kuti vararame netsika dzakakwirira.
- \_\_\_\_\_ Vachange vachigona kuziva kana zviito zvavo zvichipesana nekutenda kwavo, kana kupesana uku kwasimuka.
- \_\_\_\_\_ Vachange vachitenda kune zvinotarisirwa zvakanaka zvakafanana nekubatana kwemarudzi, kuenzaniswa kwevarume nevakadzi nekutonga kwakaenzana, asi maitiro avo achiburitsa zvakanyanya hunhu hunodiwa munharaunda iyo, apo vachizokundikana kutsigira nezviito dzidziso dzinoyemurika.
- \_\_\_\_\_ Vachashora maitiro epamusoro kuitira kuti vararame zvakanaka munharaunda isingatsigiri mirairo yakakosha.
7. Mitsara iri pazasi irikuburitsa zvinouya mushure mekurarama hupenyu hutsvene uye hwakatendeseka. Vechidiki vauri kutarisira vachadzamisa pfungwa dzavo nechipimo chakaita sei zvinokurudzirwa izvi? Unokwanisa kuwedzera here zvime zvishoma pazasi?
- Kusava nekusashaya hanya mumaitiro
  - Kuzviparadzanisa kubva kuzvinhu zvisina maturo uye zvido zvisina dzidziso
  - Havaregeri zvido zvenyika zvichivadzimaidza kubva kuzvinangwa zvepamusoro-soro
  - Vachange vasingatevedzeri mapfekero nezvipfeko zvechizvinozvino kana zvichipokana nezvinodiwa nekutendeseka
  - Kusafunga kwakachena zvinongoreva chete kuzviparadzanisa kubva kune zvepabonde kunze kwemuchato
  - Vachange vachiita zvine mwero pamapfekero avo
  - Vachange vachiita zvine mwero pamatauriro
  - Vachange vachiita zvine mwero muzviitiko zvavanoita zvekufara
  - Vachange vachionekwa nekusazvipembedza nekuzvininipisa
  - Vachange vasina godo neshanje
  - Vachange vachionekwa nehutsvene nekudzikama nekuchena kwefungwa
  - Vachange vakasimba mukuzvidzora kubva kuhavi dzisina maturo

— \_\_\_\_\_  
— \_\_\_\_\_  
— \_\_\_\_\_

8. Panguva diki yauchange uine vechidiki ava, unotarisira kuti masimba avo, ose emafungiro uye epamweya, achange akaita sei?
- Kukurira zvimhingamupini?
  - Kutsungirira mukuita kwavo kuti vazadzikise zvinangwa zvavo?
  - Kukurira zvinovamanikidza kushanda nenzira inopokana nehunhu hwepamusoro-soro

## CHIKAMU 3

Ngatitarireyi zvinyorwa zvechitendero toongorora kuti zvinotsanangura sei vechidiki vabvazera (youth). ‘Abdu’l-Baha anoti:

**“Nhai vadikanwi “vaAbdu’l-Baha! Hupenyu hwemunhu hune mavambo nemakomborero ekubwinya kunofadza. Nguva yevechidiki vabva zera inoratidzwa nemasimba uye hushingi nekburitsa pachena mukana wekupa sarudzo yavo muupenyu hwerudzi rwemunhu. Naizvozvo tinofanira kutsungirira siku nesikati kuti tive nemakomborero ekuwana masimba ekudenga, kurudziro pamwe nevaravaro yakanaka uye neruyamuro Rwake rwemasimba epamusoro-soro nenyasha dzedenga uye makomborero, munova zvishongo zvenyika kurudzi rwemunhu, uye zvinokoshesesa pakati peavo vakatanga kupinda muzvidzidzo zverudo rwaMwari. Munofanirwa kusianiswa pakati pevanhu nekuda kwehutsvene, uye kusabatirira, chinangwa chepamusoro-soro, mutsa, kutsungirira, pfungwa dzine udzamu, kushinga, kusimudzirwa kwezvinangwa uye netsika dzenyu dzemweya; kuitira kuti muve nzira dzekusimudzirwa uye kubwinya kweRudaviro rwaMwari uye mambakwedza ezbipo Zvake zvekudenga; kuitira kuti mugorarama zvinoenderana nemitemo uye zvidziddizo zva “Blessed Beauty”- hupenyu hwangu ngauve chibayiro kuvadikanwi Vake-uye mukuratidza tsika nemaitiro echiba’i, mugova munokwanisa kusianiswa pakati pevamwe. Chido cha “Abdu’l-Baha ndecekutarisira kuti umwe neumwe agonewo kukwanisa kuva nehushingi sehweshumba inofamba mumafuro echimiro chemunhu chitsvene uye kuva sekamhepo kanofefetera pamusoro pekarwizi keutsvene.”**

1. Zadzisa mitsara inotevera zvichibva muchinyorwa chiri pamusoro:
  - a. Mavambo ehupenyu hwemunhu akakomborerwa ne\_\_\_\_\_.
  - b. Nguva yevechidiki vabva zera inoratidzwa ne\_\_\_\_\_ uye \_\_\_\_\_.
  - c. Nguva yevechidiki vabva zera inomira se\_\_\_\_\_ muhupenyu hwerudzi rwemunhu.
  - d. Panguva yevechidiki vabva zera tinofanira kutsungirira siku nesikati kuti tive nemakomborero e\_\_\_\_\_, kuridziro pamwe\_\_\_\_\_ uye ruyamuro Rwake

\_\_\_\_\_ uye \_\_\_\_\_ uye \_\_\_\_\_, uye tinova  
\_\_\_\_\_ kurudzi rwemunhu.

- e. Panguva yevechidiki vabva zera tinofanira kutsungirira siku nesikati kuti tive nemakomborero pane avo vachangotanga kupinda \_\_\_\_\_ uye \_\_\_\_\_.
  - f. Panguva yevechidiki vabva zera tinofanira kusiyaniwa ne \_\_\_\_\_ uye \_\_\_\_\_.
  - g. Panguva yevechidiki vabva zera tinofanira kusiyaniwa ne \_\_\_\_\_ nechinangwa.
  - h. Panguva yevechidiki vabva zera tinofanira kusiyaniwa ne \_\_\_\_\_ ,  
\_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_ pfungwa, \_\_\_\_\_ ,  
kusimudzirwa kwe \_\_\_\_\_ uye \_\_\_\_\_ tsika dzemweya.
  - i. Panguva yevechidiki vabva zera tinofanira kuva \_\_\_\_\_  
kusimudzirwa pakubwinya kwe \_\_\_\_\_ uye \_\_\_\_\_ e \_\_\_\_\_.
  - j. Panguva yevechidiki vabva zera tinofanira kutsungirira kuti tive vanopinda  
\_\_\_\_\_ kuitira kuti \_\_\_\_\_ uye \_\_\_\_\_ “of the  
Blessed Beauty”.
  - k. Chido cha “Abdu’l-Baha ndecekutarisira kuti vechidiki vabva zera vanokwanisa  
kuva se \_\_\_\_\_ inofamba mumafuro e \_\_\_\_\_  
uye \_\_\_\_\_ pamusoro pekarwizi \_\_\_\_\_.
2. Ungava wakambonzwa imwe tsanagudzo kana kutenda kune mukurumbira kuti vechidiki  
vabva zera vanofanira kunyanyonangana nezvekufara, nekuti vachava nekusangana  
nezviitiko zvakakosha zvehupenyu munguva pfupi. Zvakadaro pfungwa iyoy  
haiwirirani zviripachena nechinyorwa chaAbdu’l-Bahá chiri pamusoro. Ndeipi imwe  
mifungo inotsigira kutenda kwakadai? Kurukurai pamusoro pemubvunzo uyu  
sechikwata chauri kudzidza nacho nhasi, uye nyorai zvamabvumirana pasi.
- 
- 
- 
-

## CHIKAMU 4

Mumunamato unotevera, ‘Abdu’l-Bahá anoburitsa dzimwe dzetarisiro dzake kubva kune vechidiki vabva zera:

**“Nhai Ishe ane tsitsi! Nenyasha dzenyu isaiwo mapapiro maviri pane rimwe nerimwe renyana idzi, uye vapei masimba ezvemweya kuti vagokwanisa kubhururuka kupinda muchadenga chisina magumo uye vagokwanisa kubhururuka kudenga-denga kusvika kuHumambo hwe Abhá.**

**“Nhai Tenzi! Simbisai zvirimwa zvidiki izvi kuitira kuti chimwe nechimwe chigokwanisa kuva muti unopa muchero, wakabengenuka nekukura zvakanaka. Ipaiwo mwuya uyu kubudirira kuburikidza nesimba revarwi venyu vekudenga, kuitira kuti vagokwanisa kukurira masimba ekukanganisa nekushaya ruzivo uye vagobuditsa pachena maitiro ekuyanana uye nerutungamiriro pakati pevanhu; kuti vagokwanisa, semifemo inomutsa patsva yepfumvudza, kubengenutsa nekumutsa patsva miti yemweya yevanhu uye semvura yepfumvudza inoita kuti makura enzvimbo iyoyo asvibire uye ave nechikafu.**

**“Ndimi Mukuru-kuru uye Samasimba, Ndimi Mupi uye Mudi-Wezvose.”**

1. Zadzisa mitsara inotevera zvichienderana nechinyorwa chiri pamusoro;
  - a. ‘Abdu’l-Bahá anofananidza avo vachangosvika pazera revechidiki vasati vabva zera nenyana dzinoda\_\_\_\_\_ uye anokumbira Mwari kuti avape\_\_\_\_\_ kuti vagokwanisa \_\_\_\_\_ mudenga risina magumo uye vagokwanisa \_\_\_\_\_ muchadenga cheHumambo hwe Abhá
  - b. Anofananidza vechidiki vachangobva zera nechirimwa chidiki\_\_\_\_\_ uye anokumbira Mwari kuti avasimbise kuitira kuti chimwe nechimwe chigokwanisa kuva \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_ uye \_\_\_\_\_.
  - c. Anokumbira Mwari kuti avape kukunda kuitira kuti vagokwanisa kukurira\_\_\_\_\_ ne\_\_\_\_\_ uye vagoburitsa pachena\_\_\_\_\_ uye \_\_\_\_\_.
  - d. Anonamatira kuti vagokwanisa, kumutsa patsva\_\_\_\_\_ ye \_\_\_\_\_, kubengenutsa ne \_\_\_\_\_ miti ye \_\_\_\_\_ uye se\_\_\_\_\_ inoita kuti makura enzvimbo iyoyo\_\_\_\_\_ uye \_\_\_\_\_.

2. Mumunamato uyu, ‘Abdu’l-Bahá anokumbira Mwari kuti vape vechidiki masimba emweya. Ndezvipi pane zvinotevera zvinoenderana nesimba remweya?
- |   |  |
|---|--|
| <ul style="list-style-type: none"> <li>- kusimukira kwechinangwa</li> <li>- kuvimba naMwari</li> <li>- Kuzvibata</li> <li>- Hunyenge</li> <li>- Kukwikwidzana</li> <li>- kubatana</li> <li>- hunhu hwakarurama</li> <li>- vavariro dzezvenyika</li> <li>- kushuvira ruremekedzo mune zvenyika</li> <li>- rudo rwaMwari</li> <li>- kuda zvehumbozha</li> </ul> | <ul style="list-style-type: none"> <li>- mutsa</li> <li>- kushamisira</li> <li>- kutsungirira kупедза basa</li> <li>- pfungwa dzepamusoro-soro</li> <li>- kuva netsika yekupa</li> <li>- kuda kutonga vamwe</li> <li>- kusimba uye kutsunga</li> <li>- kuzvininipisa</li> <li>- kudada nebudiriro yako</li> <li>- kuzvitutumadza</li> <li>- kuchena kwevavaviro</li> </ul> |
|---|--|
3. Mumunamato uyu ‘Abdu’l-Bahá anokumbira Mwari kuti agone se vechidiki vabva zera kuti vakwanise kukurira masimba ekukanganisa nekushaya ruzivo. Sarudza kuti ndezvipi pane zvinotevera zvichabatsira vechidiki vabva zera mukurwisana kwavo nematambudziko aya:
- kukwanisa kusiyanisanisa chakanaka kune chakaipa
- kukwanisa kudzvanyirira vamwe
- kugona kutaura pfungwa dzakadzama zvakajeka
- kukwanisa kuziva uye kukunda rusaruro
- kukwanisa kushandisa zvinhu zvenyama mune zvakanaka
- kukwanisa kushandisa vamwe kuti ugokwanisa kuzadzisa zvinangwa zvako
- kukwanisa kudzora zvideo zvisina maturo zvenyama
- kukwanisa kubatsira mukuumbwa kwefungwa yekubatana
- kukwanisa kusatora divi mukutonga
- kukwanisa kukurudzira ruenzaniso
4. Mumunamato uyu Abdu’l-Bahá anokumbira Mwari kuti vagonese vechidiki vabva zera kuti vaburitse pachena maitiro ehushamwari nerutungamiriro. Sarudza kuti ndezvipi pane zvinotevera zvichabatsira vechidiki vabva zera mukuedza zvakadai:
- kukwanisa kuumba hukama hwehushamwari
- kukwanisa kunyatsoterera kune vamwe
- kukwanisa kutarisana nematambudziko wakadzikama uye wakatsiga
- kukwanisa kuona kutadza nekukanganisa kwevamwe
- kukwanisa kufuratira zvikanganiso nezvitadzo zvevamwe
- kukwanisa kushandira nharaunda wakazviparadzanisa
- kukwanisa kufarira budiriro yevamwe

- \_\_\_\_ kukwanisa kukuchidzira tariro mune vamwe
- \_\_\_\_ kukwanisa kushandidzana nevamwe
- \_\_\_\_ kukwanisa kuzadzikisa zvido zvako wega usingatarise zvakanakirawo vamwe
- \_\_\_\_ kukwanisa kusimudzira budiriro yenharaunda yaunogara

## CHIKAMU 5

Muzvinyorwa zvatadzidza muzvikamu zviviri zvapfuura zvatipa muono maringe nechimiro chinofanira kunge chiri mune vechidiki vabva zera. Zviri pachena kuti panosvika vechidiki pamakore gumi nemashanu, pane zvizhinji zvinotarisirwa pavari. Zvirokwazvo, tinoziva kuti zvinyorwa zvinotsanangura zera remakore gumi nemashanu senguva yekutanga kuyaruka. Iyi ndiyo nguva apo mitemo yechiBahá’í yakaita sekunamata uye kutsanya zvinotanga kubata upenyu hwavo sedungamunhu. Maringe neshanduko yekuyaruka, ‘Abdu’l-Bahá anoti:

**“Mwana mucheche anoyamwa anopfuura nemumatanho akasiyana-siyana eshanduko dzemuviri, achikura nekuumbika padanho rimwe-nerimwe, kudzamara muviri wako wasvika panguva yekubva zera. Paanosvika padanho iri anowana kwanisiro yekuburitsa pachena tsika tsvene dzepamweya nepamafungiro. Zviedza zvenzwisiso, hungwaru neruzivo zvinotanga kuonekwa maari uye masimba emweya wake anotanga kutambanudzika.”**

Apo munhu paanosvika pakubva zera, ‘Abdu’l-Bahá anotiudza,

**“anova nekunzwisia chokwadi chemamiriro ezvinhu uye ruzivo rwezvakavanzika. Zvirokwazvo, mukunzwisia kwake, manzwiro epanyama ake, dudziro yake uye miono yake ine zvibereko, zuva rake rega-rega rekurarama abva zera rakaenzana negore asati abva zera.”**

1. Pane mifungo yakawanda inogona kuongororwa maringe nevechidiki vabva zera takanangana nezvatsanangurwa na‘Abdu’l-Bahá pamusoro. Ndezvipi pane zvinotevera zvamunofungira zvingaenderana nemunhu ane makore gumi nemashanu?

- \_\_\_\_ Ane kwanisiro yepamweya yekudzamisa pfungwa maringe nezveupenyu nerufu
- \_\_\_\_ Anokwanisa kuona udzamu hwepfungwa dzakakosha chete kana dzakashongedzwa nebutiro remafaro

- \_\_\_\_ Ane kwanisiro yemafungiro pakudoma nekuongorora masimba emagariro ari kubata nekuumba hupenyu hwake.
- \_\_\_\_ Ane kwanisiro yekuita mabasa zvine unyanzvi nehanya.
- \_\_\_\_ Ane kwanisiro yepamweya yekukunda zvimbhingamupinyi zvinorema.
- \_\_\_\_ Ane kwanisiro yekubatsira kuitisa zvidzidzo zvepamweya zhevana vechidiki.
- \_\_\_\_ Ane kwanisiro yekutsanangura zvidzidzo uye mirairo yeChitendero zvakatsetseka uye nekutenda.
- \_\_\_\_ Haadi riritiro yevabereki, kana rudo rwavo.
- \_\_\_\_ Anokwanisa kutora jana rekucherechedza mitemo yeChiBahá'í.
- \_\_\_\_ Ane kwanisiro yemafungiro yekunzwisia zvakavakomberedza zvinenge zvichiitika mukurarama.
- \_\_\_\_ Anokwanisa kupinda muzviitiko zvakakosha zvekupa shandiro munharaunda.

## 2. Ungashuvira kubata munamato uri pazasi nemusoro.

**“Nhai Tenzi! Itai kuti wechidiki uyu ave nemufaro, uye isaiwo makomborero Enyu pachisikwa chirombo ichi. Mupeiwo ruzivo, mumupewo simba rakawedzerwa pakutanga kwerungwanani rwoga-rwoga uye murindirewo murudziviriro rweruchengetedzo Rwenyu kuitira kuti agosunungurwa mukukanganisa, agozvipira mukushandira Rudaviro Rwenyu, agotungamira vakarasika, agotungamira vasina rombo rakanaka, agosunungura nhapwa uye agomutsa vasina kuchangamuka, kuitira kuti zvoze zvigokomborerwa nendangariro nerumbidzo Yenu. Ndimi Mukuru-kuru na Samasimba.”<sup>5</sup>**

## CHIKAMU 6

Mamwe masimba epanyama, mafungiro, uye epamweya anotanga kunyatsooneka apo vechidiki vanoyambuka danho rekutanga rekuyaruka pazera remakore gumi nemashanu. Vanofanirwa kusiya maitiro, mafungiro uye hunhu hweupwere, voubirdza kwanisiro itsva. Kunangisa masimba aya mukupa shandiro kuRudaviro rwaMwari uye kurudzi rwemunhu zvinotangira panguva yekutanga kuyaruka kwewechediki. Bahá'u'lláh anoti:

**“Akakomborerwa uyo pamavambo ekuyaruka kwake uye panguva yekubudirira kwake kuti asimuke mukupa shandiro kuRudaviro rwaTenzi wekutanga nekuguma, uye oshongedza mwoyo wake nerudo Rwake. Kuratidzwa kwenyasha dzakadai kwakakura kudarika kusikwa kwedenga nenyika. Vakakomborerwa avo vakatsungirira uye zvakanakira kune avo vasingazununguki.”<sup>6</sup>**

Shandiro inopiwa kuRudaviro nezera revechediki renguva yega-yega yakakosha zvikuru mubudiriro. Tichisimbisa kukosha kwemupiro wavanoita, tsamba yakanyorwa neMutariri inoti, “zviri pamafudzi avo kuti anoisa janha rekuchengetedza kwemweya wekupa shandiro une kuzviparadzanisa” pakati pevamwe varikushandira kuti pazadziswe zvinangwa zveRudaviro rwaMwari. “Pasina mweya wakadai”, tsamba inoenderera mberi, “hapana basa rinokwanisa kuitwa richibudirira.”

Maererano netsika dzinoita kuti vechidiki vave ivo vakafanira kupinda mumabasa eshandiro, Imba yeUtongi Hwakaenzana ichinyorera Matare Matsvene eNyika inoti: “**Kutsungirira kwechedidiki mukuoma kwezvinhu, simba nemanyukunyuku avo, uye kukwanisa kwavo kjairana nemamiriro enharaunda yavanogara, kusangana ne matambudzikosva, uye kupawo unyoro nemanyuku-nyuku kune avo vavanoshanyira, zvichibatana nechipimo chemaitiro chinokurudzirwa kune vechidiki vechiBahá’í, zvoita kuti vave zvombo zvakakosha pakuzadzikisva kwemabasa akarongwa. Zirokwasvo, kuburikidza netsika idzi dzakasimba vanokwanisa kuva vatungamiriri vechiitiko chipi nechipi zvacho uye kuva kuchidziro yezviitiko zvese, pangava padanho remunharaunda kana nyika.”<sup>7</sup>**

Uye, vachiparura mashoko edzidziso kune vechidiki pasi rose, Imba yeHutongi Hwakaenzana inoenderera mberi ichitsanangudza:

“**Kunyangwe chokwadi chemamiriro ezvinhu achiumbwa nemasimba akasiyanasiyana emamiriro, asi chido chekuumba shanduko uye nekwanisiro yekupa shandiro ine pundutso, zvese zvinova chimiro chemaitiro edanho rehupenyu hwenyu, hazvina kipiwa muganhu kune rudzi rwupi kana nyika, uye kuzembera pamawanirwo ezveupfumi. Chiedza chenguva yechedidiki vabva zera ichi chinowanikwa kumunhu wese...”<sup>8</sup>**

1. Zadzisai mitsara inotevera muchishandisa zvinyorwa zviri pamusoro:

- a. \_\_\_\_\_ uyo pamavambo ekuyaruka kwake uye panguva yekubudirira kwake kuti asimuke mukupa shandiro kuRudaviro rwaTenzi wekutanga nekuguma, uye oshongedza mwoyo wake nerudo Rwake.
- b. Zviri pamafulzi avo kuti anoisa janha rekuchengetedza \_\_\_\_\_ we\_\_\_\_\_ pakati pevamwe varikushandira kuti pazadziswe zvinangwa zveRudaviro rwaMwari
- c. Pasina mweya wakadai, tsamba inoenderera mberi, hapana basa rinokwanisa \_\_\_\_\_.
- d. Ku\_\_\_\_\_ kwechedidiki mukuoma kwezvinhu, \_\_\_\_\_ ne\_\_\_\_\_ avo, zvoita kuti vave zvombo zvakakosha pakuzadzikisva kwemabasa akarongwa.
- e. Sezvombo zvakakosha pakuzadzikisva kwemabasa akarongwa kukwanisa kwavo \_\_\_\_\_ nemamiriro enharaunda yavanogara, \_\_\_\_\_ ne matambudzikosva, uye ku\_\_\_\_\_ unyoro nemanyuku-nyuku kune avo vavanoshanyira.
- f. Kuburikidza netsika idzi dzakasimba vanokwanisa kuva \_\_\_\_\_ vechiitiko chipi nechipi zvacho uye \_\_\_\_\_ yezviitiko zvese, pangava padanho remunharaunda kana nyika.

- g. Kunyangwe mamiriro anoumba chokwadi chemamiriro ezvinhu anoratidza chimiro chevechidiki pasi rose, chido cheku\_\_\_\_\_ maringe ne\_\_\_\_\_ uye nekwanisiro yekupa shandiro ine \_\_\_\_\_ zvese zvinova chimiro chemaitiro edanho rehupenyu hwenyu.

## CHIKAMU 7

Pane pfungwa dzakati kuti dzinodyidzana neshandiro inopiwa nevechidiki vachangobva zera, pakati pazvo pane kuita zviitiko mukupombonoka, mufaro, pamwe nerusununguko rwekfumambisa mikana yese inenge yangouya mupfungwa nemundangariro dzavo. Kunyangwe paine kukosha mukubatanidza pfungwa dzakanangana neshandiro, tinofanira kudzidza kungwarira kuva nehanya asi tisizoregera zvichiitwa zvisina mwero. Zviri nyore kwazvo kuwira mutsika yekurerutsa zviitiko zvechedidiki vachangobva zera mumitevedzanwa yezviitiko zvinonganakidza pachikanganwikwa hukoshwa hwenzwisiso emamiriro enzira yavanofanira kufamba nayo kuti vadzidzire tsika yekupa shandiro zvakarongeka. Funga pamusoro penzira yakarongeka iyo inoitwa kuburikidza nezvidzidziso uyemirairo yeRudaviro iri kushandisa mukusimbaradza hwaro hwemweya mumisha nenharaundera — semuenzaniso, zvidzidzo zhevana zvemweya, kusimbisa kwemararamiro emunharaundera, uye kuvandudzwa kwevashandiri veRudaviro. Iyezvino, mose neshamwari dzako dzauri kunzvera nadzo chidzidzo chino, ivai munorangarira zvimwe zvezviitiko zveshandiro zvinokwanisa kuitwa nevechidiki vabva zera inobatsiridza kuhurongwa uhwu. Zviito izvi hazvikodzeri kuunza mufaro here? Hazvibvumire kuitwa nemutovo kwavo kwezinhu zvinongoerekana zvaitika here? Hazvikurudziri here kuvambwa kwezvimwe zviitiko kuburikidza nezvidzidzo zvinenge zvatangwa muhunhu hunoyemurika?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 8

Tinowananza kuti nguva yekuyaruka inguva yegadziriro. Chirevo ichi ndechechokwadi zvomene. Tichitarisa shanduko inodiwa munyika muzuva ranhasi, Imba yeHutongi Hwakaenzana yePasirose inonyora kuti “shanduko iri kufanira kuzoitika munharaunda yakarongeka ichava inozembera zvakanyanya pakubudirira kwegadziriro inoitwa nevechidiki vachangobva zera kunyika yavachagara nhaka”. Chatinofanira kuvhunza, parizvino, ndecekuti vechidiki ava vachanyatsogadzirira sei pakutora majana ayo avachazenge vachifanira kutakura apo pavanenge vachiyaruka. Tsamba yakanyorwa ne Imba yeHutongi Hwakaenzana inotsanangudza:

**“Chero munhu, angave muBahá’í kana asiri, makore ake ehudiki ndiwo aanoita sarudzo zhinji dzevichange zvakaita hupenyu hwake. Mumakore aya ndipo paanogona kusarudza basa raanoda kuzoita muhupenyu hwake, kупедза dzidzo yake, kutanga kuzviriritira pachake, kuroora uye kutanga kuronga mhuri yake. Chakanyanyokoshesesa pazvose, ndecekuti panguva iyi ndipo pfungwa padzinenge dziine mibvunzo yakawanda uye apo paachagamuchira tsika dzemweya dzichatungamirira munhu mune ramangwana rake.**

Maringe neizvi, tsamba yakanyorwa nemumiririri weMutariri inotaura zvinodiwa kuti vechidiki vachangobva zera vaumbe kwanisiro yavo yemafungiro nepamweya segadziriro yeremangwana. “Munofanira kuve makanyatsogadzirira,” tsamba inoratidza. “Munofanirwa kuita kuti mativi enyu epamafungiro pamwe nepamweya ave akaumbwa zvakaenzana.”

Naizvozvo, kazhinji, mubvunzo wegadziriro unosimudza mimwe mivhunzo inonangana nehukama huripo pakati pezvidzidzo—zvingave zvemabhuku, zvemaoko, kana zveunyanzvi—neshandiro kuChitendero. Dzimwe, nguva hazvina kujeka kuti akawanda sei masimba ayo vechidiki vanofanirwa kuisa kune chimwe nechimwe. Pfungwa yakapfurikidza ndeyekukurudzira vechidiki vabva zera kuti vape nguva yavo yese kuzvidzidzo zvavo nekumirira kusvika wawana ruzivo rweupenyu rwakakwana vasati vave neshungu dzekupinda mune nzira imwe kana dzakawanda dzekupa shandiro. Ichokwadi kuti, “panguva dzese, kuwana dzidzo inoenderana nemikana yaanayo uye kuwana humhizha kana unyanzvi hwekuti munhu ave anozviriritira zvinofanira kupihwa huremu hwakakodzera.” Asi, semajekeserwo azvakaitwa nelImba yeHutongi Hwakaenzana Pasirose, kuti “kutsanangura makore enguva yehudiki azere nezviberekko nenzira imwechete” sedanho regadziriro rekutora humhizha kana unyanzvi kunenge kuri

**“kutadza kuona masimba anovaka anowanikwa nehuwandumune vechidiki vabva zera. Tapedza zvose, magamba ekutanga-tanga eChitendero vaive varume nevakadzi vechidiki avo vakasimuka kuzadzikisa mabasa makuru munzira yeMudikanwi wavo.”**

Imwe pfungwa yakapfurikidza ndeyekukurudzira vechidiki vachangobva zera kuti vasiye zvose zvekudzidza kwemabhuku kana kwemaoko zvachose vopedzera masimba avo ose, panguva yemukana iyi, munzira yeshandiro chete. Kuti shandiro inofanirwa kuve iri panhongonya peupenyu hweumwe neumwe wechidiki achangobva zera, zvakajekeswa mundima dzakawanda, idzo dzatakanzvera muzvikamu zvapfuura. Kuti nguva yekupa shandiro zvine hudzamu, zvisinei nekuti inogona kusanganisira kumbotura mafemo pazvidzidzo

kwechinguwa, zviri pachena kuti inove “chikamu chakakosha chegadziriro”. Panguva imwe chete, Imba yeHutongi Hwakaenzana yePasirose inoongorora:

**“Kunyangwe zvazvo zvakanaka kutarisira zvinhu zvikuru kubva kune avo vane zvokupa zvakawanda munzira yeshandiro, shamwari dzinofanirwa kudzivirira kubva mukugamuchira muono wakamanikana zvinorevei kukukura kusvika vabva zera. Rusununguko rwekfufamba nekuwanikwa kwenguva zvinobatsira vechidiki vakawanda vachangobva zera kuti vape shandiro munzira idzo dzakanyatsonangana nezvinodiwa munharaunda, asi pavanowedzera kukura kusvika pamakore makumi maviri neano raudzira, mikana yavo inowedzera.... Kune vakawanda, chakakosha chekutanga ndechekuwedzera dzidzo yavo, ingave yemabhuku kana yezvemaoko, zvichienderana nemikana iri pamberi pavo, uye mikana mitsva yekudyidzana kwavo nezvemunharaunda inovhurika... Sarudzo dzavanoita dzakakosha dzekuchaenda hupenyu hwavo kana vakura dzichaita kuti shandiro kuRudaviro rwaMwari yaive kwechinguva chipfupi chisingakanganwiki vachiri vadiki, kana kuti inhongonya yeraramo yavo yepano pasi, seziso ravanoshandisa kuongorora mabasa avo ose”**

Tisati tawedzera kuongorora hukama huripakati pedzidzo neshandiro, ungade kumbomira pano wonyora mitsara mishoma inoratidza nzwisiso yako kuti zvinorevei kuti nguva yehudiki inguva yegadziriro.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 9

Hazvirambike kuti chirevo chawanyora muchikamu chadarika chinosimbisa kukosha kwazvakaita kune vechidiki vabva zera kuti vaite gadziriro yakakwana mukuzogara nhaka kwavachaita nyika kuburikidza nedzidzo yemabhuku kana kuti yezvemaoko, kana kuti yezvehunyanzvi. Asi wacherechedzawo kuti shandiro kuRudaviro haikwanise kumbomirwa apo munhu achimbofamba nezvidzidzo. Mafungiro akadai anowanzoramba aripo apo munhu achikura, uye munhu anogumisira akumirira hupenyu hwake hwose kuti mikana yakanaka iwanike kuti ape shandiro zvakasimba. Muono uyu wekudyidzana kuriko pakati pezvidzidzo neshandiro unosimuka apo dzidzo inotsanangurwa sekudzidza kwemabhuku chete. Asi apo patinoona shandiro senhandare yekuti ruzivo runowana pekushandiswa uye mafungiro ovandudzwa, mafungiro aya anonzvengwa, uye shandiro hayioneckwi sechikamu chete, asi senhongonya, yegadziriro yeremangwana rakazara. Zvirokwazvo, apo shandiro kuRudaviro ikatanga apo wechidiki achangobva zera achine simba, inova nhungamiro muhupenyu hwake hwose, zvichiita kuti munhu akwanise kuronga gwara rakanaka uye ochengeta chinangwa chake chakajeka.

Nzwisiso yakadai inosimudza mivhunzo pamusoro pemhando yegadziriro inodiwa nevechidiki vachangobva zera kuti vavandudze kwanisiro yavo yekupa shandiro. Zvakareruka kufunga kuti, kupinda mumisangano yakasiyana-siyana yechiBahá'í munharaunda, kusanganisira neijo inogutsa shuviro yavo yekuwana nguva nevezera ravo, vechidiki vanouumba kwanisiro yavo uye vogadzirira zvakakwana zveupenyu hweshandiro. Asi zvinyorwa zvinotiudza kuti hurongwa hwedzidzo husiri hwemabhuku, kunyange zvahwo huchidiwa, hauna kukwana.

Tikanyatso ongorora nhaurwa dzake, tinoona kuti Shoghi Effendi anoratidza tariro yekuti vechidiki vachangobva zera vachazove “vakanyatsodzidza uye kudzidziswa” muzvinyorwa uye kuti vachawana ruzivo “rwakakwana” uye “rwakasimba” rweChitendero. Pamusoro peizvi anovakurudzira kuti vadzidze kuburikidza ne “kuramba vachipinda nemwoyo wose uye zvakasimba” muzviitiko zvenharaunda yavo. Maringe neizvi, anotsanangura kuti hupenyu hwenharaunda hunopa “nzvimbo isingafanirwe kushaikwa yekuedza zvakasiyana-siyana nenzira yakarongeka (indispensable laboratory)”, umo vechidiki vanokwanisa “kushandura” izvo zvavanzwisia kubva muZvidzidzo zveChitendero “kuti zvive nehupenyu uye zviite mabasa anovaka.” Kuburikidza “nekuva nhengo yechokwadi yechisikwa chinorarama ichi”, anoratidza, kuti “vanokwanisa kubatira mweya wechokwadi unowanikwa muZvidzidziso zvechiBahá'í”. Naizvozvo, hurongwa hwedzidzo hwakarongeka hunodiwa kubatstira vechidiki kuti vazvigadzirire kupa shandiro, (hurongwa) uhwo hwakadzika midzi mumamiriro ehupenyu hwenharaunda. Kuita zviitiko nekuda kuti kungonzi kune zviitiko, kudzidza nekuda kungonzi tadzidza, hazvisvike padanho iri.

Tsamba dzakawanda dzeImba yeHutongi Hwakaenzana yePasirose dzinoshandisa manzwi akada kufanana. Nzwisiso inowedzera zvikuru, imwe tsamba inobudisa pachena, “apo dzidzo neshandiro pazvinobatanidzwa uye zvoitwa munguva imwechete”. “Imo, munzira yeshandiro,” tsamba inoenderera mberi ichiti, “ruzivo rwunoedzwa, mivhunzo inosimuka kubva mukudzidzira, matanho matsva enzwisiso anosvikwa.” Munyika dzepasi rose makadzikwa ma “*training institutes*” nechinangwa chakanangana nekusimudzira vanhu vanopa shandiro kuRudaviro kuburikidza nezvidzidzo zvakarongeka. Zvitsama zvevanhu zviri kuwedzera pasi rose zviri mukati mehurongwa hwedzidzo yakarongeka yekuwedzera kwanisiro yavo yeshandiro, uye vechidiki vachangobva zera vakaramba vari pamberi pehurongwa uhu.

Maererano nebatsiro inobva ku “*training institute*”, imwe tsamba yakanyorwa ichimirira Imba yeHutongi Hwakaenzana inotsanangura:

**“Inonangana nekupinza umwe neumwe muhurongwa hwedzidzo umo maitiro ane hunhu uye kuzvidzora zvinoumbwa kuburikidza neshandiro, ichikurudzira hupenyu hwakazara uye nzira yeupenyu ine mufaro inorukanisa dzidzo, kunamata, kudzidzisa rudaviro, kuvandudza nharaunda uye, nekupindawo mune humwe hurongwa hunoedza kuvandudza magariro. Pamwongo pehurongwa hwedzidziso kusangana neShoko raMwari, iro rinesimba rekusesekedza kuedza kwemunhu kuchenesa mwoyo wake uye kufamba munzira yeshandiro ne “tsoka dzekuzviparadzanisa”.**

Imwe tsamba yakanyorwa yakamirira Imba yeHutongi Hwakaenzana inoti:

**“.....zvidzidzo zveinstitute zvakagadzirwa kuti zviise munhu munzira yekuti tsika nemaitiro, hunyanzvi nekwaniro, zvinowanikwa mbichana-mbichana kuburikidza neshandiro—shandiro ine chinangwa chekunyaradza kuzvida kunoramba kuchida kubuda pachena, zvichibatsira kusimudza munhu kubva muhunhapwa ichimuisa muhurongwa hwakarongeka hwekuvaka nharaunda”.**

Uye, maererano nemararamiro ezvikwata zvechediki vari pasi rose, Imba yeHutongi Hwakaenzana inonyora:

**“Zvisinei nezvidomwa-domwa, vachazova, neshuviro yekugoverana chido chekuzvipira nguva nemasimba avo, zvipo nekwaniro yavo, kushandiro yenharaundera yavo. Vazhinji, pavanopiwa mukana uyu, vanopa zvine mufaro makore mashoma ehupenyu hwavo mukupa dzidziso yemweya kune mazera achiri kukura. Naizvozvo mune vechidiki pasi rose, munowanikwa dura rekwanisiro yekushandura magariro rakamirira kumorwa. Uye kutambanudzwa kwekwaniro iyi kunofanira kuonekwa neInstitute yega yega sejanha rinoera.”**

## CHIKAMU 10

Sezvataona muzvikamu zviviri zvapfuura, tinofanirwa kungwarira kana tichifunga nezvemamiriro ezvinhu kwete kuzvipatsanura nenzira yekuti tinotanga kuzviisa mumipanda yemamiriro ehupenyu hwedu, izvo zvinotipinza mukupokana kusina maturo. Kazhinji, pfungwa dzemunhu dzine katsika kekupatsanura zvinhu zvepanyika yadzinosangana nazvo. Chokwadi-zvenyama, zvemagariro, nezvemweya- zvakakura zvakanyanya kuti zvinzwisiswe chose. Hazvina maturo, zvino, kuzvipatsanura kuti tizvinwisise muzvidimbju zvidimbu. Zvisinei, kana zvaitwa pasina kufunga kwakazara kwechokwadi, matambudziko anosimuka. Kupokana pakati pevanhu vemarudzi akasiyana, ruvara, nyika, zvitendero ndiyo mifananidzo yemamatambudziko anosimuka kubva pamifungo yekupatsanurwa iripo-nokuti humwechete hwerudzi rwemunhu ndehwechokwadi, uye zvipoka zvipoka maererano nemarudzi, madzinza, uye miganhу yenyika chigadzirwa chepfungwa dzemunhu uye mhezdzisiro yemamiriro enhoroondo.

Kana tisina kuchenjera tinopedzisira tagamuchira nzira yakapatsanuka yehupenuy hwedu, tinokwanisa kugadzira mafungiro ane kupatsanurwa kwehupenyu hwakazara mumifungo yedu. Mushando, rukedaro, hupenyu hwemhuri, hupenyu hwemweya, hutano hwemuviri, kushingaira kuvandudzwa kwemafungiro, kubudirira kwedungamunhu, budiriro inowanikwa mukubatsirana, nezvimbewo zvinova zvidimbu izvo pamwechete zvinoumba huvepo hwedu. Kana tikagamuchira mapoka aya sezvazviri, tinonzwa tichidhonzwerwa kumativi akawanda, totanga kuedza kudaira kune zvatinofunga nezvazvo kuva zvinodiwa pazvipandi zvezviitiko zvakasiyana-siyana zvehupenyu. Tinovhiringwa nezvinangwa zvinoita sezvinopesana: Ndingazvipira here kusiya hupenyu hwemhuri yangu ndichipa shandiro? Kupa shandiro kuRudaviro hakuzokanganisi here kuedza kwangu kurera vana vangu? Iyi ndiyo mimwe yemiyenzaniso yemibvunzo yakawanda inogona kumuka.

Mukugadzirisa kupatsanuka kwatinenge tagadzira, dzimwe dzenguva tinoedza kupatsanura nguva zvakaenzana pakati pezvinodiwa zvakasiyana-siyana zvinoisa patiri. Pane zvime zviitiko, tinoedza kukoshesa amwe majana toisa simba pane ayo atinoona kunge akanyanyokosha panguva ipi zvayo. Zvakakosha kugovanisa nguva zvine hungwaru uye simba rinodiwa. Asi panova nezvibereko chete kana tikaramba tichinzvisisa kudyidzana kwezvipandi zvizhinji zvehupenyu hwedu. Kana tikatadza kuona zvakazara, makakatanwa anotika pakati pezvikamu zvose, zvinogona kukonzerwa kusimuka kwekushushikana mupfungwa uye kuvhiringidzika.

Pazasi pane zviitiko zvakasiyana-siyana zvehupenyu zviri muzvikwata zvinokwanisa kusimbaradza chimwe nechimwe, asi dzimwe dzenguva zvinofungidzirwa kuva zvinopokana. Pamitsara yega-yega inotevera, sarudza kuti ndeipi inoratidza mafungiro anopindirana nemararamiro ane humwechete kana kuti inoratidza maitiro akanagana nekupatsanura mararamiro. Isa ‘H’ (humwechete) kana ‘K’ (kupatsanuka) zvichiederana netsanangudzo iyi.

## 1. Mhuri nemushando

- \_\_\_\_ Hupenu hwemhuri yangu hauzofamba zvakanaka kana ndikashanda nesimba kubasa kwangu.
- \_\_\_\_ Ndinowanzo kurukura nemhuri yangu nezvebudiriro yekubasa uye matambudziko andinosangana nawo ikoko.
- \_\_\_\_ Ichokwadi kuti vanhukadzi vanokwanisa kubudirira mumabasa avo, asi vana ndivo vanozongoona nhamo.
- \_\_\_\_ Kana ndichida kurera vana vangu zvakanaka, ndinofanira kukanganwa nezvebasa rangu.
- \_\_\_\_ Ndinokwanisa kutsungirira kuita zvakanaka pabasa rangu uye panguva imwecheteyo ndichiita majana emhuri yangu zvakakwana.

## 2. Dzidzo neshandiro kuRudaviro

- \_\_\_\_ Budiriro muzvidzidzo zvemabhuku ndicho chinhu chinodiwa kuti munhu akwanise kupinda mundima yeshandiro.

- \_\_\_\_\_ Ruzivo rwatiinowana kubva muzvidzidzo zvemabhuku chinhu chakakosha mundima yeshandiro, uye ruzivo rwatinowana mukuita munzira yeshandiro zvinodzamisa ruzivo rwedu.
  - \_\_\_\_\_ Tinofanirwa kusiya zvidzidzo zvedu kana tichinyatsoda kuzzipira kuRudaviro.
  - \_\_\_\_\_ Chimwe chezvishuwo zvedu chakakura ndecekunzvera zvidzidziso zveChitendero nekudzidzira kuzvishandisa mukuedza kuunza budiriro inotsigira kuve nani kwenyika.
  - \_\_\_\_\_ Kwanisiro yatinoumba munzira yeshandiro tichikurudzira kugara zvakanaka munharaunda dzedu zvichabatsira isu mukusarudza zvakakodzera mundima yezvedzidzo zvechikoro.
3. Kuvandudzwa kwemafungiro uye budiriro yezvetsika dzemweya.
- \_\_\_\_\_ Kuzvitsvakira chokwadi pachako zvinoda kuumbirdzwa kwenjere pamwechete nekuwana tsika dzemweya.
  - \_\_\_\_\_ Kuvandudzwa kwemafungiro kunoda ruenzaniso, kuvimbika, uye kusavapo kwerusarara.
  - \_\_\_\_\_ Kubudirira pamweya, munhu anofanira kusiya uchenjeri hwemafungiro yake.
  - \_\_\_\_\_ Pfungwa dzedu uye mwoyo hazvina kuparatzana kubva pane chimwe; zvese zvinomiririra kudyidzana uye mativi anodyidzana echokwadi echinhu chimwechete—chinova mweya wedu (soul).
  - \_\_\_\_\_ Tsika dzemweya dzinovandudzwa kuburikidza neruzivo uye nekuita tsika dzakanaka.
4. Hupenyu hwezvenyama nehupenyu hwezvemweya
- \_\_\_\_\_ Tinofanira kuzvinyima mufaro wezvepanyama kuitira kuti tibudirire pamweya.
  - \_\_\_\_\_ Nyaya dzezvemweya dzinofanira kuiswa parutivi kusvikira munhu akura; munguva yedu yeudiki tinofanirwa kutora mukana wekuzadzikisa kufambira mberi kwezveupfumi.
  - \_\_\_\_\_ Zvido zvepanyama zvevanhu zvinoda kuzadzikiswa tisati tagadzirira kushandira zvinechekuita nezvepamweya.
  - \_\_\_\_\_ Chinangwa cheupenyu hwepanyika ino ndecekuvandudza tsika dzemweya nemasimba (powers).
  - \_\_\_\_\_ Chinangwa chehupenyu hwepanyika ino ndechekeuendesera mberi budiriro yemagariro evanh (ever-advancing civilization).
  - \_\_\_\_\_ Tinofanira kufarira zvikomborero izvo nyika inotipa asi hatifaniri kubvumira zvishuwo zvenyika kuti zvibate mwoyo yedu uye nekutidzivirira kuswedera pedyo naMwari.

## CHIKAMU 11

Muchikamu chino hatisi kutarisira zvakanyanya hunhu hunotsanangura vechidiki vasati vayaruka asi tsika dzevarume nevakadzi vechidiki idzo zvinyorwa inokurudzira kuti vakure kuva. Takatanga rwendo rwekuongorora zvinyorwa izvo zvakatipa nzwisiso mune dzimwe dzetsika idzi. Takaona zvekare kuti pamakore gumi nemashanu anoratidza nguva yakanaka muupenyu hwemunhu, asi zvinomiririra danho rekuyaruka, nguva apo masimba matsva uye kwanisiro zvinotanga kutarisiswa. Tinoziva jana rakakosha iro vechidiki vanokwanisa kutora mukupa shandiro kuRudaviro uye tinoziva zvazvakakoshera kuti kugona kwavo kukuru kunanganiswe pakupa shandiro kurudzi rwemunhu. Takwanisa kuona kukosha kwekuti vechidiki vabva zera vazive kuita gadziriro yehupenyu hwavo hwamangwana uye taona kuti shandiro pachayo yakakosha mugadziriro yacho, semakoshero akaita zvidzidzo zvavo—zvose pamwechete zvinodiwa mukuwana ruzivo neunyanzvi hwekuti vagowana raramo uye neizvo zvinoita kuti vagosimbisa kugona kwavo kupa shandiro munharaunda dzavo.

Ungaona zvichikubatsira kuti umbomira pano woongorora zvawadzidza kusvika panguva ino. Pazasi pane zvirevo zvakatikuti. Verenga chimwe nechimwe wosarudza kuti ichokwadi here kana kuti kwete. Kunyange zvazvo mhinduro pane imwe mibvunzo inenge iri pachena, tinotarisira kuti muchapa pfungwa dzenyu zvakazara. Zvinotarisirwa kuti mupinde munhevedzano yemazano ayo achakubatsirai kuronga mafungiro enyu pamusoro pezvidzidzo zvataita.

- \_\_\_\_ Kumunhu, avakusvika makore gumi nemashanu zvinoreva kusvika pazera rekuyaruka, asi uyu ungori mucherechedzo uye hazvishanduri hupenyu hwake nenzia ine maturo.
- \_\_\_\_ Vechidiki vabva zera vazhinji vanoita sepwere uye havakwanisi kutora majana makuru; vanokanganisika zviri nyore uye havakwanisi kuvimbwa navo.
- \_\_\_\_ Vechidiki vabva zera vanoshuvira kutora jana mushandiro kuRudaviro, asi nekuda kwekushaya zivo kwavo nehpwerekwe hwavo, havakwanisi kuzadzikisa zvizere.
- \_\_\_\_ Vechidiki vabva zera vane mukana unodiwa kuti vasimuke mukupa shandiro yeRudaviro kurudzi rwemunhu munguva dzose uye zvine kuzvikanganwa.
- \_\_\_\_ Vechidiki vabva zera vanokwanisa kuratidza chido uye kuzvipira kunodiwa mukupinda mune zviito zvakarongeka zvekupa shandiro munharaunda dzavo.
- \_\_\_\_ Avo vanosimuka mukupa shandiro kuRudaviro munguva yehudiki hwavo vakakomborerwa zvikuru.
- \_\_\_\_ Vechidiki vabva zera vanofanira kunangana nezvidzidzo zvavo; imwe nguva inosara inokwanisa kuzopiwa kushandiro kuRudaviro.
- \_\_\_\_ Pasina kuwana dzidzo yepamusoro-soro yezvefundu dzechikoro, vechidiki vabva zera havakwanisi kupa shandiro kumagariro enharaunda zvine pundutso.
- \_\_\_\_ Zvese zvinoshandirwa nerudzi rwemunhu zvakazarurirwa vechidiki; vanofanira kusarudza zvinoenderana nezvipo zvavo uye mamiriro ezhinhu, vopinda maari nemweya weshandiro, uye kuvavarira kuita zvakanaka.

- \_\_\_ Vechidiki vabva zera havana unyanzvi nezivo yakakwana kuti vapinde munhaurirano ine pundutso pamusoro peChitendero yavanosangana nayo; zvakakosha kana vakapa shandiro nedzimwe nzira.
- \_\_\_ Vechidiki vabva zera havana unyanzvi nezivo yakakwana kuti vapinde munhaurirano ine pundutso pamusoro peChitendero nevavanosangana navo uye vanofanira kukurudzirwa kuti varatidze mararamiro anokwanisa kuyemurwa nekutevedzerwa.
- \_\_\_ Vechidiki vabva zera vane kwanisiro yakakura yekunzwisia zvidzidziso zveChitendero uye kuzvipakurirawo kune vamwe vezera ravo.
- \_\_\_ Vechidiki vabva zera vane kwanisiro yakakura yekunzwisia zvidzidziso zvechitendero uye kuzvipakurirawo kune vanhu vemarudzi ose anowanikwa muhupenyu, vadiki kana vakuru.
- \_\_\_ Vechidiki vabva zera vane chidokwadokwa chekuwana ruzivo uye kwanisiro inodiwa mukuparadzira zvidzidziso zveChitendero kune vamwe.
- \_\_\_ Vechidiki vabva zera vari pakati pevabatsiri vakuru veRudaviro rwaMwari uye vanofanira kubatsirwa, kuburikidza nekupinda muzvidzidzo zvakakodzera uye kuramba vachikurudzirwa, kuti vave vanokwanisa kupa shandiro munharaunda uye kurudzi rwemunhu.
- \_\_\_ Vechidiki vabva zera vanoda zviitiko zvakasiyana nezvimwe zvinovabvumira kuva nemufaro; zvakavaomera kwavari kuti vave vanoshingaira kwenguva yakareba.
- \_\_\_ Kudzidzira kurongeka kunozouya neimwewo nguva muupenyu, kana vaneta kuita zvamukira mutsoka.
- \_\_\_ Kwanisiro yevechidiki vabva zera pakushingirira mumamiriro akaoma nekukwanisa kujairana nemamiriro matsva inovavhurira nzira dzakawanda dzekupa shandiro nadzo.
- \_\_\_ Vechidiki vabva zera vane pfungwa dzine chido chekuziva zvakawanda uye vanokwanisa kuwana mhinduro kumibunzo yavo kuburikidza nekunzvera uye kutora chikamu chakazara muhupenyu hwenharaunda.
- \_\_\_ Mikana mikuru yakavanzika munharaunda yedu inokwanisa kuburitswa pachena kuburikidza nemweya yekupa shandiro usina chaunotarisira zvinoratidzwa nevechidiki vabva zera.
- \_\_\_ Simba reShoko raMwari rinosimbisa vechidiki vabva zera mukufamba munzira yeshandiro vakazvichenesa nekuzviparadzanisa.
- \_\_\_ Maitiro netsika dzemweya dzakanaka, unyanzvi nekwanisiro, inoumbwa mune vechidiki vabva zera kuburikidza nekunzvera zvidzidzo zveinstitute uye kupinda muzviitiko zveshandiro zvinoenderana nezvavadzidza zvinoita kuti vakwanise kubatsira zvakasimba mune hurongwa hunovandudzika hwekuvakwa kwenharaunda.
- \_\_\_ Dura rekwanisiro yekushandura nharaunda rinowanikwa mune vechidiki vabva zera pasi rose rinokwanisa kumorwa kuburikidza nekupinda kwavo

zvakarongeka muhurongwa hwedzidzo uhwo hunobatanidza dzidzo nekupa shandiro.

## CHIKAMU 12

Zvinotarisirwa kuti chidzidzo chiri muchikamu chadarika chakubatsira kusimbaradza mafungiro ako pamusoro penguva yevechidiki vabva zera uyezve muono wawawana pamusoro pechidanho ichi chehupenyu ndecheshandiro ine simba yakabatanidzwa nezvidzidzo—zvese zviri gadziriro yakasimbarara yeramangwana. Ngatiendererei mberi nekuongorora dingindira iri.

Kudyidzana kwatakurukura kuripo pakati peshandiro, dzidzo, uye gadziriro kunofanirwa kutambanudzwa mukati memumwe muono. Zvakanangana neizvi, kunofanirwa kubatsira hurongwa huviri hweshanduko hunoshuvirwa nekutarisirwa muzvinyorwa zveChitendero: kukura kunonyatsooneka pamafungiro nepamweya hwemunhu uye shanduko yenharaunda. Tinoziva kuti “basa repamusoro uye rinosiyanisa” Zvakazarurwa zva Bahá’u’lláh “harizi rimwe kunze kwekusika rudzi rutsva rwewanhu,” uye umwe neumwe wedu anoshingaira zuva nezuva kunanganisa mifungo nezviito zvavo neizvo zvemunhu uyo akatsanangurwa muZvinyorwa Zvinoyera. Zvinyorwa zvinotsanangudza shanduko inehudzamu zvakaenzana mukuumba chimiyo chenharaunda. “Nenguva iri pedyo mararamiro ezuva ranhasi achapetwa,” Zvakazarurwa zva Bahá’u’lláh’ zvinotiudza kuti “uye mararamiro matsva obhedhenurwa pazvimbo yawo.” “Vanhu vose;” Anotsinhidza, “vakasikwa kuti vaendese mberi budiriro yemagariro inoenderera mberi.”

Shanduko mbiri idzi dzichavapo chete kuburikidza nekushanda nesimba, uye zvakakosha kuti vanhu vechidiki vave vanorangarira zvinoreva hupenyu hwavo uye vova vakakomborerwa nemafungiro echinangwa chakasimba, zvese zviri zviviri izvi kuti vatore chijana mukukura kwavo pachavo uye kubatsira mushanduko yenharaunda. Chinangwa chehuviri chetsika chichanyatsobuda muhupenyu hweshandiro.

Zvinyorwa zvinotevera zvinopa chiedza pachimiro chimwe chete chepfungwa yemaitiro akanaka-zvinodyidzana nekwanisiro yedu yemafungiro uye kukura pamweya:

**“Chinangwa chaMwari wechokwadi mumwechete mukuzviburitsa kwake pachena ndecekushevedza rudzi rwese rwemunhu kuchokwadi uye kutendeseka, hunhu hutsvene uye kukuvimbika kuzere, kuzvipira nekuzvirereka kuChido chaMwari, kutsungirira uye nemutsa, kururama uye uchenjeri. Chinangwa chake ndecekushonga munhu wese nechipfeko chehunhu hutsvene, uye kumushongedza nevishongo zvitsvene uye mabasa akanaka.”**

**“Ibwe rehwaro-hwehupenyu hwakararamirwa mugwara rezvaMwari kutsvaga kuva nemaitiro akanakisira uye kutora hunhu hwakakomborerwa netsika dzemweya zvinofadza meso Ake.”**

**“Zvakapiwa kuvanhu kuti vawane ruzivo, vawane hutsvene hukuru hwepamweya, vavive chokwadi chakavanzika uye vataridzewo tsika dzaMwari.”**

**“Chinangwa chaMwari mukusika munhu chaiva chekuti, uye chicharamba chiri, chekumuita kuti azive Musiki wake kuti asvike Paari.”**

1. Zadzisa mitsara inotevera zvichienderana nezvinyorwa zviri pamusoro:
  - a. Chinangwa chaMwari wechokwadi mumwechete mukuzviburitsa kwake pachena ndechekushevedza rudzi rwese rwemunhu ku \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_.
  - b. Chinangwa chake ndechekushonga munhu wese ne \_\_\_\_\_, uye kumushongedza ne \_\_\_\_\_.
  - c. Ibwe rehwaro-hwehupenyu hwakararamirwa mugwara rezvaMwari ku \_\_\_\_\_ uye \_\_\_\_\_.  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_.
  - d. Zvakapiwa kuvanhu kuti vawane \_\_\_\_\_, vawane \_\_\_\_\_, vazine \_\_\_\_\_ uye vataridzewo \_\_\_\_\_.
  - e. Chinangwa chaMwari mukusika munhu chaiva chekuti, uye chicharamba chiri, che \_\_\_\_\_ uye kuti \_\_\_\_\_.
2. Kuva nemuono wemikana yakasikwa iri mumweya (soul) inoumba uye kutungamirira pfungwa yemunhu yekuva nechinangwa. Tsanangura kuti zvinoitika sei?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_.
3. Pfungwa yemunhu yekuva nechinangwa inosimbaradzwa neruzivo rwekuti hupenyu hwepanyika ino chinongova chidimbu cherwendo rusina magumo rwekuenda kuuvepo hwaMwari. Unogona here kutsanangura kuti sei?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_.

Chikwata chinotevera chezvinyorwa chinopa nzwisiso pamusoro pechinangwa chetsika (moral purpose), zvinova izvo, kuva tinobatsira mukushandurwa kwemagariro:

**“Mutadzirwi Uyu (Wronged One) anopupura kuti chinangwa icho vanhu venyama, vakabva pakuderedzwa zvakanyanya, vakapinda muhumambo hwehuvepo, ndechechuti vagone kuzoshandira kuve nane kwenyika uye kugarisana mukubatana nemurunyararo.”**

**“Uye kuremekedza nekukosha kwemunhu kunova, kwechuti iye pakati pevanhu vazhinji venyika anofanira kuva tsime rekugarisana kwakanaka. Pane here mamwe makomborero akamboonekwa akakura kudarika aya, ekuti munhu, achitarira mukati make, anoche rechedza kuti kuburikidza nemakomborero enyasha dzaMwari anova musakisi werunyararo nekugara zvakana, mufaro uye kubatsirika kwehama dzake? Kwete, asi kuburikidza naMwari mumwechete wechokwadi, hapana mufaro mukuru unodarika uyu, hapana kumwe kufadza kwakazara kudai.”**

**“Zvakanakisa sei, anova nechiremerera chakadii kana munhu akasimuka kuti azadzise majana ake; zvinoshoreka uye zvinosiririsa sei, akavhara meso ake kune zvakanakira nharaunda otambisa hupenyu hwake hwakakosha achitevera zvido zvake nezvinobatsira iye chete.”**

**“Musaita bishi nezvidzo zvenyu; asi itai kuti mifungo yenu ive yakananga pane izvo zvichagadzirisa budiriro yerudzi rwemunhu uye zvoita kuti muchenese mwoyo nemweya yevanhu.”**

**“Avo vanova vanhu vaMwari havana imwe tarisiro kunze kwekumutsiridza nyika, kuremeredza hupenyu hwayo, nekudzoreredza vanhu vayo.”**

1. Zadzisa mitsara inotevera zvichibva muzvinyorwa zviri pamusoro:
  - a. Chinangwa icho vanhu venyama, vakabva pakuderedzwa zvakanyanya, vakapinda muhumambo hwehuvepo, ndechechuti \_\_\_\_\_  
uye \_\_\_\_\_.
  - b. Kuremekedza nekukosha kwemunhu kunova, kwechuti  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_.
  - c. Pane here mamwe makomborero akamboonekwa akakura kudarika aya, ekuti munhu, achitarira mukati make, anoche rechedza kuti kuburikidza \_\_\_\_\_ anova \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_.
  - d. Anova nechiremerera chakadii kana munhu akasimuka kuti \_\_\_\_\_; zvinoshoreka uye zvinosiririsa sei, akavhara meso ake kune \_\_\_\_\_ ne \_\_\_\_\_.

- e. Musaita bishi ne \_\_\_\_\_, asi itai kuti  
 mifungo      yenyu      ive      yakananga      pane      izvo      zvicha  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
- f. Avo      vanova      vanhu      vaMwari      havana      imwe      tarisiro      kunze  
 \_\_\_\_\_,  
 ku      \_\_\_\_\_,      ne  
 \_\_\_\_\_.
2. Kuva nemuono wemikana mikuru yakazarurirwa rudzi rwemunhu panguva ino yekukura kwarwo, apo kurwubatanidza kuva mhuri imwechete chinhu chinokwanisika, zvinoumba uye kutungamirira mweya wechinangwa chemunhu. Tsanangura kuti zvinoitika sei? \_\_\_\_\_
3. Mweya wemunhu wechinangwa unosimbaradzwa neruzivo rwekuti rudzi rwemunhu rwuri parwendo rwurefu rwekuvandudzika rwakananga kumagariro epano pasi ane huMwari (Divine civilization). Tsanangura kuti sei? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_

## CHIKAMU 13

Sezvakarehwa muzvidzidzo zviri muchikamu chapfuura, nzwisiso maringe nemhando yeshanduko inoitika pamunhu uye munharaunda semanyorerwo azvakaitwa muzvinyorwa zvakakosha pakubudiswa kwemweya wechinangwa icho chinotarisirwa kuti vechidiki vange vanacho. Kuwana tsika dzemweya dzakakosha idzo “dzakavanzika mukati memugodhi wezviri mukati-kati mavo mechokwadi” uye nekuzobatsira mukuumbwa kwebudiriro yemagariro epamweya nepanyama epasirose, vanofanira kuva nenzwisiso yeudzamu hweshanduko inotarisirwa naBahá’u’lláh. Nokudaro, vanhu kwese-kwese vanotaura pamusoro pekudiwa kweshanduko muzuva ranhasi. Chatinofanira kucherechedza ndecheckuti shanduko ichaitika pamunhu uye munharaunda kuburikidza nekushanda kweZvakazarurwa zvaBahá’u’lláh yakakurisia kudarika zvingafungidzirwa neruzhinji rwevanhu kuti ichaitika.

Ngatizamei kunzwisia chidimbu cheudzamu hweshanduko ichazoitika padanho redungamunhu kuburikidza nekudzamisa pfungwa pazvinyorwa zvakati-kuti. Bahá’u’lláh anoti:

**“Pachasimudzwa rudzi rwemunhu, rwune hunhu hwusingagoni kufananidzwa, urwo netsoka dzine kuzviparadzanisa, rwuchatsika pasi pevose vari kumatenga nepasi, uye vobhedhenura mipendero yeutsvene pamusoro pezvose zvakasikwa kubva kumvura nedhaka**

Uye mune imwe ndima Anokomedza kuti:

**“Iti: Haazova anoverengwa pakati pevanhu vaBahá uyo anotevedzera havi dzake dzepanyama, kana kubatirira nemwoyo wake pazvinhu zvepanyika. Ndiye muteveri Wangu wechokwadi uyo, anoti kana akafamba mumupata wendarama, anopfuura nepakati pavo asingabatikani segore, uye haadzokeri shure, kana kumira. Munhu akadai, chokwadi, mutendi Wangu. Kubva panguwo yake Gungano rekumusoro (Concourse on high) rinokwanisa kufemedza kunhuwirira kwehutsvene”**

Mune imwe ndima Anoti:

**“Avo vari pedyo naMwari vanova, muzuva rino, mbiriso inofanira kuvandudza vanhu vepasi rose. Vanofanirwa kuratidza kuvimbika, chokwadi nekutsungirira, zviito uye chimiro zvekuti rudzi rwese rwemunhu rwunobatsirika kubva pamuenzaniso wavo.”**

Uye Anowedzera kutsanangura:

**“Mumafemo emweya yakachena uye yakarurama mune mikana mikuru yakavanzika. Mikana iyi yakakura zvekuti inobata zvisikwa zvose.”**

Abdu'l-Bahá anotiudza kuti:

**“Nhai imi shamwari dzaMwari! Shandai zvine simba kuitira kuti vanhu vose uye hama dzepasi rose, kunyangwe vavengi, vanoisa ruvimbo, kutenda netariro yavo mamuri. Kana munhu akakanganisa kanosvika zana rezviuru, ngaarambe akatarisira kuregererwa uye ngaasazove anoneta mamuri kana kusuwa. Aya ndiwo maitiro nehunhu hwevanhu vaBahá. Iyi ndiyo hwaro hwenzira yekusimukira. Itai kuti maitiro enyu netsika dzenyu zvienderane nerayiro ya‘Abdu’l-Bahá.**

Kubwinya kwehunhu uhwo hucharatidza chimiro chemunhu mutsva, sekutsanangurwa kwazvaitwa muzvinyorwa, kunoyevedza, uye tinodzamirwa nezvidimbu zvidiki zvatinowana zvemasimba nekwanisiro ‘yerudzi urwu rutsva rwevanhu’. Kuburikidza nekuverenga ndima dzakadayi tinokwanisa kuzvitambira nenzira dzakasiyana. Tinogona kuzorerekera pakufunga kuti chipimo chedzidziso dzakakosha dzinobva muzvinyorwa chinorema kusvika pakukonzerza kuti tishaye hanya mukuisa simba rakawanda kuti tirarame muzvinyorwa, naizvozvo, tinobva tawira mukongoita zviri pakati nepakati; mumaitiro akadai, tinenge tazvibvumidza kunyengedzwa kuti zvakafanira kusanzvenga tsika dzisina kururama. Kana munhu akazadzwia nemweya wakasimba wechinangwa, nokudaro, ndima dzakaita sedziri pamusoro ndidzo dzinova tsime rekurudziro uye kusimudzira munhu kusvika pachinhano chepamusoro-soro

Pamusoro pazvo takaropafadzwa nechimwe chitubu chekurudziro chiru pamucherechedzo wa‘Abdu’l-Bahá’, anova iye Muenzaniso chaiwo wezvidzidziso zvaBaba Vake. Nokuziva kuti ‘Abdu’l- Bahá anorarama pachinhano chake ega uye Hapana kana munhu anokwanisa kutarisira kusvika pachinhano Chake chepamusoro, tinoona Maari zvose zvakanaka zvinotarisirwa kumutendi weBahá’í uye totsungirira kusvika pachipimo chemararamiro aAkaratidza. Iwe neshamwari dzako dzauri kunzvera nadzo magwaro aya mungangoona zvakakosha kutri musarudze zvidimbu kubva muzvinyorwa zviri pamusoro uye

mofunga dzimwe nhoroondo dzeupenyu hwa ‘Abdu’l-Bahá’ idzo dzinoratidza tsika dzakadomwa pane chimwe nechimwe chidumbu. Semuenzaniso, patinoedza kufunga nezvekufamba “netsoka dzekuzviparadzanisa”, nyaya dzinobva munhoroondo yehupenyu Hwake dzinouya mupfungwa idzo dzinotiratidza zvazvinoreva kurarama panyika ino takazviparadzanisa kubva kuzvinhu zvose zvakasikwa. Kana tikafunga “nezvekunhuwirira kwehutsvene”, tinoziva kuti zvinobva “panguwo” Yake yekuti “Gungano rekumusoro,” rinogona kufema kutapira uye torangarira nhoroondo dzinoburitsa pachena hutsvene Hwake

## CHIKAMU 14

Zvino ngatichiongororai shanduko yakadzama inofanira kuitika padanho remagariro. Bahá’u’lláh anoti:

**“Kuburikidza Neni Pachangu! Zuva riya raswedera apo Tichange tapeta nyika ino nezvose zviri mairi, uye tatambanudza hurongwa hutsva pachinzvimbo chayo.”<sup>29</sup>**

Anoenderera mberi Achitiudza:

**“Kugadzikana kwenyika kwakazunungutswa kuburikidza nemutsindo weHuronwa Hutsva uhwu hwePasi rose. Hupenyu hwavanhu hwakarongeka hwakashandurwa zvikuru kuburikidza neHuronwa uhwu husina muenzaniso uye hunoshamisa—husina zvakafanana nahwo zvakamboonekwa nemaziso enyama anoparara.”<sup>30</sup>**

‘Abdu’l-Bahá anokurudzira:

**“...ruenzaniso nekururama zvichaputira pasi rose; ruvengo nehumhandu zvichanyangarika; chero chipi zvacho chinokonzena kupokana pakati pevanhu, marudzi, uye kupatsanuka kwenyika zvichaparara; uye izvo zvinounza kubatana, runyararo, uye kudyidzana zvinokurudzirwa. Vakarasika vanopepuka kubva kuhope; mapofu achaona; matsu achanzwa; mbeveve dzichataura; varwere vachapora; vakafa vachamuka; uye mhirizhonga icharatidza nzira yerunyararo. Humhandu huchashandurwa kuita rudo; zvikonzero zvekusagutsikana nekusawirirana zvichapedzwa; rudzi rwemunhu ruchawana rufaro rwechokwadi; nyika ino ichaita mucherechedzo weHumambo hwedenga; uye nyika yapasi ichava chigaro chehushe hwezvenyika dzemweya dzekumusoro.”**

Pane chimwewo chiitiko ‘Abdu’l-Bahá anotsanagura:

**“Izvo zvaidikanwa muupenyu hwerudzi rwemunhu munguva yemakare-kare hazvichakwanisa kuzadzikisa kana kugutsa zvinodikwanwa muzuva ranhasi uye munguva yehutsva neshanduko. Rudzi rwemunhu rwasimuka kubva pamatanho edzidziso yakaderera uye kushomeka. Ikozvino munhu anofanira kuzadzwa netsika itsva nemasimba, hunhu hutsva, kwanisiro itsva. Zvipo zvitsva, makomborero nenduramo zvakamumirira uye avakutoburutsa pamusoro pake”**

Uye Anotikomedza kuti:

**“...tinofanira kushingaira panyama nemweya kuitira kuti rima iri remasimba akaipa epanyika riparare, kuti chiedza cheHumambo chigopenya pamusoro pazvinhu zvose, kuti nyika yerudzi rwemunhu rwubwinye, mufananidzo waMwari ugova pachena muzviringiro zvevanhu, kuti mutemo waMwari uve unodzikwa uye kuve nerunyararo kumatunhu epasi rose, kuchava nekugadzikana uye kudzikama pasi pechenetedzo yakaenzana yaMwari”**

Takatarisa dungamunhu, zvakaoma kuti tive nemuono wekubwinya kweshanduko izere inotarisirwa kuti izovepo. Zvirokwazvo, zvinorema kuti tigone kutsanangura chimiro chayo. Asi hatigone kuti tiremerwe neudzamu hweshanduko inodiwa kuvepo tichifunga kuti ingaitika nemashiripiti, pasina kubata kwedu. Meso edu anofanira kuramba akananga paHurongwa Hweshanduko hwaBáhá'u'lláh, uye tocherechedza kuti chero chiito chidiki zvacho chinobatsira mukuumbwa kwaho. Tichienderera mberi mukudzamisa pfungwa pamusoro pedanho reshanduko ichaitika mumagariro, zadzisai nzvimbo dzakashama mumitsara iri pazasi, muchishandisa rimwe ramazwi anotevera

nyangarika, kuparadzwa, kupa mukana, kuparadzirwa,  
kujekeswa, kudzikwa, kushandurwa, kупедзва, купетва,  
кубисва, кувана, кубатанідза, кукрудзірва, куфаріра,  
кубуцца пачена, кубвіна

- a. Zuva iri raswedera apo nyika ino nezvose zviri mairi  
\_\_\_\_\_.
- b. Zuva riya raswedera apo hurongwa hutsva \_\_\_\_\_ uye  
potambanudzwa itsva pachinzvimbo cheiripo.
- c. Ruenzaniso nekururama \_\_\_\_\_ pasi rose.
- d. Ruvengo nehumhandu \_\_\_\_\_.
- e. Chero chipi zvacho chinokonzena kupokana pakati pevanhu, marudzi, uye  
kupatsanuka kwenyika \_\_\_\_\_.
- f. Izvo zvinounza kubatana, runyararo, uye kudyidzana \_\_\_\_\_.
- g. Mhirizhonga \_\_\_\_\_ yerunyararo.
- h. Humhandu \_\_\_\_\_ kuita rudo
- i. Zvikonzero zvekusagutsikana nekusawirirana \_\_\_\_\_.
- j. Rudzi rwemunhu \_\_\_\_\_ rufaro rwechokwadi.
- k. Nyika ino ichaita \_\_\_\_\_ weHumambo hwedenga.

- l. Rima iri remasimba akaipa epanyika \_\_\_\_\_.
- m. Chiedza cheHumambo \_\_\_\_\_ pamusoro pazvinhu zvose.
- n. Nyika yerudzi rwemunhu \_\_\_\_\_.
- o. Mutemo waMwari uve \_\_\_\_\_.
- p. Kumatunhu epasi rose, kuchava neku\_\_\_\_\_ uye kudzikama pasi pechenetedzo yakaenzana yaMwari.

## CHIKAMU 15

Ndima nezvidzidzo zviri muzvikamu zviviri zvadarika zvatipa nzwisiso maererano neshanduko yakadzama iyo ichaitika padungamunhu uye kunharaunda zvichibva muZvakazarurwa zvaBahá'u'lláh. Kuti ufunge zvime maringe nehudzamu hweshanduko iyo Yaakatarisira, verenga zvirevo zviri pazasi. Chimwe nechimwe chinoratidza imwe yetsika inorumbidzwa yedungamunhu kana kuti nharaunda yakaita seruenzaniso, kusatora divi, kana mutsa une rudo. Asi ndima dziri muzvikamu zvapfuura dzinosiya kusagutsikana kushoma kuti Bahá'u'lláh akadaidza rudzi rwemunhu pachipimo chakakwirira chemaitiro edungamunhu uye neechikwata chevanhu. Edza kunyora neimwe nzira chirevo chimwe nechimwe kuitira kuti chinyatsoburitsa pachena rayiro yakatarwa muneZvakazarurwa Zvake. Muenzaniso wechirevo ichi wakapihwa kuti ukubatsire.

- a. Munhu anofanirwa kuzvidzora pakuba negodo zvakare orega kukurirwa naro.
- b. Tinofanirwa kubvisa mumwoyo medu kanhongwa kegodo tova nemufaro wechokwadi mubudiriro yevamwe.
  
- a. Tinofanirwa kuva neruremekedzo kune vose vatino sangana navo, dzingava shamwari kana vatorwa.
- b. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
  
- a. Tinofanirwa kutenda zvikuru kuupfumi hwepanyika hwatakapihwa naMwari uye nekuita mabasa ekubatsirana nguva dzose.
- b. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
  
- a. Munhu anofanirwa kushingaira kuti asapinde mukupokana nevamwe.
- b. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

- 
- a. Kurarama hupenyu hwemaitiro akanaka zvinoreva kuti hatifanirwi kukanganisira vamwe
- b. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- a. Kuti tirarame murunyararo, tinofanirwa kudzidza kurarama nevanhu vetsika nemagariro zvakasiyana-siyana, nhoroondo, uye nezvitendero.
- b. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- a. Vanhu vanofanirwa kudzidza kumiririra kodzero dzavo.
- b. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- a. Zvakakosha kuti hurumende dzipe zvikwanisiro zvinodiwa kuti paumbwe zvirongwa zvepmusoro-soro zvinokwanisika muzvikoro izvo zvirikudzidzisa mafungiro evatungamiriri veramangwana.
- b. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- a. Matorongo anofanirwa kuvandudzwa kuti aenderane nenguva yechizvino-zvino kuitira kuti abatsire kudzoreredza hunhu hwevasungwa
- b. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Ikozvino dzamisai pfungwa dzenyu pamitsara yamanyora maringe nendima dziri pazasi. Mutsara wekutanga unotibatsira kufunga pamusoro pemacheneserwe anofanirwa kuita mwoyo yedu kubva kuzvido zvepanyika.

**“Nhai Mwanakomana wePanyika! Ziva, zvirokwazvo, kuti zvechokwadi mwoyo uchiri nekadimbu keruchiva kunyangwe uchirarama, hauzombofa wakawana humambo Hwangu husingaperi, kana kufemedza kunhuwirira kunotapira kwehutsvene hunobva kuumambo Hwangu.”<sup>34</sup>**

Maererano nenzira yemabatiro atinofanirwa kuita vamwe, chinyorwa chinotevera chinotiratidza nzira:

**“Unofanirwa kusimba mweya werudo netsiye nyoro, kuitira kuti mutorwa anowana ari shamwari, muvengi ova hama yechokwadi, hapana musiyano chero upi zvawo unowanika pakati pavo.”**

Chinyorwa ichi chinopa muono wakajeka maringe nemaitiro anokodzera pamusoro pekupa:

**“Nhai imi Vana veHuruva! Udzai vapfumi kutura mafemo kunoita varombo mukati merima, kurasika kwavo ngakusavatungamira munzira yekuparadza, uye kuwashaisa mukana wekusvika paMuti we Hupfumi. Kupa uye kuva netsika yekuyamurana maitiro Angu; zvakanakira uyo anozvishongedza netsika Dzangu dzemweya.**

Maringe nechimiro chekudyidzana kwedu nevamwe, tinoverenga:

**“Iva mushevedzi yerudo, uye iva une moyo munyoro kurudzi rwemunhu. Ida vana vemunhu wova navo mukusuwa kwavo. Iva umwe weavo vanokuchidzira runyararo. Ipa ushamwari, unokodzera kuvimbika. Iva donhodzo kumarwadzo, iva mushonga unopodza kurwara kwese. Batanidzai mweya (souls) yose pamwechete. Detembai magwaro enhungamiro. Ivai munopinda mukurumbidza Tenzi, uye mosimuka pakutungamirira vanhu mukururama. Rerutsai ndimi dzenyu mudzidzise, uye regerai meso enyu apenye nemoto werudo rwaMwari. Musazorora chero kwenguva pfupi, musatsvaga chero kutura mafemo. Ndiko kuti muzova mucherechedzo nemuenzaniso werudo rwaMwari, uye chiratidzo chenyasha Dzake”**

Uye, pamubvunzo wehunhu hwemweya, tinokurudzirwa kuti:

**“Mazuva ekupfugama chete tichinamata akaguma. Yakwana nguva yekuti vavariro dzitsvene, dzichitsigirwa nezviito zvisina zvipomerwa, zvinokwanisa kusimuka kuenda kuchigaro chepamusoro-soro cheane Rukudzo Rukurusa uye zvogashirika kwaAri.**

Maringe nemabatirwo anoitwa vanhu vanobva kwakasiyana-siyana, ndima iyi inotipa nzwisiso:

**“Yananai nevanhu vose, hama nezvitendero zviripo panyika muzvokwadi, kururama, rutendo, tsiye nyoro, kushuvira zvakanaka uye kushamwaridzana, kuitira kuti nyika yevanhu izadzwe nemanyuku-nyuku matsvene enyasha dzaBahá, kuitira kuti kusaziva, humhandu, ruvengo nekurwisana kungapera panyika uye rima nekusashamwaridzana pakati pevanhu nehama dzepanyika dzingawana nzira kuChiedza cheKubatana. Kana vamwe vanhu nedzinyika vakasatendeseka kwauri ratidza hutsvene kwavari, kana vakaratidza kutora divi kwauri varatidze kutonga kwakaenzana, vakashaya hanya newe vakwezvere pedyo newe, vakaratidza kuda kukurwisa iva unoratidza ushamwari kwavari, vakakuisirai chefu muupenyu hwenyu, isai nhapi-tapi kumweya yavo, vakaisa**

**ronda pauri, iva donhodzo kumarwadzo avo. Idzi ndidzo tsika dzemweya dzevakarurama! Idzi ndidzo tsika dzemweya dzevari pazvokwadi.”**

Chinyorwa chiri pazasi chinotibatsira kunzwisia kuti kuziva humwechete hwevanhu kunotibatsira mukudyidzana kwemagariro

**“Ndinotarisira kuti umwe-neumwe wenyu achava neruenzaniso, uye onangisa mifungo yake pakubatana kwerudzi rwemunhu; kuitira kuti hamuzokanganisiri vavakidzani wenyu kana kutaura zvakaipa pamusoro pevamwe; kuti mucharemekedza kodzero dzevanhu vese, uye mova nehanya neizvo zvakanakira vamwe kudarika zvenyu mega”**

Maringe nezvekuwanikwa kwedzidzo kuvanhu vose, ndima inotevera inotsanangura nyaya iyi:

**“Bahá’u’lláh akazivisa kuti sezvo kushaya ruzivo nekushaya dzidzo kuchiva zvidziro zvinopatsanura rudzi rwemunhu, vose vanofanirwa kuwana kudzidziswa uye kupiwa rairo. Kuburikidza neizvi kushaya nzwisiso yakaenzana kunogadziriswa uye kubatana kwerudzi rwemunhu kwoendeswa mberi nekuvandudzwa. Kuwanikwa kwedzidzo kuvanhu vose mutemo unobata vanhu vese.”**

Maringe nematungamirirwo anoitwa kutonga zvakaenzana, tinoverenga zvinotevera:

**“Budiriro Tsvene (Divine civilization), naizvozvo, inodzidzisa mugari wese wenharaundera zvekuti hapana kana, kunze kwevashoma vasina hanya, vanozoita zvekupara mhosva. Naizvozvo pane musiyano mukurusa pakati pekudzivirira kuparwa kwemhosva pachishandiswa nzira dzine mhirizhonga neudzvanyiriri, saka kudzidzisa vanhu, nekuvajekesa pfungwa, uye kuvasimbisa pamweya, kuti hapazouya kana kutya kurangwa kana kuda kutsiva, vanozosema kuparwa kwemhosva dzese. Nokudaro, vanozoonaa kupara mhosva sechiitiko chinonyadzisa uye semurango unorwadza zvikuru”**

Having reflected on the above passages, you may wish to review the statements you wrote and consider how you could expand upon them. Sezvamadzamisa pfungwa dzenyu pandima dziri pamusoro, mungashuvira kuongorora mhinduro dzamanyora uye motutsira tsanangudzo padziri.

## **CHIKAMU 16**

Tataura nezvechinangwa chiri paviri chetsika (twofold moral purpose) chinokurudzira umwe neumwe kuti atore jana pakukura kwake pamweya nemafungiro uye kubatsira zvakanakira nharaunda. Taona kuti kuve nepfungwa yechinangwa ichi, uku kwakakoshera vechidiki muzuva ranhasi, kunosimbaradzwa nenzwisiso yemamiriro nehudzamu hweshanduko yemunhu neyenharaunda izvo zvinotarisirwa muzvinyorwa. Chimwe chatinofanirwa kunzwisia ndechekeuti zviitiko zviviri izvi zveshanduko zvinodyidzana zvakasimba. Kuvandudzwa kwekwaniro yemunhu uye kushandira budiriro yemagariro hazvikwanisi kupatsanurwa, nekuti mupimo wetsika dzemunhu nemaitiro zvinoumba

nharaunda yake uye, zvozoshandurwa zvineudzamu imomo. Tsamba yakanyorwa nevaimirira Mutariri inoti:

**“Hatikwanise kupatsanura moyo wemunhu kubva kunharaunda nemagariro akatikomberedza tobva tati, kana chimwe chazvo chikashandurwa kune zvakanaka zvinhu zvose zvinovandudzika. Munhu anodyidzana nezvakamukomberedza. Hupenyu hwake hwemukati hunoumba nharaunda uye hunobatwa zvikuru nayo. Chimwe chinoshanda pane chimwe uye shanduko yose inoramba iri muhupenyu hwemunhu inobva pakudyidzana uku.”**

Maringe nechinyorwa chiripamusoro, sarudza kuti zvinotevera ndezvechokwadi here:

- \_\_\_\_ Munhu ahashanduka chete kana nharaunda yashanduka zvizere.
- \_\_\_\_ Zvakaipa zvemagariro emunharaunda zvichanyangarika chete kana vagari vemo vaita vatsvene.
- \_\_\_\_ Apo mitemo ine ruenzaniso ichadzikwa, nharaunda ichasununguka kubva mukudzvanyirirwa, zvisinei nemaitiro evantu.
- \_\_\_\_ Nharaunda ichasunungurwa kubva mukudzvanyirirwa kana munhu wese akashingirira kuve ane ruenzaniso.
- \_\_\_\_ Nhengo dzose dzenharaunda dzinokwanisa kuve neruenzaniso kunyangwe zvazvo gwara remitemo riri mairi risina ruenzaniso.
- \_\_\_\_ Maitiro emunhu anoshandura magariro emunharaunda.
- \_\_\_\_ Nharaunda ine ruenzaniso ichavepo kuburikidza nekuyedza kuvaka magariro ane ruenzaniso uye kudzidzisa vanhu kuva nepfungwa dzine ruenzaniso nekutsvaga chokwadi.
- \_\_\_\_ Hapano anokwanisa kunzvenga zvinokonzeresa nemagariro emunharaunda make.
- \_\_\_\_ Vanhu, vachibatsirwa nemasimba avo emweya, vanokwanisa kukurira zvakaipa zvinokonzeresa nemagariro emunharaunda mavo.
- \_\_\_\_ Rusarura ruchanyangarika apo munhu wese achatambira humwechete hwerudzi rwemunhu
- \_\_\_\_ Rusarura ruchanyangarika chete kana nharaunda ikapedza zvachose rusarura rwose rwuri mumitemo nemapoka ayo.
- \_\_\_\_ Mhando dzose dzerusasura dzinokwanisa kупедзва kuburikidza nekudzikwa kwemitemo ine ruenzaniso nekudzidzisa kwemweya yevantu kuti itsvage chokwadi chezvinhu uye yodyidzana nevanhu vose zvive rudo neruwadzano.
- \_\_\_\_ Kana vanhu vose vakatenda kuti rudzi rwemunhu rwumwechete, tichave nekubatana.
- \_\_\_\_ Kudzikwa kwekubatana munyika kunoda shanduko yedungamunhu uye chimiro chemagariro emunharaunda.

## CHIKAMU 17

Pfungwa dzakapihwa muchikamu chapfuura dzinotidzosa kumuvhunzo weshandiro, nekuti munzira yeshandiro ndimo matino umba kwanisiro yedu nekushandura nharaunda. Zvekuti kupinda muhurongwa hweshanduko yemagariro zvinoreva kuti hupenyu hunopihwa kushandiro hazvidi tsanangudzo yakawanda. Zvingade kupihwa pfungwa dzakanyanya, zvisinei, ndezve kudyidzana kuri pakati peshandiro nemafungiro nekukura kwepamweya kwemunhu. Pasi pane zviitiko zvakadomwa. Tsika dzemweya zhinji dzinoda kuunzwu pamwechete mukuita chimwe nechimwe uye kunyatsoona kuti chiri kushanda zvakanaka. Maringe nechinangwa chechidzidzo chino, sarudza chimwe kana zviviri zvehunhu nemaitiro ayo anoita kunge angashande pachitiko chega chega uye woedza kutsanangura kuti anobatsira sei kukwanisiro yemunhu kuti achiite.

- a. Kuita musangano weminamato nguva nenguva munharaunda kana mumisha:

---

---

- b. Kupinda muhurongwa hunoenderera mberi hwekushanyira misha yeshamwari nevavakidzani kunoita hurukuro dzezvemweya dzinobva mudzidziso dzeChitendero nekusimbisa sungano yeruwadzano:

---

---

- c. Kuitisa zvidzidzo zvemweya zvevana vadiki nguva nenguva mumisha kana munharaunda:

---

---

- d. Kupa rubatsiro kune kushingaira kwechikwata chechediki vasati vabva zera, kwechinguva chakati rebei, uina Sahwira wevedidiki vasati vabva zera (Animator) uyo anotungamirira zviitiko zvacho:

---

---

- e. Kushanyira nguva nenguva vabereki vechedidiki vari muzvidzidzo zvinosimudzirwa neInstitute nekuvaisa munhaurirano dzakanangana nekuumbwa kwevanakomana nevanasikana vavo:

---

---

Chidzidzo chiripamusoro chatibatsira kuti tifunge pamusoro pekuti hunhu hwemweya nemaitiro zvinobatsira sei kukwanisiro yemunhu mukuita zviitiko zveshandiro. Asi

ichokwadiwo kuti, mukupa shandiro, munhu anokwanisa kuumba nekusimbaradza hunhu uhu. Pasi apa pane humwe hunhu hwemweya hwatiri kushingairira kuwana tese. Pane chikwata chega chega, sarudzai chimwe chezviito chiru pamusoro uye motsanangura ndedzipi nzira dzamunofunga kuti chinobatsira kuumbwa kwehunhu hweuyo anochiita.

a. Kuve nechokwadi, kuvimbika, neruenzaniso: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

b. Moyo murefu netsinye-nyoro: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

c. Hutsvene, kuve pachokwadi, nekubwinya: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

d. Hushingi, kuvimba munaMwari, nekuzvininipisa: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

e. Kuzvipira nekuzvininipisa kune Chido chaMwari: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

## CHIKAMU 18

Shandiro yakabatana zvakanyanya nezvimiyo zvevanhu. Kana tichinge tapihwa hupenyu nemweya wekuzvipira kupa shandiro, kudyidzana kwese kwatinoita, chiihiko chese chatinoita- muupenyu hwedu hwehunyanzvi, mukushandidzana nevamwe, senhengo dzemunharaunda dzedu- zvinobatwa nazvo. Zvakadaro, zvisinei neshandiro yatingape, tinoramba tichiziva kuti pane hurongwa hwakarongeka huripo pakuparidzwa kweshoko raBáhá'u'lláh kuvanhu vepasi rino, shoko rinozivisa kubatana kwerudzi rwemunhu, rovadana kuti vabatane, uye ropa mitemo nemirayiro, dzidzo dzemweya nedzemagariro, izvo zvoga zvinogona kudzika marongerwo emagariro munguva iri mberi akasiyana zvikuru neapi akaonekwa munguva yapfuura. Hwakatsangurwa na‘Abdu'l-Bahá paChake, hurongwa uhwu hahwutsvage chimwe chinhu chiri pasi pekuwandudza kwemweya wenyika yose, uye apo hunotambanudzwa zvishoma nezvishoma kuburikidza nematanho akasiyana-siyana, uye vanhu vowedzera kutora chikamu mukuhufambisa mberi, “imwe nzira yakasiyana negakava ravakuzivikanwa mumagariro inooneka ichibuda.” Kwahuri – Hurongwa Hutsvene – tinofanira kuzvipira pachedu. Kwahuri Mutariri anoreva achiti “Hurongwa hukurusa wakagadzirwa kuburikidza nesimba rinosika reZita Gurusa”. Anotiudza kuti Huri “kufambira mberi”.

**“hwuri kuwedzera simba nezuva rega rega, hwuchiparadza zvimhingamupinyi mumamiriro ose ekunze uye pakati pevanhu nemarudzi akawanda, huchivandudza zvisina kupikiswa kukura kwezviitiko zvahwo zvinobatsira, uye huchiburitsa pachena zviratidzo zvesimba rahwakaumbwa rinahwo apo hunofamba huchienda mberi mukukunda kwepamweya kwepasi rose.”**

“Kuburikidza neHurongwa Hutsvene (Divine Plan), mweya weZvakazarurwa zvaBahá'u'lláh uchaparadzirwa kumativi epasi rose, huchivandudza hupenyu hwedungamunhu nehweruzhinji. Shoghi Effendi akatsinhira pamusoro pazvo, kuti

**“daho rekupedzisira uye repamusoro-soro mukushanduka kwechirongwa chakaumbwirwa rudzi rwemunhu naMwari Pachake richaratidza kuve chiratidzo chokuzvarwa kwebudiriro nemagariro epasi rose, nenguva yacho, magiriro asingaenzaniske nezvaanobata, mumamiriro nesimba ahwo, munhorondo yerudzi rwevanhu—iyo budiriro yemagariro, neizwi rimwechete, zvizvarwa zvichatevera, zvicharumbidza pachena kuti uwu ndiwo muchero wakanakisia weNguva yeBudiriro (Golden Age) yeNguva (Dispensation) yaBahá'u'lláh...”**

Nhanho imwe neimwe mukutambanudzwa kweHurongwa Hutsvene (Divine Plan) inoparurwa nechimwe cheZvirongwa zvepasi rese zvinoburitswa pachena neMutungamiriri weChitendero. Hurongwa humwe neumwe hwune kwanisiro dzinodiwa uye hunovaka pamusoro pezvazadziswa uye zvidzidzo zvadzidzwa kubva mune hwapfuura. Kuburikidza nekuedza kunoitwa pane Zvirongwa zvakatevedzana, “mirairo yakasiyana-siyana, pfungwa uye nzira dzekushanda nadzo dzakakoshera pasi rose” mubasa iro ratirkushandira tese zvakanyatsojekeswa zvichiumba “gwara remaitirwo emabasa”. Ndiro gwara remaitirwo emabasa rinopa chimiro chamashandiro edu takabatana uye roita kuti tipindirane mune zvatinoita. Unowana mukana wekuongorora gwara remaitirwo emabasa iri rinoshanduka mune zvidzidzo zvinotevera. Parizvino, zvakakosha kuziva kuti huvepo hwayo zvinoita kuti zvikwanisike kuitira kuti “chikwata chevanhu chinenge chichiwedzera” pachinhando chenharaunda kuti pave nekufamba kwemhomho yevanhu “vaine chinangwa chekusvika kuHurongwa hutsva hwePasi rose”. Maringe neizvi, tsamba yakanyorwa neImba yeHutongi

Hwakaenzana kune vaive mumisangano yevechidiki vabva zera yakaitwa pasi rose muna2013 inotsanangura:

**“Papera makore makumi akati wandei mabasa anokumbaridza pasi rose emusha uno wafararira kuti tiwane nzwisisiso yakakodzera yeZvakazarurwa zvaBahá’u’lláh uye toshandisa mirairo inowanikwa maZviri yasvika padanho pekuzvarwa kwegwara remaitirwo emabasa, rinonatsurudzwa kuburikidza nekushandiswa. Mune rombo rakanaka mukuziva mashandisiro aro uye nzira dzacho idzo dzanyatsodzika midzi. Kuburikidza nekutsungirira mukuita kwavo, vazhinji venyu vakagara vazvionera pachavo zviratidzo zvemasimba ekuvakwa kwenharaunda kwezvidzidzo zvitsvene. Mumusangano wauri kuenda, uri kukurudzirwa kufunga pamusoro pezvingaitwe neumwe neumwe wevechidiki uyo anoshuvira kudavira shevedzo yaBahá’u’lláh uye obatsira kuburitsa masimba iwayo.”**

Uye tsamba imwecheteyo inoenderera mberi ichiti:

**“Mikana inounzwa nezviito zvedu takabatana iri kunyanya kuonekwa mubasa rekuvaka nharaunda, hunova hurongwa huri kuwedzera simba muma cluster mazhinji uye mudzimba dzakavakidzana (neighborhoods) nemisha pasi rose, zvasvika padanho rekuva nhongonya yeshandiro ine mutsindo (centers of intense activity). Vechidiki vabva zera vanowanzowanikwa vari pamberi pebasa munzvimbo idzi-kwete vechidiki vabva zera vechiBahá’í chete, asi neavo vane pfungwa dzimwechete vanoona zvibereko zvakanaka kuburikidza nezvizvo zvinenge zvatangwa nemaBahá’í uye kunzwisia muono wekubatana uye kushanduka yepamweya unova hwaro wezviri kuitwa nemaBahá’í. Munzvimbo dzakadai, kukosha kwejana rekugovera Zvakazarurwa zvaBahá’u’lláh kumwoyo inogamuchirwa uye kuongorora zvakakoshera shoko Rake munyika yanhasi zvinonzwika chaizvo. Kana zvihinji zvemagariro zvichikurudzira kungomirira kuti zvinhu zviitike uye kushaya hanya, kana kutopfurikidza, kusvika pakukurudzira hunhu hwekuti unoziukuvadza uye nevamwe, musiyano wakajeka unounzwa neavo vanowedzera kwanisiro yeruzhinji rwevanhu kukudziridza kuenderera mberi uye kusimbisa gwara rehupenyu hwenharaunda rine pundutso yepamweya.”**

Uye nemashoko aya Imba yeHutongi Hwakaenzana, mune imwe tsamba, inosimudza miono yevechidiki vabva zera vechiBahá’í uye neavo vanoshuvira kubatana navo vanoshuvira kusvika panzvimbo dzakakwirira muupenyu hweshandiro:

**“Munguva imwe neimwe kunouya mukana kuvatendi vechidiki wekubatsira kugadzira ramangwana kurudzi rwevanhu, mukana unongowanikwa panguva yavo yehupenyu. Kuchizvarwa (generation) chazvino, nguva yasvika kuongorora, kuzvipira, kuti vazvigadzire zvakasimba hupenyu hweshandiro kubva umo munobva makomborero anoyerera muhuwandu. Muminamoto yedu paChikumbaridzo Chinoyera (Sacred Threshold), tinoteterera kuRunako Rwakare (Ancient Beauty) kuti, kubva mune zvakavhiringidzwa uye vanhu vakavhiringidzika, kubva munavanhu varasa chinangwa uye nekuvhiringidzika, Vanokwanisa kupepeta mweya yakachena ine muono wakajeka: vechidiki vabva zera avo kuvimbika nekururama kwavo havaderedzwi nekuramba vachifunga pamusoro pezvinokanganiswa nevamwe uye avo vasingadzoserwi kumashure nekuda kweizvo zvavanopotsa pachavo; vechidiki vabva zera vanotarira kuna**

**Tenzi (Master) uye ‘vounza pedyo avo vakanga vasingaverengwi mudenderedza reshamwari dzepedyo’; vechidiki vabva zera vane kuziva kuti kukundikana munharaunda kunovakurudzira kuti vashandire kubudiriro yayo, kwete kuenda kure nayo; vechidiki vabva zera vano, zvisineyi nemamiririro ezvinhu, vacharamba kupfuura nepane mhando dzekusaenzana dzakasiyana-siyana uye vanoshanda, kuitira, kuti ‘mwenje wekutonga kwakaenzana rwugone kuzadza kuppenya kwahwo pasi rose.’**

Zvinyorwa zviri pamusoro zvinogona kusiya kakusagutsikana mupfungwa dzenyu maringe nekukosha kwazvakaita kuti vechidiki vaende pamberi mukupa shandiro yeHurongwa Hutsvene (Divine Plan). Kupeta chikamu chino, zvinokubatsirai kana mukafungisisa nezvetsamba inotevera yakanyorwa neImba Yehutongi Hakaenzana kumakungano evezhidiki vabva zera aitwa mugore ra2000 muLatin America

**“Apo chizvarwa chenguva ino chevezhidiki vabva zera pachinotora janha rekufambisa nyaya dzezvemagariro, chichasangana nemamiriro ezvinhu ane musiyano anovaita kuti vashaye tariro. Kune rimwewo divi, dunhu rinogona kuzvirumbidza pakubudirira mune zvenjere, zvechizvino-zvino (technological) uye pamwe nezveupfumi. Nekune rimwewo divi, yatadzawo kuderedza kutekeshera kwehurombo kana kudzivisa kusimuka kwegungwa remhirizhonga yava kunyudza vanhu vayo. Sei—uye mubvunzo wacho unoda kubvunzwu zvakajeka—magariro emunharaunda aya akambokosheswa here, zvisineyi nehupfumi huripo, kuti pabviswe kusatonga kwakaenzana uko kuri kudambura zvisungo zvayo?**

**“Mhinduro yemubvunzo uyu, sekujekeswa kwazvakaitwa neuchapupu hwenhoroondo iri muchitsama chemakumi emakore ekukakavadzana, hazviwanikwi havi yezvematongerwo enyika, mashoko kupokana pakati pemapoka evanhu venzanga dzakasiyana, kana kuti munzira dzakasiyana dzemaitirwo ezvinhu. Chiri kudiwa kumutswa patsva kwepamweya, sechombo chekutanga-tanga chinodiwa pakabudirira mune zvematongerwo enyika, zveupfumi uye nezveunyanzvi hwezvescience. Asi panodiwa kuchidziro. Imai makavimbiswa kuti, zvisinei nehushoma hwenyu, muri nzira iyo kuburikidza nemi kurudziro iyo ingawanikwa.**

1. Tsamba yekupedzisira iyi inobvunza kuti sei nharaunda ine vanhu vakapfuma pamafungiro, ruzivo rwezvescience, uye hupfumi hwennyika vasingakwanisi kubvisa udzvanyiriri huri kuipatsanura, zvichiratidza kuti mhinduro haisi kuwanikwa munezve matongerwo enyika, kupokana kuri muzvido zvenzanga dzakasiyana-siyana mumagariro, kana kuti munzira dzemafungiro edu emaitirwo ezvinhu. Funga nezve nharaunda yaunogara uye wopa muenzaniso wechimwe nechimwe chezvinotevera:

- a. Havi yezvematongerwo enyika inoratidza chimiro chemagariro:  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

- b. Zvimwe zvezrido zvinopikisana pakati penzanga dzakasiyana-siyana mumagariro:  
\_\_\_\_\_

c. Mafungiro emaitirwo ezvinhu ava kutevedzerwa mumagariro:

---

---

---

2. Chii chekutanga-tanga, kubva mumashoko eImba yeHutongi Hwakaenzana, chinodiwa mukushandisa zvine pundutso pane zvematongerwo enyika, zveupfumi, pamwe nezvombo zveunyanzvi hwescience munharaunda pakuedza matambudziko mumagariro? \_\_\_\_\_

---

3. Chii chatinodzidziswa neImba yeHutongi Hwakaenzana chinodiwa pakuunzwia kumutsiridzwa patsva kwemagariro emunharaunda?

---

---

4. Imba yeHutongi Hwakaenzana inoti ndiyani anoumba nzira iyo inoshandisa kuti shoko ra Bahá'u'lláh risvike kuvanhu? \_\_\_\_\_

---

Pari zvino, nendangariro dzenyu dzeviripamusoro, kurukurai neshamwari dzenyu dzamuri kudzidza nadzo zvidzidzo izvi kuti kutora chikamu mukuparurwa kweHurongwa Hutsvene (Divine Plan) kunobatsira vechidiki kuti vashande senzira dzekumutsiridzwa kwepamweya mune zvemumagariro.

## CHIKAMU 19

Hazvina mubvunzo kuti hurukuro yaitwa kumagumo echikamu chapfuura yaita kuti ufunge zvakadzama pamusoro pejanha rakakosha richatorwa nevechidiki mukufambira mberi kweRudaviro. Mundima iri pazasi kubva muMwari *Anopfuura nePano* (*God Passes By*). Shoghi Effendi anoburitsa mufananidzo wemagamba ekutanga eChitendero, vane mabasa ehushingi achakurudzira rudzi rwevanhu nguva nenguva. Tichiona kuti vakawanda vavo vaive vechidiki pachavo, tinozvibatsira nekuongorora pano mashoko akashandiswa neMutariri kutsanangudza hunhu hwavo hwepamusoro-soro. Tisati tadarо, unogona kubatsirikana nekuverenga zvinotevera

SeNyeredzi:	Senyeredzi; ine kubwinya, inooenekwa ichimhanya muchadenga
Kuyambuka:	Kayambuka uchiyenda mhiri
Rima:	Kusviba kwakanyisa
Satellite:	Mutumbi wekudenga unotenderera umwe wehukuru hukuru
Nyenedyedzi:	Gurumwandira renyeredzi
Kubwinya:	Kuparadzira mirazvo yechiedza
Kubwinya kunobva	Kubwinya kunobva pakupisa kwakadzama
pakupisa kwakadzama:	Chichangopinda muhuvepo munguva pfupi ichangopfuura
Chichangozvarwa:	Kushingirira kuva nebudiriro
Kukwikwidza:	Vaparuri veRudaviro
Trail-breakers	Hurongwa huri muchivande
Intrigue:	Huori; kuva neutsinye
Kusviba moyo:	Of wide range; zvakanyanyisa
Kukukura:	Kuremekedza Mwari uye kuzvipira kubasa reChitendero
Kunamata Mwari:	Kusimba kwemanzwiyo emukati
Fervor:	Seshumba
Leonine:	Kupira; kurega
Kusiya:	Chinangwa chakasimba
Resolve:	Kusadzora mukusimba nekutsungirira
Granite-like:	Zvehukuru hunoshamisa
Stupendous:	Kuremekedza uye kutyta
Veneration:	Bewildering; perplexing
Zvinovhiringidza:	

Mutariri anonyma:

**“Tinoona, apo tinoongorora nhoroondo yechikamu chechiitiko chino chekutanga chemutambo wepamusoro-soro, chimiro cheGamba Guru rahwo, uyo Báb, akayambuka senyeredzi ine kubwinya inofamba nemuchadenga kubva pajengachenga reShíráz, ofamba nedenga dema rePersisa kubva kuchamhembe kuenda kumaodzanyemba, onyura nekukurumidza kunosuwisa, oparara muzimoto rembiri. Tinoona vakanolenderera paAri, gurumwandira renyeredzi**

**dzemagamba akazadzwa nehuMwari, vobudawo pajengachenga rimwechetero, vobhwinya zvikuru nechiedza chinobva pakupiswa, vopera nekuzvibvirisa nekukurumidza kumwechete ikoko, uye vopawo panguva yavowo simba rakawedzerwa mukufambira mberi kuri kuwedzera kuchimbidza kweChitendero chaMwari chichangozvarwa....**

**“Magamba anemabasa anobwinya pamusoro penhoroondo inotyisa yekukwikwidzana kwezvemweya, inobatanidzira panguva imwe chete vanhuwo zvavo, vatungamiririri vezvitendero, madzimambo nehurumende, vaive vadzidzi vakasarudzwa naBáb, Mavara eVanorarama(Letters of the Living), neshamwari dzavo, vakavhura nzira yeZuva Itsva, vakasvikosangana nekunyangirwa, kushaikwa kwezivo, kusviba kwemoyo, nehutsinye, kutenda mune zvemashiripiti uye humbwende wairwiswa nemweya wakakwirira, husingadzimike uye hunoshamisa, ruzivo rwunoshamisa nehudzamu rwaro, kutsetseka kwekutura kunesimba rinokukura zvose, kuzvipira kuchitendero kune manyuku nyuku asingapfurike, hushingi hwakadzama sehwe shumba, kusazvifunga kwakachena kwevakazvipira kunaMwari, kuzvipira kwakasimbarara sedombo, muono unokatyamadza maringe nezvaunobata, remekedzo kune muPorofita nemaImám Ake yaivhundutsa mhandu dzavo, masimba ekushandura mafungiro aityisa vaida kuvakuvadza, chidanho chekutenda nemaitiro aikuchidzira nekuvandudza hupenyu hwevagari yenyika yavo.**

1. Zadzisa mitsara inotevera:

- a. Mavara eVanorarama (Letters of the Living) neshamwari dzavo vaive mukati me\_\_\_\_\_.
- b. Kukwikwidzana uku kwaibatanidzira panguva imwe chete \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_ ne \_\_\_\_\_ .
- c. Magamba ekutanga eChitendero vairwisa kutaurwa nezvavo, kushaikwa kwezivo, kushoreka, hutsinye, kutenda mune zvemashiripiti uye humbwende, ne  
– mweya\_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_ uye \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_,  
– ruzivo\_\_\_\_\_,  
– kutsetseka kwekutura \_\_\_\_\_,  
– kuzvipira kuChitendero \_\_\_\_\_,  
– hushingi \_\_\_\_\_,  
– kusazvifunga \_\_\_\_\_,  
– kuzvipira \_\_\_\_\_,  
– muono\_\_\_\_\_,  
– remekedzo kune muPorofita nemaImám Ake \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_,

– masimba ekushandura mafungiro \_\_\_\_\_,

– chidanho chekutenda nemaitiro \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_.

2. Chaive chinangwa chipi chakaita kuti Magamba ekutanga eChitendero vakapinde mukukwikwidza kwepamweya kwatsanangurwa neMutaririri mundima iri pamusoro? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

3. Vechidiki venguva ino vari kubatsira mukuparurwa kweHurongwa Hutsvene, vari mumakwikwi here epamweya sevechidiki vakauya nguva yakapfuura? \_\_\_\_\_

4. Makwikwi avo akafanana sei neeMagamba eChitendero enguva yekutanga?

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

5. Vechidiki vezuva ranhasi vangazviita sei kuti, semadzikoma nehanzvadzi dzavo dzenguva yeMumakore eHugamba muChitendero, vagone kubudirira mumakwikwi ezvemweya umo mavari? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Tisati taenda kuchikamu chinotevera ungade kufunga zvakadzama pane ndima inotevera inobva mutsamba yakanyorwa neImba yeHutongi Hwakaenzana yePasirose:

**“Apo Báb uyo ane chinhanho chepamusoro-soro, aiva aine makore makumi maviri nemashanu, akasimuka kupa shoko rekushandura pasi rose, vazhinji pakati peavo vakagamuchira uye paratzira zvidzidziso Zvake vaive vechidiki, kana kutova vadiki kuna Báb Pachake. Hugamba hwawo, hwakachengetedzwa nekusingaperi nekubwinya kwaho kwose muVavhuri veMambakwedza (The Dawn Breakers), huchashongedza mabhuku enhorondo yerudzi rwemunhu kwemazana emakore anotevera. Naizvozvo ndipo pakatangira gwara iro munguva imwe neimwe vechidiki vabva zera, vachifemerwa nesimba rimwechete raMwari rekushandura kuti panyika pave patsva, vakashandisa mukana wacho wekubetsera panguva yavo mukutambanudzwa kwehurongwa uhwo huchazoshandura hupenyu hwerudzi rwemunhu. Igwara risina kukanganisika nekumbomiswa kwechinguva kubva munguva yaBáb kusvika parizvino.”**

## CHIKAMU 20

Kuburikidza nemutevedzanwa wematambudziko nekukunda, vechidiki vabva zera venguva imwe neimwe vakatevera gwara rakafumbidzwa nevavhuri-vemambakwedza uye vakaramba vari pamberi muzviitiko zvechi Bahá'í, vachishandira kuunza shoko raBahá'u'lláh' kurudzi rwemunhu. Imba yeHutongi Hwakaenzana Yepasi Rose inoti:

**“Kubva pakutanga-tanga kweNguva yechiBahá’í, vechidiki vabva zera vakatora janha rakakura mukuparadzira Zvakazarurwa zvaMwari. Báb Pachezvake ainge ave nemakore makumi maviri nemashanu paAkazivisa kuvanhu Chinangwa Chake, apo vakawanda veMavara eHupenyu vaive vadiki kwaAri. Tenzi(The Master), semurume wechidiki, akadaidzwa kuti atakure mutoro unorema mukupa shandiro kuna Baba Vake muIraq ne Turkey, uye munin’ina Wake, Bazi Dzvenesa, akapira hupenyu hwake kuna Mwari muTorongo Gurusa pazera remakumi maviri nemaviri kuitira kuti varanda vaMwari “Vamutsiridzwe, uye vanhu vose vepasi rino vabatanidzwe.’ Shoghi Effendi aive mudzidzi paOxford paakadaidzwa pachigaro chake chehutariri, Uye Vatsigiri veZita raBahá'u'lláh (Knights of Bahá'u'lláh), vakawana rukudzo rwusina magumo munguva ye hurongwa Hwemakore Gumi, vaive vechidiki.”<sup>52</sup>**

Mutsamba yakanyorwa mugore ra1984, Imba yeHutongi Hwakaenzana inopa ruremekedzo kumagamba enguva yanga ichangopfuura:

**“Tarisai, semunzaniso, wezvakaitika muShíráz chirimo chakapfuura apo mhandara nhanhatu dzevechidiki, vemazera anotangira pagumi nesere kusvika pamakumi maviri neshanu, avo hupenyu hwavo hwakadzimwa nekufuridzwa kwemupondi. Vose vakasangana nekufurirwa kuti vasiye chitendero chavo; vose vakaramba kufuratira Mudiwa wavo. Tarirai zvekare panhoroondo dzekuzvipira kunoshamisa dzakataridzwa munguva zhinji nevana uye vechidiki vakange vapinzwa munyatwa nekushungurudzwa nevadzidzisi uye vafundisi uye vachidzingwa muzvikoro nekuda kwekutevedzera zvavanotenda maari. Pamusoro pazvo, zvinokodzera kutaurwa kuti mushure mekudzvanyirirwa zvine utsinye kwakaiswa mumusha wavo, vechidiki ava vakasimukira kupa shandiro, vachiisa simba ravo kune izvo zvavaitarisirwa kuti vaite nemapoka ehutungamiriri echibahá’í enyika yose. Hapana chero mashoko anotapira zvakadii anokwanisa kutsanangura zvizere kuzvipira kwepamweya uye hutsvene kunze kwemabasa avo aiva nekuzvikanganwa uye kuzvipira. Hakuna chero kipi zvako pasi rino kungawanikwa mubairo unoenderana nerutendo runotarisirwa kumaBahá’í. Uye hakuna kungazowanikwa vechidiki vanokwanisa kutaridza pachena chiedza chekuzvipira kudarika avo vechidiki vakashinga vechibahá’í vaibva kuIran. Pamwewo, zvinokwanisika mukufunga kuti chero imiwo, vechidiki nevati yarukei vari kurarama munguva yakakosha kudai, muchionawo mienzaniso yakadai yeushingi hwakadzama hwakaratidzwa neshamwari dzenyu dzekuIran, nekukwanisa kwenyu kufamba zviri nyore, kuti moendesera mberi, ‘musingavhiringidzwi sekevhuvhuta kwemhepo,’ muchipinda munzira yeshandiro yechibahá’í**

Mikana yekudzamisa pfungwa pamusoro pezviitiko zvakakosha muhupenyu hwemagamba ezmewuya pasi rose inokwanisa kubatsira zera revedidiki venguva imwe neimwe kuti vawane pfungwa yekutora janha ravo. Sungano dzeushamwari dzinoumbwa neavo vane zvinhano zvepamusoro zvakakosha pazera rehupwere kuburikidza nengano dzinotaurwa muzvidzidzo zvezana uye mudzimba, asi kushingaira kwakarongeka zvikuru kunodiwa pakuburitsa pachena zvinodiwa pazera remakore gumi nemaviri kusvika pa gumi nemashanu, uye zvekare, muupenyu hwavo hwese hweudiki. Mienzaniso yakasarudzwa zvine ungwaru, mitambo uye nezvime zvakangodaro, inokwanisa kuburitsa pachena tsika dzemweya dzakaita se ushingi, kutsungirira, manyuku-nyuku, uye kuzvikanganwa idzo vechidiki vanofanira kushingirira kutevedzera.

1. Doma kubva kunhoroondo dzeChitendero kana kuti kubva kune izvo zvakaitika munguva pfupi yadarika dzekuti munoshuvira kuti vechidiki vange vachidzamisa pfungwa dzavo:

---

---

2. Ipa chikonzero sei wasarudza chidimbu chenhoronda chawasarudza

---

---

## CHIKAMU 21

Chero kubva mukutarisa zvidimbu zvendima dzabuda pamusoro, zvinokwanisika kuona kuti upenyu hwemagamba ekutanga-tanga eChitendero uye mwuya yemagamba yakatevera mushure mavo yaiva ichionekwa iine pfungwa yechinangwa chepamusoro-soro. Zviri pachena kuti vese vanofanira kunge vaiva nenzwisiso yekukosha kwenguva yavairarama munhoroondo, uyezve nemuono wepamberi weudzamu hweshanduko iyo yaishevedzerwa kuti iitike kurudzi rwemunhu. Pfungwa yechinangwa yepamusoro-soro iyi yakaonekwa ichibuda muupenyu hune kuzvipira pakuparadzirwa kweshoko reZvemweya ichinge yakanyatsojeka. Asi, apo patinoongorora tsika dzakanaka dzine ushingi dzaiitwa nevekare uye nekuzvipira kukuru kwaiita vazhinji vavo, hatikwanisi kutenda kuti tsika idzi chete ndidzo dzaisiyanisa vatendi vatsvene ava. Chingava chiru chii chikuru chaitaridza chimiro chemararamiro avo? Ivavariro ipi yavaiva nayo, uye ndechipi chaivakurudzira kuti vasvike pazvinhanho zvikuru chakadai chekuzvikanganwa mukupa shandiro? Rwakanga rwusiri here rudo rwaMwari rwaibwira zvine rujeko rwakadzama mumwoyo yavo? Vakanga vasina here kuzadzwa nerudo rweMudikani wavo? Tinokwanisa here kushuvira kushandirawo kubudiriro yepamweya yechizvarwa chevechedidiki chinenge chichitevera kana tichinge tisina kuumba mavari hwezvo yezverunako, kana tichinge tisina kuumba shuviro yakasikwa iri mavari yekuti vawanewo chidimbu chezvirukova zvinoerera zvinyoro-nyoro zveruzivo rwechokwadi, kana tichinge tisina kuvalabatsira kuumba hukama hwakasimba neMusiki wavo? Ngativharei chitsauko chino nekuzvinyudza mumashoko anotevera:

**“Apo kana mudiwa wechokwadi chaiye uye shamwari yakazvipira ichinge yasvika muhuvepo hweMudikani, kubwinya kwerunako rweMudiwa Wacho uye moto wemwoyo wemudiwa zvinobatidza kubvira uye nekupisa mambure ese nezviputiro. Hongu, zvose zvaanazvo, kubva kumwoyo kusvika kuganda zvichabvira, kuitita kuti hapana kana chinosara kunze kweShamwari”**

**“Nhai imi shamwari! musatiza runako rwangu rwusingaperi muchida runako rwunoparara, uye musaisa zvido zvenyu panyika ino inoparara ye huruva.”**

**“Ziva kuti akadzidza zvechokwadi uyo akatambira Zvakazarurwa zvangu, uye akamwa kubva mugungwa reruzivo Rwangu, uye akabbururuka muchadenga cherudo rwangu, akarasa zvese kunze Kwangu, uye akabatirira zvakasimba pane izvo zvakatumirwa panyika kubva kuHumambo hweshoko Rangu rinoshamissa. Ndiye, zvechokwadi, anofananidzwa neziso kurudzi rwemunhu, uye semweya wehupenyu kumitumbi yezvisikwa zvose. Ngaarumbidzwe ane Tsitsi Dzose uyo akamupa ruzivo, uye akamuita kuti asimuke kupa shandiro kuRudaviro Rwake rukuru. Zvokwadi munhu akadai akaropafadzwa neGungano rekumusoro (Concourse on high), uye naivo vanogara muTemberi yeHukuru (Tabernacle of Grandeur) avo vakamwa waini Yangu yakavharwa muzita Rangu, Samasimba, ane Simba-Rose.”**

**“Nhai mauto aMwari! kana mukaona kuti mweya wemunhu wakatendeudzira uso zvachose kuRudaviro rwaMwari; uyo ane chinangwa ichi, chekuti Shoko raMwari riparadzirwe; uyo siku nesikati, neshuviro yakachena, ari kupa shandiro kuRurudaviro rwaMwari; kubva kutsika dzake dzisina kuzvikudza kana kuti zvinangwa zvake zvakavanzika akaonekwa–uyo, pachinzimbo pazvo, anofamba achidzungaira murenje rerudo rwaMwari, uyo anomwa bedzi kubva mukomichi yeruzivo rwaMwari, uye zviri pachena kuti akaperera zvachose mukuparadzira kunhuwirira kweshoko raMwari, uye anokwezverwa kumagwaro matsvene eHumambo hwaMwari—zvirokwazvo zivai kuti munhu uyu ahabatsirwa uye kusimbisa nedenga; kuti sehweva, achavaima zvakajeka nekusingaperi kubva kudenga renyasha rinoera kusingaperi. Asi kana akaratidza kusviba kudiki kwekuita zvido zvake uye kuzvida, kuedza kwake kuchashaya zvibereko uye achaparadzwa osiiwa asina tariro pekupedzisira.”**

**“Zivai zvechokwadi kuti, ruoko rweKupa kutsvene rwakakukwezverai kuChigaro cheHumambo (Throne of the Kingdom), uye dzidziso tsvene dzinofadza dzakakonzeresa manyukunyuku nemufaro mamuri, kuti imi mukabvisa mambure anokuvharidzirai Chiso Cherunako Rwutsvene (Countenance of the Divine Beauty), kuti makaona nemeso enyu Chiso chinoBwinya (Brilliant Face), uye mukava ruzivo rwezvakavanzika zvehutsvene uye kururama muRudaviro rwuno Rwutsvene!**

**“Zvino, nemoyo uri kufashukira nerudo rwaMwari, nyengetera kuna Mwari nemufaro uye wotenda Mwari nenhungamiro uye nechipo chinobva kumusoro. Uye ziva kuti, zvirokwazvo, vatungamiri vezvipo zvaTenzi vako vokukundisai kumativi ose kana tsoka dzenyu dzikasimba muNzira.”<sup>8</sup>**

**“Nhai Mwari wangu! Nhai Mwari wangu! Uyu, muranda Wenyu, aswedera pedyo Nemi, ari kudzungaira neshungu mugwenga rerudo Rwenyu, achifamba munzira**

yeshandiro Yenu, achitarisira nyasha Dzenyu, aine tarisiro yemakomborero Enyu, achivimba muhumambo Hwenyu, uye akazadzwa newaini yechipo Chenyu. Nhai Mwari wangu! Wedzerai kudzamirwa kwerudo rwake kwaMuri, mutsungiriro yerumbidzo yake maMuri, uye kusimba kwerudo rwake kwaMuri

**“Zvirokwazvo, Ndimi Mupi Mukuru, Ndimi Ishe Wenyasha zhinji. Hakuna mumwe Mwari kunze Kwenyu, Muregereri Anetsi.”<sup>59</sup>**

## REFERENCES

1. ‘Abdu’l-Bahá, in *Bahá’í Prayers and Tablets for the Young* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 1978), no. 38, p. 30.
2. ‘Abdu’l-Bahá, in *Bahá’í Prayers: A Selection of Prayers Revealed by Bahá’u’lláh, the Báb, and ‘Abdu’l-Bahá* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 2002, 2017 printing), pp. 246–47.
3. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2010, 2015 printing), no. 225.9, p. 394.
4. ‘Abdu’l-Bahá, cited in a letter dated 11 April 1985 written on behalf of the Universal House of Justice to an individual, published in *Messages from the Universal House of Justice, 1963–1986: The Third Epoch of the Formative Age* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 1996), no. 426.3a, p. 665.
5. ‘Abdu’l-Bahá, in *Bahá’í Prayers*, p. 248.
6. Bahá’u’lláh, cited in the Riḍván 1982 message to the Bahá’ís of the world, published in *Messages from the Universal House of Justice, 1963–1986*, no. 321.5a, p. 538.
7. From a message dated 25 May 1975 written by the Universal House of Justice to all National Spiritual Assemblies, *ibid.*, no. 162.34, p. 310.
8. From a message dated 1 July 2013 written to the participants in the forthcoming 114 youth conferences throughout the world, published in *Framework for Action: Selected Messages of the Universal House of Justice and Supplementary Material, 2006–2016* (West Palm Beach: Palabra Publications, 2017), no. 27.3, p. 176.
9. From a message dated 10 June 1966 written to the Bahá’í youth in every land, published in *Messages from the Universal House of Justice, 1963–1986*, no. 37.2, p. 92.
10. From a letter dated 23 February 1995 written on behalf of the Universal House of Justice to selected National Spiritual Assemblies.
11. From a message dated 29 December 2015 written to the Conference of the Continental Boards of Counsellors, published in *Framework for Action*, no. 35.39, p. 226.
12. From a letter dated 23 April 2013 written on behalf of the Universal House of Justice to a National Spiritual Assembly, *ibid.*, no. 52.3, p. 296.
13. From a letter dated 19 April 2013 written on behalf of the Universal House of Justice to a small group of individuals, *ibid.*, no. 51.9, p. 293.
14. From a message dated 12 December 2011 written by the Universal House of Justice to all National Spiritual Assemblies, *ibid.*, no. 20.21, p. 138.
15. *Gleanings from the Writings of Bahá’u’lláh* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 1983, 2017 printing), CXXXVII, par. 4, p. 338.

16. From a letter dated 8 December 1923 written by Shoghi Effendi to a Bahá’í community, in “Trustworthiness: A Cardinal Bahá’í Virtue”, compiled by the Research Department of the Universal House of Justice, published in *The Compilation of Compilations* (Maryborough: Bahá’í Publications Australia, 1991), vol. 2, no. 2075, p. 345.
17. ‘Abdu’l-Bahá in *London: Addresses and Notes of Conversations* (London: Bahá’í Publishing Trust, 1987), p. 66.
18. *Gleanings from the Writings of Bahá’u’lláh*, XXIX, par. 1, p. 78.
19. Bahá’u’lláh, in “Trustworthiness”, published in *The Compilation of Compilations*, vol. 2, no. 2032, p. 332.
20. ‘Abdu’l-Bahá, *The Secret of Divine Civilization* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2007, 2016 printing), par. 5, p. 5.
21. Ibid., par. 6, p. 6.
22. *Gleanings from the Writings of Bahá’u’lláh*, XLIII, par. 4, p. 105.
23. Ibid., CXXVI, par. 2, p. 306.
24. Bahá’u’lláh, cited by Shoghi Effendi, *The Advent of Divine Justice* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 2006, 2018 printing), par. 48, p. 47.
25. *Gleanings from the Writings of Bahá’u’lláh*, LX, par. 3, p. 133.
26. Bahá’u’lláh, cited by Shoghi Effendi, *The Advent of Divine Justice*, par. 39, p. 34.
27. Ibid., par. 39, pp. 34–35.
28. *Tablets of Abdul-Baha Abbas* (New York: Bahá’í Publishing Committee, 1915, 1940 printing), vol. 2, p. 436. (authorized translation)
29. *Gleanings from the Writings of Bahá’u’lláh*, CXLIII, par. 3, p. 354.
30. Ibid., LXX, par. 1, p. 154.
31. ‘Abdu’l-Bahá, in *Some Answered Questions* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2014, 2016 printing), no. 10.8, p. 58.
32. From a talk given on 17 November 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace: Talks Delivered by ‘Abdu’l-Bahá during His Visit to the United States and Canada in 1912* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2012), par. 4, p. 618.
33. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 29 August 1912, ibid., par. 4, p. 405.
34. Bahá’u’lláh, *The Hidden Words* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 2003, 2012 printing), Persian no. 6, p. 24.

35. *Will and Testament of ‘Abdu’l-Bahá* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 1944, 2013 printing), pp. 26–27.
36. *The Hidden Words*, Persian no. 49, p. 39.
37. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 10.2, pp. 41–42.
38. The Báb, cited in *The Dawn-Breakers: Nabil’s Narrative of the Early Days of the Bahá’í Revelation* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 1932, 2018 printing), p. 93.
39. *Will and Testament of ‘Abdu’l-Bahá*, pp. 27–28.
40. From a talk given on 17 November 1911, published in *Paris Talks: Addresses Given by ‘Abdu’l-Bahá in 1911* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2006, 2016 printing), no. 49.17, pp. 199–200.
41. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 1 September 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 7, p. 417.
42. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 105.2, p. 186.
43. From a letter dated 17 February 1933 written on behalf of Shoghi Effendi to an individual, in *Social Action: A Compilation Prepared by the Research Department of the Universal House of Justice* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 2020), no. 90, p. 44.
44. From a message dated April 1955 written by Shoghi Effendi, published in *Messages to the Bahá’í World, 1950–1957* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 1971, 1999 printing), p. 76.
45. From a letter dated 4 May 1953 written by Shoghi Effendi, *ibid.*, p. 155.
46. From a message dated 1 July 2013 written by the Universal House of Justice to the participants in the forthcoming 114 youth conferences throughout the world, published in *Framework for Action*, no. 27.2, p. 175.
47. *Ibid.*, no. 27.6, p. 177.
48. From a message dated 8 February 2013 written by the Universal House of Justice to the Bahá’ís of the world, *ibid.*, no. 22.4, p. 147.
49. From a message dated 8 January 2000 written to the friends gathered at the youth congress in Paraguay, published in *Turning Point: Selected Messages of the Universal House of Justice and Supplementary Material, 1996–2006* (West Palm Beach: Palabra Publications, 2006), no. 20.3–4, pp. 123–24.
50. Shoghi Effendi, *God Passes By* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 1974, 2019 printing), pp. 4–6.

51. From a message dated 1 July 2013 written by the Universal House of Justice to the participants in the forthcoming 114 youth conferences throughout the world, published in *Framework for Action*, no. 27.1, p. 175.
52. From a message dated 10 June 1966 written to the Bahá’í youth in every land, published in *Messages from the Universal House of Justice, 1963–1986*, no. 37.1, p. 92.
53. From a message dated 3 January 1984 written by the Universal House of Justice to the Bahá’í youth of the world, *ibid.*, no. 386.6, p. 616.
54. *The Call of the Divine Beloved: Selected Mystical Works of Bahá’u’lláh* (Haifa: Bahá’í World Centre, 2018), no. 2.76 p. 46.
55. *The Hidden Words*, Persian no. 14, p. 26.
56. *Tablets of Bahá’u’lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 1988, 2005 printing), no. 14.4, pp. 207–8.
57. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 35.7, pp. 103–4.
58. *Tablets of Abdul-Baha Abbas* (New York: Bahá’í Publishing Committee, 1909, 1930 printing), vol. 1, p. 182.



# Zera re Vimbiso

Chinangwa

Kuongorora nezve kwekanisiro dzakadzama  
dzevachidiki vari pakati pemakore gumi nemaviri negumi neshanu  
      uye kunzwisia kukosha kwekuvagadzirira  
mamiriro ezvinhu akakodzerana nekusimudzirwa kwavo kwepamweya



## CHIKAMU 1

Muchitsauko chapfuura, takakurukura pamusoro pedzimwe tsika dzinosiyanisa vechidiki vabva zera. Chinangwa chechitsauko chino ndecekufungisisa pamusoro pemasimba makuru evechidiki vasati vabva zera uye zviitiko zvinoumba hupenyu hwavo. Pfungwa dzamuchaongorora muchitsauko chino dzakaumbiridzwa zvishoma nezvishoma kubudikidza neruzivo rwakabva mumakumi emakore akapfuura. Zvikwanisiro zvakakosha zvingadiwa nememazera ari pakati pemakore gumi nemaviri kusvika gumi nemashanu zvakacherechedzwa nemusha wechiBahá'í. Kubva pakutanga kuyedza kupa dzidziso kumazera aya uye mitevedzanwa yemabasa ekuyedza kubudisa pachena kwanisiro yavo uye kunanganisa masimba avo ari kusimukira, mukuitwa kweizvi ndimo makanyuka zvishoma nezvishoma chirongwa chekusimudzira masimba epamweya evechidiki vasati vabva zera chatiri kuongorora mubhuku rino. Mungange muine ruzivo rwechirongwa ichi, kuburikidza nekunge makambopinda machiri pachenyu pazera reupwere, ukashandidzana neimwe yeshamwari yako muchiita pamwechete nechikwata chevechidiki vasati vabva zera, kana, muchikwata chevamwe, mukashanyira vaberekumusha kana munharaundera muchiita hurukuro maringe nezvakanangana uye madingindira echirongwa. Magwaro amuri kunzvera panguva ino akanangana nekukubatsira kuti uzvipire pakutanga makore matatu anotevera, asi kunyangae akawanda, munzira iyi yakakosha yekupa shandiro, zvichiva zvinokugonesa kuti ubatsire nhengo zhini dzechikwata chizere nevimbiso pakuyambuka pazera rakakosha muuhupenyu hwavo.

Maringe nechirongwa chekusimudzira masimba epamweya evechidiki vasati vabva zera, Imba yeHutongi Hwakayenzana yePasirose yakanyora:

**“Kupararira zvine mutsindo kwechirongwa chekusimudzira masimba epamweya evechidiki vasati vabva zera chiratidzo chimwe chekuvandudzika kwetsika nemagariro munharaundera dzechibahá’í. Apo zviitiko zvezhivinozvino zviri kuitika pasi rose zvichiburitsa chimiro chevechidiki vezera iri sedambudziko, kurasikira mumatambudziko anoshaisa rugare pakushanduka kwemuviri uye manzwiro epanyama, vasingateereri uye vanonyura mumifungo yeumbimbindoga, mumusha wechiBahá’í—mutauro unoshandiswa uye maitiro avanotoredzera—vari kufamba vakanangana neimwe nzira, vachiona hwushingi mune vechidiki vasati vabva zera, pfungwa yakapinza ine ruenzaniso, chidokwadokwa chekuda kudzidza pamusoro pekunzwisa mamiriro epasi rino uye nechishuwo chekubatsira mukuumbwa kwenyika iri nane. Nhaurwa enhaurwa, munyika dzepasi rose maringe nevechidiki vasati vabva zera dzinopupura mafungiro avo senhengo dziri muchirongwa, zvichipupura chokwadi chiri pamuono wepamberi uyu. Zviri pachena kuti chirongwa chiri kuvabatsira kuvandudza mafungiro avo pamusoro peongororo yemamiriro ezvinhu inovabatsira kudzamisa pfungwa maringe nemasimba ari kuwanikwa mumagariro anoumba kana kuondomora uye kuti vanzwisise uchidziro unouya yakananga mafungiro nemaitiro avo, kuumbiridza muono wavo wepamweya, kusimudzira masimba ekutura uye kusimbisa zvimirosa zvetsika zvinozovabatsira muhupenyu hwavo hwese. Panguva yekuvandudzika kwemafungiro, masimba epamweya neenyama anoumbika mavari, vanopiwa zvikwanisiro zvingadikanwa pakukunda masimba anovatorera chimiro chavo chechokwadi chevanhu vakarurama uye mukushandira zvakanakira ruzhinji.”**

Dzimwe dzepfungwa nemazano mazhinji akataurwa neImba yeHutongi Hwakaenzana mundima iri pamusoro ndizvo zvakanyanya kutariswa nechitsauko chino chekudzidza, uye pamuchaenderera mberi, pachava nejekeso yakadzama mupfungwa dzenyu. Panguva ino mungangoda kupindura mibvunzo inotevera:

1. Ndeupi muono uri kipiwa maringe nemazera evedhidiki vasati vabva zera kuburikidza nezviitiko zvechizvinozvino zviri kuitika pasi rose?

---

---

Neimwe nzira, musha wechiBahá'i unoona chii, maringe neboka rezera iri?

---

---

2. Kubudikidza nekuvandudza udzamu hwemafungiro evedhidiki vasati vabva zera pakuongorora mamiriro echokwadi chezvinhu, chirongwa chekusimbaradza mweya yavo chingavabatsire sei?

---

---

---

Zvikwanisiro zvinowanikwa nevedhidiki vasati vabva zera kuburikidza nechirongwa zvinovabatsira kuti vaite sei?

---

---

3. Sei muchifunga kuti vechidiki vezera riri pakati pemakore gumi nemaviri negumi nemashanu vanomirira boka rakakosha seiri?

---

---

---

4. Maringe nezviri pamusoro, uye kufungisia pamusoro pevedhidiki vashoma vasati vabva zera vamurikutoziva nechekare, munokwanisa here kudoma zvime zvezvimwe zvinodikanwa zvakanangana nezvizvarwa zvechedidki ava?

---

---

---

5. Ndezvipi zvinokukurudzira kuti upinde munzira iyi yekupa shandiro?

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 2

Bahá'u'lláh anotidzidzisa kuti munhu anosvika pamavambo ekutanga kuyaruka pazera remakore gumi nemashanu, apo mitemo yakaita seiyo inoshandidzana nemunamato unokomekedzwa uye kutsanya inotanga kumubata. Tichizviongorora nemuono uyu, makore mashoma mushure mezera iri anoratidza kukosha kune udzamu. Munguva yemakore mashoma aya ndimo munoitika kuyambuka kubva muhupwere kupinda mukuyaruka. Pakarepo uye nekuchimbidza shanduko iyi inodyidzana neshanduko—epanyama, pfungwa, uye manzwiro epanyama—zvinoumbiridza hunhu nenzira dzakasiyana-siyana.

Pamakore gumi nemaviri, zviratidzo zvokubva zera zvinotanga kubuda pachena. Vechidiki vazhinji vanowedzera kukura zvakanyanya panyama pamakore matatu kusvika mana anotevera kudarika rimwe ripi zvaro danho rehupenyu hwawo. Vanowedzera kureba uye huremu hwemuviri uye votanga kuita shanduko mumafambiro eropa (hormonal changes). Vakomana vanoita inzwi gobvu, uye vasikana vanotanga kuumbika chimiro chemadzimai madiki. Vose vanopfuura nemukuputudza (puberty), vova nemuviri unokwanisa kubereka vana.

Shanduko dzinoitika pamuviri wemunhu uye manzwiro epanyama munguva iyi dzine hukama. Kufaranuka nekuda kwekunyuka kwemasimba matsva uye kudokwaira kumashandisa zvinofambidzana nekusvoda, kusagadzikana, uye manzwiro ekushushikana. Manzwiro epanyama aya anokwanisa kusimudza unhu hunopikisana. Mumwe anogona kuita seaanonyara, asi dzimwe nguva oita seanoda zvekutura chaizvo, anogona kuratidza kuda kusiwa ari ega, asi achidawo futi vanhu pedyo naye; anogona kuva nehushingi hwakanyanya pane dzimwe nguva asi ova anotya pane imwewo nguva. Kusimukira kwekufungisisa pamusoro pezvipo (talents) zvemunhu nezvaanogona kunotanga kubuda pachena zvishoma nezvishoma, sekewedzerawo kunoita mafungiro ane udzamu ekuziva chinangwa chake munyika, kunyanya mumamiriro eukama hwake nevanin'ina uye vechikuru. Maonerwo anoitwa chimiro chake nevamwe vanhu uye mafungiro avo kupfungwa dzake zvinomukoshera.

Mukuenderera mberi, mukati memakore mashoma tisati tasvika pamakore gumi nemashanu, pfungwa dzakakosha maererano nehupenyu hwedungamunhu uye hweruzhinji dzinotanga kuumbika mupfungwa dzedu. Kwanisiro yedu yekuita ongororo inosimbarara, uye tinogona kutanga kuva nemibvunzo pane zvatakadzidzisva uye kuona pfungwa dzinopokana dziri munyika yakati komberedza idzo dzisina kumbenge dzacherechedzwa. Tinenge tisisangoda kutevedzera tisina kufunga kuita maitiro evakuru sezzataimboita kare. Munguva iyi yeshanduko munhu anogara achitsvaga mhinduro kumibvunzo, kazhinji yakadzama, uye kuziva kutsva kunovandudzika nekukasika.

Kuti vechidiki vagone kubatsirika mukushandisa zvine pundutso masimba avo ari kunyuka, zvakakosha kurega kuvabata nemutowo unorerekera, neimwe nzira, kurebesa hupwere hwawo uye, neimwe kuvakurudzira kuti vatevedzere chimiro chehunhu hwechikuru uhwo humoratidza manyepo nenzira dzakawanda, ichi chitiko muzuva ranhasi, zvisinei, chiru kudzika midzi munharaunda zhiji. ‘Abdu’l-Bahá anobuditsa:

**“Mushure mechinguva anopinda munguva yekubva zera, umo zvaakanga ari uye zvaaida zvinotsiviwa nezvimwe zvitsva zvinodiwa kushandiswa mukuvandudza danho reruzivo rwake. Masimba ake ekuita ongororo anotambanuka uye anowedzera kudzama; Kwanisiro yeruzvivo rwake rwenjere inodzidzisva uye**

**kumutsiridzwa; miganhu uye zvaiitika munharaunda yavakakurira hazvichadzivisi masimba nebuldiriro yake.”**

Kuti muvandudze nzwisiso yenu maererano nemdusiyano uripo pakati pemakore ehupwere nenguva yekubva zera, kurukurai mibvunzo inotevera muchikwata chenyu:

1. Zvinorevei kuti masimba ekuita ongororo anotambanudzika uye anowedzera kudzama? Unokwanisa here kunyatsotsanangura maonero ako uchipa mienzaniso mishoma?

---

---

---

2. Kwanisiro dzemafungiro dzevechidiki vasati vabva zera dzakasiyana zvakadii neidzo dzepwere?

---

---

---

3. Ndeipi imwe miganhu yehupwere isingachakwanisi kudzivisa masimba evedhidiki vasati vabva zera?

---

---

---

### CHIKAMU 3

Munhu ega ega pachake anofanirwa kuwana mhando yefundo uye kuumbiridzwa mumakore mashoma ari pasi pegumi nemashanu izvo zvinozoita kuti tsika dzaanadzo munguva yekuyaruka dzibude pachena. Kudiwa kwedzidzo yakaite seiyi kunova kunojeka zvakanyanya kana pakacherechedzwa kuti, pazera rekusvika makore gumi nemashanu, gwara remamwe mafungiro mazhinji uye maitiro edungamunhu zvinenge zvatogadziriswa. Sekutsanangura kwakaita ‘Abdu’l-Bahá,

**“Zvakaoma zvikuru kudzidzisa munhu nekunatsurudza hunhu hwake kana achinge adarika nguva yekuputudza. Panguva iyoyo, sezvinoratidzwa neruzivo rwunobva mukuita, kunyangwe kuedza kwose kukaiswa pakugadziridza mamwe maitiro ake, zvose izvi hazvibatsiri. Anogona, zvichida, kuvandudzika zvishoma nhasi; asi pakapera mazuva mashoma anokanganwa, uye otendeukira kuchimiro chetsika nenzira dzekare dzaakajaira.”<sup>3</sup>**

Makambosangana neinzwi rekuti “kuyaruka”, iro rinowanzoshandisa zvakareruka kana tichitarisa vechidiki vari pazera rekubva pamakore gumi nemaviri kusvika pamakore gumi nemasere. Dzimwe dzenguva manzwi ekuti “kutanga kuyaruka” anoshandisa kudoma avo vari muzera ratinowanzodaizda kuti “vechidiki vasati vabva zera”. Pari zvino hatisi kuda kunyanya kutarisia mashandisirwo anoitwa manzwi akasiyana-siyana anotsanangudza vechidiki vari pakati pezera remakore gumi nemaviri negumi nemashanu. Pakufunga nezvemakoshero edzidzo panguva yekuyaruka, sarudza kuti zvirevo zvinotevera ndezvechokwadi here:

- \_\_\_\_ Kunyangwe fundo yakakodzera ikashaikwa muhupwere, umbiridzo yakafanira munguva yekuyaruka inogona kubatsira kugadzirisa tsika dzisingadiwi dzakamboumbika pekutanga.
- \_\_\_\_ Avo chete vakawana dzidziso yemweya netsika muhupwere hwavo ndivo vanokwanisa kuvandudza kukwanisa kwavo zvakakwana.
- \_\_\_\_ Pasina dzidziso yakafanira uye ruchenetedzo munguva yekuyaruka, munhu anogona kurasika, kunyangwe muhupwere hwake hwose aiwana fundo yetsika nemweya.
- \_\_\_\_ Munguva yekuyaruka ndimo umo vanhu vanotanga kunanganisa hupenyu hwavo nemasimba anosimudzira magariro kana kuregedza vachikurirwa nemasimba ekuputsika kwemagariro.

## CHIKAMU 4

Kusimukira kwekufungisisa zvine udzamu munguva yekuyaruka kunokwanisa kunanganisa pachimwe chezvinangwa zviviri zvinotevera: kunangana nekuzvipira kuChido chaMwari uye mukupa shandiro ine kuzvipira kurudzi rwemunhu kana kuzviisa muusungwa mutorongo reumbimbbindoga nezvido zvepanyama. ‘Abdu’l-Bahá anojekesa:

**“Chihu chimwe nechimwe chakasikwa chinobva muhuchenjeri hwaMwari, sezvo mukusika kwaMwari hamuna chinokanganisika. Asi, hunhu hwemunhu hauna chekuita nekugara nekusingaperi. Hunhu hwemunhu ndicho chishongo chinokwanisa kushandurika chakananga chero divi. Kana akawana tsika dzinoyemurika, ndidzo dzinosimbaradza munhu pachake uye kuburitsa pachena masimba ake akavanzika; asi akawana kukanganisika, runako nekuzvideredza kwemunhu pachake kunorasika maari uye hunhu hwaakapihwa naMwari hunovhiringidza muhuipi huri muhumbimbbindoga hwake.”<sup>4</sup>**

Tinorarama munguva iyo tsika yakasimba yekuda zvenyama iri kupinda zvakanyanya mumararamiro evanhu. Kuwedzera mukubatikana zvakanyanya pazvidu zvehumbimbbindoga uhwo hwadzika midzi mutsika iyi iri kuenderera hunotiunzira matambudziko mazhinji apo tinoedza kubatsira vechidiki mukuvandudza kukwanisa kwavo, kunyangwe kuedza kwechokwadi kukatsvaga kubatsira vechidiki kuburitsa kugona kwavo uye kunanganisa masimba avo kune zvakanaka zvinogona kuvhiringidzwa nekuchidziro iyo inobva mumaonero epanyama atekeshera. Dambudziko iri rakaoma. Maitiro epasi anhasi ari kushaisa vanhu vakawanda hushingi

hunodiwa pakurarama hupenyu hune chinangwa; nokudaro, kuva nekuzvivimba mukusimbarara kwetsika dzehuMwari inova nyaya inofanirwa kugadziriswa. Inovharidzira kudanwa zvepamusoro kwevanhu, nokudaro, kuburitswa pachena kwezvishuwo zvepamusoro kunova chinangwa chakakosha. Kunokonzerza kusaziva kuruzhinji maererano nehupenyu hwemweya; nokudaro, kuziva kwanisiro yemunhu yechokwadi zvinokodzera kuongororwa. Asi, zviitiko zvinokurudzira humbimbindoga hazvigadzirisi mamiriro ezvinhu. Zvinonyanya kuitika ndezvekuti, mukuedza kunzwisia zvauri pachako, kuziva chinangwa chako, uye kuzvivimba, zviitiko zvakadai zvinopembedza dungamunhu uye zvokurudzira kuzvida. Dambudziko ratinaro ndere kuumbiridza kugamuchirika kwehunhu hwepamweya mune vechidiki, kuti mwoyo yavo minyoro igova yakamutswa nekukwezverwa kuRunako rwePamusoro-soro (Most Great Beauty) uye yonangana kupfungwa huru yekuzvikangamwa pakupa shandiro kurudzi rwemunhu. Kuedza kwedu kutarisa fundo inodiwa kwedanho iri rekutanga-tanga pakuumbika muupenyu hwavo kunofanirwa kudzivirira humbimbindoga hwemunhu kuti husanyanye kusimukira. Kutti tikwanise kuoongorora mamiriro edambudziko iri, munokumbirwa, muzvikamu zvinotevera kuti mufungisise pamusoro pedzimwe ndima dzinobva muzvinyorwa zvakanangana nehumbindoga. Nokudaro, chekutanga, mungangoona zvichikubatsirai kuti mukurukure muchikwata chenyu zvinorehwa nechirevo chekuti “kunyanya kusimukira kwehumbimbindoga”. Munhu angava sei nechokwadi chekuti shandiro haizovi nzvimbo iyo humbimbindoga hunowana kurudziro?

## CHIKAMU 5

Chikwata chekutanga chezvinyorwa zviri pazasi chine chekuita nepfungwa dze“dungamunhu”(individuality) idzo dzinofadza Mwari uye dzichifanirwa kuumbwa:

**“Nhai varanda Vangu! Mungakwanisa here kuona zvishamiso zvezvipo Zvangu uye makomborero andakavimbisa kumweya yenu, maizova, pachokwadi, mozvibvisa pakubatirira pazvisikwa zvose, uye mowana ruzivo rwechimiro chenyu chechokwadi—ruzivo rwakafanana nenzwisiso yeHuvepo Hwangu. Maizowana kusununguka kubva kune zvese Kunze Kwangu, uye kuti mugokwanisa kuona neziso renyu remukati nere kunze, uye sekubuda pachena semuzvakazarurwa zveZita Rangu rinobwinya, mumakungwa erudo Rwangu rwune tsisi uye makomborero amuri kufamba nawo mamuri.”<sup>5</sup>**

**“Kure, kure nekubwinya Kwenyu ngazvive zvinopupurwa pamusoro Penyu nemunhu anoparara, kana kuva chimiro chinopiwa kwaMuri, kana rumbidzo yaanokwanisa kuKupai mbiri nayo! Kana janha ripi zvaro ramakakomekedza kuvaranda Venyu rekusimukira kuenda kuhukuru Hwenyu uye kurumbidza kungangova mubayiro wenyasha Dzenyu kwavari, kuitira kuti vangagoneswa kukwira kusvika pachinhando chavakapihwa chehunhu huri mavari, chinhando icho cheruzivo rwavo pachavo.”<sup>6</sup>**

**“Taráz yokutanga uye kubwinya kwekutanga kwemambakwedza kwakabva mujenga-chenga reMother Book ndeyekuti munhu azvizive pachake uye kucherechedza izvo zvinomutungamirira mukuziva zvepamusoro-soro kana zvakashoreka, rukudzo kana kuderedzwa, hupfumi kana hurombo.”<sup>7</sup>**

**“Nhai Mwanakomana weMweya! Ndakakusika uri mupfumi, ko sei uchizvidzikisira kuhurombo? Nokuremekedzeka Ndakakugadzira, chaunozvideredzera chii? Kubva patsime reruzivo ndakakupa hunhu, sei uchitsvaga dzidziso kubva kune umwe asiri Ini? Kubva muvhу rerudo ndakakuumba, ko uri mubishi sei pane umwe? Tendeudzira meso ako kwauri, kuitira kuti ungango Ndiwana ndakamira mauri, nehukuru, simba uye kuzviraramisa.”<sup>8</sup>**

Zadzisa mitsara inotevera zvichienderana nezvinyorwa zviripamusoro:

- a. Mungakwanisa here kuona zvishamiso zvezvipo Zvangu uye makomborero  
andakavimbisa kumweya yenu, \_\_\_\_\_,  
\_\_\_\_\_,  
\_\_\_\_\_.  
uye\_\_\_\_\_.
- b. Maizowana kusununguka\_\_\_\_\_, uye  
kuti mugokwanisa kuona neziso renyu remukati nere kunze,  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_.
- c. Kana janha ripi zvaro ramakakomedza kuvaranda Venyu rekusimukira kuenda  
kuhukuru Hwenyu uye kurumbidza kungangova mubayiro wenyasha Dzenyu  
kwavari, kuitira kuti \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_.  
\_\_\_\_\_.
- d. Munhu anofanira kuzviziva pachake uye kucherechedza izvo zvinomutungamirira  
\_\_\_\_\_  
kana \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_  
kana \_\_\_\_\_,  
\_\_\_\_\_  
kana \_\_\_\_\_.

Zvinyorwa zviripamusoro zvese zvakananga kuchokwadi chezvedu uye kukosha kwekunzwisia mamiriro acho. Tinofanira kuziva, nokudaro, kuti ruzivo rweruremekedzo rwedu harutungamirire pakuzvikudza asi pakuzvininipisa pamberi paMwari neveranda Vake. Kurukurai muchikwata chenyu kuti ruzivo rwedu pachedu rwechokwadi rwunotibatsira sei mukushingaira kurwisa kuzvitutumadza.

## CHIKAMU 6

Chikwata chepiri chezvinyorwa chinopa yambiro pamusoro pekuzvifadza iwe pachako:

**“Mweya wese usina kururama unongozvifunga iwo-pachawo uye unongofunga zvakaunakira chete”<sup>9</sup>.**

**“Asi kana akaratidza kachidimbu kehavi yezvido zvake uye kuzvida-pachake, kuedza kwake kuchashaya pundutso uye achaparadzwa osiiwa asisina tariro pekupedzisira”<sup>10</sup>**

**“Kunyanya avo vanoshuvira kusunungurwa kubva pakuzvitutumadza. Tsika iyi, inova kuzvida, yakava inoparadza vanhu vakakosha vakawanda pasi rose. Munhu akava anotakura tsika dzese dzinoyemurika asi ova nekuzvida, naizvozvo tsika dzose idzi uye maitiro akanaka anovharidzirwa, uye kushandurwa kuzova muhiupi hwakanyanya.”<sup>11</sup>**

**“Kushaya tariro, parizvino nenguva inotevera, ndizvo zvega zvaunowana kubva pakuzvitutumadza; kurasika uye kutambudzika ndizvo zvese zvamunokohwa kubva pakubatirira papfungwa dzenyu, kubva pakuterera mbwende nevasina njere”<sup>12</sup>**

**“Nhasi, vanhu vese pasi rino vari kupinda mukufadza zvideo-zvavo pachavo uye vari kuedza kuisa simba uye kushingirira kusimudzira zvideo zvavo zvepanyama. Vari kuzvinamata pachavo kwete chokwadi chaMwari, kana nyika yerudzi rwevanhu.”<sup>13</sup>**

**“Miyedzo iyi, kunyange sezvamakanyora, inoita asi kuti ichenese ruvara rwekuzvida kwenyu kuti rwubve pachiringiro chemoyo, kusvikira Zuva reChokwadi razokwanisa kuburitsa chiedza ipapo; sezvo pasina mambure anodzimaidza kupfuura kuzvida, zvisinei nekuti mambure acho akatetepa zvakadii, pakupedzisira anogumisira amuvharidzira zvachose, uye ozvinyimisa chidimbu chake chenyasha dzisina magumo.”<sup>14</sup>**

**“Tarirai mavhenekero anoita zuva pazvisikwa zvose, asi nzvimbo dzakachena chete uye dzakakwenenzverwa dzinogona kuratidzira kubwinya kwaro nechiedza. Mweya iyo yakasviba haina chidimbu chezvakazarurwa zvembiri yekubwinya kwechokwadi; uye ivhu rekuzvitutumadza, richakundikana kutora mukana wechiedza ichi, harizoburitse zviberek.”<sup>15</sup>**

**“Wakaderedzeka sei mweya uyo unowana mufaro murima iri, wakabatikana pachawo, usungwa hwekuzvitutumadza uye kuzvida, uchiumburuka mumatope enyika ino yezvenyama!”<sup>16</sup>**

“Kuzvifunga”, “kuzvida”, “kuzvinamata”, “kuzvitutumadza”, ‘kusazvidzora muzvido zvedu’, uye “husungwa hwekuzvitutumadza nekuzvida”, zvinopa kusimuka kwemamiriro anotadzisa hunhu hwedu pachedu hwatakapihwa naMwari. Tichitarisa ndima dziri pamusoro, tsanangura nemitsara mishoma kuti kubatikana nekuzvifunga kunomisa sei kukura kwemweya yedu nekukura kwetsika uye inoderedza budiriro yeshandiro.

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 7

Chitsama chechitatu chezvinyorwa chinomirira kachidimbu kezvinobuditswa nerairo zhinji inowanikwa muzvinyorwa pakukwanisa kudzivirira kusimukira kwehumbimbindoga:

**“Muzuva ranhasi makomborero eHumambo hweAbhá ane avo vasingazvikoshesi pachavo, vanokanganwa maonero avo vega, vosendeka parutivi hunhu hwavo uye vachifunga nezvekugara kwakanaka kwevamwe. Ani nani anenge azvikanganwa achawana nyika nevagari vayo. Ani nani anoita bishi nezvido zvake achadzungaira mugwenga rekushaya hanya uye kudemba. Svumbunuro huru yekuzvinzwisia-pachako kuzvikangamwa-pachako. Nzira inosvika kumuzinda wehupenyu kufamba negwara rekuzvikanganwa.”<sup>17</sup>**

**“Akatizadza nesimba rekupinda muchokwadi chemamiriro ezvinhu, asi tinofanira kuzvikanganwa-pachedu, tinofanira kuva nemweya yakachena, zvinangwa zvakachena, uye kushingaira kwemwoyo uye nemweya apo tirimunyika yepanyama kuti tizowana kubwinya kusina magumo.”<sup>18</sup>**

**“Naizvozvo mambure ekusarurama kwako anofanirwa kupiswa nemoto werudo, kuti mweya ugova wakacheneswa nekunatsurudzwa, naizvozvo unozokwanisa kunzwisia chinhando cheUyo kuburikidza Naye nyika hayaizenge yakasikwa.”<sup>19</sup> “Siyai pfungwa dzose dzehundini, uye motsungurira chete mukuterera nekuzvipira kuChido chaMwari. Nenzira iyi chete tichava vagari muHumambo hwaMwari, nekuwana hupenyu husingaperi.”<sup>20</sup>**

**“Itai zvose zvamunokwanisa kuti muve makazadzwa nekuzvikanganwa, uye mozvibatanidza kuChiso cheRunako; zvekare kana tasvika pachinhanho chakadaro chekuva nehursta mukupa shandiro, muchawana, gungano pasi pemimvuri yenu, zvinhu zvose zvakasikwa. Idzi ndidzo nyasha dzisina magumo; Ichi ndicho chinhando chepamusoro-soro cherusununguko; Uhwu ndihwo hupenyu husingaparari. Zvimwe zvose kunze kweizvi zvichaonekwa zvichiparara nekurasikirwa kukuru.”<sup>22</sup>**

**“Ngatisendekei parutivi mifungo yose yehundini; ngativharei maziso edu kuzvinhu zvose zvepasi pano, ngatisashambadzei kutambudzika kwedu kana kugunun`una pane zvatinokanganisa. Asi ngativei vanozvikanganwa isu pachedu, uye tichimwa zvakadzika waini yenyasha dzedenga, ngatidaidzirei mufaro wedu, uye kuzvirasira murunako rweUyo aneKubwinya-Kwose.”<sup>23</sup>**

**“Nhai vanhu vepasi rino! Musatevere zvinokuchidzira humbimbindoga, sezvo zvichikurudzira zvakanyanya huipi neruchiva; asi, teverai, Uyo Anova Muridzi wezvisikwa zvose, Uyo anokukomekedzai kuti muratidze pachena huMwari, uye nekuburitsa pachena kutyा Mwari”<sup>24</sup>**

Maitiro akapiwa mundima dziri pamusoro anoratidza pachena kusatsigira humbimbindoga uye chijairira chekugutsa zvideo-zvako sezviri kuonekwa munharaunda zhini dzanhasi. Doma kubva mundima idzi mamwe emaitiro akanangana nehumbimbindoga atinofanira kuumba. Pane mienzaniso miviri yakapiwa kuti ikubatsirei.

- Tinofanirwa kudzidza kusazvikoshesa pachedu, kukangamwa maonero edu tega, tosendeka parutivi hunhu hwedu uye tichifunga nezvekugara kwakanaka kwevamwe.
  - Tinofanira kudzidzira kuzvikanganwa-pachedu
- 

- Tinofanira kudzidzira \_\_\_\_\_
- 

Kurukurai muchikwata chenyu kuti maitiro amadoma anobatsiri sei pakuvandudza hunhu wepamusoro-soro uye kushongedza zviito zvekupa shandiro nemaitiro ane mutsindo.

## **CHIKAMU 8**

Pakupedzisira, manzwi anotevera a ‘Abdu’l-Bahá anotirangaridza nezvekudyidzana kuri pakati pekuvipira-pachako uye kwanisiro yekutora jana pakuvandudza kwemagariro:

**“Ruzhinji rwevanhu rwakazadzwa nehumbindoga uye havi dzevpanyika, vakanyura mugungwa rekuzvidzikisira kwePasi pano uye muhutapwa hwennyika yakasikwa, kunze kwe iyo mweya yakasunungurwa kubva pangetani dzevisungo zvePanyama uye, vakafanana neshiri dzino kurumidza-kubhururuka, dzichiburukira mudenga iri risina muganhu. Vakachangamuka uye vane hushingi, vanovenga rima renyika yekusikwa, zvishuwo zvavo zvePamusoso-soro zvakanganana nekubviswa kwematambudziko pakati pevanhu, kuenderera mberi kwekubwinya kwepamweya nerudo rwedenga rekumusoro, kushandisa kwemutsa mukuru pakati pevanhu, kucherechedza kwekudyidzana kwakasimba pakati pevitendero uye kuzadzikisira kwefungwa yekuzvipirapachedu. Nokudaro nyika yerudzi rwevanhu ichashandurwa kuva Humambo hwaMwari.”<sup>25</sup>**

**“Nhai mauto aMwari! Muzuva ranhasi, Munyika ino, vanhu vese vari kudzungaira mugwenga rokurasika kwavo, vachifamba apo neapo mugwara rezrido zvinopera uye havi dzepanyama, vachitevera chero zvavavada zvinovafadza kwenguva pfupi. Mukati meruzhinji rwose rwePasi pano, nharaunda ino chete yeZita Guru ndiyo yakasununguka uye yakacheneswa kubva kuhrongwa hwevanhu uye haina chinangwa chekusimudzira hudyire. Ivo chete pane vamwe vese, vanhu ava vasimuka nezvinangwa zvakacheneswa kubva pahumbimbida, vachitevedzera dzidziso dzaMwari, vaine chidokwadokwa chakanyanya chekushanda nekutsungirira pachinangwa chimwechete: kushandura huruva iyi kuva denga rekumusoro, kushandura pasi rino kuti rive chiringiro cheHumambo, kushandura nyika ino kuti ive yakasiyana, uye kusakisa kuti rudzi rwose rwemunhu rwutevedze nzira yekururama uye nemararamiro matsva.”<sup>26</sup>**

**“Nhai imi vadikani vaMwari! Munguva ino yeBahá’í (dispensation), Rudaviro rwaMwari mweya wakachena. Rudaviro Rwake harusi rwakabva munyika yeZvePanyama. Rwunouya kwete nekukakavadzana kana kurwisana, kwete zviito zvakaipa kana zvinoshoresa; harusi kwete rwekukakavadzana nezvime Zvitendero, kana kupokana nedzimwe nyika. Mauto arwo chete rudo rwaMwari, mufaro warwo chete iwaini yakachena yeruzivo Rwake, kurwisa kwarwo chete kuparurwa kweChokwadi; simba rarwo chete rinopokana nekusimudzirwa kwehumbimbida, kuchidziro yehuipi hwemwoyo wemunhu. Kukunda kwarwo kuzvipira nekuzzvirereka, uye kuzvikanganwa ndiko kubwinya kwarwo kusingaperi.”<sup>27</sup>**

Ndima dziri pamusoro dzinotsanangura humwe hunhu hunosianisa avo ‘Abdu’l-Bahá anofunga kuti vari “mumauto aMwari”, avo vaanotsanangura se “vadikanwi vaMwari”, avo “vakasunungurwa kubva kungetani nezvisungo zvenyika yepanyama”. Fungisia pamusoro pemisiyano iyi uchizadzisa mitsara iri pazasi.

- a. Ruzhinji rwevanhu rwakazadzwa \_\_\_\_\_,  
vakanyura \_\_\_\_\_  
uye muhutapwa \_\_\_\_\_.
- b. Iyo mweya yakasunungurwa kubva pangetani dzevisungo zvePanyama uye, vakafanana neshiri dzino kurumidza-kubhururuka, dzichiburukira mudenga iri risina muganhu. \_\_\_\_\_ uye

\_\_\_\_\_, vanovenga

\_\_\_\_\_, zvishuwo zvavo zve pamusoso-soro zvakanangana  
ne\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_, kuenderera mberi kwe kubwinya kwepamwe ya ne

kushandiswa \_\_\_\_\_, kucherechedzwa  
\_\_\_\_\_ uye  
kuzadzikiswa\_\_\_\_\_

c. Munyika ino, vanhu vese vari\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_, vachifamba

\_\_\_\_\_, vachitevera  
\_\_\_\_\_.

d. Nharunda ino chete ye Zita Guru ndiyo \_\_\_\_\_ uye

\_\_\_\_\_. Ivo chete pane vamwe vese, vanhu ava vasimuka ne  
\_\_\_\_\_, vachitevedzera  
\_\_\_\_\_, vain chidokwadokwa

chakanyanya \_\_\_\_\_:  
kushandura \_\_\_\_\_ kuva \_\_\_\_\_,  
uye kusakisa kuti rudzi rwo se rwemunhu \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_.

e. Rudaviro rwa Mwari mweya \_\_\_\_\_. Rudaviro Rwake  
harusi rwakabva \_\_\_\_\_. Mauto arwo chete

\_\_\_\_\_, mufaro warwo chete \_\_\_\_\_,  
kurwisa kwarwo chete \_\_\_\_\_; simba rarwo chete

\_\_\_\_\_. Kukunda kwarwo  
ku \_\_\_\_\_, uye ku

## CHIKAMU 9

Mungashuvira kubata nemusoro zvidumbu kubva muminamato yakaburitswa pachena naBahá'u'lláh:

**“Vafemerei, Nhái Mwari wangu, nepfungwa yekushaya simba kwavo pamberi Pake Uyo anova Mutumwa Wenyu, uye vadzidzisei kucherechedza hurombo hwavo pamberi pezvipo zvenyu zvakapetwa kubva mukuzviraramisa Kwenyu uye hupfumi, kuti vagoungana pamwechete vakakomberedza Rudaviro Rwenyu, uye vabatirire pamupendero wetsitsi Dzenyu, uye vabatirire patambo yerunakorwemufaro wekuda Kwenyu.”<sup>28</sup>**

**“Pfekenurai, zvino, varanda Venyu, Nhái Mwari wangu, kuzvishongo zvekuzvida nehavi, kana kukonzera kuti meso evanhu Venyu agosimudzirwa kuenda pachinhando chepamusoro kuti vasaone kubva muzvishuwo zvavo asi kumutsiridzwa kwekamhepo kakadzikama kekubwinya Kwenyu kusingaperi, uye vagokwanisa kuona chete mavari kwete chimwe chinhu kunze kwezvakazarurwa Zvenyu Imi muzere netsitsi, kuitira kuti nyika nezvose zviri mairi zvicheneswe kubva kune chero chipi zvacho chinopikisana Nemi, kana chipi zvacho chingaratidza zvime kunze Kwenyu Imi.”<sup>29</sup>**

## CHIKAMU 10

Apo chido chenyu chekubatsira vechidiki vasati vabva zera chichiwedzera, muchava nekunzwisia miono mizhinji inoedza kutsanangura kuyaruka. Rimwe remanzwi ramucharamba muchisangana naro nderekuti “kutambudzika”—zvichienderana nechimiro, manzwira mukati (emotions), ukama nevabareki, kudyidzana nevehutungamiriri, nezvimbewo. Munofanira kuongorora zvakadzama zvidzidzo izvi, asi musazosvika pakuona mamiriro emambudziko sechiitiko chakakosha pane vechidiki vasati vabva zera. Zvakakosha here kuti hupenyu hwemumwe nemumwe ari kuyaruka huzivikanwe kunyanya nenyonga-nyonga dzemhando dzakasiyana-siyana? Kubva munhoroondo, vechidiki vasati vabva zera vakasanganawo here nemhirizhonga uye kuvhiringidzika, uye vanosangana here nemumatambudziko akadai mutsika nemagariro akasiyana-siyana (culture) uye mune zvemagariro zvanhasi?

Mukuedza kupindura mibvunzo iyi, unofanira kuziva kuti zvidzidzo zvizhinji zvevchedidiki zvinoitwa zvichitevedza gwara rinonyanya kusimbisia humbimbindoga, pakuzvigutsa, pakushanduka kwemuviri, pazivo yezvepabonde, uye pabudiriro yezvepanyama—pamabasa, mawanirwo emari uye chimiro chemunhu mumagariro. Vanonyanya kutarisa chete pazvinhano mumagariro (*class*), rudzi, uye pakutarisa musiyano uri pakati pevanhurume nevanhukadzi (*gender*), vachisiya tsika dzehuMwari dzinowanikwa mumweya wemunhu ega ega. Chokwadi, dzimwe nzwisiso dzamawana kubva muzvidzidzo izvi dzichava nerubatsiro mukuedza kwenyu kunzwisia chimiro cheboka rezera iri. Asi pane kusagutsikana kuti kuedza kunokurudzirwa nezvidzidzo zvakadai kunogona kutungamira vechidiki zvakanyanya kuti vaumbwe netsika dzinoyenderana nezvido zvepanyana, magariro ayo, sekuziva kwedu, anoratidza pachena, kuedza kwekuparadza kwanisiro yekugamuchira tsika dzezvemweya. Neimwe nzira, haasiwo maonerwo amunogamuchira maringe nevchedidiki

vasati vabva zera pakukurudzira budiriro mumagariro yechimiro chavo chepamweya chevanhu vanozo “fambisira mberi shanduko yemagariro evanhu inoramba ichienderera-mberi” uye avo vanozova “vaumbi vekubatana” uye “vaparuri veruenzaniso”

Chakakosha kurangarira maringe nenyaya iyi ndecekuti nzira inoonekwa vechidiki nayo nevamwe vanhu inounza shanduko yakakura mavari. Naizvozvo muono uyu wechimiro chakaipa chekuyaruka wakatekeshera munharaunda unobatsira kusimbaradza mamiriro etsika dzisina kukodzera kuti dziparadzirwe. Torai, semuenzaniso, chirevo chakabuditswa naSigmund Freud kuti kuyaruka chirwere chepfungwa chechinguvana, kana maonero aAnna Freud ekuti kuva wakakwanira panguva yekuyaruka kutori kusakwana. Zvirevo zvakaita seizvo hazvishande here semambure anovharidzira vanhu mukuona kwanisiro yechokwadi yevechidiki vasati vabva zera? Humbowo hupi hwakaita kuti nyanzvi dze*Science* idzi dzisvike pamhedzisisiro dzino katyamadza zvakadai? Varipo, zvekare, varairidzi vakatsanangudza nguva yekuyaruka iyi mune mamwe mazwi akanaka, asi pfungwa dzavo hadzina kuzokurumbira kudarika zvagara zvichitaurwa pamusoro penhaurwa iyi. Maonero anoramba ari mupfungwa dzevabereki nevadzidzisi anovabata sevapikisi, kusafunga zvakakanaka, uye kushaya hanya. Nharaunda ine pfungwa dzakadai dzinomhanya mutsinga dzayo, ingaite sei, tinogona kubvunza, kubatsira vechidiki vasati vabva zera kuti vave vechidiki vakatsanangurwa muchikamu chekutanga chebhuku rino?

## CHIKAMU 11

Tichitarisa nhaurirano dziri pamusoro, tinoda kukumbirai kuti muve nemuono unotevera: apo panoumbika tsika dzisingatarisirwi muchikwata chevechidiki vasati vabva zera—kubva ipapo shanduko inoitika inouya kuburikidza nemutevedzanwa wematanho ekutambudzika uye kukunda inova nenzira yakakodzera mukukura kwakanaka—zvikonzero zvayo zvinofanirwa kutsvagwa mumagariro evanhu, pamwewo nekutarisa kuplesana kunenge kuri pachena kunoitika mumafungiro evezhidiki kwavanowana mukucherechedza mararamiro evezhikuru vavaimbovimba navo zvisina muganhu kana kuti mukusakwanisa kwevezhikuru kucherechedza mafungiro emunhu ari kuedza kusiya maitiro ake ehupwere.

Muono uyu, zvechokwadi, haupikisane nekusavapo zvachose kwechido chekuita makakatanwa kana tsika yehupanduki mumaitiro evari kuyaruka. Chiri kukurudzirwa ndecekuti mumagariro evanhu, kunyanya hunhu hwevanhu vakuru, ndimo munobva tsika zhinji dzasingadikanwi idzo dzava kuonekwa pazera iri. Kuti tiongorore zvinoreva kutaura kwataita, muboka renyu munoshuvira kuita hurukuro yakanangana nekuburitsa chokwadi kubva mumitsara inotevera uye mozoumba imwe inotsigira pfungwa iyi:

- Vechidiki vasati vabva zera vanopandukira vakuru vanovataurira kuti vatevedzere tsika idzo dzavasinga tevedzeri ivo pachavo.
- Vechidiki vasati vabva zera vanoita sevari kupanduka kana vachipihwa zano rinotsanangurwa nenzira ine hunyoro.
- Vanova vanoshaya hanya kana nyika isina chainovapa asi zviitiko zvisina maturo zvinokanganisa kukura kwekwaniro yemafungiro ane udzamu.

- Vanoratidza kusakoshesa kuva nehunhu kana vakuru vakamanikidzira mitemo yakaoma pavari, zvikuru sei vaimbopiwa mukana wekuita madiro vari vana.
- Vanoratidza kudzungaira kana vakuru vari pedyo navo vasingazine rubatsiro rwavanoda kuti vafunge maringe nezvinoitika mushure mesarudzo dzavaoita muupenyu.
- Vanotanga kuzvikudza kana vachirairwa kuzvikoshesa-pachavo pachinzvimbo chekupa shandiro ine kuzvikanganwa munharaunda.
- Vanotanga kuzvida-pachavo kana shambadziro dzemanyepo dzichivakwevera mukazadzikisa zvido zvavo zvepanyama.

---



---



---



---



---



---



---



---



---



---



---



---

## CHIKAMU 12

Imba yeHutongi Hwakaenzana Pasirose yakataura nezve “zinyekenyeka uye huyipi” “magariro asina rairo” uye kodzero kune vechidiki kuti vazvichenetedze kubva mukushandurwa nemasimba aya:

**“... Rudaviro rwaMwari rwuchabatsirika zvikuru kana zvichinge zvaongororwa kuti maBahá’ís, uye zvikuru sei vechidiki vechiBahá’í, kuti varatidze kurwisa zinyekenyeka uye huyipi hwuri mumagariro, zvinoita kuti hunhu hwunokurudzirwa hwepamusoro-soro hwavanoyedza kutsigira zvakasimba hudzike midzi mutsika dzepamweya, kuvapa hushingi, kuzviremekedza-pachavo uye mufaro wechokwadi. Neimwe nzira chete kukanganisa kungaitwa nevateveri veRudaviro kunongova kukurirwa nekusungikana kwezvinhu kuripo.<sup>30</sup>**

Mundima inotevera, Mutariri anotipa muono wakadzama mukunzwisisa nezvechimiro chemagariro uye simba rainoisa panesu tose:

**“Zvechokwadi, chikonzero chikuru chezvakaipa zvapararira mumagariro kushaikwa kwemaitiro matsvene. Budiriro yepanyama mumaramiro enguva yedu yakwezva simba uye chido cherudzi rwemunhu, zvekuti vanhu havasisina hanya nekuzvisimudzira kuenda pamusoro pemasimba aya uye mamiriro eraramo yepanyama yemazuva ose. Hapana kudokwaira kwakakwana**

**kwezvinhu zvatingadoma kuti ndezvemweya zvingakwanise kusianisa pane zvinodikanwa uye zvinotarisirwa pamararamiro epanyama.”<sup>31</sup>**

Pane zviratidzo zvakati kuti zvakadomwa neMutariri zvinoratidza kuderera kwehunhu apo paanotsanangura nezve masimba anoondomora ari kushanda mumagariro anhasi. Amwe emamiriro ezvinhu aanojekesa mutsamba dzaainyora, maitiro asina hanya maringe nezve wanano uye kusimukira kunozoitika pakuparara kwesungano yewanano; kudererara kwerudo nekubatana mumhuri uye kudzikira kwesimba renhungamiro dzinobva kuvabereki; kusimbarara kwekumhanyidzana nezvinhu zvisina maturo zvepanyika, hupfumi uye zvinofadza hupenyu hwepanyama; kuwira muhutepfetepfe nekusazvidzora; kudzikira kwehudzamu hwezveumhizha nenziyo; kuparara kwechinhando chikuru chezvinyorwa zvemumabhuku uye mapepanhau; uye ruvengo pakati pemarudzi uye kuzvitutumadza maringe nezvenyika yako. Sezvo pasina akadzivirirwa kubva pane masimba ezvakaipa izvi, neimwe nzira zvinokanganisa vari munguva rekuyaruka. Semuenzaniso, fungai, pamusoro pezvimwe zvezvibereko zvekuparara kwewanano. Hapana kupokana kuti vana vadiki vanonzwa kusuwa kwakadzama kana vabereki vachinge vaparadzana, uye vanoshuvira kuwana chengetedzo yemhuri yakabatana. Asi sezvinoitika kune vechidiki vari kuyaruka munhu anoremerwawo nemanzwira mukati ekuzvipa mhosva, hasha, kusvoda, uye kushoreka kana vanano yevabereki vavo ichinge yaparara. Kunyangwe vachipa mhosva kuvabereki vavo, havagone kurega kuzvipawo mhosva pamatambudziko emhuri yavo. Mhodzi yekusagutsikana maererano newanano uye hupenyu hwemhuri inodyarwa mupfungwa dzavo, uye kushaya chivimbo kwavo kunotsigirwa nekuwanda kwekuparara kwewanano kwavanogara vachiona munharaunda yakavapotereda.

1. Mungangoona zvichikubatsirai kuti muongorore kuti mamiriro emagariro akataurwa pamusoro anoumba sei nzwisiso yevari kuyaruka maringe nechokwadi chezvakavakomberedza, nzira yavanofunga nayo maringe nezvavari, miono pamusoro pehupenyu, manzwiramukati avo, kukwanisa kwavo kuona musiyano pakati pezvakanaka nezvakaipa, mabatiro avanoita vamwe, uye kuvimba kwavanopa kumapoka emunharaunda. Mamiriro mazhinji aya anotsanangurwa pazasi, uye nzvimbo iripo yekuti munyore dzimwe pfungwa dzamunadzo.

- a. Zinyekenyeka uye huyipi wemagariro asina rairo:

---

---

---

---

---

---

---

---

- b. Kudererara kwerudo nekubatana mumhuri uye kudzikira kwesimba renhungamiro dzinobva kuvabereki:

---

---

---

---

---

---

---

- c. Kusimbarara kwekumhanyidzana nezvinhu zvisina maturo zvepanyika, hupfumi uye zvinofadza hupenyu hwepanyama; kuwira muhutepfetepfe nekusazvidzora:

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

- d. Kudzikira kwehudzamu hwezveumhizha nenziyo; kuparara kwechinhando chikuru chezvinyorwa zvemumabhuku uye mapepanhau:

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

- e. Ruvengo pakati pemarudzi uye kuzvitutumadza maringe nezvenyika yako:

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

- 
2. Mifungo ipi inozadza mwoyo nepfungwa dzako apo paunoongorora zvakadzama maringe neshanduko inoitika muupenyu hwevechidiki vasati vabava zera kuburikidza nekuondomoka kuri kuitika pamamiriro emagariro? Nenzira ipi inoitwa mukusimbisa masimba ako mukuvabatsira mukumba kwanisiro inezvibereko zvechokwadi?

## CHIKAMU 13

Kutarisia zviratidzo zvekuwondomoka kwemagariro epanyika hazvirevi kuti pane kupikisa kukosha kwemasimba ekuumba ari kushanda mumagariro anhasi. Chinofanira kuitwa kupa vechidiki vasati vabva zera mamiriro ezvinhu (*environment*) anoita kuti masimba avo epamweya ave anoumbiridzwa, kuve nechokwadi kuti, nenzira iyi vanoshandurwa nemasimba akakodzera emagariro. Naizvozvo, kuedza kuvachengetedza zvachose kubva mumamagariro akaipa, zvinova zvisingabatsiri. Pachinzimbo pazvo, vanofanira kubatsirwa kuongorora nekufungisisa nzira iyo nyika yakavakombereda inokanganisa mafungiro nemanzwiyo avo emukati. Mune izvi, kunyanya kutarisia kumubvunzo weshambadziro dzemanyepo, nokuti, munharaunda zhinji, shambadziro dzemanyepo dziri kuwedzera kuumba tsika, mafungiro, uye maonero evezhidiki vasati vabva zera. Kutarisia kwechinguva zvimwe zvinoumba mabasa eshambadziro zvinofanira kuva zvinobatsira pakuburitsa pachena pfungwa iyi.

Masimba ezvepanyika anoumba shambadziro dzemanyepo anovhiringidza mamiriro ezvinhu echokwadi. Mifananidzo inoratidzwa neshambadziro, somuenzaniso, yechimiro chakanyatsokwenenzverwa asi chiri chemanyepo, inobata–bata manzwiro emukati evezhidiki vari kuyaruka munguva yekusimukira kwehuchenjeri–hwavo. Nhevedzano dzemashoko eshambadziro dzinoratidza basa guru revanhukadzi vechidiki riri rekukwezva vanhurume. Uyezve, katsika kekuedza kutsanangura hurume kuburikidza chete nezvemasimba emuviri kunowedzeredzwa, kazhinji zvinosvika padanho rekutambira zviito zvemhirizhonga uye kuita zvinokuvadza uye kukurudzira zvido nezviitiko zvepabonde. Chero chipi zvacho chinoonekwa seutera hachitambirwi zvine chisimba, uye hunhu hune hukasha hunoparadzirwa zvine mutsindo. Zvinoshamisa kuti, amwe maitiro ekuoma musoro anokurudzirwa seakanaka, nechinangwa chekunyengedza vanasikana kuti vazvitevedzere.

Pangangova nekusagutsikana kushoma kuti chinangwa chikuru chekushambadzirwa kuzhinji kunoitwa kwakananga vechidiki ndechekuumba tsika nemagariro avanoshuwira kurarama maari. Mutsika nemagariro aya vanodzidzira kutaura mutauro wakatekeshera, kuzvibata nenzira imwe chete, uye pamusoro pezvose, vanoshandisa huwandu hwemhando dzezigadzirwa zvakawanda. Mukukoshesesa kwazvo, vanova vanopinzwa mugwara rakarongeka rinozotungamira tsika dzavo dzemashandisirwo ezvigadzirwa zvehupenyu hwavo hwese. Zvakakosha kunzwisia kuti inzwi rekuti “teenager” pacharo rakagadzirwa muchitsama chemakumi emakore apfuura kuitira kutora mukana wekubata hupenyu hwezvikwata zvemazera aya mumagariro.

Kuti pashandiswe zvizere kusimukira kwezvishuwo, tsika nemagariro ari kuparadzirwa kuburikidza neshambadziro inoisa nyaya dzezvepabonde panhongonya yehupenyu hwewechedidiki. Zvigadzirwa zvisina chekuita nenyaya dzezvepabonde zvakaita sema “soft drinks” zvinoshandiswa kuumba mifungo yemanyepo kune vechidiki pamusoro

pekushamwaridzana kwepanyama kuri pakati pamukomana nemusikana (*romantic relationships*). Manzwiro emukati ekusagutsikana nezvauri kufunganya pamusoro pekusemwa nekuda kwehwema hwemuviri, ganda risina kutsetseka, kana zvipfeko zvakasarira zvinosimudzirwa kuitira kuti vaunze zvigadzirwa zvekuzora uye zvinhu zvitsva izvo zvinokuchidzira zvido zvenyaya dzezvepabonde uye rusununguko kubva mukunyadziswa. Kunyange motokari dzinotsanangudzwa nemazita akaita sekuti “irikupisa”, “yakanakisa”, “huchi”—ese anokuridzira nyaya dzezvepabonde. Sezvo chipimo chetsika dzepamweya chakadonha mumakumi akati-kuti emakore apfuura, shambadzo dzetsika dzemweya dzisina kunaka dzaramba dzichibuda pachena. Nekufamba kwenguva, zvinozoita sekunge, dzimwe dzepfungwa dzinechekuita nekutengwa kwezvigadzirwa dzavekuita semhando dzemaitiro ezvepabonde.

Janha rema “*brands*” pasi rose mukutengeswa kwezvigadzirwa kune ma “*teens*” kunokodzera kupiwa dudziro yakakosha. Zvidzidzo zvinonangana nenzira dzekutora mukana wekutengesa uku zvinobuda pachena zvichidudzira kuti kurumbidzwa kwema “*brand icon*” yemhando chinhu chine simba kuvatengi. Sezviri pachena, kuti ma “*brands*” anoshandisa kutungamirira vechidiki vari kuyaruka munguva iyo vanenge vasina ruzivo ruzere. Nokudaro, vanowanzoonekwa sesimboti dzinotsigira tsika nemagariro evechidiki pasi rose ayo kuburikidza neshambadziro anoburitswa seanonakidza. Tsika nemagariro anokurudzirwa nenzira dzekutengesa idzi anokuchidzira kurasikira mukusaziva, chokwadi, munhamo iri kuwedzera munyika zhiji; inoburitsa mifanidzo yekunakidzwa kukuru kunoitwa nechipoka chidiki chevagari vepasi rose pakusimbisa vechidiki vanobva kumativi ose kuti zvigadzirwa ndivo zvitubwi zvemufaro usina muganhу.

Mune zvimwe zvidzidzo zvakanangana nevari kuyaruka, vechidiki vari kuiswa mumapoka zvichienderana nehunhu hunoita kuti vafungidzirwe sevane ukama hune maringe nekushandisa kwemhando dzezvigadzirwa—mapoka ane chinangwa chekubvumira shambadziro kuti ive nekubadirira pakunanga kwavari. Mune imwe dzidzo yeongororo, semuenzaniso, vanogona kupatsanurwa kupinda mumapoka matanhatu: “Vasina hanya”, vanoona budiriro yavo seyakaguma uye vanoedza kupinda nemwero une kuedza kushoma; “Mafaro-uye-Kutandara”, avo vatsvaki vemafaro wepanyama uye avo, vane pfungwa dzakasununguka pane zvemagaririro uye pane nyaya dzezvematongerwo enyika, vakagadzirira kupinda mukurumbidzwa kwevanhu vane mukurumbira; avo “Vanasungajombo” avo, kunyangwe vakati fananei nechikwata chabva kutaurwa, vane shungu uye kwanisiro yekushanda nesimba uye kuona zvigadzirwa uye mabasa senzira yekuendesera mberi uye kukurudzira makundano; avo “Vana Chamukainyama”, avo vanongotevedzera uye vanonzvenga kuva vapikisi munhaurirano dzezvematongerwo enyika nezvemagariro uye vanoramba vachidyidzana zvakasimba nemhuri dzavo uye vachishoropodza vatengi vanomhanyidzana neukoshwa uye pundutso inowanikwa muchigadzirwa; avo “Vatsigiri”, vanova vanongotevedzerawo asi havana ruzivo maringe nezvedzidzo uye vanozadza mifungo yavo pazvibodzwa zvemitambo uye mazita ezvikwata zvevanomhanya uye vatambi, vachisiya mukana wekutaurwa kwezvematongerwo enyika uye zveupfumi; uye pekupedzisira “Vanunuri Venyika”, vanoshuvira kuunza shanduko yakanaka munyika uye vanopa kukosha kukuru pamikana yavanopa kuvashambadzi mukushandura zvrongwa zvemagariro kuzviita zvigadzirwa zvinotengeseka.

Zvinhu zvese, zvinoita sekuti, vechidiki havana simba pamusoro pemichiso yezvigadzirwa uye kutengwa nekushandisa zvezvigadzirwa. Kunyanya mudandemutande rekulandarira (social media) rinoshanduka nekucasika, zviitiko zvese zvehupenyu hwemunhu

zvinogona kushandurwa kuva chinhu chinotengeseka. Mikana iyi yakagadzirirwa kuti nyika ive nane kuburikidza ne “kugoverana”, “kushamwaridzana”, “kudyidzana”, yoshanda senzira dzevishambadzo zvakawanda zvinokatyamadza, kuti zviwedzere kusvika uye kudzika midzi muvanhu. Asi, zvisinei nekuzviringidza kwazvo, ongroro pfupi yakapihwa pano haina hayo kuitirwa kushoropodza kushambadzira. Chinangwa chayo ndechekuwedzera kukwanisa kwenuy zvakadzama shambadziro dzemanyepo (propaganda)—zvemabhizimisi, zvematongerwo enyika, zvemarudzi, tsika nemagariro—kuitira kuti mungangokwamisa kubatsira vechidiki vasati vabva zera kuti vaone shanduko inouya mupfungwa dzavo uye maitiro avo. Zviito zvinotevera zvinokubatsirai kuti mufungisise zvekare panyaya huru iyi:

1. Shambadziro dzinoshandisa mutauro uye mifananidzo inoshandura zvigadzirwaho kuti zviite sezvitubwi zvemufaro. Michiso (*symbols*) inoshandiswa kupa zvigadzirwa nemitambo ukoshwa hwakanyanya kupfuura zvazvinofanirwa kipiwa. Chinwiwa, semuenzaniso, hachikwanisi kungotsanangudzwa sezvachiri—sechihu chinopedza nyota—asi inoratidzwa sekuchidziro yemufaro negutsikano. Michiso inoshandiswa nevasoni vembaty zvinoshongedza zvipfeko uye zvekuzora zvinonakisa ruvara rweganda. Mifananidzo yeshambadziro dzinotaridza vechidiki vachifaranuka inoshandiswa pakutengeswa kwezvihwitsi. Mifananidzo yeshambadziro dzinotaridza vanhu vari kuona nzvimbo (adventure) uye vanota nezve mitambo inoshandiswa pakutengeswa kwehwahwa. Mungafunga here imwe mienzaniso mishoma yeshambadziro uye mashoko uye mifananidzo yavanoshandisa pakuratidza chimwe chinhu kuti chive zvachisingakwanisi kuva? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

2. Fungidziro yemufaro inogadzirwa kuburikidza nekutengwa kwechigadzirwa chero chipi zvacho inenge ichifanirwa kuitika kwekanguva kapfupi, kana kuti tinofanirwa kuramba takagutsikana nezvatinazvo. Kushambadza, naizvozvo, kunofanirwa kumutsiridza zvishuwo zvedu uye tonyatsoziva kuti hatina kugutsikana. Izvi zvinogoneka sei? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

3. Tambotaura kuti zviitiko zvemumagariro zvinogona kushandurwa kuva zvigadzirwa zvinotengeseka. Mungape here mienzaniso? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

4. Zvinosuwisa kuti, mumaitirwo ezveshambadziro munguva yatiri, zvishuwo zvepamusoro-soro zviri kushandiswa kuzadzikisa zvinangwa zvemabhizimisi. Manzwi uye zvirevo zvinokuchidzira matiri pfungwa dzepamusoro-soro ari kushandiswa kushambadza

zvigadzirwa, uye zviitiko zvihinji zvemagariro zvetsika dzinoyemurika dzepamweya zvinotorwa sezvinhu zvinofanirwa kubhadharwa. Mungape here mienzaniso?

---

---

---

---

5. Fungai nezvemadandemutande ekutandarira umo munopindwa nevechidiki vasati vabva zera. Kutora chikamu munzvimbo dzeshambadzo idzi kunoshandura sei chimiro chehushamwari hwavo hwavanoumba, muono wezvavari pachavo, uye tariro nezvishuwo zvavo? Nepfungwa iyi, ongororai chokwadi chiru muchirevo chinotevera: Kuburikidza nekutora chikamu kwavo mudandemutande rekutandarira, nekusaziva, vechidiki vasati vabve zera vanogona kuzozvitora senge vave zvigadzirwa.
- 
- 
- 
- 

## CHIKAMU 14

Shoko reyambiro rakakodzera panguva ino. Kunyangwe magariro anhasi munharaunda akava anokuvadza zvakadii kune vechidiki, kunyanya kuzvitura kunogona kuvhiringidza kuedza kwenyu. Zviri nyore zvakanyanya kuwira mutsika yekubata vechidiki vasati vabva zera sepwere dzinofanirwa kuchengetedza nguva dzose kubva kuhuipi hwenharaunda yavo. Maitiro akadai haatisvitsi pakuvasmudzira pamweya zvachose. Panofanirwa kunanga kuedza kwenyu, kucherechedza kwanisiro yavanayo yekuti vashande sevabatsiri vane chinangwa chakasimba chekuunza kuvandudzwa kwemagariro uye kutora janha pakuve nani kwemagariro. Kunyanje munyika yazvino yokutambudzika, mune mienzaniso yakawanda yevechidiki vasati vabva zera mutsika nemagariro ega-ega avo vakapfuura mamiriro ezvinhu anosiririsa enharaunda dzavanogara uye vanoenderera mberi vachiratidza tsika dzakaita sekudokwaira kupa shandiro, shuviro yekuda kudzidza, pfungwa huru yeruenzaniso, tsika yakasimba yakanangana nekubatsira.

Vana muzvinafundo vakati kuti vakatsanangudza nezvemasimba emafungiro uye epamweya ayo anozviburitsa pachena panguva yeshanduko yekuyaruka. Semuezaniso, pane vashoma, vanotsigira chido chinoratidza nevechidiki mukupindura mibvunzo yakaoma yezvedzidzo. Umwe muzvinafundo anotsigira pfungwa yezvejanha ravanogona kutora mushanduko yezvemagariro, kusheedza chizvarwa chega-chega chevari kuyaruka “vamutsiridzi vakakosha munzira yeshanduko inoenderera mberi,” vanogona, “kupa zvese kutendeka uye masimba avo mukuchengetedza kwezvavanoona sechokwadi uye mukugara vachishandura izvo zvinenge zvarasa gwara rakanaka.” Uye umwe muzvinafundo anofananidza vari kuyaruka se “midziyo ine hupenyu, yakaumbwa zvakazara kunyangwe ichiri kukura,” vanokwanisa kugamuchira “nehunhu hwavo hwese”. Anopa kukosha pakugona kwavo kuunza shanduko uye anotsigira kuti fundo inofanirwa kutora mukana wemhando dzakasiyana

dzekuona pamwe nekusimba kwechedziki pakugona kwavo kupa mazano akasiyana-siyana chero pachitiko chipi, tichicherechedza kuti kusimba kwakader “pamwechete nekuvimbika kwekuva nehunhu”, vanogona kugadzira nharaunda yevanhu, “raramo, ine pundutso, ine rudo, izere nemufaro uye kubudirira kwezvipenyu, kwete zvakatonhora, kwete kungoita zvisina hanya, kana fungidziro isina chirevo.” “Ndiwo mashiripiti eshanduko,” ndiwo mashoko ake, “uye ndiwo masimba anowanikwa munguva vari kuyaruka.”

Mienzaniso mishomanana iyi, pamwechete neongororo yakaitwa muzvikamu zvishoma zvapfuura, inoratidza uchenjeri hunodiwa pakutsanangura zvakajeka pfungwa yezve yekuyaruka. Apo pamunoongorora zvine udzamu miono yakasiyana-siyana panyaya iyi mumakore anotevera, kunzwisia kwenyu maringe nekukosha kwenguva iyi muhupenyu hwemuuhnu inoumbwa zvakanyanya nendima dzinobva muzvinyorwa zvakaita seized zviri muchitsauko chino uye chapfuura. Uye hapazovi nekusagutsikana kwekuti kutenda kweyu kuchasimbiswa neruzivo rwamuchawana kuburikidza nekuita pamuchashanda nevechedziki vasati vabva zera.

## CHIKAMU 15

Mabhuku ayo akagadzirwa neRuhi Institute kuti adzidzwe nevechedziki vasati vabva zera, akada kufanana nemabhuku emutevedzanwa wayo chaiwo, mukuvarairwa anoita seari nyore kekutanga, kunyanya ekutanga acho. Kupfava kwavo kwakawandira mumutauro wakashandisa uye muzviito zvakapihwa. Pfungwa dzirimo dzinobuda dzakakosha uye dzakadzama. Kufamba kwenzwisiso inomhanya mukati mamabhuku aya, chero chipi zvacho chinoita senge chezvehupwere, zvinokonzerwa vechidiki vasati vabva zera vari kudzidza kuti vafungisise neudzamu pazvinhu zvihinji. Kukubatsirai kuziva kwanisiro yavo kuita saizvozvo, tiri kukupai mazano akati-kuti muchikamu chino nezviviri zvinotevera rwakataridza nevechedziki vasati vabva zera vakawanda pachavo avo vese vakakanga vakanganisirwa, nenzira imwechete kana imwewo, nemhirizhonga. Pane mifananidzo mizhinji iri kuburitswa pachena munzira dzeshambadziro dzemaitiro emhirizhonga pane vari kuyaruka ava kuti zvakafanira kuti titeerere kudzimwe nyaya dzavo dzisingataurwi dzekurasikirwa uye kushaya tariro

Nhoroondo yekutanga iri mumashoko emukomana ane makore gumi nematatu—mutii Peter kuitira kuvanza kuzivikanwa kwake—uyo akaona zvakakonzerwa nemhirizhonga uye hondo kubva paakange aine makore masere. Paakange aine makore gumi nematatu, akatanga kukurudzira runyararo muzvikoro uye mumisangano yevabva zera, achigamuchira matambudziko ese, izvo zvaisanganisira kusekwa kwakasimba kubva kune vamwe vezera rake:

*Hapana kana chimwe chete chaindinetsa. Mhuri yangu yaitenda kuti zvaive zvakakosha kuva nehanya nenharaundera uye kuita chero zvataigona kuti tibatsire. Kunyangwe zvazvo ndaive nemakore gumi nematatu chete, ndaikwanisa kuona kuti matambudziko makurusa ataisangana nawo aive emhirizhonga uye hondo. Runyararo rwaidiwa kudarika zvinhu zvese. Hongu, zvakaomera mwana mudiki kuti aedze kusimudzira runyararo, asi kuedza ndiyo yega nzira inoita kuti zvinhu zvese zvitike...*

*Pane manyepo akawanda akataurwa munyika mangu kwemakore akawanda zvekuti vanhu vakanga vasisazive chero chipi kana kuti ani wekuvimba naye zvachose. Havachakwanisi kuvimba nemapepanhau nguva dzose, dzimudzangara kana chivhitivhiti, vatungamiriri vezvematongerwo enyika, mapoka akapakata zvombo—asi pavanonzwa vana vachitaura nezvemhirizhonga nenzira yainotikanganisa nayo uye madiro atinoita runyararo, neimwe nzira vanoziva kuti vari kunzwa chokwadi...*

*Vamwe vanhu vanoti vari kurwira varombo, asi varombo vatambura kudarika vamwe vese muhondo. Ndinofunga kuti vamwe vanhu vari kurwira kutsiva, kana masimba ehutongi, kana kuti vanoona sekuti havana imwe sarudzo. Vamwe vechidiki vanopinda muzvikwata zvevakapakata zvombo nekuda kwehurombo hwemhuri dzavo uye havaoini paine imwe nzira kunze kweiyoyo.*

Nekuda kwekutyisidzirwa kwavakaitwa mukurwisana kuri kuitika mumagariro, Peter nemhuri yake, vaitofanirwa kubva pamusha wavo. Baba vake vaienda kubasa kwavo vachidzoka kudhorobha idzva ravakanga vavakugara asi kakudzikama kavaimbova nako kakatadza kuramba karipo. Tsigiro yababa vake pazviitiko zvekuumbwa kwerunyararo zvakazokonzerwa kupondwa kwavo pakupedzisira:

*Ndaifungidzira kuti ndinonzwisia nezvehondo nekuti ndakagara mukati mekurwisana kukuru. Kwaiva nekurwisana mumigwagwa nguva yehusiku. Ndaiwanzopeputsa kubva kuhope neruzha rweptuti. Pandaienda kuchikoro mangwanani, ndaiona umboo—ropa raive mumativi enzira, madziro akaboorwa nemabara. Uye ndaiona mutumbi yevafi, kwete kure nehofisi yababa vangu.*

*Ndakataura izvi nechivimbo, sekunge ndaiziva zvaireva hondo—asi pakazourayiwa baba vangu, ndakarwadziwa kwete neshungu chete, asi nekuti ikozyino ndave kunzwisia nezvehondo. Ndakanzwisia maitikiro anoita havi yekurwisana. Ndakaona kuti kunyangwe uchida runyararo zvakadii, unotora danho remhirizhonga kana hondo uchinge yakubata pachezvako. Aya ndiwo mambure mamwechetewo akabata vanhu vazhiji munyika mangu...*

*Zvinhu zvose zvakava nemusiyano kubva ipapo. Mumba maiita kunge demhe rakafa risina chinhu. Mumigwagwa matakanga tajaira makaita makaratidza kutyisa. Hapana chinhu kana nzyimbo yandainzwa rusununguko. Ndakafunga kushandira kwandakaita runyararo hakuna zvakwakabatsira nekuti hazvina kuponesa baba vangu. Pakupedzisira, hondo yaityisa iyo yakanga yazadza dhorobha redu kanganisa rugare rwemhuri yangu—uye handina kukwanisa kuzvimisa. Ndakazvipomera mhosva. Ndakazvibyunza, “Ndakataadzei zvekuti baba vangu vanofa nenzira mhirizhonga zvakadai?”*

Mhuri yakaramba ichivhundisirwa, uye Peter akatenga pfuti kuti akwanise kuchengetedza vadiwa vake. Humwe husiku, kunge mazuva gumi baba vake vabva kuuraiwa, nhengo dzemhuri yaPeter dzakaunganidzwa muimba iri padenga peimba yavo. Apo Peter achidzika kuenda kuimba yokubikira, akaona munhu aiva nepfuti mubindu akatarisa pamafafitera edzimba dzepamusoro:

*Ndaiziva kuti ndaigona kutora pfuti yangu ndouraya murume uyu. . . Kwaizova kutsiva kufa kwababa vangu. Ndainge ndichidzivirira mhuri yangu. Uye hapana kana mumwechete munyika yangu aizondishora pakumupfura. . . Asi kunyangwe zvese izvi zvaive zvechokwadi hapana chandakaita. . . Baba vangu vaida kuti ndishandire runyararo. Zvino ndaigova wemhirzhonga sei? Nzira imwechete yandaikwanisa kuratidza rukudzo nerudo kuna baba vangu, nzira imwechete yandaigona kubatsira kuchengetedza mhuri yangu, yaive kuburikidza nekuedza kugadzira runyararo. Kuuraya murume uyu kwaisaunza rugare kwandiri, kana kumhuri yangu kana kuniyika yangu. Pachokwadi, kumuuraya ndaizorasikirwa nezvese. Ndaisazove nani kudarika zvaakanga ari*

Muchinyararire Peter akatarisa murume uyu, uyo, papera chinguva uye pasina chikonzero chakajeka, akatendeuka ndokubva aenda. Pasina nguva refu mushure meichi chitiko, Peter akarasa pfuti yake akapika kuti aisazoda kutsvaga imwe.

Musati maverenga nhoroondo inotevera, mungangoshuvira kudoma dzimwe dzetsika dzinosiyanisa Peter uye motaura mazwi mashoma maererano nekwanisiro yake yekufungisia pamusoro penyaya dzakadzama.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 16

Mary—zita renhoredzerwa—akarerwa munzvimbo yakanga ine kutyisidzirwa nguva dzose kuburikidza nemakakanwa; akawana mubairo wekusabvumirana nechikwata cheshamwari pazera rechidiki:

*Pandaiva nemakore gumi nerimwe ndakambosangana nekunyararirwa pachangu, nekuda kwekuti ndakanga ndaramba kutora mativi mugakava. Chikwata cheshamwari dzangu chakapomedzera mumwe musikana wechidiki mukirasi medu kuti akange aba naizvozvo kupokana kukuru kwakavapo. Waifanira kunge uri kudivi remusikana uyu, kana kuti rimwe divi raimupikisa, uye shamwari dzangu dzose dzaimupikisa. Vose vakava nefungidziro yekuti ndichange ndakamira navo, asi pakanga pasina humbowo hwekuti musikana uyu akanga ari mbavha. Ndakanga ndisina kugutsikana. Ndakanga ndisingade kupikisa shamwari dzangu, nekudaro handina chandakataura. Vose vakatsamwa uye, kwegore rose, hapana akataura neni.*

Mary akashamwaridzana nemukomana wechidiki, kunyangwe zvazvo vamwe vasikana vaimunyomba maererano nezvemukomana wechidiki uyu, akava anonzwa kuda kuramba ari

muhamwari naye. Vaiwanzofamba chinhambwe chakareba vari vese uye vachikurukura maererano nezveramangwana ravo kusvikira rimwe ramazuva raakamuwanikidza achipukuta pfuni yaakanga asingazine kuti anayo:

*Pandakapinda, akanyemwerera, sekunge hapana chaaiita chinoshamisa. Ndakagara ndichivenga mhirizhonga, ndichivenga pfuti, uye ndichivenga hondo. Akaedza kupa zvikonzero, zvinoita vanhu vakadaro, asi ndakamutaurira ipapo ipapo kuti zvakange zvapera pakati pedu. Ndakamuti, "Handidi hupenyu hwemhando iyi kwandiri kana kuvana vangu.". Ndakanga ndichiri mudiki kwazvo, zvino zvinoita sedambe asi ndakanza kunge hupenyu hwangu hwakange hwavakuparara.*

Fundo ya Mary yakatanga kudzikira mushure mechiiitiko ichi, uye mai vake vakananga kushushikana. Zvino Mary akataura nemumwe weva dzidzisi vake:

*Ndakabuditsa pachena nyaya yese yeshamwari yangu, pfuti, kundinyarira kwaaita shamwari dzangu, kusekwa nevamwe vachisikana, kusvoda kwangu, uye kurwadziswa kwemwoyo. Haana kundiseka, kana kundiita semwana mudiki uye asingafungi zvakati twasa. . . .*

*"Unofanira kunzwisia," akanditaurira, "kuti ndiwe unopfumbata ramangwana rako mumaoko ako. Ramangwana rako harisi remumwe munhu, kwete kuvabereki vako, uye zviku kumukomana uyu. Nderako uye unokwanisa kurigadzirira zvaunoda iwe."*

Pazera remakore gumi nemana, Mary akanga ava mutungamiri vevadzidzi pachikoro pavo, kukurudzira runyararo pakati pevezera rake neavo vadzidzi vadiki kwaari. Iyi ndiyo mimwe yemifungo yakanga yakazara mupfungwa dzake mumazuva iwayo:

*Taiziva kuti kупедза hurombo kwaizobatsira kупедза hondo, asi hapana chataikwanisa kuita pamusoro pazvo. Taiziva kuti kudededza kushaikwa kwemabasa kwaizo batsira, asi hapana chataikwanisa kuita zvakare. Taisakwanisa kumisa mabara nemapanga. Taisakwanisa kупедза mhirizhonga. Asi taitenda kuti taikwanisa kutanga kuumba runyararo pakati pedu. . . .*

*Ndaiziva kuti kushandira runyararo kwaikwanisa kuve nenjodzi, uye ndaive ndakangwarira pazvinhu zvese zvakanga zvisina kujairika. Dzimwe nguva kungotya kuti zvakaipa zvingangoitika, kunyanya kumhuri yangu, zvaiita kuti ndicheeme uye nekunzwa kuda kutiza. Zvakadaro vamwe vana vaivimba neni, uye nenjira iyoyo ndakanza vana vangu vandanga ndisati ndazvara vachivimba futi neni. Ndaisakwanisa kufuratira, zvisinei nematyire andaita. Ndaikwanisa chete kuva ndakangwarira uye kugara ndakachengetedzeka.*

Ndehupi humwe hunhu hunoshamisa hwaiva na Mary?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 17

Hedzinoi dzimwe nhoroondo dzakapiwa nevamwe vechidiki vatatu, mumwe nemumwe wavo anoratidza mafungiro akururama uye manzwiro emwoyo akapfava. Yekutanga iri mumanzwi emusikana ane makare gumi nematanhatu, uyo, pazera remakore gumi nemaviri, akasangana nekurasikirwa neshamwari yake yepedyo iyo yabatwa nechikwata chemhondi ikabaiwa nebanga kusvika murufu. Haana kumbokanganwa nezve shamwari yake uye akasarudza kuzvipira kukurudziro yerunyararo. Mushure meizvi, akatanga kubatsira vana vainege vakanganiswa nemhirizhonga:

*Vana vadiki vane makore masere kana mapfumbamwe vaipinda muzyikwata zvehumhondi (gangs) nekuda kwekufunga kuti zvainge zvakanaka kana kuti vaifungidzira zvikwata izvi zvichavapa ruchengetedzo mumigwagwa. Nguva zhinji vaiedza kunzvenga mhirizhonga mudzimba, asi vakasangana nezvakaipisia mumigwagwa.*

*Ndinofanirwa kukwira dutavanhu kuenda..., asi vatyairi vazhinji vemadutavanhu vanoziva nezvebasa randiri kuedza kuita. Vanotema mutengo wandinokwanisa kubhadhara, uye kazhinji voenda neni pasina mubhadharo. Nzira inoenda ku... inotenderera ichikwidza, ichipfura nemuzvitumba zvakavakwa zvine njodzi pedyo nemawere. Zvikomo zvakange zvachereka-chereka zvakanyanya pose painge pabviswa matombo aishandiswa mumabasa ekuvaka. Basa rakadaro rakaoma, rinorema, uye zvine mugove mushoma asi vana vazhinji vanobva kumhuri dzisina pekugara vanoshanda panzvimbo idzi. Mhuri dzavo dzakawira muhurombo hwakanyanyisa zvekuti vana vemo vanosiya zvechikoro uye voita chero zvavanokwanisa kuti vawane mari.*

*Kubva mumugwagwa, ndinofamba nemumadhaka anotsveedza achindisvikira muzyitsitsinho, ndichidarika nepachizambuko chepakarwizi kanemvura inonhuwa, yakasviba. Chikoro chine makamuri gumi nemaviri akatsakara, akafukidzwa nedenga remarata. Matafura acho ekudzidzira emapuranga akatemeka-temeka uye akatyoka. Marara akasvibisa mativi emakirasi. Hapana magetsi. Imwe yemakirasi ekudzidzira yaioneka chiedza chemudenga isina mamwe mafafitera. Pasi pokukutsikira pakange pakadzurwa nedhaka. Mutinhimira wemvura yekunaya unoita ruzha pamusoro pedenga rekirasi zvekuti munhu wese anofanira kusheedzera nezwi repamusoro-soro kuti anzwike, uye mvura inovhinza nepose-pose. Chidziro cheinwe kirasi chakashongedzwa nemifananidzo yakaitwa nevana, yedzimba dzakasiyana*

*zvakanyanya nezvakavapoteredza. Zvichida ndiyo mifananidzo yedzimba dzavaimbova nadzo kana dzavanoshuwira muramangwana . . . .*

*Vabereki vazhinji vane kusuwa pazviso zvavo. Vanotaura zvine hukasha kuvana vavo, vachivashevedza nemazita. Asi dzimwe nguva mumisangano vanotanga kushanduka maitiro. Vamwe vacho vanofunga kuti vanofanirwa kurova vana vavo kuti vazvibate, asi vanozorangarira kuti kuvarova kunogona kusundira mwana kure uye voenda mumigwagwa.*

Ndima inotevera inopa mifungo yemusikana wechidiki akatiza kumba pazera remakore gumi nerimwe, akava anojairira kutora zvinodhaka, akaponeswa nerubatsiro rwakasimba rweshamwari, uye pekupedzisira akapinda muchirongwa chevechidiki vakazvipira kurunyararo:

*Zvakanga zvakaoma kutsanangura chimiro chechokwadi chehupenyu hwedu. Ndaingotya kubvuma kuti kunyangwe waishingirira zvakadii kuunza runyararo, waizongokwanisa kudhonzerwa zvekare mumhirizhonga.... Ndaigaroshuvira kutiza hupenyu hwakadai. Zvakaoma kubvuma asi ikozvino ndava zvakare kuswedera kure nekushandira runyararo. Ndaizvifurira uye nekunyepedzera kushamwari dzangu kuti zvose zvainge zvakanaka. Ichi hachisi chokwadi. Dzimwe nguva ndinozadzwa nehasha. Manheru ega ega paiva nekurwisana pamba. Kana vasiri kupopotera ini, amai vangu nababa vekurera (stepfather) ndovanenge vachipopotedzana. Handikwanise kukunda izvi, saka ndinotizira kumigwagwa(streets), uye kune zvizhinji kunze uko zvinogona kukuvadza vechidiki . . . Ndinofamba nzira mbiri panguva imwechete uye ndichiri nechishuwo chekuti dai ndagona kufamba munzira yerunyararo nguva dzose. Ndinofunga kuti kutambudzika kwangu nenzira yandakapona nayo inofanira kureva chimwe chinhu . . . Ndinovimba kuti vechidiki vanogona kuita zvakawanda mukubatsira kuunza runyararo kana vechikuru vazhinji vakazvipira kushandidzana navo, kuteerera kune zvatinenge takadzidza uye nekushanda nesu. Dai tine runyararo kumba, ndipo paizova pekutangira pakuru.*

Ndima yekupedzisira inorondedzera zvakaitika kune mukomana wemakore gumi nemashanu ane mukoma wake akapambwa neboka rechimurenga. Mushure mechinguva, mhuri yakagamuchira nhau kubva kwaari achiri muhutapwa, uye vakavumirwa kunyorerana tsamba naye.

*Ndakatumira nhetembo kwaari, kumukurudzira kuti agare aine chivimbo netariro. Ndinomuudza kuti ndinoteerera mazano ake uye ndinoita fundo yekuchikoro nesimba. Ndakafara zvikuru paakapindura munguva yapfuura achiti, “Ndinofara kuti uri kugona kwazvo muzvidzidzo zvako. . . . Ndipo pandakakanganisa. Ndinodemba kuti handina kunge ndabuda zvakanaka muzvidzidzo zvangu . . . Semuenzaniso, ndakanga ndisingafarire zvekuverenga, . . . asi kuno ndaverenga mabhuku anopfuura makumi matatu emhando dzakasiyana-siyana uye kuchine mamwe ekuverenga. Ndakatowana duramazwi ndikatsvaga mazwi matsva andisingative. . . . Ndingadai ndisina kumbozviita nokuda kwangu izvi. . . .”*

*Kunyange zvazvo achiita seakachengeteka, ndichiri kushushikana. Dai ndaigona kutaura nevanhu vakapamba mukoma wangu, ndaivakumbira kuti vave netsitsi uye vanzwisise kutambudzika kwavakakonzenza.*

*Ndinofunga kuti kuregerera kwakakosha kana tichida kuwana runyararo. Hondo haigoni kupera kana pasina ruregerero. Zvinonyanya kukoshera vanhu vakatambura sesu kuti tiregerere.*

*Ndinofunga kuti izvi ndizvo zvandiri kushandira—ndinoshandira ruregerero.*

Kurukurai muchikwata chenyu mienzaniso yedzimwe dzetsika dzakanaka dzakaburitswa pachena nevechidiki vabva zera dzakanyorwa muchikamu chino, uye nyorai pasi dzimwe pfungwa dzenyu shoma.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 18

Pakupedzisira, hapana ongororo yechimiro chenguva yekuyaruka, chero papfupi, ichisiya hupenyu hwaRúhu'lláh, gamba rechidiki reChitendero iro, pamakore gumi nemaviri, rakanwa nemufaro kubva mukomichi yekufira kutenda. Ari pazera remakore manomwe, Rúhu'lláh akapiwa ropafadzo yekuperekedza baba vake, Ruoko Rwerudaviro (Hand of the Cause of God) ainzi Varqá nemukoma wake mukuru kunoshanyira kuNzvimbo Tsene (Holy land). Rúhu'lláh akava nepundutso yepamweya munzvimbo dzinoyera dzaive dzakamukomberedza uye achidziya mushana wezuva rehuvepo hwaBahá'u'lláh'. Rimwe zuva, tinoudzwa, Bahá'u'lláh akabvunza Rúhu'lláh, "Chii chawaita nhasi?"

"Ndaita zvidzidzo nemumwe [mudzidzisi]" ndiyo yakave mhinduro.

"Chidzidzo chipi chawadzidza?" Bahá'u'lláh anowedzera kubvunza.

"Maererano nekudzoka [kwevatumwa]", Rúhu'lláh akapindura.

"Ungatsanangura here zvazvinoreva?" Bahá'u'lláh akabvunza.

"Ne 'kudzoka' kunoreva kudzoka kwemamimiro echokwadi ezvinhu uye tsika dzemweya," akapindura.

"Aya ndiwo mashoko emudzidzisi wako chaiwo," Bahá'u'lláh akacherechedza. "Nemashoko ako chinditsanangurirawo nzwisiso yako padonzvo iri."

Kune izvi, Rúhu'lláh akadaira: "Zavakafanana nekucheka ruva kubva pachirimwa gore rino. Ruva regore rinotevera rinenge richitaridzika seiri rawacheke, asi harisi rimwe chete."

Mhinduro yaRúhu'lláh ine huchenjeri yakafadza Bahá'u'lláh, Uyo waaiwanzodana kuti Jináb-i-Muballigh (Changamire Wake, mudzidzisi wechiBahá'i).

Kune nhoroondo dzakati wandei dzinoburutsa pachena tsika dzakanaka dzaRúhu'lláh. Ichokwadi kuti, tikwanise kuva nechipimo chekuzvipira chaakawana pazera rehudiki hwake remakore gumi nemaviri, aisagona kuva munhuwo zvake wechidiki. Hongu, kutsungirira muRudaviro uye kuzvipira munzira yeMudikani hazvifaniri, kubatanidzwa nekufira kutenda. Asi ishuviro yakadini uye mufaro usingaperi unotsanangura chishamiso chekuzvipira kwaRúhu'lláh sezviri munhetembo yake inopembererwa, muchidimbu, chiri pazasi.

Kubva mukomichi yemakomborero matsvene ndipei ndimwe  
Uye bvisayi mandiri chivi nehutera;  
Kunyange zvivi zvangu zvakakura zviro kwazvo,  
Tsitsi dzaishe wangu dzakakura zvekare.

Ndinokugamuchira iwe, mutakuri wekomichi yemakomborero matsvene!  
Huya iwe, mutsiridza mweya wangu uye  
Ndiite ndinokodzera kuvachibayiro  
Munzira yeAnonyanyo-Dikanwa

Vechidiki vasati vabva zera vari muchikwata chauchaumba havazorarame hupenyu hwaRúhu'lláh. Asi zvinotaurwa mundima iyi nezvimwe zvikamu zvishoma zvapfuura zvinopa ratidzo yezvinokudzwa zvinofanira kuratidzwa nemunhu kubva pazera rehupwere. Tinoyeuchidzwa nezvechirevo chakataurwa kare muchitsauko chino kuti ruzivo runosimukira munguva yekuyaruka rwunogona kunanganisa kurutivi rumwe rwemigumo miviri— kunangana nekuzvipira kuChido chaMwari uye kuzvipira-pachako pakupa shandiro kurudzi rwemunhu kana kuti kunangana nekuzviisa muutapwa hwekuzvida uye havi yezvepanyama. Muhurukuro yakatevera muzvikamu zvinoverengeka zvinotevera, takaongorora mamiriro evari kuyaruka, kwanisiro yevechidiki vasati vayaruka, uye zvinokonzerwa nenharaunda yakapteredza hupenyu hwavo. Zvakakodzera kuti mumbomirira pano uye monyora ndima shoma pamusoro pezvamunofunga kuva kwanisiro dziri mune vechidiki vari kuyaruka uye zvingada kuitwa, kana masimba avo epamweya nepafungwa achikwanisa kuzovandudzwa.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 19

Mushure mekuongorora chidimbu chikuru chechitsauko chino chakananga pamusoro pemasimba evehidiki varikuyaruka, tavakufanirwa zvino kutsanangura nemanzwi mashoma maererano nekutora chikamu muhurongwa hwekusimudzira mwuya yevehidiki vasati vabva zera. Chimwe chishuwo chikuru cheavo vari muzera iri ndecekuti vapinde muzvikwata zvezera ravo. Vechidiki vabva zera vanowana zvichivakurudzira kupihwa mazano neshamwari dzinovanzwisisa uye dzinovaitira moyo munyoro. Imhinduro inogarovepo pazviitiko zvakakosha, zvino, kuti chirongwa ichi chakarongwa chakanangana nepfungwa ye “chikwata chevehidiki vasati vabva zera”, nhengo dzechikwata ichi dzinosangana pamwechete nguva zhinji uye vanotungamirirwa zvinegwara mukuita uye nepakudzidza. Mamiriro emisangano, aine mufaro, ushamwari nekudyidzana, hazvifanire kuva nezinyekenyeka. Asi, zvinofanira kubatsiridza, pakuvandudzika kwehunhu nemaitiro izvo zvinodiwa pahupenyu hweshandiro kuRudaviro uye kurudzi rwemunhu. Mumarongero aya, nhengo dzechikwata, dzakasununguka kubva mukutya kupomerwa kana kusekwa, vanokwanisa kubuditsa mafungiro avo uye kutsvaga mhinduro kubva kumibunzo iri mupfungwa dzavo. Vanodzidza kuteerera, kutaura, kudzamisa pfungwa, kuita ongororo, kuita sarudzo, nekuzviisa muzviito.

Muchikwata chimwe nechimwe, pane kudikanwa kwemunhu ati kurei anozova, seshamwari yechokadi kune vechidiki ava, mukuvabatsira kuumbiridza kwanisiro dzavo. Avo vanoita jana iri vanozivikanwa sa “sahwira”. Kuvapo kwasahwira wevehidiki kunobatsira nhengo dzeboka kuti dzirambe dzine tariro uye kukurudzirwa kuti hadzikwanise chete kuzvichenetedza kubva mumasimba etsika dzakaora dziri kuitika munharaunda dzakavapoteredza asi kuti dzinokwanisa kubatsiridzawo pakuva nani kwayo. Kunyangwe zvazvo kupa shandiro pachinhango ichi isiri kodzero kuzera ripi zvaro, vechidiki vabva zera vemakore gumi nemanomwe zvichiyenda mberi vanoyedza kutevedzera kuva masahwira akanaka sezvo vachizviona zviri nyore kubata vechidiki vasati vabva zera sevanhu vakaenzana,

kwete sevana, kuvakurudzira kuti kubvunza mibvunzo, kutsvaga tsanangudzo, nekupinda mukutsvaga chokwadi chemamiriro zvinhu. Mundima iri pazasi, ‘Abdu’l-Bahá anobuditsa tariro Yake yokuti mweya yevechidiki ichakwanisa kuriritirwa:

**“Itarisiro ya‘Abdu’l-Bahá kuti mweya iyo yevechidiki vari muchikoro cheruzivo rwakadzama vanova vanoumbiridzwa neuyo ari kuvadzidzisa kuti vave nerudo. Dai vose, kuburikidza nekunanambira kwemweya, vadzidze zvakanaka zvishamiso zvezvakavanzika; zvakanaka zvekuti muHumambo hweane Mbiri, umwe neumwe wavo, vakava seshiri inoimba zvinodakadza yakazadzwa nemashoko, vachashevedzera zvakavanzika zveHumambo Hwekudenga, uye semudiwa anochishuwo odurura chido chake uye otaura zvinodiwa neMudiwa wake.”<sup>32</sup>**

Chikwata chevechidiki vasati vabva zera hachisi chikwata chezvidzidzo zhevana. Chine zvimwe zvinoratidzo zve “study circle” asi chinangwa chacho chikuru ndecekushanda kupa mukana wemamiriro emushandirapamwe kunhengo dzacho, umo mavanokwanisa kuvandudza maonero epamweya uye gwara remafungiro nemaitiro anoratidza chimiro chavo muhupenyu hwavo hwese. Kuva wakambotora chikamu muzvidzidzo zvakasiyana-siyana zve*Ruhi Institute*, pane ruzivo rwawakawana pachezvako senhengo yeboka re “study circle” uye pamwe wakambodzidzisa zvimwe zvidzidzo kuvana mushure mekunge wapedza kunzvera gwaro rechitatu. Tarisisai zvakanyorwa pazasi maringe nechimiro chezvidzidzo izvi. Pachimwe nechimwe, kurukurai nedzimwe nhengo dzauri kuita nadzo zvidzidzo izvi kuti ndedzipi fananidzo kana misiyano yaungatarisira kuwana pakati pechikwata chezvidzidzo zhevana, chikwata chevechidiki vasati vabva zera, uye boka rezvidzidzo (study circle)

- Chimiro chezvitiko
- Hukama pakati pevadzidzi
- Mamiriro emisangano yavo
- Janha reuyo anopa shandiro—ano, mudzidzisi wevana, sahwira wevechidiki, kana mubatsiri we “study circle”s.

## CHIKAMU 20

Apo paunozvipira pachako munzira iyi yeshandiro, uchava zvino nekuona kuti kukunda kuburikidza nekuedza kwako kunowedzera, zvikurusei, kumhando yehukama hwauchaumba nenhengo dzechikwata chevechidiki vasati vabva zera vauchabatsira kuumba. Chokwadi, uchave, wakagadzirira kuteerera kwavari, kuvapa mazano uye, kana zvichikodzera, uchavanyaradza. Kutenda kwako kwakasimba mukukwanisa kwavo, uye ruremekedzo rwako, uye rudo rwechokwadi rwaunopa kune umwe neumwe wavo, zvichavakurudzira kuti vaise simba ravo mukuita zvakanaka (excellence). Unofanira kuzoratidza kuzvipira kwako mune zvakanakira hupenyu hwavo uye budiriro yavo, pasina kana chidimbu chemaitiro ehubaba, kuzviita mururami-pachako, kana kuita maitiro ehutongi—maitiro anozoshaisa vechidiki vasati vabva zera mukana wekubudirira. Uye unofanira kutora mikana yose kusimbaradza hwaro hwekutenda kwechokwadi mumwoyo nemupfungwa dzavo uye kuisa tariro mavari mune remangwana rakajeka. ‘Abdu’l-Bahá anotiraira:

**“Chekutanga pane zvose ivai makagadzirira kuzvipira hupenyu hwenyu mukubatsira vamwe, kuve nehanya nezvakanika vamwe kudarika budiriro yako. Umbai hukama hwekuti hapana chinouzunguza; umbai gungano risina chinoriparadza; ivai nepfungwa isinganeti kutsvaga hupfumi husina chinohuparadza. Dai rudo rwusina kuvapo, chii chechokwadi chaizosara? Moto werudo rwaMwari uyo unopa munhu musiyano kubva kumhuka. Simbaradzai simba remusiyano uyu kubudikidza naro pachawanikwa budiriro pasi rose.”**

Kurukurai kuti maitiro anotevera anodzorera sei kumashure nhengo dzechikwata chevechidiki vasati vabva zera uye ipfungwa dzipi, maonero, uye maitiro angabatsira sahwira wevechidiki kudzivirira maitiro akadaro.

Maitiro ehubaba: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

---

---

Kuzviita mururami: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

---

---

Kuva nehutongi: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 21

Hukama hwako nenhengo dzeboka revechidiki vasati vabva zera kunonyanya kuumbwa nemuenzaniso wawunenge wapa. Kuchidziro yemuenzaniso haigoni kutorerwa pasi muhupenyu hwemunhu mudiki. Kuedza kwedu pachedu, zvino, kuchenesa mwoyo yedu kunoda kusimbaradzwa papfungwa iyi. “Kunyanya kuda zvinhu zvenyama”, “kubatikana

nezvinhu zvenyika zvinoputira mweya yevanhu”, “kutya uye kuzvidya moyo zvinokanganisa pfungwa dzavo”, “mafaro epanyama uye zvihingaidzo zvinozadza nguva yavo, rusrara uye ruvengo zvinosvibisa chimiro chavo, kusava nehanya uye kupera simba zvinoremadza masimba avo epamweya” ndizvo “pakati pezvipinga zvikuru izvo”, Mutariri anoti, “zvinomira munzira yavose vanoda kuzova mhare mukupa shandiro yaBahá’u’lláh”. Anotiyechidzazve kuti kukwanisa kwedu kurwisa masimba akadaro kuchatsamira paudzamu hwatinopa tomene pakuzvichenesa kubva “mukusarurama uku,” kusununguka kubva “pakubatikana nezvinhu izvi zvisina maturo uye kuzvidya moyo,” kusununguka kubva “murusarura urwu uye daka,” “kuzvitsaura kubva pahumbimbindoga,” uye “kuzadzwa nesimba raMwari rinokuponesa uye kuriritira”.

Ndezvipi zvinoshanduka kuburikidza nekurudziro yeMutariri pakuedza kwenyu kubatsiridza kubudiriro yepamweya wevechidiki vasati vabva zera?

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 22

Seshamwari yechokwadi kune vechidiki vasati vabva zera uye semubatsiri wavo ane huchenjeri, zvinova zvakakoshesesa kuti uvaperekedze munguva yemufaro uye munguva dzematambudziko. Kuti vasvike pamatanho epamusoro-soro ekuita zvakanaka, vachange vachida kukurudzirwa nguva dzose. Kukura kwechipimo chako chekunangana nebudiriro yavo, pachinzvimbo chekukundikana kwavo uye zvavanokanganisa, ndookukwanisa kwako kuzovabatsira. Hongu, uchapa kurudziro, asi kwete, nenzira inokurudzira humbimbindoga. Uchanangana nezvebudiriro, asi kwete kutya kuvapa mazano kana ukavaona vari muzviitiko zvinogona kukanganisa udzamu hwetsika dzavo dzehuMwari.

Kuti ufunge pamusoro pechimiro cheushamwari hwako nechikwata, verenga chidimbu chinotevera kubva mutsamba yakanyorwa nemumiriri weMutariri. Kunyangwe zvazvo ichitsanangura hukama hwemapoka ehutungamiriri eChitendero kudungamunhu, zvinoenderana nekuedza kwako sasahwira vechikwata chevechidiki vasati vabva zera.

**“Vatendi vanova, kwechikamu chikuru, vadiki muRudaviro, uye kana vakakanganisa hazvina kunyanya kukosha sekunge mweya yavo yakaparadzwa nekutaurirwa nguva dzose—ita icho uye usaita icho!”<sup>34</sup>**

Kurukurai kuti sei mweya wemunhu wechidiki uchigona kuperadzwa nekugaroyeuchidzwa nezvekanganisa kwake uye nekugara achiudzwa zvekuita nezvekusaita nguva nenguva. Nyorai dzimwe pfungwa dzenyu pazasi.

---

---

---

---

---

Kurudziro haina kufanana nekurumbidza kusina rusarura; inofanira kuitwa nemwoyo wese uye rusununguko kubva kuhunyengeri, zvikasadaro inozotungamirira mukuzvida kana kushaiwa kweruvimbo. Pazasi pane mimwe mienzaniso yezvaiitwa na‘Abdu’l-Bahá achikurudzira vatendi mukuedza kwavo kushandira Rudaviro.

**“Zvirokwazvo ndinopa rutendo kuna Mwari pakuva vakakugonesai kuti mushandire Rudaviro Rwake mumunda mukuru Wake wemizambiringa.”<sup>35</sup>**

**“Zvirokwazvo, ndinorumbidza Ishe wangu mukurusa nekukusarudzai kuti mushevedze muzita rake pakati pevanhu, nekukukwezverai kurunako rwe Anekubwinya-Kwose, uye nekukusimbisai mukuunza kukunda muRudaviro Rwake.”**

**“Zvirokwazvo, Mwari akakunatsai kubva muzvivi paAkakunyudzai mugungwa retsitsi Dzake uye paakupai kuti munwe kubva mukomichi yekutenda uye newaini yakachena yekucherechedzwa. Maita zvakanaka! Maita zvakanaka! nekuti makashuva kupira zvido zvenyu kuchido chaMwari uye mukashuvira kuwedzera rudo rwenyu kuna Mwari, kutambanudza kuMuziva kwenyu, uye kuramba makatsungirira munzira Yake.”<sup>37</sup>**

**“Nhai vadiwa vangu vepamweya! Rumbidzo ngaive kuna Mwari, makakanda mambure parutivi uye mukacherechedza Mudikanwi anetsitsi, uye makakasira kubva pachinzvimbo ichi muchienda kuchinhando chisina nzvimbo. Mukadzimikira matende enyu munyika yaMwari, uye nekuMukudza, Nyakuzviraramisa, makashevedzera manzwi anotapira uye mukaimba nziyo dzaibaya moyo. Makaita zvakanaka! Makaita zvakanaka zvakapetwa kazana! Nekuti makaona Chiedza chichiratidzwa, uye mukuzvarwa kwenyu patsva makashevedzera, ‘Akakomborerwa Tenzi, mukuru wevasiki vose?’<sup>38</sup>**

**“Nhai imi vakarurama, imi vanoshuva, imi vanokwezverwa kunge vakaiswa *magineti*, imi makasimuka kupa shandiro kuRudavido rwaMwari, kusimudzira Shoko Rake uye nekuparadzira zvinonhuwirira zvinotapira Zvake kure uye kwakatambanuka! ndakaverenga tsamba yenu yanakanisa, yanakanaka manyorerwo ayo, kutsetseka kwemanzwi, kudzama kwezvainoreva, uye ndakarumbidza Mwari nekuMutenda pakuuya kwake kuzokubatsirai uye nekukugonesai kuti mumushandire Iye mumunda Wake mukurusa wemazambiringa.”**

**“Tsamba yenu yaive yakaita sechitsumbu chemaruva anonhuwirira achidururira kunhuwira kwokutenda uye gutsikano. Makaita zvakanaka! Makaita zvakanaka!**

**Imi makatendeutsira huso hwenyu kuHumambo Husina kumboonekwa. Zvakanakisa! Zvakanakisa! Nokuti makakwezverwa Kurunako rweAnoremedzwa! Zvinoshamisa! Zvinoshamisa! Makaita rombo rakanaka sei kuwana chipo ichi chikuru!”<sup>40</sup>**

Muchikurudzirwa nenzira iyo ‘Abdu’l-Bahá anorumbidza nayo shamwari, tsanangura nemitsara mishoma kuti ungaita sei pakukurudzira nhengo dzechikwata chauchange uchibatsiridza munguva inotevera.

---

---

---

---

---

---

## **CHIKAMU 23**

Pekupedzisira, munofanira kuyeuka kuti kuedza kwenyu kusimbisa zvisungo zvakadzama zvehushamwari hune rudo nenhengo dzechikwata chevechidiki vasati vabva zera uye kuvakurudzira kuti vatsungirire pakuedza kuita zvakanaka zvinounza zvibereko kusvika pachinhanho chekuti unoumba *environment* ine mufaro.

**“Mufaro unotipa mapapiro! Munguva yekufara simba redu rinowedzera kukosha, njere dzedu dzinowedzera kudokwaira, uye nzwisiso yedu inenge isina kunyanya kuvharidzirwa. Tinoita setinokwanisa kurarama zvirinani nenyika uye kuwana mukana wedu wekubatsira.”<sup>41</sup>**

Kuti uumbe *environment* ine mufaro yechikwata, unofanirwa kunzwa mufaro. Funga nezve vamwe vechidiki vasati vabva zera vawagara uchiziva kuti vangava nhengo dzechikwata chauri kutarisira kuzoshanda nacho. Ndzedzipi pfungwa dzakanangana navo dzinouya mupfungwa mako dzinounza mufaro kwauri?

---

---

---

---

---

---

Ndeapi matanho anoshanda aungatora kuitira kuzadza nomufaro misangano yeboka rakadaro, pasina kuvatuma kuita zinyekenyeka?

---

---

---

---

---

---

---

Nemafungiro aya, verenga ndima iri pazasi kubva mutsamba yakanyorwa nemumiriri weImba yeHutongi Hwakaenzana ye Pasi Rose:

**“Mufaro wemukati uyo munhu wega wega anotsvaga, zvakasiyana nemanzwiro emukati epanyama anoitika achipfuura, hauna kutsamira pane kuchidziro yekunze; aya mamiriro, akaberekwa negutsikano uye ruzivo rwakadzama, huchisimudzirwa nemwoyo wakachena, huchikwanisa kusiyanisa pakati paicho chinogara nekusingaperi uye icho chemanyepo.”<sup>42</sup>**

Ngativharei kudzidza kwedu kwechitsauko chino nekufungisisa pamusoro pemashoko anotevera a‘Abdu’l-Bahá:

**“Chipo chikuru chemunhu rudo rwepasi rose—iyo magineti inopa kugara nekusingaperi. Inokwezva chokwadi uye inoparatzira hupenyu uye mufaro usingaperi. Kana rudo urwu rwukapinda mumwoyo wemunhu, masimba ose emuchadenga achaonekwa kuburikidza naye, nekuti isimba redenga iro rinomuendesa pachinhanho chedenga uye achatadza kubudirira kusvikira avhenekerwa narwo. Shingirirai kuwedzera simba-rerudo rwechokwadi, kuitira kuti mwoyo yenu ive nhongonya dzechwezvo uye kugadzira mazano matsva uye hukama.”<sup>43</sup>**

## REFERENCES

1. From the Ridván 2010 message written to the Bahá'ís of the world, published in *Framework for Action: Selected Messages of the Universal House of Justice and Supplementary Material, 2006–2016* (West Palm Beach: Palabra Publications, 2017), no. 14.16, p. 82.
2. From a talk given on 17 November 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace: Talks Delivered by 'Abdu'l-Bahá during His Visit to the United States and Canada in 1912* (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2012), par. 3, p. 617.
3. *Selections from the Writings of 'Abdu'l-Bahá* (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2010, 2015 printing), no. 111.7, p. 192.
4. *Abdul Baha on Divine Philosophy* (Boston: The Tudor Press, 1918), pp. 131–32.
5. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 1983, 2017 printing), CLIII, par. 6, p. 370.
6. Ibid., I, par. 5, p. 3.
7. *Tablets of Bahá'u'lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 1988, 2005 printing), no. 4.7, pp. 34–35.
8. Bahá'u'lláh, *The Hidden Words* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 2003, 2012 printing), Arabic no. 13, pp. 6–7.
9. *Selections from the Writings of 'Abdu'l-Bahá*, no. 34.2, p. 100.
10. Ibid., no. 35.7, p. 104.
11. *Tablets of Abdul-Baha Abbas* (New York: Bahá'í Publishing Committee, 1909, 1930 printing), vol. 1, p. 136. (authorized translation)
12. 'Abdu'l-Bahá, *The Secret of Divine Civilization* (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2007, 2017 printing), par. 186, p. 136.
13. *Selections from the Writings of 'Abdu'l-Bahá*, no. 68.3, pp. 147–48.
14. Ibid., no. 155.4, p. 253.
15. From a talk given by 'Abdu'l-Bahá on 26 May 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 3, p. 205.
16. From a talk given by 'Abdu'l-Bahá on 11 June 1912, ibid., par. 4, p. 258.
17. 'Abdu'l-Bahá, in *Bahai Scriptures: Selections from the Utterances of Baha'u'llah and Abdul Baha* (New York: Bahá'í Publishing Committee, 1928), no. 992, p. 548.

18. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 11 June 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 6, p. 261.
19. *The Call of the Divine Beloved: Selected Mystical Works of Bahá’u’lláh* (Haifa: Bahá’í World Centre, 2018), no. 2.22, p. 21.
20. From a talk given on 28 October 1911, published in *Paris Talks: Addresses Given by ‘Abdu’l-Bahá in 1911* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2006, 2016 printing), no. 15.12, p. 53.
21. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 36.5, p. 111.
22. *The Call of the Divine Beloved*, no. 2.19, p. 19.
23. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 195.5, p. 327.
24. Bahá’u’lláh, in *The Kitáb-i-Aqdas: The Most Holy Book* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 1993, 2013 printing), par. 64, pp. 42–43.
25. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 223.1, pp. 388–89.
26. Ibid., no. 35.4, p. 102.
27. Ibid., no. 206.9, p. 354.
28. *Prayers and Meditations by Bahá’u’lláh* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 1987, 2008 printing), XXXVI, par. 4, p. 47.
29. Ibid., CLXXXIV, par. 2, p. 324.
30. From a letter dated 23 November 1983 written on behalf of the Universal House of Justice to an individual, published in *Lights of Guidance: A Bahá’í Reference File* (New Delhi: Bahá’í Publishing Trust, 1988, 2010 printing), no. 1206, pp. 359–60.
31. From a letter dated 8 December 1935 written on behalf of Shoghi Effendi to an individual, published in *Prayer and Devotional Life: A Compilation of Extracts from the Writings of Bahá’u’lláh, the Báb, and ‘Abdu’l-Bahá and the Letters of Shoghi Effendi and the Universal House of Justice*, compiled by the Research Department of the Universal House of Justice (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2019), no. 71, p. 30.
32. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 107.1, p. 188.
33. *Abdul Baha on Divine Philosophy*, p. 112.
34. From a letter dated 30 June 1957 written on behalf of Shoghi Effendi to a National Spiritual Assembly, in “The National Spiritual Assembly”, published in *The Compilation of Compilations* (Maryborough: Bahá’í Publications Australia, 1991), vol. 2, no. 1502, p. 128.

35. *Tablets of Abdul-Baha Abbas*, vol. 1, p. 11. (authorized translation)
36. *Ibid.*, p. 18. (authorized translation)
37. *Tablets of Abdul-Baha Abbas* (New York: Bahá'í Publishing Committee, 1915, 1940 printing), vol. 2, pp. 266–67. (authorized translation) 38. *Selections from the Writings of 'Abdu'l-Bahá*, no. 236.4, p. 439.
39. *Ibid.*, no. 199.1, pp. 332–33.
40. *Tablets of Abdul-Baha Abbas* (New York: Bahá'í Publishing Committee, 1916, 1930 printing), vol. 3, p. 530. (authorized translation)
41. From a talk given by 'Abdu'l-Bahá on 22 November 1911, published in *Paris Talks*, no. 35.2, p. 135.
42. From a letter dated 19 April 2013 written on behalf of the Universal House of Justice to a small group of individuals, published in *Framework for Action*, no. 51.7, p. 292.
43. *Abdul Baha on Divine Philosophy*, pp. 111–12





Kupa shandiro  
saSahwira  
wevechidiki  
vasati vabva-zera

Chinangwa

Kufungisisa pamusoro pepfungwa  
dzinoumba chirongwa chekusimudzira  
masimba epamweya evechidiki vasati  
vabva-zera



## **CHIKAMU 1**

Muchitsauko chechipiri chebhuku rino takakurukura nezvekukosha kwemagariro emunharaunda muhupenyu hwemunhu wechidiki munguva yekutanga kuyaruka. Naizvozvo, chirongwa chekusimudzira masimba epamweya evehidiki vasati vabva zera, chakarongwa chakanangana nepfungwa yechikwata “chevechidiki vasati vabva zera”. Chikwata chevechidiki vasati vabva zera, takati, hachisi chikwata chezvidzidzo zhevana. Chine mamwe mamiriro e *study circle*, asi basa racho guru nderekushanda semukana wekutsigirana kwenhengo dzayo, umo mavanokwanisa kuvandudza maonero epamweya uye gwara remafungiro uye maitiro ayo anoratidza chimiro chavo muupenyu hwavo hwese.

Chikwata chevechidiki vasati vabva zera chinosangana nguva nenguva, kamwechete pasvondo, uye vanopinda muma *camp* akati-kuti anoitwa gore negore munguva yemakore matatu. Nguva inotorwa nenhengo dziri pamwechete sechikwata yakanangana nekunzvera mabhuku akagadzirwa achinangana neavo vamazera ari pakati pemakore gumi nemaviri ne gumi nemashanu. Vechidiki ava vanokurukurawo nezve, kuronga, uye kuita zviitiko zvekupa shandiro munharaunda, kutamba mitambo, kuita zviitiko zvemutsika nemagariro, zvakaita semitambo (drama) uye mabasa ehumhizha, zvinoenderana nechimiro chenharaunda yakavapoteredza. Pama *camps*, ayo anoitwa mumazuva akati-kuti, vanopinda mukunzvera kwakadzama sechikwata chimwechete uye kutora chikamu muzviitiko sechikwata uye kubatana nezvimwe zvikwata zvemunharaunda kana mumusha vachienderera mberi nechirongwa. Muchitsauko chino, tichaongorora pfungwa dzakasiyana-siyana pamusoro pechirongwa chekusimudzira masimba epamweya, idzo dzaunofanirwa kuva kuzova nenzwisiso iri nani.

## **CHIKAMU 2**

Ngatitangei kufunga nezvenhengo dzechikwata. Kana vechidiki vasati vabva zera vemunharaunda vakaratidza chido muchirongwa, kazhinji zvinogoneka kuumba chikwata chine nhengo gumi kusvika pagumi neshanu. Apo ruzhinji rwemazera aya rwuri pazera regumi nemaviri kusvika pagumi nematatu, vamwe vavo vanokwanisa kunge vari pasi pemakore gumi nemaviri uye vamwewo vakura kusvika pagumi nemana. Ruzivo rwunobva mukuita rwunoratidza kuti chirongwa chinoratidza kubatsira zvakanyanya kana nhengo, zvisinei nemazera adzo, dzikaramba dziri pamwe chete kwenguva yese yemakore matatu uye dzoipedza sechikwata. Panguva iyoyo, avo vanoshuvira vanokwanisa kuyambukira kudanho rinotevera rehurongwa hwedzidzo, kunzvera mutevedzanwa wakakosha wezvidzidzo zve *institute* uye kutevedza nzira dzeshandiro dzainovhura kwavari.

Mune dzimwe nzvimbo vechidiki avo vanopinda muchikwata vanenge vakambotora chikamu muzvidzidzo zhevana zvechiBahá’í, asi zvinofanirwa kurangarirwa kuti, munguva zhinji, vechidiki vanosangana nechirongwa vanokwanisa kunge vasina kumbosangana neChitendero. Zvino, kunze kwekusiyana kwemazera avo, kazhinji panova nekusiyana kunowanikwa kuburikidza nemagariro ekwavanobva uye ruzivo runobva mukuita. Hapana chikwata chinoita zvakafanana, uye nguva dzese madzisahwira anoramba akatarisana

nechinangwa chekupindura zvakasiyana-siyana zvinobata-bata vechidiki ava. Pakadai kuva nepfungwa dzakatambanuka uye kwanisiro yekuva nemazano zvinova zvinokosha mukuita izvi, uye unofanirwa kunge wakagadzirira kutarisana nechinangwa ichi nguva dzese pamunosangana nechikwata. Ungakwanisa sei, semuenzaniso, kugadzirisa nenyaya dzinotevera?

- Dzimwe nhengo dzechikwata chevechedidiki vasati vabva zera vauri kubatsira vanoratidza kuomerwa mukuverenga kwavo nzwisiso (comprehension).
- Dzimwe nhengo diki dzechikwata dzinonzwa kusvoda kana ukaedza kushanda navo wakavaparadzanisa nevamwe.
- Nhengo imwe kana mbiri dzati kurei hadzioni zvimwe zviitiko zvechikwata zvichivaomera zvakakwanira.
- Dzimwe nhengo dzechikwata dzinoramba kutora chikamu mune chimwe chiitiko.
- Nhengo shoma dzechikwata dzinoratidza kwanisiro yekunzvera zvidzidzo neukasika kupfuura vamwe vese.
- Vasikana nevakomana havana hanya nekutora chikamu mune zvimwe zviitiko vari pamwechete
- Nhengo zhinji hadzina mukana wezvikwanisiro zvekubatsiridza, semuenzaniso, zvakanangana nechiitiko chekuenda kumafuramhepo sechikwata.
- Imwe nhengo kana mbiri dzechikwata hadziuyi nguva zhinji.
- Imwe nhengo inoita nyambo dzisina kufanira munguva yemusangano.
- Nhengo shoma dzechikwata dzinouya nevanin'ina vadzo kumisangano.
- Nhengo imwe kana mbiri hadzitori chikamu munhauriranho dzechikwata.

Kurukurai muchikwata chenyu mamiriro aya nemamwe aakafanana nawo. Zvechokwadi, pamunowedzera ruzivo munzira iyi yeshandiro, nguva nenguva muchapenengura matambudziko akaita seaya mumitevedzanwa yemisangano yeongororo nemamwe madzisahwira uye munowana miono mitsva.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 3

Mabhuku ayo zvidzidzo zvawo zviri panhongonya yechirongwa—zvimwe makambonzvera mamwe amwe acho, kutevedzera sezvakanyorwa muBook 2—akarongwa zvakareruka zvchienderana nedanho rekuoma kwavo, maringe nemutauro wakashandisa uye pfungwa dzinokurukurwa mukumanzvera. Anopatsanurwa kuita mapoka maviri. Ayo ari muboka rekutanga anotaura nezvemadingindira kubva pamaonero echiBahá’í, asi kwete senzira yekupa dzidziso yemitemo yechitendero. Mupfungwa iyi vanokwanisa kunzi “anofemerwa kubva mudzidziso dzechiBahá’í”. Anoumba chikamu chikuru chechirongwa. Rimwe boka rinosanganisira mabhuku, mashoma muuwandu, ayo anopa chikamu chakajeka chezvidzidziso zvechiBahá’í. Tichaongorora nezvechikamu ichi muchikamu chinotevera uye tichanangana nekufungisia chimiro cheayo mabhuku anokurudzirwa nezvinyorwa zvechiBahá’í.

Kazhinji, zvidzidzo zverudzi urwu zvinogadzirwa nekutenda kuti, mugungwa reZvakazarurwa zvaBahá’u’lláh, mune hukoshwa hweluchenjeri husingaverengeki hunofanira kupihwa kuvanhu vane chidokwadokwa, kunyangwe pavanenge vasati vaziva Chinhando Chake. Mune ruzivo rwepfungwa iyi nechekare, sezviri muchitsauko chechipiri muBook 2, “Nhaurirano Dzinosisimudzira”, makanzvera ndima dzinobva mudzidziso uye Zvinyorwa of ‘Abdu’l-Bahá kuitira kuumba kwanisiro yekugona kubatanidza ruzivo rwezvepamweya uye muono wakadzama wamunowana munhauriranho dzanyu dzezuva roga roga.

Semaziviro ako kubva mukuita pachako, mukukurukura nevamwe madingindira akapiwa muchitsauko ichocco, munokwanisa mune dzimwe nguva makawana kusununguka kukataura panobva kurudziro yenu, kunyangwe, dzimwe nguva, ungangofunga kuti zvakanaka kusazviita—izvi, maerano nezvinodiwa munguva yega yega. Pfungwa imwechetewo inoshanda takatanangana nemabhuku ane dzidziso dzakafemerwa nezvidzidziso zvechiBahá’í. Tsamba yakanyorwa nevamiririri veImba yeHutongi Hwakaenzana yePasi Rose inoti:

**“Umwe wemisimboti yakokosha uri kututungamirira budiriro yechiBahá’í pamagariro uye zveupfumi ndewekuti shamwari dzinofanirwa kupa nemwoyo wese dzidziso dzaBahá’u’lláh kuvanhu uye zvakasununguka kuitira kuti vanhu kwose kwose vanodzishandisa kunyaya dzinovabata-bata dzemagariro uye kuvandudza hupenyu hwavo pachavo uye hwevanhu vese, kumativi ese ezvepanyama uye zvepamweya. Kuwana Shoko raMwari hakufanirwi kukomedzerwa chete pakugamuchira Bahá’u’lláh seMutumwa waMwari wanhasi. Pamusoro pazvo, zvinogona kusava zvakakodzera kurega kutaura zvakajeka kwaKabva kurudziro iyo iri pasi pechirongwa chedzidzo yakaumbwa yakanangana neDzidziso Yake, apo mamiriro ezvinhu achaida jekeso iyi. Naizvozvo, pane sarudzo dzakawanda idzo shamwari dzinogona kufunga nezvadzo pakuronga zvidzidzo zvinokuridzirwa kubva muzvidzidziso uye mitemo yeChitendero.”<sup>1</sup>**

Uye imwe tsamba yakanyorwa nevamiririri veImba yeHutongi Hwakaenzana inoti:

**“Takakumbirwa kuti tikuzivisei kuti hazvina kufanira kudoma zita remunyori kana tichishandisa ndima inenge yabva muzvinyorwa zvechiBahá’í zviri mumagwaro efundo anokurudzirwa nedzidziso dzechiBahá’í kana zvichiratidza uchenjeri mukusaita izvi.”<sup>2</sup>**

Naizvozvo, apo magwaro efundo anokurudzirwa nechiBahá’í achiumbwa kubva pakurudziro inobva muZvakazarurwa zvaBahá’u’lláh, chimiro cheboka rega rega remagwaro efundo uye chinangwa chekushandisa kwavo zvinoratidza danho iro Chitendero chiri kufanirwa kuzotsanangurwa zviri pachena. Mune mamwe, zvakakodzera chaizvo kubatanidza ndima kubva muMagwaro Anoera. Mune mamwe, dzidziso dzechiBahá’í dzinokwanisa kutsanangurwa pasina zvinyorwa. Mumamiriro aya ese, kudoma panobva zvinyorwa kunogona kuburitswa kana kusaburitswa. Nokudaro, zvakakosha kuziva, kuti kunyangwe mumamiriro ayo asingabuditsi pachena nezveChitendero, chirevo cheruzivo runobva mukuita chekudzidzisisa-uye-kudzidza chinobuditsa pachena kuti magwaro efundo zvechokwadi anokurudzirwa neZvakazarurwa zvaBahá’u’lláh.

Magwaro efundo anokurudzirwa nezvinyorwa zvechiBahá’í atiri kufunga nezvawo pari zvino akanangana zvakadzama pasimba reShoko raMwari, zvose kubva pakunokora mashoko kubva pazvinyorwa uye kurukanisa dzidziso dzeChitendero kuti dzive dzinobuda semadingindira mumafungiro ane udzamu, tsika, uye epamweya. Magwaro aya pachawo haabuditsi pakatorwa zvinyorwa, uye kazhinji zvinosiirwa kumubatsiri(animateur) kuti asarudze, kuburikidza nemamiriro uye zvido zvechikwata, kuti zvakakosha here kutsanangura kunobva zvinyorwa uye, kana zvakakodzera, kuti panguva ipi yekuita izvi. Pazasi pane chidimbu chechidzidzo chakatorwa kubva muKufefetera kweMakomborero, kazhinji ndiro bhuku rinotanga kudzidzwa nezvkwata zvechediki vasati vabva zera. Chinzverei uye mukurukure mibvunzo inotevera.

Godwin ane shamwari yake yepedyo yaanodzidza nayo inonzi Chishimba. Anowanzo shanyira mhuri yekwaMulenga, uye manheru acharara uye vachadya vose. Nhaurirano patafura inosvetuka kubva paimwe nyaya kupinda paneimwe. Musonda anoda kupinza nyaya yemakomborero, uye haana kugadzikana. Zvisineiwo, panomboita kanguva kerunyararo.” “Ini na Rose tambenge tichitaura nezvemakomborero,” anodaro Musonda.

“Iyo yatanga hanzvadzi yangu diki,” anodaro Godwin, achigadzirisa pahuro. Asi anoshamisika kuti, Chishimba anoratidza kuzvifarira.

“Izwi iri rinorevei kwauri?” anobvunza kuna Musonda.

Musonda, achishamisikawo, anotarisa kuna Rose, aine tarisiro yekuti angapindura.

“Makomborero. . Mwari vanotikomborera uye vanotibatsira mune zvose zvatinoita,” anodaro Rose.

Chishimba anotora chinguva akanyarara. Pane kusuwa pameso pake. “Mwedzi mishoma yadarika,” anotanga kutaura zvinyoro-nyoro, “baba vangu vakarasikirwa nebasava ravo. Vanovimbika uye vakatendeseka, uye munhu wese anozviziva. Kwemakore gumi nemasere vakashanda semurindi pakambani, asi, vakazoerekana, vadzingwa basa. Tose tinoziva chikonzero. Dai vakaramba vainavo kwemamwe makore maviri, vaizopinda pamudyandigere uye kambani yaifanirwa kuzovapa mari yemudyandigere. Hatina mari yakawanda yatakachengeta. Kunyange zvazvo mukoma vangu vachimbotibatsira, ndinoona sekuti handikwanise kuzodzokera kuchikoro gore rinouya nekuti handikwanise kubhadhara mari yepekugara. Ndinoda chikoro chaizvo. Hameno sei Mwari vasingandibatsire.”

Vanhу vese vanotarisa kuna VaMulenga, vainetarisiro yokuti vangapindura mubvunzo uyu.

VaMulenga vanonyemwerera voti, “Kuti Mwari vanotikomborera kana tichizvipira hazvirevi kuti hupenyu huri nyore. Hupenyu hwenuyu hwunowanda matambudziko, uye ndine hurombo, kuti mazhinji acho achakonzerwa nehudzvanyiriri. Asi munofanirwa kushanda nesimba, uye kunyangwe zvinhu zvikabuda zvatisimgatarisire kwechinguva, munofanira kuvimba mumakomborero aMwari. Vachakukomborera kunyanya pachinangwa chenyu chekuedza kupedza udzvanyiriri.” Vanotendeukira kuna Chishimba voti, “Mhuri yenu yakabatana uye inoshanda nesimba. Moyo wangu uri kunditaurira kuti zvinhu zvichakushandukira. Uchapedza zvidzidzo zvako. Batisisa mazwi angu aya.”

Muchikamu 20 ne 21 tichadzidza nezve *Kufefetera kwe Makomborero* zvine udzamu, asi parizvino mungangoshuvira kukurukura pamusoro pemibvunzo inotevera muchikwata chenyu:

1. Ndeipi pfungwa huru yepamweya yataurwa munhaurirano iri pamusoro?
2. Pfungwa yatsanangurwa nenzira iyi inokwanisa kunzwisiswa nevechidiki vasati vabva zera here?
3. Muchitsauko chechipiri chebhuku rino tafunga nezvenjodzi yekunyanya kukomekedza pamusoro pe “humbimbindoga”. Chirongwa chedzidzo chinostimbisa sei kukosha kwekuedza kwedu uye kukwezva makomborero aMwari chichisiyana sei nechimwe chakarongwa chakanangana nepfungwa yekuedza kunzwisia zvauri pachako, kuziva chinangwa chako, uye kuzvivimba sezvakatsanangurwa muchitsauko ichocco?
4. Vechidiki vasati vabva zera vese, zvisinei nekwavanobva, kusanganisira nevanobva mumhuri dzechiBahá’í, vanobatsirika here kubva mukunzvera magwaro edzidzo anokurudzirwa nechiBahá’í ari kuongororwa pano? Nechikonzero ipi?

## CHIKAMU 4

Mabhuku ari muboka rechipiri anopa dzidziso dzakanangana nekuenderera mberi kwedzidzo yepamweya inowanikwa muzvidzidzo zvechiBahá’í zhevana. Anojekesa zvizere mukuburitsa kwavo zvakakosha zvinobva muzvinyorwa zvechiBahá’í uye kukurukura maitiro anobatsira pakushandura kurudziro yepameya kuisa mumabasa padanho rehupenyu hwenharaunda. Chinhanho icho Bahá’u’lláh anotora seMutumwa waMwari kuzera iri, chivimbo chakakwana mukuzadzikiswa kwekuyeuka chinangwa Chake kuvanhu, vimbiso yerusununguko rusina muganh uye mufaro watinowana kuburikidza nekuteerera kumitemo Yake, uye kutendeseka musimba reChibvumirano Chake—izvi ndezvimwe zveshuviro dzinokurudzira maumbirwo anoitwa madingindira ari muzvidzidzo.

Mukufunga nezve mhando iyi yemagwaro edzidzo, muchawana ndima inotevera yakanyorwa nevamiririri veMutariri ichikubatsirai:

**“. . .njodzi dzakatarisana nevechidiki venguva ino dziri kuwedzera kuipa, uye zvinoda kugadziriswa nekukasika. Asi, apo sekujekeswa kwazvionoita kubva paruzivo rwunobva mukuita, mushonga kumamiriro aya anosuwisa uye anokatyamadza hauwanikwe mune zvechivanhu kana muchitendero chemharidzo. Dzidziso dzemanyepo dzeKereke dzakaraswa pamwe chete zvachose. Chinodzoredzera vechidiki uye kuvadzivirira kubva mutsika yekuda zvenyama zvakanyanyisisa isimba reChitendero chemazvokwadi, chinovaka uye chine upenyu seicho chakaburitswa pachena kunyika naBahá’u’lláh. Chitendero, sezviri kumashure, ndiyo ichiri tariro yenyika chete, asi kwete mhando yechitendero iyo vatungamiri vedu vezvemharidzo vanoshingirira kuparidza pasina. Kuita uku hakusi pedyo nechitendero chechokwadi, tsika dzepamweya**

**dzinorasikirwa nekukosha kwadzo uye kuregera kutungamirira nekudzoredzera munhu pachake uye hupenyu hwemagariro. Asi kana chitendero chechokwadi chikabatanidzwa netsika dzechokwadi, naizvozvo budiriro yepamweya inogoneka kwete kungova pfungwa yakangonaka”<sup>3</sup>**

Ndima iri pamusoro inojekesa kuti, mukupesana nekurudziro iri kupera kwekuchidziro inobva muchitendero chechivanhu, simba reChitendero chiri kushanda rinochengetedza vechidiki kubva “muzvakaipa zvemutsika yekuda zvenyama zvakanyanyisisa” iyo yatekeshera mumagariro anhasi. Simba iri rinofanira kuratidzwa mune zvese zviri mukati mezvinodzidzwa nevechidiki uye munzira yavanobatsirwa nayo mukuvandudza kwanisiro dzavo dzepamweya. Kuti muenderere mberi nekuongorora pfungwa idzi, ngatitarisei chidimbu chakabva mu *Spirit of Faith*—rimwe regwaro riri muboka remhando yemabhuku ezvidzidzo ari kuongororwa pano.

*Mweya weRutendorinoshanda nemadingindira ane udzamu, sezvo vechidiki vezera iri nguva dzose vanonetsekana nemibunzo yakakosha muupenyu, mibunzo inofanirwa kupindurwa zvakanaka kana kuvhiringidzika uye chero kurasikirwa nerutendo zvikazodzivisa munguva inotevera muhupenyu. Mudzidsziso dzechiBahá’í ndimo munowanikwa mhinduro dzemibunzo inotemesa musoro uye inovhiringa pfungwa dzemunhu: chimiro chechokwadi chemunhu, zvakanaka nezvakaipa, chido chakasununguka uye “destiny”, shanduko uye chimiro chemweya wemunhu, udzamu hwemafungiro evanhу, uye mweya wechitendero. Bhuku racho rakanangana nemuono wakajeka unotorwa kubva muzvinyorwa, kunyanya kubva kutsanangudzo dzinoshamisa dza‘Abdu'l-Bahá dziri mubhuku rinonzi *Some Answered Questions*, kuitira kupa chiedza kumadingindira aya. Rinovandudza dingindira rega rega kuburikidza nenhaurirano dzechikwata chevechidiki vasati vabva zera, dzinoitwa munguva pamisangano yavo yepasvondo rega rega uye mushure mengunge vapedza mazuva mashoma mukupera kwesvondo vari pamwechete pamusangano (camp). Chikamu chinotevera chakatorwa kubva muchidzidzo umo vechidiki vari kukurukura mubvunzo wezve “fate” nemubatsiri wechikwata chavo, Natalia Petrovna:*

“Ngationei zvatanzwisisa kusvika parizvino,” anodaro Natalia Petrovna.

“Tine mukana wekuita sarudzo dzevakanaka kana zvakaipa, uye tinofanirwa kushandisa chido chedu kutungamirira hupenyu hwepamusoro-soro. Asi kuva nechido chakasununguka hazvirevi kuti tine simba rekugadzirisa zvinhu zvese. Pane zvinogona kuitika kwatiri zvatasingakwanisi kugadzirisa. Ikozvino ndinoda kukubvunzai pamusoro peimwe pfungwa. Chii chamunonzewisisa maererano nenzwi rekuti ‘fate?’”

“Ndinofunga kuti *fate* chinhu chatisingakwanisi kushandura muhupenyu hwedu, kunyangwe zvodii,” anopindura Igor.

“Izvi zvinonzwika zvakanaka, Pane umwe angakwanisa kupa mienzaniso mishoma here?” anobvunza Natalia.

“Hatisarudze vabereki vedu,” anodaro Nadya

“Hatikwanisi kusarudza kwekuzvarirwa,” anowedzera Anton.

“Vabereki vangu vanoramba vachiti *fate* yangu yekuva mutekenyi mukuru wepiyano,” anodaro Vadik.

“Asi hazvifanirwi kudaro. Unokwanisa kusarudza kuva chimwe chinhu,” anodaro Marina.

“Ichocho ichokwadi. *Fate* hachisi chinhu chiru nyore,” anodaro Natalia.

“Pane mufananidzo wakanaka unotsanangura mashandiro e *fate*. Pakati penyu pane here akamboona kuti rupasa runorukwa sei?”

Pane kupererwa kunoonekwa pazviso zvemunhu wese, saka Natalia anoenderera mberi: “Zvakanaka, panenge paine chirukwa. Pachirukwa ichi, shinda dzakasimba dzakaenzana dzinokakwa kubva kune rimwe divi kuenda kune rimwe. Muruki anoshandisa mhando dzezvitsumbu zveshinda dzeruvara rwakasiyana siyana kurukanisa uye kugadzira patani (pattern). Umwe wevatendi vekutanga-tanga akanzwa ‘Abdu’l-Bahá achiti tose takafanana nevaruki. Tapihwa chirukwa chine shinda dzakabatanidzwa pachiri. Takapihwa zvekare zvitsumbu zveshinda zvakakodzera pakuruka, izvo zvamunogona kudoma sezvipo uye masimba atinozvarwa nawo. Iyi ndiyo *fate* yedu. Asi tinosarudza chimiro chepatani iri kuzorukwa pachirukwa. Tine rusununguko pamusoro pezviito zvedu. Chiito chega-chega chinogadzira chidimbu chidiki chepatani. Basa rinozobuda ndiyo mhando yemunhu watinozokura kuva. Kuburikidza nechido chakasununguka uye sarudzo, tinovandudza masimba uye zvipo zvakagadzikwa pamusoro pedu naMwari.”

---

Ongororo:

Mwari vakatipa zvimwe zvipo uye kwanisiro. Umwe munhu anokwanisa kuva neruzivo rwakanyanya mu biology, apo umwe anova nechipo chekuimba. Asi tose takapihwa izvo zvatinofanirwa kuvandudza sevanhu vanoremekedzeka. Hazvina kukodzera, naizvozvo, kupomera *fate* nekuda kwekukanganisa kwedu. Kana tikaita izvi, tinomira kuedza kwedu kuzvivandudza pachedu. Pachiitiko chega chega chiri pazasi, sarudza pfungwa dzinobatsira munhu pakushandura chimiriro chake cheupenyu.

- a. Umwe munhu anorwara nguva zhinji nekuda kwekuti anonyanya kudya zvisina hutano. Anofunga kuti:  
\_\_\_\_ Ifate yangu kushaya simba uye kurwara  
\_\_\_\_ Ndinofanira kumira kusava nehanya uye ndoshandura madyiro angu.
- b. Mumwe munhu haanzveri mabhuku efundo yechikoro, naizvozvo haabudi zvakanaka pabvunzo dzake. Anofunga kuti.  
\_\_\_\_ Ndinokwanisa kusava neruzivo rwakanyanya, asi nekushingirira ndinokwanisa kuita zviri nane.  
\_\_\_\_ Haisi *fate* yangu kubudirira muchikoro.
- c. Umwe munhu anodhakwa nguva dzose otarisana nedambudziko. Paanenge asina kudhakwa anofunga kuti:  
\_\_\_\_ Hupenyu hunondimanikidza kudhakwa.  
\_\_\_\_ Ndinokwanisa kudzidzira kugadzirisa matambudziko muhupenyu hwangu; handidi hwahwa.
- d. Umwe munhu ari mutsika yekushoropodza shamwari dzake, saka vanotizira kure naye. Anofunga kuti:  
\_\_\_\_ Hapana anondida.  
\_\_\_\_ Ndinofanira kumira kushoropodza shamwari dzangu uye ndoona zvakanaka zviri muvanhu.
- e. Umwe munhu anobiridzira mukunyora mubvunzo uye obatwa. Anofunga kuti.  
\_\_\_\_ Hausi munyama wangu! Vamwe vanobirira vasingabatwi.

— Ndakakwanisa sei kuita chinhu chakadai? Ndinofanira kuzvishonga nechishongo chekuvimbika

“Tirikuti here haisi *fate* yemunhu kuva tsotsi?” anobvunza Ivan.

“Ichokwadi haisi,” anopindura Natalia Petrovna. “Mumufananidzo wandakashandisa, munhu wese anokwanisa kuruka mapatani akanaka neshinda uye muenzanaiso waanenge apihwa. Kunyangwe zvakasiyana, tose tine kwanisiro yekuvandudza hunhu hwedu uye tova vanhu vakanaka.”

Ivan anobvumirana nezvese zvinenge zvataurwa. Asi, pane chinhu chiri kumunetsa uye haanyatsoziva kuti chingava chii. Ipapo anongoerekana azvinzwa achiti, “Asi zvese izvi zvakaoma.”

Hapana akanyatsonzwisia kuti Ivan airevei.

“Chii chakanyanya kuoma?” Natalia anobvunza.

“Kuedza kwese kudai nguva nguva dzose kuti uve wakasimba, wakanaka,” Ivan anopindura.

“Ichokwadi Ivan,” anodaro Natalia paanenge achifungisisa nezvemhinduro yake. “Asi rangarirai kuti Mwari vari kutibatsira nguva dzese. Haambotisiye tiri tega. Funga nezvechikepe; simba rinochifambisa rino bva kumhepo, kwete machiri. Asi mutyairi ndiyе anofanira kubata mhepo mukutyaira uye kuendesa chikepe kwachinofanira kusvika. Simba rose rino bva kuna Mwari. Pasina rubatsiro Rwake, hatina simba. Kana tikangozvitarisa, chatinoona kushaya simba. Asi tikatendeukira kuna Mwari uye tokumbira rubatsiro rwake, tinowana simba rekuita zvinomufadza.”

Vechidiki vanouumba zvikwata kuitira kuti vabate ndima dzinotevera nemusoro:

**“Musiki asingaenzaniswi akasika vanhu kubva pachinhu chimwe chete, uye vakasimudzira chokwadi chake pamusoro pezvisikwa Zvavo zvose. Kubudirira kana kukundikana, kuwana kana kurasi kirwa, zvinofanirwa, naizviozvo, zvinoenderana nekushanda kwemunhu. Kuwedzera kwake kushanda, ndiko kukura kwebudiriro yake.”**

“Nhai Mwari wangu! Nhai Mwari wangu! Ndimi munoona kuderera kwangu nohutera hwangu, ndiri mubishi nekuita basa guru, ndakatsunga kusimudzira shoko Renyu pakati peruzhinji uye kuparadzira dzidziso Yenyu pakati pevanhu Venyu vose. Ndingabudirira sei kana imi musina kundibatsira nekufemera neMweya Mutsvene, ndibatsirei ndikunde nehondo dzeHumambo Hwenyu Hunobwinya, uye mugodurura makomborero Enyu pamusoro pangu, ayo ega anokwanisa kushandura nyana kuita gondo, domwe remvura kuita nzizi nemakungwa, uye kanhu kadiki [atom] kuva chiedza uye zuva? Nhai Ishe wangu! Ndibatsirei nesimba renyu rinokunda uye rinokosha, kuitira kuti rurimi rwangu rutaure rumbidzo netsika Dzenyu pakati pevanhu vose uye mweya wangu ufashukire newaini yerudo neruzivo Rwenyu.

**Ndimi mune Masimba ose uye Multi wezvose Zvamunoda.”**

Kunyangwe mukawana mukana wekunzvera gwaro rwekuta re *Mweya weRutendoMuchikamu* 22, zvingangokubatsirai kumbomira pano uye moongorora zviri mukati mendima dziri pamusoro kuburikidza nekukurukura zvinotevera:

1. Gwaro iri redzidzo rinobudisa sei pfungwa ye ‘fate’? Zvinokubatsirai kuti munzwisisi nepfungwa dzenyu here?
2. Dzidziso inoshaisa mukana kuti munhu awane nzwisiso pachezvake inobuda yakaita sei?
3. Gwaro iri redzidzo rinoisa kurudziro yakakwana here pakubatsira vechidiki vasati vabva zera kuongorora pfungwa dzepamweya, kana kuti másano anodzidziswa zvine kumanikidzira?
4. Gwaro iri redzidzo rinovalabatsira sei mukuona kukosha kwezvinyorwa zvinoenderana ne ‘fate’ uye chido chekuita sarudzo dzakasununguka muhupenyo hwavo?
5. Nyaya iyi inotendera here kuenderera mberi kwemiono yakasiyana uye manzwiyo emwoyo anoratidzwa nehunhu hwevechidiki avo vari kuedza kunzwisia pfungwa dzacho? Kana zvakadaro, zvinoratidzwa nenzira ipi?
6. Chii chaizoitika kana nhengo dzevechidiki vasati vabva zera vairambidzwa kuburitsa pfungwa dzavo zvakasununguka munyaya iyi?
7. Natalia Petrovna anobatsira sei shamwari dzake dzechiki mukuvandudza nzwisiso yakajeka kwemafungiro?

8. Mibvunzo yakakurukurwa pakati pevechidiki vari munyaya inoenderana here nevechidiki vose vasati vabva zera, zvisinei nekwavanobva?

## CHIKAMU 5

Nguva yekutanga kuyaruka inguva yehupenyu umo kwanisiro yekutarisa zvakanangana nechimiro chekunze chezvinhu inonyanya kusimbaradzwa; tinotsvaga nzwisiso yakadzama yezvatinona uye zvinoitika patiri mukurarama. Izvi zvinoreva kuti vechidiki vasati vabva zera vanoda maonero epamweya; vanofanirwa kubatsirwa mukuongorora masimba epamweya, mukuona chokwadi chepamweya pachimiro chegachega, uye mukucherechedza zvinoenderana nemitemo yepamweya. Zvinyorwa zveChitendero zvinotaura nezvezvipo zvakadaro se “muono wemukati” [inner vision], “meso emukati”, [inward sight], uye “ziso remweya” [eye of the soul]. Saka, semuenzaniso does ‘Abdu’l-Bahá anorayira chikoro cheTarbíyat School muTihrán:

**“Ngavaumbe budiriro yakakura munguva pfupi, ngavavhure meso avo zvakajeka uye vozarura chokwadi chakavanzika chezvinhu zvose, vova nehunyanzvi mukuita kune hungwaru mabasa ehumhizha, uye vodzidzira kunzwisia zvakavanzika zvezvinhu zvose sezvazvir—chipo ichi chinova chiberekochinooneka zvakajeka chehuranda kuChikumbaridzo Chitsvene.”<sup>4</sup>**

‘Abdu’l-Bahá anotumidza maonero epamweya seamwe emasimba anosianisa vanhu kubva kumhuka:

**“Zviri pachena kuti kana munhu aine masimba akafanana nemhuka, anova anosianisa nemhuka pakuwana mafungiro enjere, maonero epamweya, kuumbika kwehunhu, kwanisiro yekugamuchira makomborero aMwari, zvipo zvekudenga uye kusimukira kwetsitsi dzedenga. Izvi ndizvo zvishongo zvemunhu, rukudzo rwake uye chiremerera. Munhu anofanirwa kushingirira akanangana nedanho iri repamusorosoro”<sup>5</sup>**

Uye Anotsanangura maringe nemuono wedu wemukati uye kunzwa kwemukati senyasha dzepamweya:

**“Iye akatipa zvipo zvepanyama nenyasha dzepamweya, maonero ekunze ekuona chiedza chezuva uye muono wemukati uwo watinokwanisa kunzwisia mbiri yaMwari. Iye akasika nzeve yekunze kuti inzwe kurira kwemimhanzi uye kunzwa kwemukati uko kuburikidza nako tinonzwa inzwi reMusiki.”<sup>6</sup>**

Pane chimwe chiitiko Anotiyechidza zvakakoshera kuvhura muono wedu wemukati:

**“Muono wedu wepamweya, meso edu emukati anofanirwa kutambanuka, kuitira kuti tione zviratidzo uye zviratidzo zvemweya weHumwari muzvinhu zvese. Zvinhu zvese zvinokwanisa kuratidza kватiri chiedza cheMweya.”<sup>7</sup>**

Uye mundima ino ‘Abdu’l-Bahá anotitsanangurira umwe muenzaniso uyo muono wepamweya unovandudza nzwisiso:

**“Pfungwa yekuparara kwenyika ndiyo inova honzero yekuwondomoka kwerudzi rwemunhu, honzero yekuderedzwa uye kudzikisirwa, chitubwi chekutya nekuzvondana kwevanhu. Zvinova zvinobatsira mukupararira uye kuderera kwesimba remafungiro emunhu, uyezve kuziva nezvehuvepo uye kuenderera mberi kwehupenyu zvikava zvinosimudzira munhu kuenda pachinhanho chinotarisirwa chepamusoro-soro, pakadzikwa hwaro hwebudiriro yemunhu uye pakakuchidzirwa kuumbika kwetsika dzedenga; naizvozvo, zvinotuma munhu kusiya mifungo yekusavapo uye rufu, izvo zvinongova zvirokwazvo fungidziro, uye oona achizorarama nekusingaperi, zvachose ari muchinangwa chitsvene chekusikwa kwake. Anofanira kutendeuka kubva kumazano anodzikisira mweya wemunhu kuitira kuti zuva nezuva uye nguva nenguva agokwanisa kusimukira pamusoro uye kukwirira kusvika pakuva nemuono wepamweya uyo unoenderera mberi mukurarama kwake kwechokwadi.”<sup>8</sup>**

Munokwanisa here kutsanangura nemanzwi mashomanana maererano nekuti muono wepamweya unounza sei chinhanco chitsva chenzwisiso yemunhu iyo isingakwanise kuwanika kuburikidza nekuvandudza kwemasimba epfungwa chete?

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 6

Mushure mekuongorora kukosha kwemaonero epamweya, tinofanirwa iyezvino kuzvibvunza pachedu kuti kungavandudza sei. Mubvunzo uyu, nekudaro, hautambiri mhinduro yakareruka, uye pano tinokwanisa chete kufunga zvakadzama mazano mashoma akakodzera.

Zvakajeka kuti maonero epamweya itsika yemoyo wakachena. ‘Abdu’l-Bahá anotiraira:

**“Kwedzera kuchena uye hutsvene hwemwoyo wemunhu kunova, kuswedera kwaunoita pedyo naMwari, uye chiedza cheZuva reChokwadi chinoratidzwa mukati mawo. Chiedza ichi chinoita kuti mwoyo igare ichibvira nemoto werudo rwaMwari, chinozarura mairi masuwo eruzivo uye kubuditsa pachena zvakavanzika zvedenga kuitira kuti mabasa epamweya ave anokwanisika.”<sup>9</sup>**

Kuti ruzivo rwaMwari rwunokosha kubudiriro yemaonero epamweya zvinova zvinobudawo pachena:

**“Kuitira kunzwisia chechimiro chezvinhu chechokwadi zvinopa mukana weruzivo muhupenyu hwemunhu nekuunza kufambira mberi kwebudiriro yekunze, asi ruzivo rwaMwari ndicho chikonzero chekufambira mberi kwepamweya uye rukwezvo, muono wechokwadi nenzwisiso, kusimudzirwa kwemunhu, kubuda pachena kwebudiriro yezvedenga, kunatsurudzwa kwehunhu, uye kuvhenekerwa kwekururama kwehana.”<sup>10</sup>**

Uye zviri pachena kuti rudo rwaMwari rwunokosha kana meso emukati achizosimbaradza:

**“Nhai shamwari yangu! Ipa kutenda kwako kuna Mwari nekuda kwekvhenekera nzwisiso yako nemirazvu inopenya inobva muZuva reChokwadi, uye kukumutsa nekukubhabhatidza nemvura yehupenyu uye nemoto werudo rwaMwari.”<sup>11</sup>**

**“Rudo rwaMwari rwunotaurwa semoto, nekuti rwunopisa mambure, uye semvura, nekuti ndirwo chitubu chehupenyu. Nepapfupi, rudo rwaMwari ndicho chokwadi chemukati chetsika dzenyika yevanhu. Kuburikidza narwo, hunhu hwevanhu hwunocheneswa. Kuburikidza nerudo rwaMwari, mumwe anodzikingurwa kubva mukukanganisa kwenyika yevanhu. Kuburikidza nerudo rwaMwari, umwe anowana budiriro munzvimbo inoyerwa yetsika. Rudo rwaMwari ndicho chikonzero chekuvhenekerwa kwenyika”<sup>12</sup>**

Muchaona zvidzidzo izvi zvichikubatsirai apo pamunofungisisa pamusoro pekukosha kwemazano ari pamusoro.

1. Nyora mitsara mishoma uchitsanangura kuti zvinotevera zvinosimudzira sei maonero epamweya:

a. Kuchena kwemwoyo: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

b. Ruzivo rwaMwari: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

c. Rudo rwaMwari: \_\_\_\_\_

- 
- 
- 
2. Sarudza kana zvirevo zvinotevera zviri zvechokwadi:
- \_\_\_\_ Kubudikidza nekushandisa njere chete, pasina rubatsiro rwedzidziso yaMwari, tinokwanisa kusianisa zvakanaka kubva kune zvakaipa.
  - \_\_\_\_ Kugamuchira kuuya kweVatumwa vaMwari uye kuteerera kudzidziso Dzavo ndiko kunotigonesa kuona chokwadi.
  - \_\_\_\_ Kuchena kwemoyo kunoita kuti munhu aite seasingazivi zvaanoita.
  - \_\_\_\_ Kuwedzera kuchena kwemoyo, ndiko kuwedzera kutendeka kwawo pakuratidza tsika dzedenga, chiedza icho chinougonesa kuona chokwadi chezvakavanzika zvezvinhu.
  - \_\_\_\_ Moto werudo rwaMwari unopisa mambure ehumbimbindoga, izvi zvichizoita kuti meso emukati aone chokwadi.
  - \_\_\_\_ Simba rerudo rwaMwari rinotibatsira mukutsungirira zvinemuono wakajeka wekutevera Chido Chake nekuzadzikisa Chinangwa chake.
  - \_\_\_\_ Kutya kutsakatika kunonetesa kwanisiro yedu yemafungiro epanyama uye masimba epamweya, nekudaro maonero edu epamweya anorodzwa kana tikagutsikana nekuunderera mberi kwehuvepo hwedu.
  - \_\_\_\_ Shandiro ine kuzvirerekira kuChikumbaridzo chaMwari ichatibatsira mukuona chokwadi chezvakavanzika chezvinhu.
  - \_\_\_\_ Nemuono wemukati, tinokwanisa kuona makomborero edenga

## CHIKAMU 7

Chinyorwa chekupedzisira muchikamu chaapfuura chinonanga kupfungwa inonyanya kukosha mukudzidza kwedu—sekuti, mambure akawanda anodzivisa ziso remukati kubva pakuona chokwadi chechimiro chezvinhu. Kuvandudzika kwemaonero epamweya kunosanganisira kubviswa kwemambure aya. ‘Abdu’l-Bahá anoratidza:

**“Makomborero aMwari ayo anobuda pachena muhupenyu hwese hunoshamisa dzimwe nguva anovigwa nemambure anokanganisa mafungiro uye meso epanyama anounza hupofu kumweya wemunhu uye kukundikana, asi kana makwati aya akabviswa uye mambure aya akaparadzwa, nokudaro zviratidzo zvikukuru zvaMwari zvinobuda pachena, uye achapupurira chiedza chisina magumo chichizadza nyika. Makomborero ese aMwari achabuda pachena nguva dzese, Zvivimbiso zvedenga zvinogara zviripo nekusingaperi. Nyasha dzaMwari**

dzakapoteredza-kwese, asi ziso rakachenjera remweya wemunhu rikaramba rakavharidzirwa nemambure kana kuva murima, achatungamirirwa mukusiya zviratidzo izvi zvakatekeshera uye kuramba akanyimwa zviratidzo izvi zvemakomborero edenga. Nokudaro, tinofanirwa kuedza kwemwoyo uye mweya kuitira kuti mambure akavharidzira meso ekuona zvakavanzika abviswe, kuti ticherechedze kubuda pachena kezviratidzo zvaMwari, kunzwisia nyasha Dzake dzinoshamisa uye kuziva kuti makomborero ezvepanyama achienzaniswa nemakomborero epamweya anongova sepasina chinhu.”<sup>13</sup>

“Mweya wese unofanirwa kuedza kuti mambure akavhara meso emunhu anofanirwa kubvarurwa uye kuti pakarepo zuva rinogona kuonekwa uye mwoyo uye kuona kuvhenekerwe nazvo”<sup>14</sup>

Kududzira mashoko zvisina udzamu (Literal interpretation), kufungidzira kusina mature (vain imaginings), kutevedzera vamwe usina ruzivo (blind imitation), humbindogga, kutevera havi nezvido zvepanyama, makaro neruchiva, uye rusarura—Aya ndiwo amwe emambure ataurwa muzvinyorwa. Saka, zvakare, pfungwa dzedu dzezvepanyama dzinokwanisa kuita semambure.

“Munamoto wangu kwamuri ndewekuti masimba epamweya uye zvishuwo zwiwedzere zuva nezuva, uye kuti hamuzobvumire pfungwa dzezvepanyama kuti dzivharidzire maziso ako kubva kumbiri yekuVhenekera kweDenga.”<sup>15</sup>

“Chimwe chemambure kúdudzira mashoko zvisina udzamu. Kupinda muzvakavanzika zvakakosha kuedza kukuru kunodiwa.”<sup>16</sup>

“Rumbidzai Mwari kuti makawana nzira yenu yekuHumambo hweKubwinya, uye mukabvisa mambure emifungo isina maturo, uye kuti nhongonya ine udzamu hwezvakavanzika hwaitwa kuti huzivikanwe kwamuri.”<sup>17</sup>

“Ndinokumbira Mwari nemwoyo wese kuti vabvise mambure mumeso enyu emukati; kuti varatidze kwamuri zviratidzo Zvenyu zvinesimba; uye kukuitai mureza wenhungamiro, kuzviparadzanisa zvizere kubva kune zvese kunze Kwake, kubvira nemoto werudo Rwake, wakazadzwa nendangariro Dzake, uye kuva neruzivo rwechimiro chezvinhu zvese chechokwadi, kuti ukwanise kuona nemaziso ako, kunzwa nenzeve dzako, uye kusiya kungotevedzerawo chero zvemadzitateguru ako. Tarira iwe nemuono wakadzama muRudaviro rwaMwari wako, nekuti vanhu vakaputirwa mumambure erima.”<sup>18</sup>

“. . .nekuti hakuna mamwe mambure anovharidzira kupfuura humbindogga, uye zvisinei nekuti mambure aya angave akatetepa zvakadii, pekupedzisira anovharira munhu kunze, uye anomunyimisa mugove wake wenyasha dzisingaperi.”<sup>19</sup>

**“Zvakadaro kutevera havi yezvido nevishuwo zvepanyama zvichaputira maziso muzvuru zvemambure anosimuka kubva mumwoyo kuti avhare muono uye mafungiro akadzama zvakare.”<sup>20</sup>**

**“Nhaimi vana vekunzwisia! Kana zvivharo zvemaziso, zvisinei nekupfava, zvinogona kushaisa maziso emunhu ekunze kubva mukucherechedza nyika nezvese zviri mairi, chifunga kuti chii chingaitwa kana mambure eruchiva akaburukira muziso rake remukati. Itii: Nhai vanhu! Rima remakaro uye shanje ranoputira kubwinya kwemweya kunyange semakore anodzivisa chiedza chezuva”**

**“Ndinovimba kuti muchatendeuka nemeso asina kuputirwa makananga kuZuva reChokwadi, musingatarisi zvinhu zvenyika. . . ; regai Zuva iroro rikupei simba Rake, nokudaro makore erusarura haazoputiri ruvheneKo Kwake kubva kumaziso ako! Naizvozvo Zuva richava risina makore kwamuri.**

Mundima yekutanga iri pamusoro, ‘Abdu’l-Bahá anotiudza kuti “makomborero aMwari ndiwo ese uye anozviburitsa pachena nguva dzese”, “zvivimbiso zvedenga zviripo nguva dzese”, uye “zvideo zvaMwari zvakakomberedza-kwese”. Anoenderera mberi achitsanangura kuti, “kana ziso reruzivo remweya wemunhu rikarambe rakaputirwa nemambure uye rima”, achatungamirirwa mukuramba zviratidzo zvikuru zvaMwari uye achanyimwa zvikomborero zviri pachena izvi.

1. Ndezvipi zvaunofunga kuti ndemamwe emakomborero nezvipo izvo ‘Abdu’l-Bahá ari kutaura nezvazvo? \_\_\_\_\_

---

---

---

2. Iyezvino chitsanangurai kuti mambure anotaurwa pazasi angatibvisa sei kubva mukuwana makomborero nezvipo izvi?

- a. Kududzira zvisina udzamu zvinyorwa zvinoera: \_\_\_\_\_

---

---

---

- b. Mifungo isina mature: \_\_\_\_\_

---

---

---

- c. Kutevedzera vamwe usina ruzivo: \_\_\_\_\_

---

---

---

d. Humbimbindoga: \_\_\_\_\_

---

---

---

e. Kutevera havi yezvido uye zvishuwo zvepanyama: \_\_\_\_\_

---

---

---

f. Makaro uye godo: \_\_\_\_\_

---

---

---

g. Rusarura: \_\_\_\_\_

---

---

---

3. Sarudza kuti mitsara inotevera ingava yechokwadi here:

\_\_\_ Ziso redu remukati rinoona kunyangwe pasina rubatsiro rwesimba redu repfungwa uye meso ezvepanyama.

\_\_\_ Pfungwa dzepanyama uye masimba epfungwa anotivharira nguva dzose kubva mukuona chokwadi chepamweya.

\_\_\_ Kuchenesa mafungiro edu ezvepanyama asina chekuita kuna Mwari zvinotibatsira kuti masimba edu emukati akwanise kuona chokwadi.

4. Pakupedzisira, fungisisai pamusoro pechirevo chinobva muZvinyorwa zva‘Abdu’l-Bahá kuti muwane muono wakadzama pachimiro chemambure anogona kudzivisa maonero epamweya. Chibate nemusoro kana uchishuvira.

**“Ziva iwe, zvirokwazvo, kuti kune mambure akawanda umo Chokwadi chakaputirwa: mambure ane rima; uye mambure asina kusimba uye anooneka; uye kuputirwa kweChiedza, kúona kunopofomadza meso, sezvakaita zuva rakaputirwa muchiedza charo uye, patinotarisa kwariri, kuona kunopofomadza uye maziso anokurirwa nekupenyesesa.**

**“Ndinokumbira Mwari kuti vabvise zviputiro zvese uye vonyatsozivisa chiedza kumaziso ese, kuitira kuti munhu haazoputirwe kubva mukusaona Zuva reChokwadi.”<sup>23</sup>**

## CHIKAMU 8

Pazasi pane chimwe chezvimwe zvidzidzo kubva muKujeka kweTariro, rimwe remabhuku efundo anokuridzirwa nezvinyorwa zvechiBahá'í rinodzidzwa nevechidiki vasati vabva zera. Rinotaura nyaya yaKibomi, mukomana ane makore gumi nemaviri uyo, mushure mekurasikirwa nevabereki vake, akapinda murwendo rwekutsvaga hanzvadzi yake. Kibomi anobva kurudzi rweAdumbu. Vabereki vake vakauraiwa mukati mekurwisana kwevanhu kubudikidza nevanhu verudzi rweKungu. Chidzidzo chiri mushure meichi chinotsanangura kusangana kwaakaita nemurume akwegura anobva kurudzi rweKungu anomubata nerudo rukuru. Apa anosangana neboka remauto ekurudzi rwake

Zvaambodya kudai, Kibomi ane simba rakawanda uye anofambisa. Paakatiza kumusha kwavo, ainyanya kunzwa kutya uye hasha. Ikozvino ave kutanga kudzora mafungiro akanaka aanga agar ainawo nguva dzose maringe nevanhu. Mukweguri uya aiva werwudzi rwechiKungu, asi aiva nemoyo munyoro nehuchenjeri. Akagoverana naye chikafu chake. Manzwi aakataura aiva akanaka uye azere netariro: “Tinofanira kuita sarudzo.” “Takasikirwa kuita rudo, kwete kuvenga.”

Kibomi anoramba achitevedza rwizi akananga Nangata. Mushure mekufamba kwechinguva, anonzwa mazwi uye anokasika kuhwanda seri kwemuti mukuru. Chikwata chevarume vechidiki chiri kuswedera pedyo. Vari kutaura mutauro wechiAdumbu Kibomi anofara kunzwa mutauro wake uye anobva abuda kubva kuseri kwemuti zvishoma nezvishoma. Varume ava vakapfeka mbatya dzakafanana. Mauto evapanduki verudzi rwechiAdumbu. Vamwe vavo vadiki chaizvo uye umwe wavo anoratidzika sezera rimwechete naKibomi. Mauto aya anomira pavanongomuona vobva vapakata pfuti dzavo. “Mirai!” anodaro Kibomi. “Ndiri muAdumba semi!”

“Chii chauri kuita kunze kuno wega wega?” anobvunza mukuru wavo nehasha.

“Verudzi rwechiKungu vakarwisa dunhu redu uye vakauraya vabereki vangu. Ndakatoona kuti ndofanira kutiza,” anopindura Kibomi.

“Zvino chiuya ubatane nesu,” akadaro mukuru wavo. “Tinofanira kudzidzisa maKungu chidzidzo. Vaite kuti varipe zvavakaita kumhuri yenyu.”

Kibomi anonzwa mwoyo wake uchinyengedzeka. Anofunga zvishoma uye ave pedyo nekubvuma. Muuto wemukomana wechidikidiki anoswedera pedyo naye otambanudza ruoko rwake. Kibomi anotarisa mumaziso ake uye anobva abatwa-batwa nekushaya tariro kwaanoona maari. Anozengurira. “Ndinogona kuzobatana nemi panguva inotevera,” akadaro nenzwi raidedera. “Asi ikozvino ndinofanira kuenda kunotsvaga hanzvadzi yangu.”

Apo mauto aya anofamba achienda, umwe wavo anotendeuka oti, “Rangarira! Kudzorera ndiyo yega nzira.” Kibomi haapinduri.

### **Mibvunzo**

---

1. Kibomi ainzwei paakabva kumusha kwavo?
2. Nemhaka yei manzwiro ake akashanduka mushure mekusangana nemukweguri uya?
3. Kibomi anohwanda kuseri kwemuti nemhaka yei?
4. Ndivanaani varume vechidiki vakapfeka zvakafanana vaanosangana navo?
5. Mukuru wavo anoudza Kibomi kuti aitei?
6. Kibomi anoona chii mumaziso emuuto wechidikidiki?

## Zviito

1. Kibomi anoona kushaya Tariro mumaziso emuuto wechidikidiki uyo, nekuda kwekutya nehasha saiye, aita sarudzo yekurwa nekuuraya. Munguva dzakadaro, hatifaniri kusarudza nzira dzerima asi tinofanira kutsvaga chiedza chinomutsiridza tariro. Verenga munamato unotevera uye wofungisisa pamusoro pemashoko awo:

**“Ndiye Ane tsitsi, Ane makomborero ose! Nhai Mwari, Mwari wangu! Munondiona, Munondiziva; Muri Musasa wangu neBotero rangu. Hapana wandakambotsvaga kana wandizochatsvaga kunze Kwenyu: hapana nzira yandakambofamba kana yandichazofamba kunze kwenzira yerudo Rwenyu. Muhusiku hutema hwekushaya tariro, ziso rangu rivotendeukira netarisiro uye rizere netariro kumambakwedza enyasha Dzenyu dzisina mugumo uye pakubuda kwezuva mwuya wangu wakarukutika unomutsiridzwa nekusimbaradzwa nendangariro dzerunako Rwenyu nekushaya chipomerwa kwenyu.”**

Ikozvino mungade kudzidzira munamato uyu nemusoro.

2. Pamamiriro ezvinhu anotevera, sarudza kuti ndeapi mafungiro nemaitiro anounza kushaya tariro uye ndeapi ano dzoreredza tariro:

- a. Unotadza kubudirira pabvunzo dzechimwe Tariro Kushaya tariro
  - Unoregera kuverenga uye wopedza nguva yako zhinji uchitamba.
  - Unozviudza kuti uri mbwende.
  - Unokumbira umwe mwana wechikoro kuti akubatsire.
  - Unoita moyo murefu uye woedza nesimba kunzwisia chidzidzo chacho.
  - Unoshora mudzidzisi wako nekutadza kukubatsira zvakakwana

b. Unonzwa kusurukirwa uye unoratidza sekunge usina kana shamwari	<i>Tariro</i>	<i>Kushaya tariro</i>
- Unozvitsaudza pane vamwe uye wogara wakasuwa nguva zhinji.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
- Unoita kuti nguva yaunotora uchifunga nezvako ive shoma wowedzera kuita hanya nevamwe.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
- Unofunga pamusoro pemataadzo evamwe nguva dzose.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
- Unotarisa zvakanaka zvinoonekwa pane vamwe vanhu.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
- Unotora danho rekutanga rekutura nevamwe uye kuratidza ushamwari kune vamwe.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
c. Unoona shanje uye kurwisana pakati pedzimwe hama dzako.	<i>Tariro</i>	<i>Kushaya tariro</i>
- Iwewo unoita shanje worwisana navo.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
- Unoedza kuvaitira zvakanaka zvakanyanya	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
- Unionamatira nhengo dzemhuri yenu kuti dzibatane.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
- Unodzidzisa vana vemburi yenu pamusoro perudo nekupa	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
- Unozviudza pachezvako kuti hauna chaunokwanisa kuita kuti ushandure hama dzako.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
d. Shamwari inoita chimwe chinhu chinokugumbura.	<i>Tariro</i>	<i>Kushaya tariro</i>
- Unosarudza kutsiva wogumburawo shamwari yako.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
- Unoregerera shamwari yako	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
- Unosarudza kusava unogumbura umwe munhu saizvozvo	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
- Unoudza vamwe kuipa kwakaita shamwari yako	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
- Unopedza hushamwari.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

Doma chimwe chokwadi chezvepamweya icho vechidiki vasati vabva zera vangakwanise kuona muchidzidzo chino. Madingindira etariro nekupererwa, ayo anofananidzirwa kuchiedza nerima, anobatwa sei? Unofunga kuti nyaya iyi nezviitiko zvayo zvingabatsira sei kuvandudza maonero epamweya kune vechidiki vasati vabva zera?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 9

“Tariro (hope)” ne “makomborero (confirmation)” mienzaniso miviri yemadingindira mazhinji ayo chirongwa chekusimudzirwa kwepamweya kwevechidiki vasati vabva zera chinofanira kuongorora. Hurukuro dzine uchenjeri dzemadingindira aya dzinokwanisa kuvandudza maonero epamweya uye kubatsira pakuwedzerwa kweruzivo. ‘Abdu’l-Bahá anotaura:

**“Kune dzimwe mbiru dzinove dzakadzikwa setsigiro dzingazungunuswi dzeChitendero chaMwari. Imwe yadzo yakasimbisia kudzidza nekushandisa kwefungwa, kuvandudzwa kweruzivo, uye muono wakadzama muzvokwadi zvepasi rose uye zvakavanzika zvaMwari weMasimba Ose.”<sup>24</sup>**

Munhu anokwanisa kurarama pamatanho akasiyana-siyana eruzivo. Kuve tichiziva chido nechinangwa chaMwari, kunzwisia masimba anoshanda patiri nemunharaunda dzedu, uye kutsungirira kuzvipira tichishandisa masimba enjere uye epamweya mukuvakwa kwenyika itsva—izvi zvinoreva chinhando chepamusoro chekuziva kudarika hupenyu hwakanangana nezvidzvenyama. Rimwe dambudziko guru rasahwira wechikwata chevecvhidiki vasati vabva zera nderekubatsira nhengo dzacho kuti vasvike pamatanho epamusoro-soro ekunzwisia. Kana vachizoita izvi, vechidiki vabva zera vanofanira kunzwisia pfungwa inobuda padingindira rakananga kuhupenyu hwepamweya. Saka, zvekare, vanofanirwa kuwedzera kwanisiro yavo yekufungisia pamusoro uye kuongorora pfungwa idzodzo nekudzishandisa kumairiro ehupenyu hwavo. Tichiwedzera kutariro uye makomborero, ndeapi mamwe madingindira uye pfungwa dzinodyidzana idzo vechidiki vasati vabva zera vanofanirwa kuumba chinangwa cheongororo dzavo?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 10

Muzvikamu zvishoma zvapfuura takaongorora mubvunzo wemaonero epamweya nedzimwe tsika dzainodyidzana nayo—kuchena kwemwoyo, ruzivo rwaMwari, uye rudo rwaMwari. Takafungawo zvekare nezve “mambure” anokwanisa kutidzivisa kuona ne “meso edu emukati” uye tikafunga kuti nzwisiso yemubatanidzwa wepfungwa dzakati-kuti ingabatsira sei kusimbisa maonero edu epamweya uye kuwedzera nzwisiso yedu.

Munguva yekuyaruka masimba anowanikwa mumweya wemunhu anowedzera kuviburitsa pachena. Pakati pawo, masimba ekufunga uye kutaura ndiwo akanyanya kukosha, uye kuvaumbiridza zvakakosha zvakaenzana pakuwedzerwa kweruzivo. Pane kudyidzana kuri pedyo pakati pemutauro nemafungiro. Masimba emafungiro anoratidzwa kuburikidza nekutaura, uye kuwedzerwa kwesimba rekutaura zvinokosha pakuvandudzwa kwenzwisiso. Kuvandudza masimba ekutaura uye kudzamisa nzwisiso yemunhu yechokwadi chemamiriro ezvinhu zvinofambidzana. Kunzwisia kunoda, mushure mezvese, kufungisisa uye kuita ongororo, zviito zvichisunganidzwa zvakasimba nemutauro. Bahá’u’lláh anotaura.

**“Nhai vanhu vaBahá! Tsime rezvehumhizha, zve *science* uye mabasa ehunyanzi isimba rekufungisisa kwakadzama kwenjere. Isai kuedza kwenyu kose kuitira kuti kubva mumugodhi wakanaka uyu mungangopenya ndarama yehuchenjeri uye matauriro sezvo zvichikurudzira kugara-kwakanaka uye kuwirirana kwemarudzi ese epasi.”<sup>25</sup>**

Nzwisiso yevanhu uye masimba ematauriro zvinova, naizvozvo, zvinoda kuvhenekerwa kubva mukutura kwaMwari. Bahá’u’lláh anotaurira.”

**“Akauya nokuda kworuponeso rwenyu, uye akatakura kutambudzika kuti muve munosimukira, nemanera ematauriro, kusvikira kumanhengatenga ekunzwisia.”<sup>26</sup>**

Kuwedzera masimba ematauriro kunosanganisira zvakawanda kupfuura kungowana chete unyanzvi hwekugona kuverenga, kunyora, uye kutaura. Zvinoda kwanisiro yakawanda:

kuverenga nenzwisiso yakanaka, kutsanangura pfungwa zvakajeka uye zvakatsetseka, uye kurondedzera pfungwa nemazvo. Mukushandisa kwekwaniro idzi, vechidiki vasati vabva zera vanodzidza kushandisa ruzivo rwescience rwakakodzera, hunhu, uye pfungwa dzepamweya kuongororo yenyika yakavapoteredza uye pakuumbwu kwezvavanotenda pamusoro peizvo magariro amangwana evanhu anokwanisa kuvakwa.

‘Abdu’l-Bahá anotsangura kuti “ruzhinji rwevanhu harwuna kuziviswa mukuva vabatsiri ava vakakosha avo vanokwanisa kuumba mushonga wechimbichimbi kuhuipi hwenharaunda”. “Parizvino,” Anotaridza zvakare, “nekuda kwekusava nedzidzo yawkana, ruzhinji rwevanhu rwunoshaya kunyangwe chiumbwa chemanzwi kuti vatsangure zvavanoda.” Vane rombo rakanaka zvavo, zvino, ndeavo, munguva yekutanga kubva zera, vanokwanisa kusimudzira masimba ematauriro, vachiziva mushonga mutsvene kuhuipi hwerudzi rwemunhu, vozadza pfungwa dzavo nemifungo yedenga, nenzira vowedzera nzwisiso yavo uye kutambanudza ruzivo rwavo.

Muchidzidzo chiripazasi kubva mu*Drawing on the power of the word*, gwaro rezvidzidzo zvinokurudzirwa nezvinyorwa zvechiBahá’í rinowanzodzidzwa nevechidiki vasati vabva zera avo vava mberi nechekare pakuita mamwe mabhuku ekutanga-tanga, chikwata chevechidiki chinokurukura pfungwa ye “shoko”. Nzvera chidzidzo ichi uye woedza kuona kuti chinowedzera sei nzwisiso uye kusimudzira ruzivo.

Chimwe chezviitiko chinofadza zvakanyanya chakaitwa nechikwata chevechidiki veAlegrias mumwedzi yekutanga wehuvapo hwacho raiva basa rekudyara miti. Mushure mekunge vechidiki vadyara miti makumi mashanu yemichero panzvimbo yakakomberedza chikoro chavo, vakakoka vabereki vavo, shamwari uye vavakidzani kumhemberero munguva iyo Elisa akapa nhaurwa diki pamusoro pekukosha kwekusimudzira nharaunda. Vagari vedunhu vakatenda chirongwa ichi nekuda kwekuti miti yavakadyara yaizobereka michero uye kushongedza dunhu.

Zuva rakatevera mhemberero, vasati vabva muAlegrias, Elisa akakumbira musangano wakakosha nevechidiki vabva zera. “Zuva ranhasi ndinoda kuti titaure pamusoro pedingindira richava panhongonya yenhaurwa dzedu kwemwedzi inotevera,” akavaudza aine mufaro mukuru. “Kuti ndizviparure, regai ndikubvunzei mubvunzo: Munofunga kuti Mwari akatisikirei?”

Mariela akapindura nekukasika, “Mwari akatisika nekuti Anotida. ‘Ndakada kusikwa kwako, naizvozvo Ndakakusika.’ Ndakadzidza

chinyorwa ichi pandakange ndichiri pwere uye handina kuzombobvira ndachikanganwa.”

“Wagonesa,” anopindura Elisa. “Mwari akatisika kubudikidza nerudo rwake rusingapere kwatiri. Uye nekuda kwerudo urwu, Vakaisa pamusoro peumwe nemumwe wedu zvipo zvakanakisisa. Chimwe chezvipo Zvake zvikuru kwatiri kugona kushandisa ‘shoko’. Hapana chimwe chisikwa chinorarama chakapihwa kwanisiro yekutura mashoko, kuverenga mashoko, kunyora mashoko, uye kumanzwisia. Kuburikidza nemashoko, tinotaurirana uye toita kuti mumwe nemumwe azive zvatinokufunga nezvatinonzwa muhana. Pamusoro pezvose, kuburikidza nemashoko kuti dzidziso dzaMwari dzinoparurwa. Tinonzwisia dzidziso idzi kuburikidza nekuteerera uye kuverenga Shoko raMwari rakabudiswa pachena kuburikidza neMutumwa Wake. Dingindira randinaro mupfungwa pahurukuro yedu, naizvozvo, isimba reshoko.”

“Ndakanzwa kuti shoko rine simba kupfuura bakatwa,” anodaro Carlota.

“Ichokwadi,” anowedzera Antonio. “Asi kuti mashoko ave nesimba, anofanirwa kuperekedza nezviito. Kana zvikasadaro, mashoko haana simba uye ari nyore kupeperetswa nemhepo. Chimwe chezvinyorwa zvandinofarira chinoti tinofanirwa kungwarira, kusafamba munzira dzeavo vane mazwi anosiyana nezviito zvavo.”

“Hongu,” anowedzera Ana Maria. “Unogona kuudza umwe wako kuti ishamwari yako yepedyo, asi ukasamubatsira panguva yaanoda rubetsero rwako, nekudaro zvichida hausi shamwari yakanaka chaiyo.”

Pfungwa yaAna Maria yakamutsiridza mifungo yevamwe vese, uye vese vakatanga kupa mienzaniso yezviviri mashoko asina simba uye mashoko anoperekedzwa nezviito.

Pekupedzisira Elisa akati, “Zvakanaka. Mese magutsikana kuti mashoko anoperekedzwa nezviito ane simba gurusa. Mashoko ane simba rinoshamisa—anokwanisa kushandura nyika. Ndoosaka imi, vanoda kuvaka nyika iri nane, muchifanirwa kudzidza kushandisa mashoko zvakanaka. Izvi zvinoreva kufunga shoko, kunzwisia shoko, kutaura shoko, kuparadzira shoko, uye kuisa shoko muzviito.”

Vechidiki vakaramba vakanyarara kwechinguva, vachifungisia pamusoro pezvataurwa naElisa. Pakarepo Diego akave nezano. Achifara, akasvetukira mberi kwechikwata akati,” “Iyezvino ndave kuziva kuti tingawane sei budiriro yepanyama neyepamweya: kuburikidza nesimba reshoko rinoperekedzwa nezviito zvakarurama.

Makave nerunyararo. Hapana akataura chinhu. Diego akapedzisira aramba akangomira ipapo, ave kunzwa kusagadzikana. Akanga asisasive kuti ogara pasi here kana kuti oramba akamira. Akatarisa kuna Elisa achitsvaga rubatsiro. Elisa akasimuka zvishoma nezvishoma, achienda kwaari, akabata ruoko rwake. “Wazoziva chokwadi chakadzama,” anodaro kwaari.” Nekufamba kwenguva uchadzidza kuti zvakakosha zvakadii.”

## Mibvunzo

1. Shandisa manzwi anotevera kuzadzisa mitsara iri pazasi:

perekedza, mumifungo, tsanangura, mabasa,  
taurirana, kushanduka, durura, umba, nharaunda,  
potereredza, chipo, buditsa, simbisa, hudzamu

- a. Kuburikidza nesimba remashoko tinokwanisa ku  
\_\_\_\_\_ pachedu.
- b. Julia akange asingade kuti hanzvadzi yake iyende kuchitoro  
yega, zvino akasarudza kumu\_\_\_\_\_.
- c. Chiremba akafara kuona hutano hwevasikana vechidiki  
huchitanga\_\_\_\_\_.
- d. Mushure mekumubvunza kakawanda chete, Luis Enrique  
akazokwanisa kumu\_\_\_\_\_ kuti azotaura  
pamusangano.
- e. Mwari akatipa \_\_\_\_\_ chehupenyu, uye  
tisazochitambisa.
- f. Pose panovimbisa Juan Carlos, anoedza nepose paanogona  
kuchizadzisa. Mashoko ake anowanzoteverwa  
ne\_\_\_\_\_.
- g. Nekuda kwerudo Rwake kwatiri, Mwari akatipa zvipo  
zvakawanda. Simba rekukwanisa kushandisa shoko ndicho  
chimwe chezvipo zvikurusa  
zvaAka\_\_\_\_\_ pamusoro pedu.
- h. Nyaya pfupi yakanyorwa kubva\_\_\_\_\_  
yemunyori.
- i. Kuti tive tinogona ku\_\_\_\_\_ nevamwe,  
tinofanirwa kudzidza kuteerera.

- j. Cecilia ane hanya ne\_\_\_\_\_ uye  
akasarudza kupa dzidziso panhongonya yenharaundera yake  
pamusoro pezvehutsanana.
- k. Pese pane zviri basa ririkuda kuitwa, Diego anoita kuti vanhu  
vese vave vanochifarira. Anokwanisa  
ku\_\_\_\_\_ mufaro.
- l. Roberto akange aneta mushure mekunge ashanda  
zvakanyanya zuva rese zvekuti akaenda kunorara uye hapana  
akakwanisa kumumutsa. Aive mu\_\_\_\_\_  
hwehope.
- m. Ambuya vangu vakange vasdingade kuudza chero ani makore  
avo, asi pavakasvitsa makore zana,  
vakazo\_\_\_\_\_ makore avo.
- n. Anna akadyara bindu raitenderedza imba yese, nekudaro  
pakave nemaruva akanakisa emavara uye zvimiro  
zvakasiyana zvakai \_\_\_\_\_.

2. Nyora mutsara uchishandisa zvirevo zviri pasi.

zviito zvatsvene: \_\_\_\_\_

kuvandudza nharaunda: \_\_\_\_\_

nemufaro mukurusa: \_\_\_\_\_

kuisa mazwi mumabasa: \_\_\_\_\_

kudzamisa pfunga pamusoro pezvinenge zvataurwa: \_\_\_\_\_

3. Mashoko anesimba rekuitungamira kune zvakanaka kana zvakaipa, uye zvichienderana nemashoko atinoshandisa, tinokwanisa kupa mazano akanaka kana akashata kune vamwe. Isa “H” pamberi petsanangudzo iri pazasi anova mazano akanaka uye “K” kune ayo anova mazano akaipa.

\_\_\_\_ Tinofanirwa kubatana uye torega kurwa zvachose.

\_\_\_\_ Kana uchichida, tora. Zvisinei nekuti muridzi anofungei.

\_\_\_\_ Usanyeya.

\_\_\_\_ Tese tinonzwa nungo kamwechete munguva dziri kure; kana ukasangana nerimwe remazuva aya, zviri nani kusaita chinhu.

\_\_\_\_ Usamirira kuita mangwana zvaunokwanisa kuita nhasi.

\_\_\_\_ Hazvina mhosva kana ukati nonokei kuenda kumusangano.

- \_\_\_\_ Zvisinei nekuti basa racho idiki sei, rinofanirwa kuitwa nemazvo.
- \_\_\_\_ Zvakanaka kuti titaure kanyepo kadiki pano neapo.
- \_\_\_\_ Usaite chinhu kuna ani zvake; hazvibhadhare.
- \_\_\_\_ Chinangwa chega chehupenyu ndecekunakidzwa.
- \_\_\_\_ Tinofanirwa kuedza mazuva ose kuzvisimudzira.
- \_\_\_\_ Basa murango.
- \_\_\_\_ Sei tichifanira kuteerera mutemo; tese tinoziva zvakatinakira.
- \_\_\_\_ Chinangwa chedu panyika ndecekuziva nekurumbidza Mwari
- \_\_\_\_ Tiri kurumbidza Mwari patinoita basa redu mumweya weshandiro
- \_\_\_\_ Mumwe nomumwe wedu anofanira kubatikana nezvehupenyu hwake uye orega kunetsekana nematambudziko evamwe.
- \_\_\_\_ Vabereki vako vachembera; vanozivei nezvehupenyu hwanhasi!
- \_\_\_\_ Kunwa doro munguva dziri kure hazvikuvadze munhu.
- \_\_\_\_ Hupenyu hupfupi. Unozviurairei nekushanda

1. Chidzidzo chinotsvaga kuvandudza ruzivo rwevechidiki vasati vabva zera nekuvabatsira kuti vafungisise pamusoro pepfungwa ye “shoko”. Chinozadzikisa izvi sei? \_\_\_\_\_
- 
- 
- 
- 
- 
- 
-

2. Mushure mekuongorara chidzidzo chirí pamusoro, ndedzipi dzimwe mhando dzesungawirirano dzaungagona kuona pakati pesimba rekufunga uye simba rekutura? \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_

## CHIKAMU 11

Vechidiki vasati vabva zera vanofanira kuvandudza kwanisiro yekuverenga zviri nyore uye kunzwisia zvakanaka zvinoreva zvavanenge vaverenga. Munzvimbo zhiji dzenyika, kune zvidzidzo zvemhando dzakasiyana-siyana zvezera iri, kubva kumabhuku edzidzo dzechikoro kusvika kumabhuku enyambo dzinosekesa. Apo pfungwa zhiji dzemabhuku mazhinji aya dzinobatsira pakuvandudza kwakanaka kwechediki vasati vabva zera, kugona kwavo hakuenzanisi nemasimba echokwadi anobva muzvinyorwa pamweya wemunhu mudiki. Tinoziva cuti, muNguva iyi, Bahá'u'lláh akazodza shoko rimwe nerimwe nemasimba matsva. Anoti:

**“Kubudikidza nekufamba kweChinyoreso Chedu chekubwinya Chatinacho, pakutura kweMugadzi ane simba rose, akafemera hupenyu hutsva mumuviri wemunhu wese, uye akaisa masimba matsva mushoko rese. Zvisikwa zvose zvinoparidza uchapupu hwekusikwa patsva kwepasi rose.”<sup>27</sup>**

Madingindira kana pfungwa dzipi zvadzo ari mumagwaro efundo anoshandisa kuvandudza masimba ematauriro mune vechidiki vasati vabva zera, dudziro dzinobudamo dzinofanirwa kunyatsoratidza zvinyorwa zveChitendero. Nzwisiso yedu papfungwa yeruzenzaniso, semueruzenzaniso, kana ikavhenekerwa nedzidziso yaBahá'u'lláh, inozopinda muhudzamu hwedudziro isingawanike munyika yakarasa nzwisiso chokwadi chezvemweya. Kuwana ukoshwa hwehuchenjeri hunowanikwa muzvinyorwa, nerubatsiro rwemagwaro efundo achidudzirwa nemafungiro, zvinovhenekera pfungwa dzechediki vasati vabva zera uye kuumba mufaro mumwoyo yavo. ‘Abdu’l-Bahá anotsanangura:

**“Mweya yenu ngaive yakavhenekerwa nechiyedza cheMashoko aMwari, uye uchava vagamuchiri nevachengeti vezvakavanzika zvaMwari, nekuti hakuna kunyaradzwa kukuru uye hapana mufaro unotapira kupfuura nzwisiso yezvemweya yedzidziso dzaMwari. Kana munhu achinzwisia dudziro yechokwadi ndima dzenhetembo sedzaanaShakespeare, anogutsikana uye kufara.**

**Mufaro uye kugadzikana kwake kunokura zvakadii kana akawana chokwadi cheMagwaro Matsvene uye oziviswa zvakavanzika zveUmambo!"**

Zvidimbu zviri pasi zvakatorwa kubva mubhuku rionzi *Drawing on the Power of the word*. Dingindira re “budiriro” rinodudzirwa mugwaro racho ese. Gwaro refundo riononangana nekubatsira pfungwa dzevechidiki kuwana nzwisiso yepfungwa yebudiriro inoenderana nedzidziso dzeChitendero. Munokumbirwa kuedza kudoma misiyano iri pakati pezvinorehwa nebudiriro, semuenzaniso, mukubuda zvazvinoita mushambadziro zhinji dzanhasi uye kukosha kwayo sezvakataurwa mundima dzinotevera:

Munguva yakapfuura, vanhu vemudunhu vakashanyirwa nemudzidzisi anoremekedzwa uyo akavataurira kuti “Alegrías inokwanisa kuva nharaunda yemuenzaniso, umo matinokwanisa kuwana budiriro yepanyama ne yepamweya.” Pakutanga, Diego haana kunyatsonzwisia kuti “budiriro yepanyama neyepamweya” zvinorevei, asi akagoverana mufaro wake nedunhu rake rese. Kubva ipapo, akadzidza zvakanyanya pamusoro penyaya iyi. Akava anoziva kuti, kunyangwe zvazvo ari mudiki pamutumbi, haachisiri mwana mudiki uye ane kwanisiro yekubatsira dunhu rake kuwana budiriro inoshuvirwa yepanyama neyepamweya.

Makanga muri munguva yeimwe yenhaurirano idzi apo Diego akasarudza kubvunza vanhu vose kuti vaifungei pamusoro pebudiriro yepanyama neyepamweya. Mariela, uyo aigara aine zvekutura zvinofadza nguva dzose, akapindura nekukasira: “Ndinoziva zvakakwana kuti budiriro yepanyama zvinorevei. Zvinoreva kuti tiri varombo uye tinoda mari yakawanda kuti tikwanise kuwana zvinhu zvinoita kuti tive nenemufaro.”

Pfungwa yaMariela yakafadza munhu vese, uye vakatanga kugoverana zvavanofunga. Izvi muchidumbu tingati ndizo zvavakataura:

Antonio: “Handitendi kuti munhu ave nemufaro anofanirwa kuva mupfumi. Ndinoziva varombo vazhinji vanofara.” Antonio:

Carlota: "Mukoma wangu ari pazororo kubva ku *University*, uye anoti vapfumi vakagadzira pfungwa yekufara muurombo' kuti tirambe tichigutsikana nekuvashandira."

Ana Maria: "Chinogona kuva chokwadi, asi ndinoziva kuti mufaro unobva mukati uye hazvinei nekuti munhu ane zvinhu zvakawanda sei."

Diego: "Asi zvakadaro, ichokwadi hazvinakidze kuva murombo. Tinofanirwa kuyedza nepatinogona napo kusimudzira hupenuy hwedu."

Antonio: "Asi tinofanirwa kufara apo patinenge tichiedza kuita izvi. Ndinoda kuzvishandira nesimba uye kunharaunda yangu, asi ndinodawo kunzwa kufara mukuzviita. Ndakambenge ndichifarira kushandisa nguva yangu ndiina mukoma waCarlota, asi kubva paakatanga kutaura nezvevpfumi uye varombo handina kuzomboda kumuteerera. Akazara nehasha."

Roberto: "Ndinozviziva kuti mufaro wechokwadi unobva mukuva pedyo naMwari uye kubva mukuteerera kumitemo Yake."

Diego: "Ichokwadi, asi hatikanganwe kuti tide Mwari tinofanirwa kuda vanhu vatigere navo uye kuvabatsira."

Carlota: "Uye tinofanirwa kurangarira kuti kuteerera mitemo yaMwari zvinorevawo zvekare kuti kushanda pamwechete kuti tivake nyika iri nane umo vanhu havazovi varombo zvakare."

Nekudaro, pakarepo, Diego akaona kuti munguva iyoyo vakange vataura zvakanyanya maererano nezvebudiriro yepanyama. "Chii chaitika kubudiriro yepamweya?" anobvunza. Asi munhu wese akange aneta nechekare, uye vakasarudza kuzoenderera mberi nenhaurirano yavo pane umwe mukana.

Vechidiki vabva zera vakaronga kuti misangano mizhinji ive yenharaurirano yebudiriro yezvepanyama nezvepamweya. Papfuura mwedzi mumwechete, mushure mekushanya kwaElisa, vakaronga musangano wakakosha wekupendera nyaya yavo. Apo vechidiki vabva zera

vakapa mazano avo kuna Elisa, akafara. Akavabatsira kuronga mhedziso yavo zvakajeka uye kunyora chiziviso chinotevera.

### **Chiziviso chevechidiki vabva zera**

Hatisisiri pwere uye tinofanirwa kufunga zvakadzama maererano neramangwana redu. Nyika iyo yatinogara yakazadzwa nekutambudzika uye yakanganiswa nekusabatana. Tinoda kuvaka nyika itsva umo vanhu vanorarama murunyararo uye hondo nenzara zvinenge zvisisimo. Kuitira kuti tivake nyika itsva tinofanirwa kutanga nenharaunda dzedu. Ndiko kusaka iyezvino tavakutura nezvebudiriro yezvepanyama uye yezvepamweya mudunhu redu diki, Alegrias. Kuti tibudirire panyama, tinofanirwa kusimudzira zvekurima, kuchengetedza hutano hwedu, kuva nezvikoro zvakawanda uye kushanda mumabhizimus nemuma indastiri. Kuburikidza nezvibereko zvemishando yedu, tinofanirwa kushandura misha yedu, dunhu redu uye zvakatikomberedza kuzviita nzvimbo dzerunako rukuru, umo tese tinogona kufarira nharaunda yakachena uye ine utsanana.

Budiriro yezvepanyama haiwanikwi kuvanhu vose kana tisina kuwana budiriro yezvepamweya. Pasina mweya wekunamata vashoma vanova vapfumi asi vamwewo vanoenderera mberi nekurarama muhurombo. Kuti tisvike kune zvatinoshuva senharaunda tinofanira kuva takabatana, toita neruenzaniso, mushandirapamwe uye kuva kushamwaridzana nevamwe, uye kuve tinopa, kuvimbika uye kutendeka. Ruenzaniso, kupa, rudo ne netsitsi, kutendeka uye kuvimbika itsika dzepamweya idzo kuburikidza nadzo tinowana budiriro yezvepanyama neyepamweya.

Hakusi kungovaka nyika iri nane chete kwatinoda tsika dzepamweya. Tinodzida zvakare pararamo yemweya yedu, iyo isingagumiri pasi pano. Budiriro yezvepanyama neyepamweya zvinoreva kuti zuva rega rega tinotsungirira kuita zvakanaka

muzvikamu zvepanyama nezve pamweya zvehupenyu hwedu, kuti tinoshanda nesimba kuvaka nyika ine ruenzaniso nerunyararo, uye kuti tinozvigadzirira hupenyu husingaperi hwerugare nemufaro.

Diego akatora maawa akawanda achifunga pamusoro penhaurwa yake. Zvakajeka kuti, “Budiriro yezvepaNyama neyepaMweya yeAlegrias” yaiva nyaya yaaishuvira kutaura. Asi, akanga asingade kupa mashoko akanyanya kuwanda panyaya yacho, uye anga asingade kuparidzira kushamwari dzake. Saka iyi ndiyo nzira yaakashandisa pakubuditsa pachena mafungiro ake:

Kuva nhengo yechikwata chevechidiki vasati vabva zera cheAlegrias zvakareva zvakawanda kwandiri. Nhengo dzayo ishamwari dzakanaka dzandanga ndisati ndakambowana, uye dzimwe dzenguva dzemufaro wangu mukuru dzinovepo kana ndinavo. Ndinofunga kuti tose tashanduka kubva patakatanga kusangana uye tichiita zvinhu tiri pamwechete. Takanga tichingova pwere patakatanga, uye kuuya kwedu pamwechete kwakatibatsira kuti tiende pane chimwe chinhando chehupenyu hwedu munzira ine chirevo. Tinopa kutenda kumabasa nehurukuro dzedu, hatisi kuzopinda mudanho rekubva zera tiri muchimiro chekuvhiringidzika uye kushaya tariro. Tinoziva kuti tine chinangwa muhupenyu, uye tichabatsirana kuti tiwane zvatinoshuvira. Ndinofunga kuti tichava shamwari nekusingaperi.

Rimwe remamwe mazano ratakafunga nezvawo zvakanyanya kubva patakatanga chikwata ndere budiriro yezvepanyama neyepamweya yeAlegrias. Ndinofunga kuti pakutanga taida kuziva zvazvaireva. asi izvezvi, vazhinji vedu, budiriro yenharaunda inova chimwe chinhu chatinoshuvira kuti tipire

masimba edu. Tinovimba kuti mufaro wedu uchatapukira uye uchabatsira mumwe nemumwe mudunhu.

Tinotenda Elisa, akatitungamirira nerudo, tavakuziva zvimwe zvinhu zvakakosha maererano nebuldiriro. Tinoziva kuti tinofanira kubatana nguva dzose, zvikasadaro kuedza kwedu kwose kunoshaya basa. Tinoziva kuti tinofanira kutsungirira kuita zvakanaka; zuva rega rega rinofanira kuva riri nane pane rakapfuura. Tinoziva zvekare kuti manzwi akavhenekerwa uye mabasa akanaka zvine simba rekuunza shanduko. Asi sei manzwi aine simba rakadaro? Chimwe chezvikonzero chakakosha ndechekuti kubudikidza nawo tinoona, pundutso uye ruzivo rwekutaurirana. Pamwongo pebuldiriro pane ruzivo.

Rimwe zuva ndaitarisa kune dzimwe mombe dzaifura mumafuro aiva pedyo nemusha wedu. Ndakafunga kuti, “mombe idzi dzinowana zvese zvadzinoda. Huswa hwese hwadzingashuvira kudya huripo. Pane rukova runopfuura nemumafuro, apo dzinogona kunwa marwuri chero padzadira. Dzinogona kurara pazuva kana mumvuri padzinenge dzadira. Chii chimwe chadzingada?” Asi ndakabva ndaziva kuti ndizvo chete zvadzinazvo. Hadzina ruzivo kana nzwisiso yezvadzinoita. Dzinova varanda kumagariro adzo. Ndakasarudza kuti zvirokwazvo handidi kurarama semombe. Uye ndakabva ndazviti, “Ko kana ndikapfuma zvakanyanya uye ndine simba asi ndoramba ndisingazivi? Zvichabatsirei izvozvo? Ndiine pfuma nesimba rose iri ndinenge ndisiri chinhu asi ndiri muranda—muranda kuzvido zvangu zvinondituma kuita zvinhu zvandisinganzwisisi, muranda kumakaro, muranda kune vapfumi uye pamasimba anodarika andinawo.” Ndosaka ruzivo rwuri panhongonya yebuldiriro. Ruzivo runotipa rusungunuko.

Pamukana uri pasi, nyorai zvindima zvishoma muchitsanangura zvamunofunga kuti vechidiki vasati vabva zera vanofanira kunzwisia maringe nedingindira rebuldiriro.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 12

Muzvinyorwa zveChitendero, “matauriro” anowanzoitwa nemanzwi akadai se “zvakajeka”, “zvakatsetseka”, “zvinonzvisika”, uye “zvinofadza” uye zvichiperekedza nezvirevo izvo zvakananga nekukosha kokuva “nemwero”, “uchenjeri”, uye “nzwisiso”. Mazwi ane tsika idzi anotarisirwa kuva nezvibereko zvinoshamisa “sekupedza mambure ehumbimbindoga uye havi yezvido zvepanyama” uye “kudzimura moto wehumhandu neruvengo”. Tichienderera mberi, manzwi anoisa simba zvchienderana nemamiriro ezvinhu uye tsika dzepamweya kune uyo anomataura.

**“Itii: Kutaura kwevanhu chinhu chinokosha icho chinoshuvira kushandisa simba racho uye zvinoda kuva nemwero. Maringe nesimba racho, izvi zvinoenderana nekunatsurudzwa uye zvakare zvakatsamira pamwoyo iyo yakaparadzanisa uye yakarurama.”<sup>29</sup>**

**“Pamusoro pazvo mazwi nezvinotaurwa zvinofanira kuva zvinofadza uye zvinopinda mukati mehana. Zvisinei, hapana izwi richawedzerwa netsika mbiri idzi kunze kwekuti zvazotaurwa zvizere nokuda kwaMwari uye nekuda kweruremekedzo rwakafanira kune zvinodiwa pachitiko uye nevanhu.”**

**“Ndinokumbira Mwari kuti vaise pamisoro yenu zvipo zvakakosha zvemakomborero Avo; kuti vabatidze mumwoyo yenu moto werudo Rwavo; kusunungura ndimi dzenyu kuti dzitaure mazwi akatsetseka uye zvakavanzika zvinoshamisa mudare rehutsvene; kukuitai maruva eParadhiso yeAbha’ nengirozi dzedenga, makabatana mumaonero enyu uye nemifungo yenu inowirirana; uye kuratidzwa muzviso zvenyu zviratidzo zvitsvene zveHumambo Hwake pakati pevanhu vose.”**

1. Doma kubva mundima dziri pamusoro dzimwe dzetsika dzepamweya dzinopa munhu nhaurwa ine simba: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

2. Unofunga kuti kuongororwa kwefungwa muzvinyorwa zvakadzidza nevechidiki vasati vabva zera muchirongwa chekusimbisa kwemweya zvinovabatsira sei pakuumba tsika idzi? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## CHIKAMU 13

Muzvinyorwa tanodzidziswa kuti simba renhaurwa rinofanirwa kunanganiswa pakuzivikanwa kwezvinangwa zvepamusoro-soro:

**“Ikozvino ndiyo nguva yekuzvichenesa nemvura yekuzviparadzanisa yakayerera kubva Muchinyoreso Chepamusoro-soro, uye kufungisisa, zvizere nokuda kwaMwari, zvinhu izvo, nguva nenguva, dzakatumirwa pasi kana kuratidzwa, uye kutsungirira, zvose zviri mauri, kudzimura, kuburikidza nesimba rouchenjeri uye nemasimba ezvamunotaura, moto wehumhandu neruvengo unopfungaira mumoyo mevanhu vepanyika.”<sup>33</sup>**

**“Muranda uyu anokumbira kune mweya yose inoshingaira uye inoshanda nesimba kuti uite zvose zvaunogona kuyedza uye kusimuka kugadzirisa mamiriro ezvinhu mumatunhu ose uye kumutsa vakafa nemvura inorarama yeuchenjeri uye nemashoko, kuburikidza netsika yerudo rwaanokoshesa kuna Mwari, iye Oga, asinga Enzaniswe, weMasimba ose, Ane nyasha.”**

**“Shoko rega rega rakazadzwa nemweya mutsvene, nokudaro mutauri kana mududziri anofanira kungwarira paanopakura mashoko ake panguva nenzvimbo yakakodzera, nokuda kwechiratidzo chekuti izwi rega rega rakagadzirwa rinonyatsooneka uye rinonzwisisika. Mwari Mukuru vanoti: Shoko rimwechete rinogona kufananidzwa nemoto, rimwe kuchiedza, uye simba rarinpola ririkuoneka munyika. Naizvozvo munhu akavhenekerwa wehuchenjeri anofanirwa kutanga kutaura nemashoko manyoro semukaka, kuti vana vevanhu vagokwanisa kuumbiridzwa uye kusimbisa ipapo uye vagokwanisa kuwana chinangwa chepamusoro chehuvepo hwevanhu ranova danho renzwisiso uye kuremekedzwa kwechokwadi. Uye saizvozvo Anotaura: Shoko rimwechete rakafanana nenguva yechirimo zvinokonzcera zvirimwa zvidiki zvebindu remaruva ezivo kuti asvibire uye kubudirira, apo rimwe shoko rakafanana nemuchetura unouraya. Zvikafanira kuti munhu akangwara ane huchenjeri ataure nounyoro hukuru uye kutsungirira kuti kutapira kwemashoko ake kugone kukurudzira munhu wese kuti awane izvo zvakafanira pachinhano chake.”<sup>35</sup>**

1. Sarudzo kana zvirevo zvinotevera zviri zvechokwadi. Simba rekutaura rinofanirwa kunanganiswa pa

- \_\_\_\_ kukunda pakukakavadzana.
- \_\_\_\_ kududzira chokwadi kuburikidza nehurukuru dzekupana mazano zvakajeka.
- \_\_\_\_ kudzimura moto wehumhandu neruvengo mumoyo yevanhu.
- \_\_\_\_ kunyengedza vamwe.
- \_\_\_\_ kuvanza chokwadi.
- \_\_\_\_ kutsanangura zvakavanzika zvepasi rose.
- \_\_\_\_ kujekesa nyaya dzakadzama.

- \_\_\_\_\_ kujekesa kusanzwisisana uye kuvaka kubatana kwemuono.
- \_\_\_\_\_ kuratidzira kukosha kwemafungiro ako.
- \_\_\_\_\_ kuwana rumbidzo neruyemuro.
- \_\_\_\_\_ kuongorora chokwadi chemamiriro ezvinhu.
- \_\_\_\_\_ kuvandudza mamiriro emagariro evanhu.
- \_\_\_\_\_ kudzivirira kodzero dzevakadzvinyirwa.
2. Taura mazwi mashoma pamusoro pekuti kuvandudza masimba ematauriro kunobatsira sei vechidiki vasati vabva zera munzira yeshanduko yedungamunhu uyezve nemukuedza kubatsira kushanduko yemagariro.
- 
- 
- 
- 
- 

## CHIKAMU 14

Mukubatsira vechidiki vasati vabva zera kuvandudza masimba ematauriro, hatifanirwi kukanganwa kuti iShoko raMwari rinozadza nhaurwa dzemunhu nesimba uye rinosimbisa moyo nepfungwa dzemunhu nenzwisiso yechokwadi. Munokumbirwa kumbomira pano mombofungisisa nezve ndima dziri pazasi.

**“Nyamasase yematauriro, inopenya zvakajeka kubva pamambakwedza eZvakazarurwa zvedenga, saizvozvo yakavhenekera ma Scrolls nema Tablets kuti humambo hwematauriro uye hutongi hwakakwirira hwenzwisiso hwutinhire nemufaro nekupembera uye kupenyu nokubwinya kwechiedza Chake..”<sup>36</sup>**

**“Itii: Takakonzerza nzizi dzekutura kweDenga kuenderere mberi kubva pahushe Hwedu, kuti makwenzi manyoro ehuchenjeri nenzwisiso agone kubuda muvhmu remwoyo yenuy.”<sup>37</sup>**

**“Kubudikidza nekufema kweshoko Rangu denga renzwisiso rakashongedzwa, uye nekufamba kwechinyoreso Changu kuperara kwemapfupa ose kwakamutswa.”<sup>38</sup>**

**“Zviri pachena uye zvine umboo, nokudaro, kuti makomborero ekutanga aMwari iShoko, uye mutsvaki nemugamuchiri waro isimba renzwisiso. Shoko iri mudzidzisi mukuru wekutanga muchikoro chehuvepo uye mutaridzi weUyo Anova Samasimba. Zvose zvinooneka zvinokwanisa kuoneka chete kuburikidza nechiedza cheuchenjeri hwaro. Zvose zvinobuda pachena mubairo weruzivo hwaro. Mazita ose mazita aro, uye mavambo nemagumo ezvinhu zvose anofanira kutsamhira pariri.”<sup>39</sup>**

Mungangoda kubata nemusoro zvamunokwanisa zvinyorwa zviri pamusoro.

## CHIKAMU 15

Tiri kurarama panguva iyo rudzi rwemunhu rwakatarisana nekuparara kwetsika. Mitemo yaitungamirira vanhu kwemazana emakore iri kupera simba zvishoma nezvishoma, uye tsika dzekunyanya kuda pfuma uye pfungwa yakanyanya yezinyekenyeka uye humbimbindoga husina anodzora zviri kutora nzvimbo yadzo zvishoma nezvishoma. Ngatifungei zvakare nezvekuitika kwakadai tisati tafunga nezvachinokonzeru kune vechidiki.

Zvinogoneka kunzwisia kubva mukufamba kwenhoroondo mumazana mashoma emakore apfuura rusungunuko rwevanhu rwakaitika zvishoma nezvishoma kubva mungetani idzo dzakavadzvinyirira kwemakore akawanda—kudoma zvishoma, kubva mudzidziso dzemanyepo (dogmatism), kubva muudzvanyiriri, kubva mukutenda zvisiri zvechokwadi (superstition). Kunyangwe zvazvo pachine zvakawanda zvinofanira kuitwa, rusaruro rwakadzika midzi rwakakundwa, kugadzirwa kwemitemo yekutonga kwakaenzana, uye kodzero dzevanhu nedzezvikwata dzakatambirwa. Zvinosuwisa, kufamba kwenhoroondo ine hukoshwa iyi kwatambudzwa zvino, uye iri kuwedzera kudaro, zvakanyanya. Zviri kunyanya kufamba kuenda panhongonga pedariro zinyekenyeka nekusazvidzora, uye kuvepo kwemitemo kuri kusundidzirwa kurutivi. Kuv' nekusununguka kutevera zvinofarirwa nemunhu pachake zvinoonekwa sechinu chakanakisia, uye musiyano uripo pakati pezvakanaka nezvakaipa zviri kudzima nekuda kwaizvozvo. Gwara remaitiro anoenderana nemiono yakasiyana-siyana yetsi ka riri, munzvimbo dzakawanda, rinoonekwa serakakodzera, nezvisungo zvagara zvakabata nhengo dzenharaunda pamwechete rakarasikirwa nesimba.

Mumamiriro aya, vechidiki vabva zera kazhinji vanosiiwa vasina nhungamiro yehunhu uye vanozviona zviri zvinhu zvakaoma kupatsanura chokwadi kubva kumanyepo. Hakuna chimwe kunze kweShoko raMwari chinokwanisa kumutsa kwanisiro yemasimba epamweya anoita kuti munhu akwanise kugadzira musiyano. ‘Abdu’l-Bahá anotitaurira kuti Shoko raMwari rinovhenekera danho remafungiro uye hunhu:

**“... munyika tsvene yehungwaru nemafungiro panofanira kuva nenhongonya dzeruvhenekero, uye nhongonya iyoyo ndiyo inogara nokusingaperi, Zuva rinopenya-nokusingaperi, Shoko raMwari. Chiedza charo chiedza chechokwadi chemamiriro ezhinhu icho chakapenyera pamusoro pemunhu, chichivhenekera danho remafungiro uye tsika, kupa makomborero enyika yehuMwari pamusoro pevanhu.”<sup>40</sup>**

Kuva anokwanisa kuita sarudzo zvine tsika, munhu anoda zvakawanda kupfuura mubatanidza wemitemo; chimiro chose chetsika chinofanirwa kuumbwa mupfungwa nemumoyo memunhu wechidiki nekupihwa chinangwa chakasimba chemagariro—chimiro chinobatanidza hunhu hwepamweya, gwara remaitiro, uye ruzivo rwemhedzisiro uye inobatwa zvakasimba nemasimba ekuzvisarudzira nehushingi. Chimiro chetsika chakadaro chinoratidza kuva chine hukama huri pedyo nechimiro chemutauro chinoshanda mupfungwa dzemunhu.

Mutauro uyu, sevataurwa muzvikamu zvishoma zvapfuura, unofanira kuva wakapfuma zvakakwana kuitira kuti vanhu vechidiki vakwanise kuziva nezvemagariro, tsika, uye masimba epfungwa achiumba hunhu hwevanhu munyika iri kuondomoka uye kunzwisisa mamiriro emasimba epamweya anodiwa kuvashandura.

Kubatana kwakasimba pakati pechimiro chemutauro umo munhu anoburitsa pachena mafungiro aka nemamiriro etsika ayo anotungamira mafungiro aka uye maitiro aka zvine zvazvinoreva zvakakosha nekuda kwenzira iyo zvese mutauro netsika zvinofanirwa kudzidziswa. Dzidziso dzinoshandisa kuumba mutauro dzinosiyana-siyana zvichienderana nehunhu hweavo vanonyodzinyora. Dzinogona kufambisa shoko retsika yakajeka, kuva netsika yekusagutsikana, kana kukonzeresa kukanganisika kwemweya. Zvinyorwa zvedzidziso dzetsika dzepamweya, zvakare, zvinosiyana zvichienderana nemafungiro ehunhu huri kuparadzirwa. Mumwe anogona kuziva, semuenzaniso, zvinhu zvedzidziso zvakawanda umo pfungwa dzetsika dzinoratidza senhevedzano yehunhu, zvisungo, mitemo, uye chokwadi chine chinangwa chekuvandudza maitiro asina kunyatsotarisisa zvinhu zvemutauro uye nepfungwa dzinovandudza muonero wezvemweya nekusimbaradza kuzvipira kushanduko yemagariro. Mumwe anogona kuwana zvrongwa zvedzidziso yetsika izvo zvinongobvunza vadzidzi kuti vakurukure zvavanoda uye zvido pamwe nefungidziro kuti, mukujekesa izvi, vanosvika pakuzoziva kuti ndivanaani uye voziva kugona kwavo. Kudereda dzidziso yetsika kune imwe yenzira mbiri idzi hazvina kufanira. Chirongwa chakanangana nekuvandudzwa kwepamweya kwevechidiki vasati vabva zera hachikwanisi, naizvozvo, kusiya maitiro akaita seari epamusoro, uyewo hachigoni kufuratira zvinodiwa nemutemo wekuti pave nekujekerwa kwedungamunhu. Panguva imwe chete, chirongwa chakadaro chinofanira kubvumira, sezvatamboona kumashure, nokuda kwehurukuro yakakwana yepfungwa dzemweya. Zvinoda, zvisinei, kuenderera mberi. Zvikuru-sei, chinofanira kutarisia janha remutauro mukugadzira chimiro chetsika, uye tichafunga nezvejanha iri muzvikamu zviviri zvinotevera.

## CHIKAMU 16

Magwaro akashandisa muchirongwa chedzidzo chine chekuita nekusimudzira masimba epamweya anofanirwa kunyorwa mumtauro wakajeka uye unotsanangurika asi uchichenetedza kubva mumaitiro ezinyekenyike iyo yetsika yakasvibisa hwaro hwedzidzo mumakumi emakore achangopfura.

*Walking the Straight Path* nderimwe gwaro refundo rinokuridzirwa nezvinyorwa zvechiBaha'i rinoumba chikamu chehururongwa hwevechidiki vasati vabva zera. Yakaumbwa nengano makumi maviri, imwe neimwe ine chekuita nedingindira retsika. Mutsika nemumagariro mazhinji, ngano dzinoshandisa senzira yekufambisa ruzivo kubva pane chimwe chizvarwa kuenda pane chinotevera. Mugwaro iriro, dzimwe ngano dzinozivikanwa dzakanyorwa patsva kuti dzibvise mashoko asina kujeka agara achifambiswa. Chidzidzo chegachega chine zviito kuitira kusimbaradza hunyanzvi nekwanisiro yekushandisa mutauro izvo yakakosha kubudiriro ine mutsindo yemaumbirwo ehunhu. Chidzidzo chiru pazasi chinotanga nengano yaungave uchiziva. Yakanyorwa patsva nechinangwa chekukurudzira nzira yemafungiro nemaitiro zvine maringe nekuchenetedza dzidziso yehunhu. Verengai chidzidzo

uye mokurukura kuti mashoko anofambiswa nenyaya yacho anodzivisa sei kusimbarara kwetsika nemagariro zvemanyepo.

*Vakachenjera havanganyengedzwe nekubatwa kumeso.  
Hongu, munhu wese, anokurudzirwa nerumbidzo. Asi  
ngatirangarirei kuti kushuvira rumbidzo kunonetesa  
maonero edu.*

Gava rakamboona gunguwo richibhururuka nechidimbu chechizi (cheese) pamuromo paro. “Ndinofanira kutora chizi (cheese) iyo,” gava rakadaro nechemumoyo uye rakatevera mumvuri weshiri iyi kusvikira yamhara pabazi remuti.

“Waswera sei, shamwari yangu,” gava rakadaro, richiratidza hunhu hwaro hwakanakisa. “Uri kuratidzika zvakanaka nhasi. Manhenga ako ari kuvalima uye maziso ako ari kupenya sematombo anokosha. Chokwadi, une izwi rakanakisa zvakare. Ah! Dai chete ndaikwanisa kuti ndikunzwe uchiimba.”

Mazwi aya aiva akaita semvura yakachena inogutsa nyota yagunguwo yekurumbidzwa. Saka akasimudza musoro wake achizvikudza uye ndokugadzirira kupa rwiyo achida kuremekedza shamwari yake inomufadza.

Naizvozvo, nguva yaakavhura muromo wake, chidimbu chechizi chakadonha. Gava akabva aibvuta isati yadonhera pasi uye ndokutizira kure, apowo gunguwo neizwi rake risinganakidze rakazadza mhepo.

## NZWISO

Pindura mibvunzo iri pazasi mumitsara yakazara.

1. Gava akaona chii? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

2. Gunguwo aive neiko pamuromo pake? \_\_\_\_\_

3. Gava akaita sei kuti awane chizi(cheese)? \_\_\_\_\_

4. Ichokwadi here kuti gunguwo aive neizwi rinofadza? \_\_\_\_\_

5. Gava akanga achirevesa here mukurumbidza gunguwo? \_\_\_\_\_

6. Nyaya iyiyi yakaitikira muguta, mudunhu, kana musango? \_\_\_\_\_

## MAZWI

Zadzisa mitsara imwe neimwe iri pazasi uchishandisa rimwe remazwi anotevera:

encouraged, longing, charming,  
shadow, praise, satisfied, pride,  
pleasant, judgment, weakened

kurudzira, chishuwo, inonakidza,  
mumvuri, rumbidzo, kugutsikana,  
kuzvikudza, rakanaka, muono,  
rukutika

1. Mudzidzisi aifunga kuti vadzidzi vake vaishanda nesimba uye  
akange akazara ne\_\_\_\_\_ kwavari

2. Armando namukoma wake vakapedza  
zuva\_\_\_\_\_ pamwe chete, vachishanda

muminda uye vachikurukura nezve zvирongwa  
zveramangwana ravo.

3. Hong Mei aifarira kuvhakacha uye aive ne  
\_\_\_\_\_ chekuona nzvimbo itsva.
4. Aive nezwi rakanaka, uye mudzidzisi wake  
akamu\_\_\_\_\_ kuti adzidze mimhanzi.
5. Murimi akaratidza kunaka kwe \_\_\_\_\_  
wake mukudyara mbesa dzake mushure memvura yakanaya  
pe kutanga.
6. Chandu akanga asiri \_\_\_\_\_  
nezvibodzwa zvaakawana pabvunzo dzake, nekudaro  
akasarudza kudzidza nesimba.
7. Zhong Jiang akange ari mudambudziko, asi nokuda kwokuti  
akazadzwa ne \_\_\_\_\_ haana  
kutendera chero munhu kuti amubatsire.
8. Mukupera kwezuva,  
wakareba wemuti unogumisira pamusoro pebindu.
9. Yaive ngano \_\_\_\_\_, uye vana  
vaida kuiteerera kasingaperi.
10. Aive zvikuru  
aka \_\_\_\_\_ neurwere asi  
machinguva chidiki akatanga kushanda zvakare, achiziva kuti  
achava anosimba nekufamba kwenguva.

## HURUKURO

Tinoita sei kuti tisarasiswa kuburikidza kubatwa kumeso?

## KUBATA CHINYORWA NEMUSORO

**“Zvichenetedzei nekungwarira kukuru, regai kuzobatwa muusungo hwekunyengedzwa uye kubiridzirwa.”**

Kurukurai mibvunzo inotevera muchikwata chenyu:

1. Kana munhu akasachenjera, ngano iyi inogona kutaurwa—zvirokwazvo, yaisiwanzodudzirwa—nenzira inoreva kuyemura yekungwara kuri pachena kwagava. Mhando yengano iri pamusoro inodzivirira sei kupa dudziro yakaita seiwayo? \_\_\_\_\_

---

---

---

2. Ndeipi dzidziso yepamweya yabudiswa mungano iyi \_\_\_\_\_

---

3. Ndedzipi dzimwe pfungwa dzine sungawirirano nedzidziso iyi? \_\_\_\_\_

---

---

4. Chombo chinova ngano yakaita seiyi chinoshanda sei pakubatsira vechidiki vasati vabva zera kunzwisia pfungwa yetsika dzepamweya? \_\_\_\_\_

---

---

---

---

5. Ndedzipi kwanisiro dzinoumbwa mune vechidiki vasati vabva zera kuburikidza nemibunzo iri muchidzidzo ichi? \_\_\_\_\_

---

---

---

---

6. Chiito chehurukuro chinobatsira sei, kana chikasaitwa nje asi choitwa nenzira yekuongorora tsika dzaburitswa mungano—zvinobatsira sei pakuvandudzwa kwesimba remafungiro uye kufungisia? Zvinowedzera sei masimba ematauriro? \_\_\_\_\_

---

---

- 
- 
- 
7. Kubata chinyorwa nemusoro kunobatsira sei pakusimbaradza masimba aya? \_\_\_\_\_
- 
- 

## CHIKAMU 17

Kana vechidiki vasati vabva zera vachizobatsirwa mukuziva mitemo yetsika zvichibva pasarudzo dzavanoita, zvakakosha kuvapa mamiriro echokwadi ezvinhu ari pedyo navo. Izvi hazvirevi, kuti, mukuedza kuongorora chokwadi, panodiwa kungwarira kubuda pachena kunoita tsika dzakaderera dzepanyama dzemunhu. Nyaya dzinoongororwa, chero dzichizivikanwa nevechidiki vasati vabva zera, hazvidi kuti dzirerekere zvakanyanya kune zvakajairika munharaunda iri kuondomoka asi, pachinzimbo chadzo, dzinofanira kumiririra idzo tsika dzakanaka dzemifungo uye nemaitiro ano vakurudzira kuti vaedze kusvika pachinhanho chepamusoro chekuita zvakanaka. Kutি izvi zviitike, magwaro anoshandisa muchirongwa chekuvandudzika kwavo pamweya anofanirwa kunzvenga maitiro ewhubaba (paternalistic) uye kuvabata sepwere, kune rumwe rutivi, uye mutauro unoshandisa pakurudziro dzhunhu hwakanaka, pane rimwe divi. Funga nezvechidzidzo chinotevera kubva kune rimwe gwaro rinokuridzirwa nezvinyorwa zvechiBahá’í bhuku rionzi *Learning About Excellence*. Muchidzidzo ichi, Mai Chen vari kutsanangura pfungwa yekuva nehutsvene kuvazukuru vavo uye nekuvabatsira, nerubatsiro rino bva muzvidzidzo zvishoma, mukuwana kunyatsonzwisia kwakazara kukosha kwayo.

Mai Chen vakataura kuti chimiro chechipiri cheunyanzvi hwepamusoro-soro hupenyu hwakachena uye hutsvene, zvinoreva kuzvininipisa, kuchena, kuzvidzora, kuzvibata, uye pfungwa dzakachena. Vanotanga nekutsanangura kuchena, hwaro uhwo hupenyu hwutsvene hunofanirwa kuumbwa pahwuri:

“Funga nezvechiringiro. Kana ukachichenesa wachibvisa guruva rese, chinoratidza chiedza. Nenzira imwecheteyo, kana moyo wakacheneswa kubva mune zvisakarurama zvakaita seshanje, ruvengo, uye kuzvida, unova wakachena uye unogona kuratidza chiedza chedenga. Mencius akati munhu anoremekedza haasiye mwoyo wake wehudiki. Nokudaro ichi ichokwadi, asi tinofanirwa kurangarira kuti moyo wemwana wakachena mukusava nechipomerwa nekushaya simba uye kuti kuchena kwemwana hakusati”

kwamboedzwa. Watova pazera rekuti hauchatariswi sepwere zvakare. Paunenge uchikura, unova wakachenjera uye wakasimba. Asi, munofanirwa kutarisia uye kuchenjera kukuru kuti musarasikirwa nekuchena kwemwoyo yenu. Hamufaniri kutendera kuti chiringiro chemoyo yenu chisvibiswe nemarara ezvenyika ino. Asi izvi munofanira kuita kubudikidza nesimba renjere uye rutendo. Unokwanisa kuramba wakachenjera chete kubudikidza nekuedza uye kuitwa kwechido.”

Mai Chen vakabva vatsanangura kuti pfungwa yekuva neutsvene kazhinji hainyatsonzwisika saka vanobvunza vazukuru vavo vechidiki kuti vadome kubva pamienzaniso iri pasi idzo tsika dzinoratidza kuchena uye neizvo zvinokanganiswa pakubatanidzwa nadzo:

- Kuva pachokwadi
- Kuva nemwoyo munyoro
- Kusaziva
- Kuva nerusununguko kubva kuhunyengeri
- Kuva nepfungwa dzakachena
- Kuva nemuviri wakachenjera
- Kuve dzungairwa
- Kusununguka kubva pakuzvitutumadza
- Kuva wakabatirira pamafungiro ako chete
- Kuva nepfungwa dzakareruka
- Kuva nerusununguko kubva mukunyengedza
- Kuva wakazvikanganwa
- Kuva wakaneta
- Kuva unobatikana muhana (emotional)
- Kuva nenjere dzakapinza (intelligent)
- Kuva nemutsa

- Kusava nekunyepedzera

Vechidiki vabva zera vanodzidzira kubata nemusoro zvinyorwa zviri pazasi uye vokurukura nana sekuru nana mbuya mibvunzo inotevera:

**“Rairo yangu yekutanga ndeiyi: Iva nemoyo wakachena, mwoyo wetsitsi uye unobwinya, kuti umambo hwenyu huve umambo hwekare, husingaparare uye husina magumo.”**

**“Chekutanga munzira yehupenyu hwemunhu panova nekuchena kwemwoyo, kuva nehutsva, hutsvene, uye kusununguka kwemweya. Chekutanga kucheneswa kwepasi-pasi perukova, ndookuti mvura dzinotapira dzenzizi dzigoerera nemarwuri.”**

1. Munyengeri ndiye uyo anoita seakarurama iye asiri. Chii chakaipisa, kuva nehutera hwakawandisa kana kuva munyengeri?
2. Ndezvipi zvimwe zvakaipa zvatnofanira kuchenesa pfungwa dzedu kubva mazviri?
3. Ndeupi anozadzisa zvizhinji munyika ino, vane moyo yakachena kana vasina kutendeka?

Kurukurai muchikwata chenyu mibvunzo inotevera:

1. Chidzidzo ichi chingabetsera sei kubvisa kusanzwisisana kwakajairika pamusoro pehunhu hwakachena? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Ndedzipi dzimwe tsika dziri mumatauriro anoitwa naMai Chen? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Chidzidzo ichi chinobatsira sei vechidiki vasati vabva zera mukushingirira kuti vabudirire pamweya zvepamusor-soro? \_\_\_\_\_

---

---

---

---

## CHIKAMU 18

Muzvikamu zviviri zvekupedzisira zvapfuura takatarisisa, kana muchidimbu, janha remutauro mukusikwa kwe chimiro chetsika dzepamweya. Ongororo yedu yezvidzidzo zviviri, imwe kubva mu *Walking the Straight Path* uye imwe kubva mu *Learning About Excellence*, zvakatibatsira kuona kuti hurukuro yemamwe madingindira uye pfungwa, zvichibatanidzwa nezvidzidzo zvakagadzirirwa kuwedzera hunyanzvi nekwanisiro yematauriro, zvinogona kusimbaradza sei gwara remafungiro rinoita kuti pave nesarudzo dzakanaka dzetsika dzine mutsindo. Zvisinei nekukosha kwayo pakuwedzera hunyanzvi hwemutauro munzira iyi, tinofanira kuyeuka kuti chimiro chetsika dzedungamunhyu chakatsamira pazvinhu zvakawanda zvinodyidzana. Sokuti, zvakaoma kupatsanura gwara rekufunga riri kukurukurwa pano kubva pamifungo yezvescience. Vechidiki vanofanhirwa kuve vakagadzirirwa kusvika pakutsvagwa kwechokwadi munzira yezvescience. Huwandu hwema bhuku avachadzidza, nekudaro, vachapinda munzvimbo dzezvemasvomhu nezvescience—kwete mukuedza kuvadzidzisa sezvidzidzo nje asi kusimbaradza danho remafungiro avanoita. Muzvidzidzo zvinonyuka kubva mubhuku rino, izvo zvakaumbirwa avo vanoshuvira kuzvipira mukushanda nevechidiki vasati vabva zera kwenguva yakareba yemakore akati wandei, zvidzidzo izvi zvichakurukurwa zvine udzamu. Parizvino, zvakakukwanirai kuti mungova neruzivo nepfungwa iyi yehurongwa hwedzidzo umo vechidiki vasati vabva zera vanozopinda.

## CHIKAMU 19

Kuvandudza maonero epamweya, kuwedzera masimba ematauriro uye kuvaka chimiro chetsika chine mutsindo zvese zvakakosha pachirongwa chekusimudzira masimba epamweya. Sezvineiwo, kazhinji kuva nesimba kunowanzobatanidzwa netsika dzinopikisa chimiriro chepamweya chemunhu. Pfungwa dzinowanzouya mupfungwa apo pfungwa iyi paitotaurwa ndedze kutonga, kumbunyikidzwa, kupa mitongo, hukuru, uye kuva ishe wenhapwa. Chinangwa chako, zvisinei, kubatsira vechiki vasati vabva zera mukuswedera kumhando yakasiyana yemasimba. Hunhu hunobva murudo, ruanzaniso, ruzivo, nzwisiso, maonero akachenjera, kupa shandiro uye, pamusoro pazvose, kuzvininipisa. Zvirokazvo, kuzvininipisa chimiro chakakodzera muchirongwa chekuvandudza chatiri kutarisa pano, sezvo zvichiitwa nerubatsiro rwunobva Kumusoro kuti nyana inogona kuva gondo, donhwe remvura rigovandudzwa kuita nzizi nemakungwa uye *atom* yozova chiedza kana zuva. Tichifungisisa zvidimbu zvemunamato yakaburitswa na Bahá'u'lláh na 'Abdu'l-Bahá, umo matinokumbira kunaMwari kuti vatipe dzimwe tsika nehunhu, zvinotipa nzwisiso yakadzama kuchimiro chezvekuvandudzwa kwemweya uye tsika:

**“Ndinonamata Kwmuri, Imi muri Ishe wemazita ose uye Mutongi wazvose pasi nekudenga, mukomborere kuti vose vanova vadikamwi Kwamuri mumwe nemumwe agove komichi yetsitsi Dzenyu mumazuva Enyu, kuti vagomutsa mwoyo yevaranda Venyu. Vasimbisei zvakare, Nhai Mwari wangu, kuti vagove semvura inonaya ichidururwa pasi kubva mumakore eNyasha Dzenyu, uye semhepo inofuridzira kunhuwirira rudo rwetsitsi Dzenyu, kuti kuburikidza navo ivhu remwoyo yezvisikwa Zvenyu rigone kushongwa nezvinomera, uye rigone kuburitsa pachena zvinhu zvichaparadzira kunhuwirira kwazvo pamusoro peHushe Hwenyu hwose, kuitira kuti munhu wese agone kunzwa kunhuwirira kunotapira kweNguwo yeZvakazarurwa Zvenyu.”<sup>41</sup>**

**“Tisimbisei, zvino, Nhai Mwari wangu, kuti tiparadzire zviratidzo Zvenyu pakati pezvisikwa Zvenyu, uye nokurinda Chitendero Chenyu munyika Yenu.”<sup>42</sup>**

**“Ndisimbisei, zvino, Nhai Mwari wangu, kuti ndiverengwe pakati pavo avo vakabatirira kumitemo nezvirevo Zenyu nokuda Kwenyu mega, meso avo akatarira pachiso Chenyu.”<sup>43</sup>**

**“Tisimbisei, zvino, Mwari wangu, kuti tizvirase uye tibatirire zvakasimba Kwaari Anova Mutumwa Wenyu Pachenyu, Anokudzwa Zvikuru, wePamusoro–Soro.”<sup>44</sup>**

**“Ndinokukumbirai, naye Uyo Anova Mavambo emazita Enyu uye panzvimbo yeMambakwedza yetsika Dzenyu, kugadza pandiri izvo zvichandigonesa kuti ndisimuke ndipe shandiro kwaMuri uye kuti ndikudze tsika Dzenyu.”<sup>45</sup>**

**“Nditenderei kuti ndive umwe wevarandakadzi Venyu avo vakawana kunaka kwemufaro Wenyu.”<sup>46</sup>**

**“Chengetedzai vana ava, vabatsirei nenyasha kuti vadzidze uye vatenderei kuti vape shandiro kunyika yevanhu.”<sup>47</sup>**

**“Tumirai pasi, zvino, pamusoro pangu, Nhai Mudikanwi wangu, izvo zvichanditendera kuti nditsungirire muRudaviro Rwenyu, kuitira kuti kusagutsikana kwevasingatendi kusandidzivisa kubva mukutendeukira kwaMuri.”<sup>48</sup>**

**“Ndigonesei, zvino, kuti ndiwane chigaro chechokwadi muhuvepo Hwenyu, gadzikai pamusoro pangu mubayiro wetsitsi Dzenyu uye nditenderei kubatana nevaranda Venyu vakadaro sezvo vasingazovi nekunya kana kuzomboiswa mukusuwa.”<sup>49</sup>**

**“Nhai Mwari wangu, batsirai Imi muranda Wenyu kuti asimudzire shoko Renyu, uye kuramba zvisina maturo uye manyepo, kudzika chokwadi, kuparadzira ndima dzinoera kumativi ose, kuratidza kubwinya, uye kuita kuti chiedza chamangwanani chibudikire mumoyo yevakarurama.”<sup>50</sup>**

**“Vatenderei kuti vazvisiyanise pakati pavanhu Venyu, kuti vagosimudzira shoko Renyu uye kusimbisa Rudaviro Rwenyu. Vabatsirei, Nhai Mwari wangu, kuti vaite kuda Kwenyu nemufaro.”<sup>51</sup>**

## CHIKAMU 20

Nenhaurirano yezvikamu zvakawanda zvapfuura mupfungwa—ongororo yedu mumamiriro emaonero epamweya, yakakosha mukunzwisiswa kwechokwadi; ongororo yedu mumasimba ekutura, yakakosha pakubudirira kwezzvinangwa zvepamusoro-soro; ongororo yedu yehukama huri pakati pechimiro chemutauriro netsika, yakakosha pakuita sarudzo; uye fungisiso yedu munzira yekuvandudzwa kwetsika—zvino ngatitarisisei zvine udzamu magwaro maviri anonzverwa nevezhidiki vasati vabva zera. Muchikamu chino nechinotevera tichatarisa *Kufefetera kweMakomborero*, uye muzvikamu 22 ne23 tichaongorora *Spirit of Faith*. Ese ari pakati pemagwaro anonzverwa nezvikwata mugore rekutanga rechirongwa chekuvandudzwa kwepamweya.

Gwaro refundo rinokurudzirwa nechiBahá’í *Kufefetera kweMakomborero* riorondedzera nyaya yaMusonda, musikana wechidiki uyo achangosvitsa makore gumi nemataku, nemuzukuru wake mukuru Rose, uyo auya kuzoshanya ari pazororo rechikoro. Pamwe chete nehanzvadzi yaMusonda Godwin neshamwari yake Chishimba, vasikana vanofunga pamusoro peramangwana ravo uye vanokurukura nezvetarisiro uye mikana yavo. Kune pfungwa dzakawanda dzamuchafanira kuongorora muchikwata chenyu dzinoenderana nebhuku iri. Chekutanga, zvisinei, munokurudzirwa kuti muriverenge kamwechete mopamha zvekare makadzikama, muchiita zvidzidzo zvirimo. Mushure mekunge maita saizvozvo, munogona kuenderera mberi neongororo inotevera.

Sezvawaona pachena, dingindira iro rinofamba mugwaro iri ndere “makomborero”. Pazasi pane ndima idzo dziri mubhuku dzinotaura nezvedingindira iri, zvimwe kuburikidza nehurukuro pakati pevatambi vakuru mungano irimo kana kuti kuburikidza nezviitiko zvinoratidza makomborero aMwari pamabasa. Ndima, imwe neimwe yakanokorwa kubva kune chimwe chezvidzidzo, dzinoratidzwa munhevedzano yadzo iri mubhuku. Tsanangura munzvimbio dzakapiwa pazasi kuti pfungwa yemakomborero yakashandiswa sei mune imwe neimwe uye unofunga kuti nzwisiso yepfungwa iyi ingavandudzika sei mune vechidiki vasati vabva zera apo vanenge vachiita zvidzidzo.

“Ndinofunga nezvekupa shandiro. Ndinoda kuita chimwe chinhu chinogona kubatsira vamwe vanhu. Ndinoda kuzova mukoti, asi unofanira

kudzidza nesimba. Zvinodhurawo uye handifunge vabereki vangu vane mari yakakwana,” Musonda anotsanangura.

“Hongu, asi unogona kuyedza, Musonda,” anodaro Rose. “Pane izwi, ‘makomborero’, iro randakadzidza masvondo mashoma apfura mune chimwe chikwata chezvidzidzo zvevana. Mudzidzisi wangu vanoti Mwari vanotidzidzisa uye vanotibatsira mune zvatinoita. Ikozvino ndava kufarira izwi iri zvikuru. Ndine chokwadi chekuti uchagamuchira makomborero aMwari kana ukaisa mwoyo wako pakuva mukoti.”

---

---

---

---

Gare gare usiku ihwohwo apo vasikana vakarara, Musonda anozevezera kuna Rose, “Rose, wataura shoko ‘makomborero’. Zvinoreva here kuti ndikaita zvandinogona mubasa rechikoro, Mwari vachatitumira mari kuti ndidzidzire zvehukoti?”

Rose anoswedera padhuze uye anotarisa Musonda. “Zvakanaka, kwete saizvozvo. Ndoreva kuti, handinyatsozive. Tinofanira kuedza zvinhu uye toona kuti masuwo api achazaruka. Asi ndinoziva kuti Mwari vanopa umwe noumwe wedu matarenda. Tinofanira kuona kuti matarenda edundeapi uye todzidza mashandisirwo azvo,” anopindura Rose.

---

---

---

---

Godwin ane shamwari yake yepedyo yaanodzidza nayo inonzi Chishimba. Anowanzoshanyira mhuri yekwaMulenga, uye nhasi ari kudya kwamanheru pamwechete navo. Nhaurirano dzavo vari patafura dzaibva pane imwe dzichienda kune imwe. Musonda anoda kupinza nyaya yemakomborero, uye ari kunzwa kunonokerwa. Zvisineiwo, panomboita kanguva kerunyararo. “Rose nenitanga tichimbotaura nezve makomborero,” anodaro Musonda.

“Katanga kahanzvadzi kangu,” anodaro Godwin, achigadzirisa pahuro pake. Asi chinomushamisa, Chishimba anoratidza kuva anofarira zvaida kutaurwa naMusonda.

“Izwi iri rinorevei kwauri?” anodaro Godwin.

Musonda, anoshamisikawo, achitarisa kuna Rose, aine tarisiro yekuti angapindura.

“Makomborero. . . Mwari anotikomborera uye anotibatsira mune zvatinoita,” anodaro Rose.

Chishimba anotora chinguva asina chaanotaura. Pane kusuwa pameso pake. “Mwedzi mishoma yadarika,” anotanga kutaura zvinyoro–nyoro “baba vangu vakarasikirwa nebara ravo. Vanovimbika uye vakatendeseka, uye munhu wese anozviziva. Kwemakore gumi nemasere vakashanda pane imwe kambani, asi vakazongoerekana vadzingwa basa. Tose tinoziva chikonzero. Dai vakavasiya kwemakoe maviri, vaizopinda pamudyandigere uye kambani yaifanirwa kuzovapa mari yemudyandigere. Hatina mari yakawanda yakachengetwa. Kunyange zvazvo mukoma vachimbotibatsira, ndinoona sekuti handikwanise kudzokera kuchikoro gore rinouya nekuti handikwanise kubhadhara mari yepakugara. Ndinoda chikoro chaizvo. Hamheno sei Mwari vasingandibatsire.”

Vanhuvose vanotarisa kuna VaMulenga, vaine tarisiro yekuti vangapundura mubvunzo uyu.

VaMulenga vanonyemwerera voti, "Kuti Mwari anokomborera kana tichizvipira hazvirevi kuti hupenyu huri nyore. Hupenyu hwenuyu hwakazara nematambudziko uye ndine ndine hurombo kuti mazhinki acho anokonzerwa nehudzvanyiriri. Asi munofanirwa kushanda nesimba kunyange zvinhu zvikabuda zvatisingatarisire kwechinguva, asi garai makazviziva kuti Mwari anokomborera. Vachakukomborerai pachinangwa chenyu chekuedza kупедза udzvanyiriri." Vanotendeukira kuna Chishimba voti," Mhuri yenu yakabatana uye inoshanda nesimba. Moyo wangu uri kunditaurira kuti zvinhu zvichakushandukira. Uchapedza zvidzidzo zvako. Bata mazwi angu aya."

---

---

---

---

---

Muvhuro unotevera vasikana vaviri vanoenda naamai Phiri kukiriniki. Nguva yevidzidzo zvaana amai painokwana Musonda naRose vanotora vana vogara navo pamumvuri. Vanoimba, vanotamba uye Rose anovataurira ngano. Ngano painosvika kumagumo vanaamai vanosvikawo vachitanga kutakura vana vavo. Munhu wese ari kufara. Amai Phiri nevamwe vashandi vezveutano vanofara uye vanokumbira vasikana kuti vadzoke zvakare svondo rinouya.

Vari munzira kuenda kumba, Musonda ari kufungisisa. Mushure mechinguva anozoparura nyaya yake kuna Rose achiti, "Unofunga zvataita nhasi zvine chekuita 'nemakomborero' here? Uri kuda kuita mudzidzisi uye ini ndiri kuda kuita mukoti, tarira tanga tiri pakirinika tichidzidzisa nekuriritira vana."

---

---

---

---

---

Mumasvondo kubva Rose auya kuzogara naye, vasikana vaviri vakataura pamusoro pezvakawanda. Mumwe musi ari mangwanani anoenda kunzvimbo yake yakamukoshera. Akarara padombo anorangarira zuva rekukirinika. “Zvanga zvakanaka kuita zvinhu zvinobatsira,” anofunga. Anorangarira zvinogarotaurwa nababa vake, zvekuti muti unofanira kupa chibereko. “Ndingaite sei kuti hupenyu hwangu hupe zvibereko zvakanaka?” Pakarepo anorangarira izwi rekuti ‘makomborero’.

Pakarepo panoita kamhepo kakasimba. Kanotakura mamwe mashizha komasvitsa mudenga. Pakati pemashizha Musonda anoona kashiri keruvara rwe *yellow*. Mushuremekunge kamhepo kadzikama, mashizha anodonhera mumvura, asi shiri inoramba ichibhururuka. Paanotarisa shiri iye, pane pfungwa inopinda mundangariro make. Mhepo yasunda kashiri, uye ikozvino kashiri karamba kachibhururuka mudenga kachitowedzera kuenda mudenga. Dzimwe nguva ndizvo zvinoreva makomborero. Shiri yazvipira kubhururuka uye mhepo yaibatsira.

---

---

---

---

---

---

---

“Unombofunga nezveramangwana rako, Godwin?” Musonda anobvunza.  
“Unoda kuzovei?”

Godwin anoenderera mberi nekugadzira bhasikoro. “Handizivi. Ndinoda kuzova nemari. Ndinoda kubatsira vabereki vedu uye ndodawo kuvenemhuri rimwe zuva.” Anopindura.

“Asi unombofunga here nezvezvipo zvako uye kuti ungazvishandise sei?” Musonda anobvunza. “Ini naRose tinowanzotaura nezvenyaya iyi kakawanda.”

“Ndinoziva, ndinoziva,” anotaura achisimudza bhobhojani. “Munogarotaura nezve ‘makomborero’... Mwari vanotibatsira kana takaisa simba mukushandira chimwe chinhu.”

“Asi Godwin, ichi ichokwadi,” anova amutaurira nyaya yejesa nemhepo. Anomutaurirawo zvekare nezvebasa ravari kuita nevana kukirinika.

Pakarepo Chishimba anosvika. “Mhoroi” anodaro. “Bhasikoro riri sei? Waona here dambudziko?” Anobvunza.

“Danbudziko ranga riri pamagiya. Ndichiri kuongorora,” anodaro achisunga bhaudhi.

“Ndaiziva kuti unogona kurigadzira!” Chishimba anodaro, uye anotarisa kuna Musonda. “Unozviziva here kuti hanzvadzi yako ndimakanika?”

Rose anobuda panze onzwa nhaurirano iyi. “Godwin,” anodaro, “Ndicho chimwe chezvipo zvako! Unogona kugadzira zvinhu. Unokwanisa kuva makanika akanaka!”

“Kungogona kugadzira bhasikoro,” anodaro Godwin, “hazvireve kuti ndiri makanika. Ndinotoda kudzidziswa.”

Vamwe vatatu vanonyemwerera vobva vati, “Saka, zvipire!” munhu wese anoseka, naiyewo Godwin.

“Godwin wadii wataura naVaChiyesu, makanika ane chitoro pedyo nemusika mukuru? Dzimwe nguva vangakudzidzisa,” anodaro Chishimba nezwi rakayevenuka.

“Chokwadi, inogona kuva nzira yekutanga nayo,” Rose achiwedzera.

“Wati chii?” anobvunza Godwin. “Handingoende kunovakumbira nyorenore saizvozvo. Handitombovazivi.”

“Ini ndinovaziva. Ndinokwanisa kukuzivisa kwavari. Tinogona kuenda tose mangwana,” anodaro Chishimba.

Gare-gare, pavanenge vave yoga, Rose anoti kuna Musonda, “Mangwana Godwin achanzwisia zvinoreva makomborero.” Vanoseka, asi vanorega kuudza vakomana.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

VaChiyesu, murume mupfupi wechikuru, vakagara pasi mugaraji mavo. Vari kugeza zvidimbu zvemuchina uye vari kuimbaira pasi-pasi vachishanda. Huso hwavo hunojeka pavanoona Chishimba, uye vanokwazisana.

Chishimba anozivisa Godwin vaChiyesu ovatsanangurira kuti Godwin anogona kugadzira zvinhu. Godwin anozengurira, asi anozozvishingisa kutaura. Anogadziridza pahuro pake obva ati, “VaChiyesu, ndine chido chekuva makanika. Saka ndanga ndichifunga kuti ndingakubatsirai mugaraji renyu ndichidzidza kwamuri.”

“Hongu ndingangoda rubatsiro,” vanopindura VaChiyesu. “Asi handina mari yekukubhadhara.”

“Hazvina mhosva. Ndinongoda kudzidza,” anodaro Godwin. “Ndingatange riini?”

“Hakuna nguva yakanaka kudarika ino!” vanopindura VaChiyesu. “Unokwanisa kutanga manwanani ano? Zvidumbu izvi zvinoda kuiswa mafuta, uye tinofanirwa kugadzira muchina uyu.”

“Izvozvi? Ndinokwanisa kutanga izvozvi?” anobvunza Godwin achishamisika.

“Hongu!” VaChiyesu vanoseka. “Kwinya maoko utange basa!”

Godwinanoita manyuku-nyuku pakutanga basa rake idzva. Mushure mechinguva Chishimba anosimuka kuti aende. Anooneka VaChiyesu. Anotendeukira kuna Godwin ozevezera “makomborero” munzeve yake.

Achienda kumba. Chishimba anopfuura nepakirinika apo Rose naMusonda vachibatsira kudzidzisa vana. Vasikana vane chishuwo chekuda kuziva kuti zvafamba sei. “Zvafamba sei?” vanobvunza.

“Godwin azvipira uye zvashanda” atoriko izvozvi. Ndinofunga kuti VaChiyesa vari kuda kumuongorora,” anopindura Chishimba.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Rimwe zuva ari mangwanani Chishimba ari munzira kuenda kumusika kunotenga hove dzaamai vake, akanga achigarofungisisa kuti ndingashandire sei mari kuitira kuchikoro. Akafunga zvekurima zvirimwa zvekutengesa, asi mwaka wekurima watodarika. Akafunga zvekutengesa marasha murutivi memugwagwa, asiwo vanhu vazhinji ndizvo zvavari kuita. “Edza kuita chero chinhu chisingaitwe nevamwe,” anoyeuka Rose achidaro.

Apo anosvika pamusika waAmai Musole kunotenga hove, anosvikowana vasipo. “Vaenda kudhorobha kunotora hove,” anotaura mudzimai ari pamusika uri padivi. “Vanoenda kaviri pasvondo rega-rega.” Chishimba

anozivawo zvakare kuti VaChiyesu vanoenda kudhorobha kunotenga zvidimbu michina yeemotokari.

Izvi zvinobva zvamupa imwe pfungwa, “Dzimwe nguva ndingangoenda kudhorobha kunohodhera vanhu zvinhu zvavo,” anongozvifunga ipapo, “nekuvaunzira izvo zvavanoda. Vakagara vachishanda, ndookuti vasarasikirwe nemukana wemari.”

Husiku ihwohwo asvika kumba Chishimba anokurukura nevabereki vake, uye vakafarira pfungwa yake. Zuva rakatevera akadzokazve kuchitoro ndokutaura naAmai Musole uye VaChiyesu. “Kana zvenyu mukandibbadhara pamari yamunoshandisa kukwira mabhazi, ndoshandisa chidumbu chayo kuenda kudhorobha ndichiuya nezvose zvamunoda. Chimwe chikamu chacho ndochengeta kuitira kuchikoro.” Vose vakabvumirana kuedza pfungwa iyi ndokumuudza kuti azodzoka mushure memazuva maviri. “Kana pfungwa iyi ikashanda zvakanaka,” vakadaro VaChiyesu, “unenge watozviwanira basa!”

Ari munzira kunoudza vabereki nhau inofadza iyi, Chishimba anomira kuti azoona Godwin uye mhuri yavo. Ane chidaka-daka chekuda kupakurirana navo hurongwa hwake. Vapedza kuteerera nyaya yake, Amai Mulenga vanopa Chishimba nhau zhinji dzinofadza. Vanotsanangura kuti VaMulenga vakange vaenda kuKabwe zuva raive rapfura kuzonokurukura nemuzukuru wavo. Akataura kuti Chishimba akasununguka kuzogara naye uye nemhuri yake, panova kiromita imwe kubva pachikoro. “Pane zvekudya nenzvimbo yekurara pauchapiwa,” Vanotaura kuti, “unokwanisa kuvalabatsira mubindu ravo.”

“Zvakanaka!” anodaro Chishimba. “Ndinokutendai Amai Mulenga.”

“Chishimba,” vanodaro VaMulenga, “Zviri kuita sekunge iwe manje-manje unenge wave kuwana mari. Unofanira kuve nechokwadi chekuti uri kuchenetedza yechikoro, kunyange zvazvo zvichimboita sezwakaoma. Usapindwe nemweya wekuishandisa zvisina maturo.”

“Musashungurudzike VaMulenga,” anopindura Chishimba, meso ake achiratidza kunyemwerera. “Ndinovimbisa kuti hazviitike zvakadaro.” Apo vanosimudzirana maoko vachionekana achipinda munzira, anotarisa kuna Rose naMusonda uye oti, “Masuwo azaruka!”

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Zororo rave kusvika kumagumo. Inguva apo Rose ave kufanira kudzokera kunotanga chikoro zvakare. Ari mukugadzirira kupinda munzira, iye naMusonda vanokurukura.

“Ndinoshuwa dai usiri kuenda,” anodaro Musonda.

“Neni, zvakare,” anodarowo Rose. “Rainge riri zororo rinofadza. Handaimbofunga kuti zvose izvi zvingaitika.”

“Hongu,” anodaro Musonda. “Tarira kuna Godwin. Anoda basa rake zvikuru zvekuti ikozvino ari kuda kuzodzidzira basa rehumakanika achingopedza chikoro. Uye pfungwa yaChishimba inoshanda zvakanaka. Akapedzisira ave nevanhu vakawanda zvekuti akange ava kuenda kudhorobha zuva nezuva.”

“Uye tarisa kwatiri,” anodaro Rose. Kushandira panzvimbo yezveutano kwakatidzidzisa zvakawanda. Ndiri kutowedzera kuva neshuviro rekuda kuzoita mudzidzisi. Vanotungamira zvemudunhu vanoronga zvidzidzo zhevana vemazera akasiyana-siyana, uye vana vanotoenda vose. Gore rino ndakaronga kudzidzisa imwe kirasi yezvidzidzo.”

“Uye ndicharamba ndichishandira pakirinika,” anodaro Musonda. “Muvhuro chete ndiwo wandisingaende nekuda kwekuchikoro, asi dzimwe nguva ndinokwanisa kumbonobatsira munguva dzemasikati. Unoziva, Rose, kuti zuva riye ratakatanga taura pamusoro peinzwi rekuti

‘makomborero’ handina kunge ndaona kukosha kwaro uye kuti kukwanisa kurinzwisisa kwaizoshandura sei hupenyu edu.”

“Ichokwadi,” Rose anobvumira. “Tarisa kuti takashanduka sei tose nekuti takadzidza nekuumba kuzvipira uye kugamuchira makomborero.”

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Vari munzira kuenda kumba, Musonda anokumbira kupfuura nekurwizi. Anomhanyira kunzvimbo yaanofarira, anokwira padombo orara nemusana, achitarisa mudenga. Pfungwa dzakawanda dzinodarika nemaari. Anofunga nezvemazororo echikoro uye kuve nemufungidziro yezvichauya mugore remangwana. Zuva iri kune mhepo, uye ano rangarira nezveka jesa. “Pane zvose zvandinoedza,” anozvizevezera “Mwari vanondibatsira.” Paanosimuka kuti aende, mhepo inotanga kuvhuvhuta ichibva kumashure kwake ichimuwedzera simba.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 21

Kazhinji, kuva unonyatsoziva nezve zviri mukati memagwaro—pari zvino, *Kufefetera kweMakomborero*—uye kuva nenzwiso yakanaka yekuti vanoedza sei kuti vazadzise zvinangwa zvavo zvichaita kuti usazengurira kufungisise nezvemajana ako sasahwira wechikwata chevechidiki vasati vabva zera. Pamusoro pazvo, unofanira kufungisisa nezve nzira dzauchashandisa kubatsira chikwata ichi mukunzvera magwaro uye mukubata pfungwa huru dzinotaurwa maari. Unyanzvi nekwanisiro yaunoda pachinangwa ichi, hongu, zvinovandudzika zvishoma nezvishoma paunowana ruzivo rwunobva mukuita, asi zviito zvinotevera, zvine chekuita ne*Kufefetera kweMakomborero*, zvichakupa ruzivo rwakawanda maringe nenaya iyi.

1. Zvidzidzo zviri mugwaro iri zvinoedza kupfaviswa kuburikidza nemaumbirwo emitsara uye kutambanuka kwenziswiso dzezviito. Zvisinei, pamwe pacho, mazwi akaoma nezvirevo zvinotomboshandiswawo. Zvidzidzo zvinoburitsa pachena dudziro uye mazwi kuburikidza nekumaisa munyaya dzakasiyana-siyana uye kuburikidza nekushandiswa kwezviito. Kuburikidza nekukurudzira mutauriro akapfuma nenzira iyi, rondedzero yenaya haibudi ichitendedza mafungiro ehupwere uye zvisina maturo. Kusava neruenzaniso, semuenzaniso, ipfungwa yakaoma, kunyangwe zvazvo izwi iri richishandiswa mumutauro wezuva rega-rega. Mashandisirwo arakaitwa muchidzidzo 6 uye nezvimwe zvinotevera zvinobatsira vechidiki vasati vabva zera mukukwanisa kubata pfungwa yacho. Unoona nzira iyi ichishanda here kune vechidiki vachangotanga kuyaruka, kana kuti unofunga kuti zvakakodzera kuvatsanangurira mazwi “akaoma”?

---

---

---

---

---

2. Zvidzidzo zvebhuku rino zvakanyorwa kuti zvidzidzwe pachifambwa nenhando dzine mutsindo, nemaitiro ane mufaro uye fungisiso dzakadzama. Zvinotarisirwa kuti vechidiki vasati vabva zera vachaverenga nyaya uye vopindura mibvunzo, yakagadzirirwa kuti ivandudze hunyanzvi hwematauriro wavo uye kusimbaradza nzwisiso yavo yemazwi uye pfungwa dzakakosha, zvine kukurumidza asi zvine ungwaru hunotarisirwa. Chii chingaitika kana mukaedza kupfurikidza chinhando chekudzidza chinotarisirwa pachidzidzo choga choga uye mozviremedza papfungwa yese yachinoburitsa?

---

---

---

---

---

- 
3. Nguva yekubatsirwa kwevechedidiki vasati vabva zera haisi pfupi, sezhainofungidzirwa nguva zhinji. Apo vachichenetedza kukwanisa kufadzwa nezvinhu zviri nyore zvehupenyu, vanokwanisa zvakare kufunga zvakadzama nezvepfungwa dzinovatambudza. Kana nharaunda yechikwata iri yekuvimbika nerutsigiro—yakasununguka kubva mukunetsana kunokonzerwa nemakwikwi uye kumhanyirira kusangana nekuzadzikisa zvibereko zvakafanorongwa—kudzidza kwezvidzidzo zve *Kufefetera kweMakomborero* panosimudzira nhaurirano uye kufungisisa pamwero unoenderana nezvinodiwa uye kwanisisro yevechedidiki vasati vabva zera. Matanho api aungatora kuti ugadzire mamiriro ezvinhu ekudzidza anoshuvirwa?
- 
- 
- 
- 
- 

4. Hazvitarisirwi kuti kudzidza kwebhuku kwoitwa se “zvidzidzo zvekunoitira kumba (homework)”. Zviito zvinofanira kuitwa mumisangano yechikwata uye zvokurukurwa nerubatsiro rwasahwira wevechedidiki. Chii chakanakira kutora nzira iyi, pane kuzvisiira kune vechidiki vasati vabva zera kuti vapedzisire zviito kumba?
- 
- 
- 
- 
- 

5. Zvidzidzo zvizhinji zviri mubhuku *reKufefetera kweMakomborero* zvinosanganisira chiitiko umo vechidiki vasati vabva zera vanokumbirwa kuti vanyore mitsara mishoma, maererano nechikamu chenyaya yavachangobva kudzidza kana kuti maererano neimwe pfungwa uye kushandiswa kwayo muhupenyu hwavo. Ungabatsira sei vechidiki vasati vabva zera mukuita mhando yechiito ichi, kuvabatsira kudzidza kunyatsotsanangura vachizviburitsa pachena zvakajeka?
- 
- 
- 
- 
-

6. Zvidzidzo 2, 5, 9, 10, 13, ne14 zvemu *Kufefetera kweMakomborero*, chimwe nechimwe chinopera nechidimbu kubva muzvinyorwa icho vechidiki vasati vabva zera vanokurudzirwa kubata nemusoro. Ungangoona zvichibatsira kutarisa chimwechete kana zviviri zveizvi kuti uongorore kuti chitiko chekupedzisira chinosimbaradza sei pfungwa dziri kutaurwa muzvidzidzo.
- 
- 
- 
- 
- 

7. Mukuwedzera kudingindira guru, bhuku rino bata pfungwa dzakawanda dzetsika uye rino edza kusimbaradza tsika nemaitiro zvinorumbidzwa. Musikana anonzi Rose, semuyenzaniso, anogovera zvokudy a zvake nemwana aive mubhazi. Godwin naChishimba vanobetsera mumwe mudzimai kutakura huni. Rose naMusonda vanodzidzisa vana apo vabereki vavo vachipinda muzvidzidzo zvekudy a kunovaka muviri pakirinika. Mutambo wenhabvu chiitiko cheushamwari umo “kukunda” hakusi chinangwa chikuru. Inguva yawakura zvakadii kunofanirwa kupihwa pakukosha kwezviitiko izvi? Chiitiko chega-chega chinofanirwa kudomwa nekutarisiswa zvakadzama here? Kana kuti, zvakakwana here kuvabvumidza kuti pfungwa dzacho dzisimukire zviri nyore pangova yenhaurirano?
- 
- 
- 
- 
- 

8. Ngano iyi inobhedhenuka mudunhu reAfrica. Mabhuku anouumba chikamu chehurongwa hweku vandudzwa kwepamweya kwe vechidiki vasati vabva zera anobuditsa chokwadi chemamiriro emagariro anowanikwa mutsika nemagariro munzvimbo dzemumatunhu enyika dzakasiyana-siyana. Izvi zvinowedzera kuhudzamu hwe chirongwa. Vamwe vanotaura kuti panodikanwa “kushandura mabhuku kuti aenderane nechokwadi che vechidiki vabva zera munyika yoga yoga” kuburikidza, semuyenzaniso, kuchinja mazita evatambi munyaya. Asi vanhu vakaverenga mabhuku kubva kutsika nemagariro zvevamwe kwemazana emakore, vakafadzwa nazvo uye kudzidza kubva mazvir. Hongu, vaka, zviita vachiziva. Ungaite sei kuti vechidiki vasati vabva zera vazive danho iri rechirongwa? Ndeipi mifungo yako pakutenda kwakaitwa nevamwe yekuti pwere uye vechidiki vanodzidza chete kubva mumagwaro akanyorwa achiburitsa tsika nemagariro avo?
-

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 22

*Spirit of Faith*, sezvatamboona munguva yapfuura, nderimwe remabhuku anopa kugutsikana pakuenderera mberi kwezvidzidzo zhevana zveBahá'í uye umo matinowana tsanangudzo yakajeka pamusoro pema *Central Figures* eChitendero. Tataura nechekare kuti nguva yekuyaruka idanho muhupenyu apo munhu anenge ava nechido chakanyanya mukuongorora mibvunzo inemaringe nehunhu hweungwaru (*Philosophical character*), kunyanya idzo dzakanangana nechinangwa uye chimiro chehuvepo hwemunhu. *Mweya weRutendorinotanga* nekubvunza mubvunzo wekuti, “Zvinorevei kuva munhu?” Mukuedza kupindura mubvunzo uyu, zvidzidzo zvizhinji zvebhuku zvinoongorora nhevedzano yemazano anoenderana: kuremekedzeka kwemunhu; chimiro chepamusoro-soro nechakaderera chemunhu; kusavapo kwezvakaipa, chimiro chechido chakasununguka, sarudzo yatasununguka, uye *fate*; simba renjere; tsvagurudzo yezvescience; kushanduka kwezvakatikomberedza; mweya wemunhu; uye, chekupedzisira, mweya wekutenda.

Sezvamakaita nebhuku rionzi *Kufefetera Kwemakomborero*, munofanira kuverenga gwaro kamwechete uye moriverenga zvekare zvakanyatsonaka, nguva iyi muchinyatsotarisisa kuzvikamu izvo zviri kudonongodzwa kunzi “fungisiso”. Kana mapedza kuita saizvozvo, munofanira kuongorora kuti gwaro riri kubudisa sei kuzadzikiswa kwechinangwa charo kuburikidza nekupindura mibvunzo inotevera:

1. Ndima dzakati-kuti dzinobva muZvinyorwa zvaBahá'u'lláh dzakapiwa muchidzidzo chekutanga dzine miono inobatsira vechidiiki vasati vabva zera kuti vafungisise nezvechimiro chavo chechokwadi. Inzwisiso ipi inopiwa nemufananidzo wega-wega panyaya iyi? Ipfungwa ipi inoburitsa muchidzidzo chega-chege? Fungisiso yega-yega muchidzidzo ichi inosimbaradza sei nzwisiso yavo maererano nedingindira iri? \_\_\_\_\_

---

---

---

---

2. Vechidiki vasati vabva zera vanowana sei nzwisiso yekukoshesa kusika kwaMwari uye ruremekedzo rwemunhu kubva pachidimbu chekutanga chechidzidzo chechipiri? \_\_\_\_\_
- 
- 
- 

3. Fungisiso yekutanga yechidzidzo ichocco inovabatsira sei kuona kushandiswa kwefungwa yeruremekedzo rwepamusoro-soro muhupenyu hwavo? \_\_\_\_\_
- 
- 
- 

4. Muchidimbu chinotevera chechidzidzo vanofunga nezve izvo zvinokonzeresa kuti vanhu vazvidzikisire pachezvavo. Chingava chipi? \_\_\_\_\_
- 
- 
- 

5. Inzwisiso ipi yaunotarisira kuti vechidiki vasati vabva zera vachawana kubva muchidimbu chechidzidzo chezvimiyo zvehunhu hwepamuso-soro uye hwakaderera hwemunhu? \_\_\_\_\_
- 
- 
- 

6. Vechidiki vasati vabva zera vanodzidzei nezvekuvandudzika kwechimiro chehunhu hwepamuso-soro kuburikidza nefungisiso yakadzama yechidzidzo chechipiri? \_\_\_\_\_
- 
- 
- 

7. Kunzwisia kuti chimiro chakaderedzeka chemunhu hausi huipi kungabatsira sei vechidiki vasati vayaruka kuti vanzvenge manzwiro ekunge vane mhosva nguva dzose pavange vakanganisa? Mienzaniso ipi inoshandiswa kubatsiridza kudzamisa nzwisiso yavo nezvedingindira iroro? \_\_\_\_\_
- 
- 
- 

8. Inzwisiso dzipi dzakadzama dziri kuratidzwa pekupedzisira pechidzidzo chechipiri, kunyanya fungisiso mbiri dzakadzama dziri pekupedzisira, dzinopa muono wekuti tingadzora sei kuchidziro dzetsika yechimiro chehunhu hwakaderera? \_\_\_\_\_
- 
- 
-

9. Pfungwa yesimba rekukwanisa kuita zvido zvako zvako yakaburitswa sei muchidzidzo chechitatu? Unoona here mamiriro akatsanangurwa pakutanga kwechidzidzo achibatsira kuhupenyu hwevechedidiki? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
10. Vechidiki vasati vabva zera vanodzidzei muchidzidzo chechitatu maringe nejanha rekwanisiro yekuita sarudzo zvakasununguka mukuvandudzika kwechimiro chehunhu hwepamusoro-soro? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
11. Zvikamu zvipi zvehupenyu hwavo umo vechidiki vasati vabva zera vanotanga kunzwisia kuti vanokwanisa kuita zvido zvakasununguka? Sei zvakakosha kwavari kuti vazive muganhu wezvido zvavo zvakasununguka? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
12. Ndedzipi dzimwe nzwisiso dzakadzama dzavanowana mukushanda kwezvido zvavo zvakasununguka kubva muongororo yechipiri muchidzidzo chino? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
13. Sei zvakakosha kuti vechidiki vasati vabva zera vaone musiyano uri pakati pekutonga vamwe vamwe nekusimbaradza kurudziro yezvakanaka mavari? Munofunga kuti hurukuro dzaitwa muongororo yechitatu dzinobatsira sei vechidiki vasati vabva zera pakusimudzira kurudziro yakanaka munharaunda mavo? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
14. Chidzidzo chechitatu chinodzidzisei vechidiki vasati vabva zera maererano nepfungwa *yefate*? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
15. Ndedzipi pfungwa dzisina kufanira maringe nezvemamiriro *efate* dzinoedza kubviswa nechidzidzo? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

16. Muenzaniso wechikepe wakakosha sei mukubatsira vechidiki vasati vabva zera mukuwana maonero akakodzera pakukosha kwekuedza kwavo uye simba rerubatsiro rwedenga muhupenyu hwavo \_\_\_\_\_
- 
- 
- 

17. Chidimbu chekutanga chechidzidzo chechina chingabatsira nenzira ipi vechidiki vasati vabva zera kuona miganhu yechimiro chepanyama? \_\_\_\_\_
- 
- 
- 

18. Chidzidzo ichi chinoti kudii maererano nemaitiro evanhu ekukurira miganhu iyi? \_\_\_\_\_
- 
- 
- 

19. Pfungwa inokurudzirwa muchidzidzo ndeyekuti *science* ndedze rudzi rwese rwemunhu. Pfungwa iyi ndeipi? \_\_\_\_\_
- 
- 
- 

20. Mundima inoenderana nezve *science* yakanyorwa muchidzidzo chechina, chirevo chekuti, "Mwari vakasika kana kuti vakaisa rudo urwu rwechokwadi mumunhu." Zvakakosha sei kuumbiridza rudo urwu rwechokwadi munevechidiki vasati vabva zera? \_\_\_\_\_
- 
- 
- 

21. Simba rekuita ongororo (observation) rakatsanangudzwa sei kune vechidiki vasati vabva zera? \_\_\_\_\_
- 
- 
-

22. Muenzaniso wakapihwa muchidzidzo chechina unobatsira sei vechidiki vasasati vabva zera mukunzwisia janha *observation* uye *experimentation* mukufambira mberi kwe science? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
23. Chidzidzo ichi chinoreva here kuti vanokwanisa kushandisa simba ravo rekuongorora (*observation*) muzvikamu zvese zvehupenyu hwavo? Neyi muchifunga kuti mibvunzo inobvunzwa muchidzidzo chechitatu, iyo inovakurudzira kuti vashandise simba iri, yese inonangana nechimiro chepamusoro-soro chemunhu? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
24. Mienzaniso yakapihwa muchidzidzo chechina inoratidza kuti *experimentation* haigone kushandiswa muzvikamu zvese zvehupenyu. Inobatsira sei vechidiki kunzwisia kukosha kwemutemo uyu? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
25. Mienzaniniso yakasiyana-siyana yakashandisa muchidzidzo chechishanu nechechitanhatu inobatsira sei vechidiki vasati vabva zera kuwana nzwisiso yakadzama padzidziso yakaoma zvikuru yekubudirira (*evolution*) kwemarudzi evantu? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
26. Chimiro chemweya wemunhu chinotsanangurwa sei mugwara rebudiriro iyi? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
27. Muchidzidzo chechitanhatu sahwira wechikwata chevechidiki, Natalia Petrovna, anoverengera chikwata chevechidiki zvidimbu zviviri kubva Muzvinyorwa zva ‘Abdu’l-Bahá munyaya uye ovabatsira kuzvinzvera nekuzvinzwisia. Hapana chiratidzo chekuti onozviita nenzira ipi. Mungazvifambisawo sei kutsanangura zvidimbu zvezvinyorwa izvi? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

28. Chiratidzo chipi chinosiyanisa mweya wemunhu sekutsanangurwa kwazvakaitwa muchikamu chekutanga muchidzidzo chechinomwe? \_\_\_\_\_

---

---

---

29. Kufungisisa zvine udzamu kunodzidziswa nenzira ipi muongororo yechidzidzo ichocco? Zvidzidzo zviviri muchiito chacho zvakakosha zvakadii kuhupenyu hwevechidiki vasati vabva zera? \_\_\_\_\_

---

---

---

30. Simba remafungiro emunhu rinoval sei chinhu chakakosha chechimiro chepamusoro-soro chehunhu? Kuratidzirwa kwemisiyano, sekuburitswa kwazvakaiwa mufungisiso yakadzama yechipiri, inzira inobatsira here pakuburitsa humboo hwekukosha kweketungamirira pfungwa dzemunhu? \_\_\_\_\_

---

---

---

31. Chii chinonzi mweya wekutenda? \_\_\_\_\_

---

---

---

32. Fungisiso mbiri dzakadzama dzechidzidzo chechinomwe dzinobatsira sei vechidiki vasati vabva zera kuona kushanda kwemweya wekutenda muhupenyu hwavo? \_\_\_\_\_

---

---

---

## CHIKAMU 23

Panhongonya yegwaro riontonzi *Mweya weRutendondipo* pane musimbotti wekudyidzana kuri pakati *pescience* nechitendero. Kushandiswa kwemusimbotti uyu kuhupenyu hwemunhu kwakadzama, uye tinofanira kushingirira kuti tiwane nzwisiso yakadzama yemashandiro awo.

Hongu, kune mamwe maonero ezvescience nechitendero, apo tisiri kumaisa mukupokana kuri pachena, haakwanise kusvika pachipimo chinodiwa chewirirano yekudyidzana pakati pazvo zvakajeka—somuenzaniso, muono wekuti zvakavanzika zvese zirikutaurwa muzuva ranhasi nechitendero zvichazotsanangurwa nescience zvishoma nezvishoma pazvinenge zvichivandudzika kana, mamwe maonero, ekutenda kuti chokwadi chese chezvescience chinokwanisa kutsvagurudza nekuverenga magwaro echitendero sezvo zvichibva kunaMwari Muzivi-Wezvose. Pasina kutora zvisirizvo maonero ega ega, pamativi maviri aya, tinogona kuona kuti, chimwe chitubwi chezivo chinogona kudzikisirwa kupinda chimwe, izvo zvisingagone kuonekwa sechokwadi chinotsinhirana. Asi, kunyangwe mukuramba maonero akadai, tinofanira kuzvibunza kuti muono wedu maererano nekudyidzana kwescience nechitendero wakambomirawo sei. Maererano neizvi, mitsara iri pazasi iri kupiwa kuti muiongorore. Iverengei uye pedzisai zvidzidzo zvinotevera.

*Imwe nzira ndeyekutsanangura kuti zvokwadi dziri mune zvescience nemuchitendero dzinobata zvinhu zviviri zvakapatsanuka uye kubatsirana kwakasimba kwenzvimbo dzine ruzivo rwunobva mukuita. Science dzinoongorora zvepanyama pasi rose, kwete chete mashandiro ezvisikwa asi zvekare zvime zviitiko zvakabatana nenharaunda, masangano uye kudyidzana kwevanhu. Ruzivo rwadzinogadzira rwunova hwaro hwebudiriro yezvemichina, ruzivo rwezvemichina rwunogona kushandiswa kune zvakakanira rudzi rwemunhu kana kune zvinoparadza. Zvisinei nekuti science dzezvemagariro dziri kuenderera mberi zvakadii, science pachezvadzo dzine muganhu wekwanisiro yekusarudza mashandisirwo ayo anofanirwa kuitwa zvigadzirwa zvayo. Nepadivi, Chitendero, chine hanya nechinhanho chepamweya chehuvapo hwevanhu. Chinangwa chacho ndechekuisa chiedza muhupenyu hwemukati hwemunhu, kubata midzi yekurudziro, uye kuunza bumbiro retsika rinotungamirira maitiro evanhu. Nzira dzebudiriro dzinoenderana nehurongwa hwose hweruzivo; chero imwe neimwe ichiramba iri mukati mechikamu chehungwaru hwayo, hapana chikonzero kwazyiri kuti zvipinde mukupokana.*

*Muono uyu wekudyidzana kuripo pakati pescience nechitendero wakakosha, asi kazhinji padanho rekuisa muzyiito. Pakupedzisira, nenzira iyi, science nechitendero zvakasiyana uye zvakabvumirwa kutevera gwara razvo pachazvo, uye zvinoisa kukosha kudyidzana kuri pakati peruzivo rezvescience netsika. Asi ongororo yakadai yehukama hwuri pakati pescience nechitendero muchinguva chinotevera ichange yasvika kumagumo ayo, nokuti, chokwadi, kune zviitiko zvihinji zvinoedza kunzwisiswa nekutsanangurwa nezviviri izvi. Kunyange izvi zvisinganyatsooneka maererano nezvisikwa, hunova humboo mukudzidza nezvevanhu uye magariro avo. Pamusoro pazvo, pane zvihinji zvakafanana pakati pescience nechitendero panzira yazvinoongorora nazvo chokwadi. Semuenzaniso, zviviri izvi zvine kutenda kuhuvepo hwehurongwa hwekusikwa uye vanotenda kuti, asi pane chimwe chipimo, pfungwa dzemunhu ndine kwanisiro yekunzwisisa hurongwa uhwu. Nzira dzezvescience dzakaratidza kushanda zvakanyanya mukutsvagurudza mashandiro epasi rino. Asi chitendero, zvekare, chinofanira kushandisa nzira idzi kana chichiedza kutungamirira vanhu mukushandira budiriro inoramba ichienderera mberi. Science nechitendero hazvisi zvime chete, asi zvine zvakawanda zvakafanana zvinoita kuti zvikwanise kudyidzanz, kuva muvirirano, kuvandudzana uye kusimbisana. Zvinonzwisisika,*

*naizvozvo kuona science nechitendero senzira mbiri dzinopindirana dzeruzivo uye dzinopindirana pamivunzo yadzinopindura uye nzira dzadzinoshandisa.*

1. Hukama huri pakati pescience nechitendero hwakatsanangurwa muchirevo chiripamusoro hunotaridza zvikamu zveruzivo izvo zvinotsanangurwa nescience nechitendero. Pakati pazvo pane nyaya dzine chekuita nemasimba emafungiro emunhu, kubudirira kwerudzi rwemunhu, uye kuvandudzika kwepfungwa netsika. Kurukurai kuti, *Mweya weRutendoinemekedza* sei kukosha kwezvescience mukugadzirisa nyaya dzakadaro, apo panguva imwecheteyo ichibvumira mwenje wechitendero kuti ujekese  
nzwisiso \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

2. Musimboti wewirano iri pakati pescience nechitendero unoreva kuti, kana zvakakodzera, magwaro ezvefundu anokwanisa kubatanidza pfungwa dzezvescience nechitendero, hongu, izvi ngazviitwe nenzira inonzvenga kusafunga zvinhu zvakakosha uye iyo isingarase musimboti wechinangwa. Kubatanidzwa kwakadai kweruzivo kunovandudza manzwisisiro uye kunobvisa kupatsanurwa kusipo kwezvinhu (false dichotomies). Ongorora kuti *Mweya weRutendorinowana* sei chidanho chemubatanidzwa uyu. Unogona kutarisa pafungisiso dzabuda muchidzidzo chechishanu nechechitanhatu. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

3. Mungangoshuvira kuongorora Spirirt of faith zvekare uye woona chidanho icho charinosvika pakukurudzira mamwe maitiro anoonekwa akakodzera kune uyo anofanira kuva mutsvagi wechokwadi uye mutsvaguridzi wechokwadi. Ndeapi mamwe emaitiro aya uye magwaro anozvitsanangura nemazvo zvakadii? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## **CHIKAMU 24**

Tichagumira pano nenhaurirano iso yatatanga muchikamu chechitatu dzakanangana nemagwaro anodzidzwa muchirongwa chekuvandudzwa kwehunhu hwepamweya hwevechediki vakasati vabva zvera. Ongororo dzakadzama dztataita muKufefetera kweMakomborero neMweya weRutendodzinopa chiratidzo chipimo cheruzivo rwaunofanira kuwana kubva mabhuku rimwe nerimwe rechirongwa ichi. Muzvidzidzo zvinobuda mumapazi eBhuku 5, tichapinda munharirano dzakafanana dzemamwe mabhuku, zvichakubatsirai muchiito ichi, zvisinei, mukuzvimirira kwedzidzo yakadai, unofanira kuzvipa nguva yakakodzera kuverenga mabhuku aya uye woongorora kuti anoshingaira sei kuzadzikisa chinangwa chawo. Misangano inoitwa nguva nenguva yeongororo pamwechete nevamwe vari kupa shandiro semasahwira evechediki vasati vabva zera dzinokupa mimwe mikana yakakura yekudzamisa nzwisiso yako yezvemagwaro efundo. Iwe nemamwe masahwira ako evechediki vasati vabva zera muchawana, pazviitiko zvakadai, hupfumi hweruzivo rwunobva mukuita uhwo hwamunofanira kutora. Sezvo, muongororo yekupedzisira, ndimo chete mukuumbwa kwechimiro chenhararunda yekutsigirana nekubatsirana, mamunozvipira mukudzidza kunowana chiratidzo chekushuvira kubatsira vamwe mukuedza kwavo, kuti masimba emagwaro akwanise kuongororwa zvakakwana uye ozozivikamwa pakupedzisira.

## **CHIKAMU 25**

Zvakataurwa kwekutanga muchitsauko chino kuti, mukuwedzera pakudzidzwa kwemagwaro efundo, vechidiki vasati vabva zera vanopinda muzviitiko zveshandiro, mitambo, uye mhando dzakasiyana siyana dzemabasa ehumhizha, kunyanya izvo zvinowanxitika mutsika nemagariro avo. Muchitsauko chechipiri chebhuku rino, makawana mukana wekufungisia, kusvika pane rimwe danho, zvinokonzerwa nemagariro enharaunda kuvanhu vechidiki, uye wakapihwa chenjedzo kunyanya kune zvime zvakaipa zvainokonzeresa. Kurudziro inopihwa ipapo kumamiriro ari kuwedzera enharaunda yazvino haifanirwi kubvumirwa, zvisinei, kuvharidzira chokwadi chekuti mune zvinhu zvakawanda munharaunda yega yega zvekuti, zvikashandisa zvakanaka, zvinokwanisa kuwedzera masimba ematauriro, kukwanisa kuongorora maitiro evanh, uye chido chekupa shandiro kurudzi rwevanh. Ndima inotevera yemupepanhau inotaura nyaya inonyatsoratidza kuti shambadziro dzenhefunyuro nemapepanhau, semuenzaniso, zvinogona kushandisa kusimudzira kugara zvakanaka kwevanhu:

## Voice of the Voiceless

Kudunhu rekumadokero reAfrica shambadziro yenhepfenyuro ichiri kutaura yakamiririra nharaunda.

Vechidiki vatatu vakakomberedza *microphone* vachikukurukura nezvedzidzo yevasikana mustudio diki yenhepfenyuro yemudunhu reGuinea yekumaruwa eNzérékoré.

“Vanasikana vanofanirwa kuenda kuchikoro, nekuti vachava vanamai rimwe zuva, uye kana vakadzidza, vanozodzidzisa vana vavo uye vanozokwanisa kuvachengeta zvirinani,” anodaro Moriko Kaké. “Paunodzidzisa mwanasikana, wadzidzisa nyika yese,” anowedzera zvinesimba. Lancei Touré ane makore gumi nematanhatu, anogutsurira musoro achibvumirana nazvo, kunyangwe zvazvo vabereki vake vachida kuti asiyi chikoro achiita basa remumunda.

Nhaurirano dzakajeka dzinotaurwa nevechidiki dzinoshambadzwa mumasai-sai panguva imwecheteyo kumisha dzakavakidzana pedyo nemiganho inoganhura nyika dzeLiberia neIvory Coast. Kwadoka, uye marambi anopenya mukati medzimba dzedhaka. Vagari vemudunhu vadzoka kubva kumaminda kana kuzvitoro. Vose vanoteerera kuredhiyo apo pavanenge vachibika kudya kwemauro uye vachigadzirira zvemanheru. . . .

Munyika dzakaita seGuinea—umo chikamu chikuru cheruzhinji rwevanhu vakuru havagoni kuverenga kana kunyora, vana vazhinji havakwanise kuenda kuchikoro uye magetsi haawanzowanikwa—nhepfenyuro yenharaundera inobatidzwa nemagetsi anobva mugenerator ari kuwanunura kubva mumatambudziko.

“Nhepfenyuro ndiyo zvese kuno” anodaro Gnouma Camara, mutungamiriri wezvирongwa zvenhepfenyuro yekumaruwa eNzérékoré, inoshambadza mazuva matanhata pasvondo rimwe chete mumutauro umwe pane mishanu yedzinyika dzematunhu akasiyana siyana uye mururimi rwechiFrench pachinhambwe chemakiromita zana. Mhuri mbiri panhatu mudunhu dzine redhiyo, uye nhepfenyuro ikashambadza mangwanani nemanheru, dunhu rese rinoteerera.

“Tinotaura mutauro wavo, tinoziva tsika nemagariro avo, tinofambisa mashoko ezvehupenyu hwavo, kuzivisa zvekuzvarwa nezverufu, kukurukura nyaya dzekurima uye matambudziko emunharaunda,” Camara anowedzera. “Tiri inzwi renharaunda. Inzwi revasina inzwi.”. . . .

“Ndinoteerera kuzvirongwa nekuti zvinoitwa nevechidiki uye nekuti vanotaura nemutauro wangu,” anodaro Mamadou Malic, wechidiki abva zera ane makore gumi nemashanu weku Pular, rurimi rwemunharaunda imomo. . . . “Kana chirongwa chatanga, ndinodana madzikoma angu nana sisi vangu uye toteerera tose. Ndinodzidza zvakawanda nenzira iyoyo.”

“Vaberek i nevatungamiriri venharaunda vari kuteererawo zvekare,” anodaro Camara. “Mutsika nemagariro edu, vechidiki havawanzo teererwa, asi ikozvino vakuru vakutanga kuvateerera. Vechidiki vanopa mazano ehutsanana kuvalbereki vavo, semuenzaniso. . . . Kana baba vakarova mwana wavo, vavakidzani vavo vanoti: ‘hamuteereri redhiyo here?’”

Nyaya iyi yakananga chete kunzira imwechete kubva pamakumi ezviuru umo zvakasiyana siyana zvemagariro zvinounzwa nekunangisa zvipo nekwanisiro yevechidiki kunzira yeshandiro munharaunda dzavo. Mimhanzi, shambadziro dzenhefunyuro, mapepanhau nezvivhiti-vhiti, neruzivo rwezve science [technology] zviri kuwedzera kukanganisa hupenyu hwevechidiki muchikamu chega chega chenyika. Sasahwira wevechidiki, unofarira kuramba uchiziva zvinhu izvi zvine simba uye kudzidzira kubatsira vechidiki vasati vabva zera kuzvishandisa kugadzira zviitiko zvakakodzera. Funga nezvemagariro enharaunda yako. Ikwanisiro ipi yazvinovhura kune vechidiki vasati vabva zera mukushanda nezvinotevera? Kurukurai pfungwa dzenyu muchikwata chenyu, uye nyorai pasi mimwe mifungo yenu panzvimbo iri pazasi.

Mimhanzi: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

---

Shambadziro: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

---

Technology Ruzivo rwezve Science: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

---

## **CHIKAMU 26**

Kana vechidiki vasati vabva zera vachizopihwa masimba ekutungamirira kubudiriro yavo uye kubatsira mukubudirira kwenharaunda dzavo, vanofanirawo kutora chikamu kwete chete mukuitwa kwezviito zvine pundutso sechikwata asi zvekare mukuumbwa kwazvo. Pamusoro pemabasa eshandiro uye mabasa ezvehumhizha, mabasa akadai anosanganisira, semuenzaniso, misangano yakakosha yekupemberera kupera kwerimwe gwaro, umo vechidiki vasati vabva zera vanogadzira mitambo yekuburitsa pachena kwanisiro dzavo, kuimba nziyo, kuita nhetembo, uye nekupa nhaurwa. Unova uchazogara uchifadzwa mukukurukura nemamwe madzisahwira evezhidiki vasati vabva zera kuti mungakurudzira sei shamwari dzenyu dzechidiki kuti dzitorewo chikamu mukuitwa kwemitaambo inosimbisa masimba avo epanyama neepamweya, kuvalabatsira kuti varatidze mukushandisa dzimwe pfungwa dzavo kuburikidza neshandiro, uye kusimbaradza kuedza pakushingirira kuita zvakanaka. Mhando dzemubvunzo dzamungada kutarisia nemamwe madzisahwira dzinosanganisira dzinotevera: Mungabatsira sei vechidiki vasati vabva zera kuronga uye kuita mabasa eshandiro nekufungisisa munzira yazvinobuda pachena nayo? Munobatsira sei vechidiki vasati vabva zera kunyora zvinyorwa uye kuita mitambo iri nyore? Ungava sei nechokwadi chekuti mitambo yehupwere isaunzwe seinomiririra mabasa ehumhizha uye kuti vechidiki vabatsirika mukuwana nzwisiso yechokwadi ye “mabasa ehumhizha nezvescience” izvo “zvinosimudzira nyika yevanhu, uye vanobatsira pakukwidziridza kwayo”?

Kunyanje uno usiriwo mukana wekupinda munhaurirano yemabasa ezviitiko zvehumhizha, zvakakosha kwauri kuti uve unoziva kuti chiitiko chakadai, sechiratidzo chetsika nemagariro, chinotakura mitemo yakakosha. Nemamiriro acho chaiwo, zvino, chinogona kukuchidzira gwara redzidzo zvikuru. Sasawira wechikwata chevechiki vasati vabva zera, ungada kuita hanya mukubatsira shamwari dzako dzechidiki mukudoma mabasa ehumyanzvi akakodzera, ayo asingazogumisiri availta kuti vaise, muchivande, hunhu hunopesana, chirongwa chedzidzo chavakapinda machiri.

## **CHIKAMU 27**

Ruzivo rwunobva mukuita rwunoratidza kuti chikwata chevechidiki vasati vabva zera chine nhengo gumi kusvika pagumi neshanu chinowanzotanga nevanhu vashoma vanenge vakaratidza kwanisiro yeku unganidza shamwari dzavo nekuda kwechikonzero chakakodzera. Apo vechidiki ava vari kukurudzira vamwe kuti vapinde, vanotanga kusangana nasawira wevechidiki nguva nenguva. Kuva nhengo yechikwata kunokwanisa kusimbaradzwa zvekare kuburikidza nerubatsiro rwunobva pakukura kunoita chikwata cheshamwari dziri kushanda munharaunda kana mumusha, kunyanya vechidiki vari pakati kusvika mberi kwemakore ekuyaruka vari kuenderera mberi nekunzvera kwavo magwaro mashoma ekutanga eInstitute. Mune zvimwe zvikamu zvepasi pano, kukoka nhengo dzevechidiki dzemumusha kana

nharaunda dzepedyo kumitevedzanwa yeviitiko pasati paumbwa zvikwata zvakarongeka zvaratidzawo zvakare kuti inzira inoshanda. Imwe nzira ndeyekuzivisa chirongwa kuzvikoro. Kana chikoro chikaratidza kutambira pfungwa iyi, nhaurirano imwechete kana dzakati-kuti kuvadzidzi nevarairidzi vavo kazhinji zvinogumisira pakuumbwawa kwezvkwata zvihinji zvechedidiki vasati vabva zera. Vanogona, zvino, kutora chirongwa sechiitiko chisinei nezvechikoro, zvisinei nekuti vanosangana pachikoro kana kuti kwete. Chikoro, mumamirire ose, chinocherechedza kukosha kwebatsiridzo yechirongwa kubudiriro ine mutsindo yetsika nekwanisiro yepamafungiro kuvadzidzi vacho.

Funga nezvenharaunda yako pachako uye tsanangura dzimwe nzira dzaungatora, sasahwira ane chishuwo, mukubatsira kuumba chikwata chechedidiki vasati vabva zera.

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 28

Chinhu chakakosha chinodikanwa kuitira kuchengetedza kwebudiriro yechikwata yechedidiki vasati vabva zera kuumba hukama hwekuvimbana nehushamwari nevabereki. Madzisahwira evechedidiki vanofanirwa kushanyira vabereki vasati vatanga kana kuti vachangotanga kugadzira zvikwata uye vovatsanangurira chinangwa chehurongwa. Vanofanirwa kuenderera mberi nekugara vachishanyira musha wega wega uye voita nhaurirano nenhengo dzepo zvishuwo nekwanisiro yechedidiki vasati vabva zera uye pfungwa nenzira dzinopa chimiro kuhurongwa wekusimudzira mweya—madingindira akatsanangurwa muchikamu chetatu chebhuku 2, masahwira evechedidiki vacharatidza vabereki imwe kana maviri ezyvinyorwa yezvidzidzo zvemuchirongwa kuti vagone kuona zviru kudzidzwa nevana vavo. Kunyangwe masahwira ese evechedidiki vachada kukudziridza zvisungo zvakadaro zvehushamwari nevabereki kwenguva yakawedzerwa yemwedzi yakawanda, anogona kuperekedza nemunhu ane ruzivo rwakakura pazviitiko zvekushanya zvishoma zvekutanga.

Unokukurudzirwa kuenda kuchikamu 14 chechitsauko chechitatu cheBhuku 2 kuitira kuzvirangaridza nezvepfungwa dzinoumba hwaro hwenhaurirano inoenderera mberi nevabereki vevana mune hurongwa hwekuvandudzika kwepamweya. Uyezve, nevamwe vatori nhengo dzechirongwa ichi, ita nhaurirano yeruzivo rwakawanikwa mudunhu menu kana vamakavakidzana navo mukushanyira mhuri dzechedidiki vasati vabva zera. Ndzedzipi pfungwa dzakawedzerwa kuburikidza nezvidzidzo zvenyu zvebhuku rino zvingapfumisa nhaurirano munguva yekushanya uku?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 29

The conversations that an animator initiates among a group of junior youth at the outset are particularly significant. It is essential that, in the first three or four meetings, the members fully discuss the purpose of the group and identify a few goals they would like to accomplish collectively. They should also reach some conclusions about the nature of the activities they wish to undertake. Subjects addressed in these meetings may well vary from group to group. Yet there are certain concepts, such as “excellence” and “service”, that should be emphasized in all such meetings. The points below may assist you, then, in organizing the first few conversations you will have with the members of the groups you help to form. You should explore each one thoroughly with your fellow participants in this course and write down some of your initial thoughts about how you will approach the discussions with the group of junior youth you hope soon to engage.

Nhaurirano idzo dzinoumbwa nasahwira wevechidiki pakati pechikwata chevechidiki vasati vabva zera pakutanga yakakosha zvakanyanya. Zvakakodzera kuti, pamisangano mitatu kana mina yekutanga, kuti nhengo dzikurukure nezve chinangwa chechikwata uye kudoma zvibodzwa zvishoma zvavangada kuzowana mukushanda pamwe chete. Vanofanira zvekare kubuda nemhedziso maererano nechimiro chezviitiko zvavangada kuzoita. Madingindira anotaurwa nezvawo mumisangano iyi anogona kusiyana zvichienderana nechikwata. Nokudaro kune dzimwe pfungwa, dzakaita se “kugona kwakakwenenzverwa” “neshandiro”, inofanira kusimbisa mumisangano yese yakadai. Pfungwa dziri pazasi dzinokubatsira, zvino, mukuronga nhaurano shoma dzekutanga dzauchaita nenhengo dzechikwata chauchabatsira kuumba. Unofanirwa kuongorora imwe neimwe zvine udzamu nevamwe vadzidzi vaunavo muchidzidzo ichi uye nyora pasi pfungwa dzako dzekutanga kuti uchashandisa nzira ipi kusvika panhaurirano nechikwata chevechidiki vasati vabva zera vaunotarisira kupinza muchirongwa.

- Madzisahwira akawanda anozviona zvichibatsira kukurudzira vechidiki vasati vabva zera kuti vaone chikwata semukana wavanogona kutarisira zvishuvo zvakanaka zvepamweya nepapfungwa. Kuedza kubudirira pamweya, vanotsanangura, tinofanira kuvandudza tsika dzinova dzezhunhu hwedu hwepamusoro dzakaita serudo, kupa,

kuvimbika, uye kuzvininipisa. Kuedza kubudirira papfungwa, tinofanira kuwana zivo yeunyanzvi yatinoshandisa iyo inotibatsira kuvandudza hupenyu hwedu nehupenyu hwevamwe. Kufungisisa nezvezvinyorwa zvakaita sekuti “Rega mangwanani oga oga ave nani pane manheru ayo uye mangwana oga oga ave akapfuma kupfura zuro” uye kuzvichengeta mupfungwa kazhinji zvinoshanda mukuwedzera kunzwisia nezvepfungwa zvakadzama.

---

---

---

---

---

---

---

- Mushure mekuwana kumwe kujeka nezvechinangwa chechikwata, nhengo dzayo dzinogona kubatsirwa nasahwira wevechidiki kusarudza ndezvipi zviito zvinokodzera—pfungwa, mitambo, netsika—vanoda kutora danho rekutsvaka kuita zvakanaka.
- 
- 
- 
- 
- 
- 
- 

- Maererano nekusimukira kwemafungiro enjere uye kwepamweya, mubvunzo wemutauro, zvakabatanidza negwara remafungiro, zvichada kukurukurwa nezvazvo kusvika pane rimwe danho. Munhaurirano pamusoro pechidzidzo ichi nevechidiki vasati vabva zera, kazhinji zvakakwana kutsanangura kuti, kuwana matanho epamusoro—soro ekugona zvine udzamu, tinofanirwa kuvandudza masimba edu ekuzviratidza pachena. Tinofanirwa kugona kuverenga uye kugona kunzwisia zvinoreva zvatinenge taverenga; tinofanirwa kudzidza kuratidza mafungiro edu zvakajeka. Kana zvadai panodiwa kuti madzisahwira evehidiki vapakure zvizere kana muchidimbu, nzwisa yemutevedzanwa wemagwaro ataurwa pakutanga-tanga kwechitsauko chino.
- 
- 
- 
- 
- 
- 
-

- Kubata nemusoro ndima dziri muzvinyorwa kunofanira kipiwa kukosha kwakafanira muhurongwa hwekuvandudza zvepamweya kwechediki vasati vabva zera. Mubvunzo wezvekubata zvinyorwa nemusoro, naizvozvo, zvinoda kuva musoro wenhaurirano mune imwe misangano yekutanga yechikwata. Masahwira evedidiki anofanira kubetsera shamwari dzavo dzechidiki kuti dzigova neruzivo kweukosha rweShoko raMwari rine simba uye kushanda kwaro muhupenyu hwavo apo pavanoedza kugona zvine udzamu. Kuburikidza nenhaurirano yakadai, vanosvika pakuona zvakakoshera kuziva ndima dzakawanda kubva muzvinyorwa nemoyo.

---

---

---

---

---

---

- Zvinobatsira kuti madzisahwira evedidiki vasimbise mumisangano mishoma yokutanga kuti, vakwanise nekugona kwepamusoro-soro zvepamweya, nhengo dzayo dzinofanirwa kuvandudza zvisungo zvakasimba zvehushamwari uye kubatana kukurusa. Masahwira evedidiki vanoona kuti kubetsera vechidiki vasati vabva zera zvine pundutso kuongorora madingindira ehushamwari, kubatana, uye kuwirirana tichitarisa mashoko akatorwa muzvinyorwa, izvo zvavanogona kukurudzirwa kuti vazvichengete mupfungwa.

---

---

---

---

---

---

- Nhaurirano pamusoro pemadinginira ehushamwari uye kubatana anogona kupa kuvhurika kwemukana wenhaurirano maererano nekuti nhengo dzechikwata dzingave dzinodyidzana umwe neumwe sei? Kuti vachanyatsoteerera kune umwe neumwe nehanya; kuti vachazama nguva dzese kunzwisisana, kunyange umwe wavo ane kuomerwa nekubuditsa pfungwa pachena; kuti havazombodzikisire izvo umwe wavo anoda kugovera—iyi ndeimwe mienzaniso edzimwe mhedziso vanopa pamwe chete sechikwata kuburikidza nenhaurirano dzakadai.

---

---

---

---

---

- 
- 
- 
- Kupa shandiro inyaya inonyanya kukosha kutanga nayo mumisangano yekutanga yechikwata. Vechidiki vasati vabva zera vanogona kuyeuchidzwa kuti, sevanhu, tose tinovimba noumwe. Tose tiri nhengo dzemhuri yemunhu mumwe uye tinofanira kuyedza zvatinokwanisa kuvandudza mamiriro enharaunda dzedu. Kufungidzira kuti zvaizova zvakaita sei dai tisina kuwana rubatsiro kubva kune avo vakatipoteredza zvinogona dzimwe nguva kupa rubatsiro kune vechidiki vasati vabva zera kuti vaone kukosha kweshandiro.
- 
- 
- 
- 
- 

- 
- 
- 
- 
- 
- Hurukuro yeshandiro inofanirwa kupfuura mubvunzo wekuedza kwemunhu kushandira vamwe uye kutarisa kuti zvii zvingaitwa nevechidiki vasati vabva zera sechikwata. Hongu, zvakakosha kuti kuedza kwavo kweikutanga kunofanirwa kunge kuri kwenguva pfupi, nezvibodzwa zviri nyore kuwana. Munzira iyi, vanowana chivimbo mukugona kwavo pamwechete uye vanodzidza kushanda vari pamwechete, zvichizarura mabasa eshandiro. Kubva pakutanga, masahwira evezhidiki vanofanirwa kutungamirira vechidiki vabva zera mukuisa gwara rakanaka rekuti vatore janha rakasimba rechirongwa umo mavanokwanisa kufunga nezveupenyu hwenharaunda yavo uye kuti vangabatsira sei pakuva nani kwayo. Kubvunza mibvunzo iyo inoda kuti vaongorore zvirevo maererano nenharaunda zvinovabatsira mumubatanidzwa uyu. Saizvozvo, vanotanga nechiito cheshandiro chiri nyore sekushanyira munhu anorwara munharaunda uye zvishoma nezvishoma vanoenderera mberi nekuita basa—semuenzaniso, kudyara miti—umo mavanokurukura nemasangano emunzvimbos akakodzera, kutsvaga rubatsiro kubva kushamwari nevabereki, uye kuita zvrongwa zvenguva refu. Sezvinotarisirwa, munguva yemisangano yekutanga yechikwata, humwe hunyanzvi, kwanisiro ne maitiro uye tsika dzinokodzera pakushandidzana dzinokurukurwa.
- 
- 
- 
- 
-

- Varaidzo ine hutano, zvikuru-sei mitambo, ndeumwe musoro wenyaya unofanirwa kutaurwa mumisangano yekutanga yechikwata chechedidiki vasati vabva zera. Zvakare, mukwedzera kuongororo yepfungwa nezvenyaya dzemitambo, madzisahwira echedidiki vanokwanisa kuda kubatsira chikwata kudoma mhando dzeviiitiko zvinovaraidza zvinokwanisa kuitwa kunyangwe munguva yemisangano yavo kana pane zvimwe zviitiko zvakakosha. Shoko rechenjedzo rinodiwa mukuita izvi: Kuitwa zvine mutsimba kweviiitiko zvepanyama ndiko kuratidzwa kwemasimba epanyama ayo anoburitswa nevedidiki vasati vabva zera. Ruzivo rwunobva mukuita rwakajekesa pasi rose kuti mufaro, semuenzniso, kuita mitambo zvine maitiro ekukwikwidza nechisimba muchikwata zvinogona kutangisa maitiro ekusabatana, umo vamwe vechidiki vanonzwa kuzeza kuenderera mberi nekutora chikamu.
- 
- 
- 
- 
- 
- 
- 
- 
- 
- 

Maererano nepfungwa dzose dzakaratidza pamusoro, zvakakosha kuziva kuti, apo sahwira wevedidiki anowana ruzivo, vanokwanisa zviri nane kubatsira vechidiki vasati vabva zera mukuronga nekuita zviitiko zvinowirirana—zviitiko zvinobuditsa umhizha hwemuono wakadzama hwavakawana kuburikidza nekunzvera magwaro efundo akasiyana-siyana uye maitiro epamusoro avari kushingirira kuti vawane.

## CHIKAMU 30

Kubva muhurukuro dzataita muchikamu chekutanga cheChitsauko chechipiri chegwaro rino, idzo dzanga dzainyanya chete kudzidzisa pfungwa dzemaitirwo echironga, gadziriro yako yekupa shandiro sasahwira, muchitsauko chino, yafamba zvekare ichipinda mune zvimwe zvitano zvekuedza kuitwa kweshandiro iyi. Apo uchiwedzera ruzivo runobva mukuita munzira yeshandiro, mapeji egwaro rino achaenderera mberi nekukupa mamwe mazano ekuti uite fungisiso dzakadzama. Masahwira mazhinji achawana pfungwa muzvikamu zvadarika idzo dzinonyanya kubatsira uye vachadzokera kwadziri nguva, vachichenetedza zvavanyora mubhuku rininyorerwa ruzivo runobva mukuita uye muhurukuro nemamwe madzisahwira echedidiki. Panguva ino, zvinokurudzirwa kuti mupedze chitsauko chino nekufungisisa zvinorehwa nekuedza uko kwawava kuzotanga kuita panguva ino. Mashoko eImba yeHutongi Hwakaenzana, akanangana nevedidiki pasi rose, anoshanda kune vese avo vanoshuvira kutevera nzira iyi yeshandiro:

“Hazvishamisi, kuti izera rako iro riri kuwana unyanzvi hwekubatsiridza vechidiki vasati vabva zera, uye zvekare vana, nekuvandudzika kwavo kwpamweya nehunhu, kunosimbaradza mavari kwanisiro yekupa shandiro pamwechete uye mukushamwaridzana kwechokwadi. Mushure mazvose, kuziva nezvenyika iyo vechidiki ava vanofanira kufamba mairi, nemisungo yayo uye zvekare mikana yacho, munotambira zvakakwana kukosha kwekusimbaradzwa kwpamweya uye gadziriro. Sekuziva, kwamunoita kuti Bahá’u’lláh akauya kuti ashandure zvese zviviri zvehupenyu hwemukati hwemunhu uye mamiriro ekunze erudzi rwevanhu, muri kubatsiridza avo vanova vadiki kwamuri kukwenenzvera hunhu hwavo uye kugadzirira kutora majanha ehutano hwenharaunda dzavo. Apo pavanopinda munguva yekuyaruka, unenge uchivabatsira kuvandudza masimba avo ekuzviratidza pachena, pamwe nekukurudzira manzwiro akasimbarara etsika dzakanaka kuti adzike midzi mavari. Mukuita izvi, pfungwawo yako yechinangwa inova inowedzera kutsanangurwa zvakajeka apo pamuri kutevedzera mirairo yaBahá’u’lláh: ‘Itai kuti zviito, kwete mashoko, zvive zvishongo zvenyu.”<sup>52</sup>

## REFERENCES

1. From a letter dated 11 June 2006 written on behalf of the Universal House of Justice to an individual, in *Social Action: A Compilation Prepared by the Research Department of the Universal House of Justice* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 2020), no. 117, p. 62.
2. From a letter dated 19 July 2006 written on behalf of the Universal House of Justice to two individuals.
3. From a letter dated 17 April 1936 written on behalf of Shoghi Effendi to an individual, published in *Directives from the Guardian* (New Delhi: Bahá’í Publishing Trust, 1973), p. 84.
4. ‘Abdu’l-Bahá, in the compilation *Social Action*, no. 190, pp. 112–13.
5. From a talk given on 20 September 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace: Talks Delivered by ‘Abdu’l-Bahá during His Visit to the United States and Canada in 1912* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2012), par. 9, p. 471.
6. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 4 May 1912, *ibid.*, par. 9, p. 125.
7. Report of ‘Abdu’l-Bahá’s words as cited by J. E. Esslemont, *Bahá’u’lláh and the New Era: An Introduction to the Bahá’í Faith* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2006, 2017 printing), p. 101.
8. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 4 May 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 7, p. 123.
9. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 26 May 1912, *ibid.*, par. 1, p. 204.
10. ‘Abdu’l-Bahá, in *Some Answered Questions* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2014, 2016 printing), no. 84.2, p. 440.
11. *Tablets of Abdul-Baha Abbas* (New York: Bahá’í Publishing Committee, 1915, 1940 printing), vol. 2, p. 276. (authorized translation)
12. *Khitábát: Talks of ‘Abdu’l-Bahá* (Hofheim-Langenhain: Bahá’í-Verlag, 1984), pp. 131–32. (authorized translation)
13. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 4 May 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 8, p. 124.
14. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2010, 2015 printing), no. 230.1, p. 428.

15. From a talk given on 10 November 1911, published in *Paris Talks: Addresses Given by ‘Abdu’l-Bahá in 1911* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2006, 2016 printing), no. 29.41, p. 113.
16. *Abdul Baha on Divine Philosophy* (Boston: The Tudor Press, 1918), p. 30.
17. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 24.1, pp. 78–79.
18. *Tablets of Abdul-Baha Abbas* (New York: Bahá’í Publishing Committee, 1909, 1930 printing), vol. 1, p. 63. (authorized translation)
19. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 155.4, p. 253.
20. ‘Abdu’l-Bahá, *The Secret of Divine Civilization* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2007, 2016 printing), par. 118, p. 83.
21. *The Tabernacle of Unity: Bahá’u’lláh’s Responses to Mánikchí Sháhib and Other Writings* (Haifa: Bahá’í World Centre, 2006), no. 1.11, pp. 7–8.
22. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 27 October 1911, published in *Paris Talks*, no. 12.8, p. 42.
23. *Tablets of Abdul-Baha Abbas*, vol. 1, pp. 71–72.
24. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 97.1, pp. 177–78.
25. *Tablets of Bahá’u’lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 1988, 2005 printing), no. 6.40, p. 72.
26. *The Proclamation of Bahá’u’lláh to the Kings and Leaders of the World* (Haifa: Bahá’í World Centre, 1967, 1978 printing), p. 78.
27. *Gleanings from the Writings of Bahá’u’lláh* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 1983, 2017 printing), XLIII, par. 2, p. 104.
28. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 3 December 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 3, pp. 648–49.
29. *Tablets of Bahá’u’lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas*, no. 9.20, p. 143.
30. Ibid., no. 11.28, p. 172.
31. *Tablets of Abdul-Baha Abbas*, vol. 1, p. 31. (authorized translation)
32. Ibid., p. 194. (authorized translation)

33. Bahá'u'lláh, *Epistle to the Son of the Wolf* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 1988, 2016 printing), p. 12.
34. *Tablets of Bahá'u'lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas*, no. 11.27, p. 172.
35. Ibid., no. 11.30, pp. 172–73.
36. Ibid., no. 13.15, p. 199.
37. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, XVIII, par. 1, p. 47.
38. *Prayers and Meditations by Bahá'u'lláh* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 1987, 2008 printing), XXXII, p. 41.
39. *The Tabernacle of Unity*, no. 1.2, p. 4.
40. From a talk given by 'Abdu'l-Bahá on 5 May 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 3, p. 130.
41. *Prayers and Meditations*, CXIII, p. 191.
42. Bahá'u'lláh, in *Bahá'í Prayers: A Selection of Prayers Revealed by Bahá'u'lláh, the Báb, and 'Abdu'l-Bahá* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 2002, 2017 printing), pp. 181–82.
43. *Prayers and Meditations*, CLXXVIII, p. 299.
44. Ibid., LXXIX, pp. 131–32.
45. Bahá'u'lláh, in *Bahá'í Prayers*, pp. 219–20.
46. 'Abdu'l-Bahá, *ibid.*, pp. 243–44.
47. Ibid., p. 28.
48. Bahá'u'lláh, *ibid.*, p. 183.
49. The Báb, *ibid.*, p. 186.
50. 'Abdu'l-Bahá, *ibid.*, p. 197.
51. *Prayers and Meditations*, XCI, pp. 154–55.
52. From a message dated 1 July 2013 written to the participants in the forthcoming 114 youth conferences throughout the world, published in *Framework for Action: Selected*

*Messages of the Universal House of Justice and Supplementary Material, 2006–2016*  
(West Palm Beach: Palabra Publications, 2017), no. 27.4, p. 176.